A. QAYUMOV, I. SAFAROV, M. TILLABOYEVA

# JA'HA'N EKONOMIKALI'Q-SOCIALLI'Q GEOGRAFIYASI'

*O'zbekistan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi uluwma worta bilim beriw mekteplerinin' 9-klass woqi'wshi'lari' ushi'n sabaqli'q si'pati'nda tasti'yi'qlag'an*

*Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an u'shinshi basi'li'm*



TASHKENT — «O'ZBEKISTON» — 2014

UOK: 33.91(100) (075)
KBK 65.04ya721
Q 33

*Pikir bildiriwshiler:*

**P. G'ulamov** — *O'zbekistan milliy universiteti ta'biyiy geografiya ha'm geografiyani' woqi'ti'w metodikasi' kafedrasi'ni'n' docenti,geografiya ilimlerinin' kandidati';*
**X. Inog'omov** — *Tashkent wa'layati' Qibray rayoni' 16-mekteptin' muga'llimi, O'zbekistan xali'q mug'allimi.*
**R. Qodirov** — *A'ndijan Ma'mleketlik universitetinin' geografiya kafedrasi'ni'n' basli'g'i',*

*Wo'zbek tilinen qaraqalpaq tiline awdarmag'a pikir bildiriwshi:*

**A. Saypov** — *No'kis qalasi', 3-sanli' uluwma bilim beriw mektebinin' geografiya pa'ni mug'allimi.*

Q 33 **A. Qayumov ha'm basq.** «Ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'». Uluwma worta bilim beriw mekteplerinin' 9-klass woqi'wshi'lari' ushi'n sabaqli'q.(A. Qayumov, I.Safarov, M.Tillaboyeva) — T.: «O'zbekiston» BPDU', 2014. 224 b.

1.2 Avtorlar

ISBN 978-9943-01-563-0

**UOK: 33.91(100)(075)**
**KBK 65.04ya 721**

**Respublika maqsetli kitap qori' qarji'lari' yesabi'nan ijara ushi'n basi'p shi'g'ari'ldi'.**

ISBN 978-9943-01-563-0

© «O'ZBEKISTON» BPDU', 2002—2014.

# KIRISIW

XX a'sirdin' son'g'i' 10—15 ji'li' ha'm XXI a'sirdin' da'slepki da'wirinde planetami'zda jer ju'zilik a'hmiyetke iye bir qatar social-siyasiy waqi'ya ha'm ha'diyseler ju'z berdi. Ku'shli ideologiya ha'm a'skeriy qu'diretke su'yengen «socializm» sistemasi'ni'n' saplasti'ri'li'wi' a'hmiyetli waqi'ya boli'p yesaplanadi'. Usi'ni'n' na'tiyjesinde derlik 70 ji'l dawami'nda hu'kim su'rgen yeki sistemali' du'nya wo'z worni'n bir sistemali' du'nyag'a bosati'p berdi; «salqi'n uri's» qa'wpi ha'r ta'repleme saplasti'ri'ldi'; na'tiyjede, «temir perde» ashi'ldi'. Usi'ni'n' na'tiyjesinde du'nyada pu'tkilley wo'zgeshe jan'a geosiyasiy jag'day payda boli'p, wol ja'ha'n ja'miyetshiliginde tu'pkilikli wo'zgerislerge sebep boldi'. 2012-ji'li' wo'zinin' yen' joqarg'i' noqati'na jetken ja'ha'n finansli'q-ekonomikali'q krizis yeller, aymaqlar, (du'nya ko'leminde ju'da' u'lken ekonomikali'q-siyasi'y wo'zgerislerge sebep boldi).

Haqi'yqi'y mag'luwmatlarg'a tiykarlang'an, ideologiyadan azat bolg'an jan'a du'nyani'n' qa'liplesiwi ma'mleketlerdin' bir-birine bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n ku'sheytip jiberdi. Ha'r qanday demokratiyali'q ma'mleket jaqi'n qon'si' ma'mleket penen de, uzaq jaylasqan qu'diretli, rawajlang'an ma'mleketler menen de ekonomikali'q ha'm socialli'q-siyasiy qatnasi'qlar wornati'wdan wo'z ara ma'pdar yekenligi belgili. Sebebi, bir siyasiy-ekonomikali'q sistemadan wonnan pu'tkilley basqa sistemag'a, tiykari'nan, bazar qatnasi'qlari'na tiykarlang'an ja'miyetti quri'w buri'ng'i' Awqam qurami'ndag'i' ma'mleketlerge, atap aytqanda, O'zbekistan Respublikasi'na ta'n bolmaqta. Demek, demokratiyali'q ma'mleketti quri'w, aldi' menen, ekonomikali'q qatnasi'qlarda zamanago'y reformalar wo'tkeriw, si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slardi' dinamikali'q jag'dayda rawajlandi'ri'w menen ti'g'i'z baylani'sli'. O'zbekistan mine usi' joldan barmaqta. Yelimiz mine usi' joldi'n' da'slepki basqi'shi'n wo'tken bolsa, Evropa, Amerika, Aziya ma'mleketlerinin' ko'pshiligi woni'n' a'dewir bo'legin yamasa toli'g'i' menen basi'p wo'tken. Usi' yellerdin' ta'jiriybesin u'yreniw, wolarg'a ta'n mashqalalardi' biliw biz ushi'n ju'da' paydali'. Ha'r qanday ma'mleket g'a'rezsizligi du'nyani'n' g'alaba xabar qurallari'na shi'g'i'wi'na wog'ada u'lken mu'mkinshilikler jarati'p berdi. Usi'ni'n' na'tiyjesinde ma'mleketler, xali'qlar arasi'nda bir-birin duri's tu'siniw, hu'rmet yetiw ideyasi' barg'an sayi'n bekkemlenip barmaqta. Siz to'mengi klasslarda ta'biyiy geografiyani'n' baslang'i'sh kursi'n, «Materikler ha'm okeanlar ta'biyiy geografiyasi'», «Worta Aziya ha'm O'zbekistanni'n' ta'biyiy geografiyasi'», «O'zbekistan ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'» kurslari'nda geografiya pa'ninin' tiykarg'i' ni'zamli'li'qlari' menen toli'q tani'si'p shi'qti'n'i'z.

Joqari' klaslari'nda u'yreniletug'i'n «Ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'» pa'ni ekonomika, siyasat, ma'deniyat turmi'sti'n' derlik barli'q salalari'na belgili da'rejede baylani'sli'. Usi' pa'n woqi'wshi'larda geografiyali'q ma'deniyatti'n' qa'liplesiwin ta'miyinlewi, ja'ha'n ha'm woni'n' ayi'ri'm bo'leklerine ta'n ta'kirarlanbas geografiyali'q wo'zine tarti'wshi'li'qti' ko'rsetiwi, ekonomikali'q-socialli'q rawajlani'wdi' ko'rsetetug'i'n yen' a'hmiyetli wo'zgeshelik ha'm ni'zamli'li'qlar haqqi'nda toli'q mag'luwmat beriwi menen a'hmiyetli.

Sabaqli'qti'n' tiykarg'i' maqseti Siz a'ziz woqi'wshi'larg'a du'nya yellerinin' ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'na baylani'sli' teren' bilim beriw, woqi'wshi'lardi' wo'z betinshe bilim ali'wg'a ha'm woni' is ju'zinde tabi'sli' qollani'wg'a u'yretiwden ibarat. Sabaqli'qti' wog'an qolaylap tayarlang'an «Ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'»n geografiyali'q «Atlas» penen birge paydalani'li'w maqsetke muwapi'q. Usi' «Atlas»ta sabaqli'qta keltirilgen derlik barli'q temalar boyi'nsha kartalar berilgen. Sabaqli'q penen wog'an sa'ykeslep du'zilgen jazi'wsi'z kartalardan paydalani'p islew woqi'wdi'n' na'tiyjeliligin ja'ne de artti'radi'. Jazi'wsi'z kartada sabaqli'qtag'i' barli'q temalar boyi'nsha tapsi'rmalar berilgen. Sabaqli'q yeki — «Uluwma» ha'm «Regional» bo'limlerden ibarat boli'p, wol 68 saatqa mo'lsherlengen. Sonnan 25 saati' «Uluwma» bo'limge, al 43 saati' «Regional» bo'limge aji'rati'lg'an.

Uluwma bo'limnin' tiykarg'i' ilimiy-metodikali'q wazi'ypasi' ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'na baylani'sli' yen' a'hmiyetli tu'sinikler-din' logikali'q du'zilisin quraydi'. Pa'nnin' teoriyali'q ma'selelerge baylani'sli' bolg'an birinshi topari'ndag'i' tu'sinikler «Uluwma» bo'limde de, «Regional» bo'limde de analizlengen. Basqa toparg'a ja'mlengen ma'seleler ja'ha'n xojali'g'i', xalqi' ha'm siyasiy kartasi'nda uzaq da'wir dawami'nda boli'p wo'tken wo'zgerisler ha'm ilgerilewlerdi ilim-texnika jan'ali'qlari' ha'm rawajlani'wi', ja'miyette ju'z bergen siyasiy waqi'ya ha'm ha'diyseler menen ti'g'i'z baylani'sta. Sabaqli'qti'n' derlik 2/3 bo'legin iyelegen regional — ma'mlekettani'w bo'liminde ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'na baylani'sli' tu'sinikler, ni'zamli'li'qlar, principler ha'm wo'zgesheliklerdi ayi'ri'm region yamasa iri tayani'sh yeller mi'sali'nda ko'riw, uluwma bo'limde alg'an bilim ha'm mamanli'qti' bekkemlewge imkan beredi. Ta'biyiy sharayat, xali'q ha'm basqa ta'biyiy-demografiyali'q komponentler ekonomikada tutqan worni' ha'm a'hmiyeti jag'i'nan bahalanadi'.

Sabaqli'qti' jazi'wda avtorlar Rossiya Federaciyasi'nda basi'p shi'g'ari'lg'an sabaqli'q, mag'luwmatnamalar, «Ja'ha'n banki» ta'repinen Franciya, AQSH, Ulli' Britaniyada basi'p shi'g'ari'lgan mag'luwmatnamalar, statistikali'q toplamlar ha'm basqa yen' son'g'i' woqi'w ilimiy-metodikali'q ha'm de internet materiallari'nan paydalandi'.

# I BO’LIM



## JA’HA’NNIN’ ULUWMA SI’PATLAMASI’



### *1-tema.* Ja’ha’nnin’ tiykarg’i’ kartasi’

### 1-§. Pa’nnin’ maqseti ha’m wazi’ypalari’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**Ja’ha’n, ja’miyet, ta’biyat, xojali’q, ekonomika, siyasat, siyasiy karta, region, yel, ma’mleket, ilim-texnika revolyuciyasi’ ha’m rawajlani’wi’.**

Ja’ha’nnin’ ekonomikali’q ha’m socialli’q geografiyasi’ ja’miyet penen ta’biyatti’n’ wo’z ara qari’m-qatnaslari’ na’tiyjesinde kelip shi’qqan ekono-mikali’q-socialli’q sistemalardi’n’ ja’ha’n boyi’nsha, sonday-aq, woni’n’ ayi’ri’m regionlari’ ha’m yelleri boyi’nsha qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’na ta’n wo’zgeshelikler ha’m ni’zamli’li’qlardi’ u’yrenedi.

Usi’nday social-ekonomikali’q sistemalar qatari’na ja’ha’n xojali’g’i’, ayi’ri’m yel yamasa regionlar ekonomikasi’, xalqi’ni’n’ aymaqli’q jayla-si’wi’ ha’m qalalari’, transport sistemalari’ ha’m basqalar kiredi.

Tariyxi'y, aymaqli'q, sistemali' ha'm tipologiyali'q qatnas jasaw, sonday-aq, principler woqi'w pa'ninin' metodologiyali'q tiykari'n quraydi'.

«Ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'» pa'ninde tiykarg'i' itibar to'mendegi wazi'ypalardi'n' sheshimin tabi'wg'a qarati'lg'an:

1. Ja'ha'nnin' siyasiy kartasi'ni'n' qa'liplesiwi ha'm woni'n' wo'zgerislerin sa'wlelendiretug'i'n ni'zamli'li'qlardi' si'patlaw.

2. Ja'ha'n ta'biyiy resurslari'ni'n' aymaqli'q bo'listiriliwine ta'n wo'z-gesheliklerdi ani'qlaw, wolardan paydalani'wdi'n' ha'zirgi jag'dayi'n talqi'law ha'm juwmaq shi'g'ari'w.

3. Ja'ha'n xalqi'ni'n' sani', dinamikasi', jaylasi'wi' ha'm qurami'na baylani'sli' ni'zamli'li'qlardi' u'yreniw.

4. Ilim-texnika jan'ali'g'i'ni'n' ja'ha'n xojali'g'i'na ko'rsetken ta'sirin si'patlaw.

5. Ja'ha'n xojali'g'i'n da tarawlar qurami'ni'n' qa'liplesiwi ha'm wo'zgeriwine ta'n wo'zgesheliklerdi ani'qlaw.

6. Evropa, Aziya regionlari' ha'm ma'mleketlerinin', sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi'na qon'si'las ma'mleketlerdin' ja'ha'nnin' ekonomikali'q ha'm siyasiy birge islesiwinde iyelegen worni'n ekonomikali'q-geografiyali'q ko'z-qarastan bahalaw.

7. Afrika regioni'ni'n' ta'biyiy resurslari', xalqi' ha'm xojali'g'i'na ta'n wo'zgesheliklerdi ani'qlaw.

8. Avstraliya ha'm Okeaniya, Arqa Amerika ha'm Qubla Amerika ma'mle-ketlerin ekonomikali'q-geografiyali'q ko'z-qarastan talqi'law.

«Ja'ha'n ekonomikali'q-socialli'q geografiyasi'»ni'n' tiykarg'i' maqseti joqari'da atap wo'tilgen quramali' wazi'ypalardi' teren' u'yreniw ha'm wolardi' sali'sti'ri'p talqi'law, yelimizde jan'a socialli'q ja'miyet quri'p ati'rg'an jaslari'mi'zg'a du'nyali'q bilimlerdi beriw arqali' wolardi' watansu'yiwshilik ruwxi'nda ta'rbiyalawdan ibarat.

### *A'meliy jumi's*

1. Pa'nnin' maqset ham wazi'ypalari' degende nege itibar beriw kerekligin tu'sindirin'.

2. Ekonomikali'q-socialli'q tu'siniklerdin' ja'ha'n boyi'nsha qa'liplesiwi ha'm rawajlani'wi'na ta'n wo'zgeshelikler ha'm ni'zamli'li'qlardi' ani'qlaw joli'n ko'rsetin'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Pa'nnin' metodologiyali'q tiykari'n ne quraydi'?
2. Pa'nnin' maqsetin tu'sindirip berin'.
3. Pa'nnin' tiykarg'i' wazi'ypalari' nelerden ibarat?

## 2-§. Ja'ha'nnin' siyasiy kartasi'

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Jalpi' milliy da'ramat, jalpi' ishki wo'nim, jalpi' milliy wo'nim, siyasiy karta, ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an ma'mleket, rawajlani'p ati'rg'an ma'mleket, ekonomikali'q jaqtan to'men rawajlang'an ma'mleket.**

Ja'ha'nnin' siyasiy kartasi' global ko'lemdegi bir neshe siyasiy processler ta'sirinde qa'liplesken. Usi'lardi'n' ishinde Birinshi ha'm Yekinshi jer ju'zilik uri'slari' ha'm soni'n' na'tiyjesinde ma'mleketlerdin' ju'zege keliwi, koloniyali'q sistemani'n' qulawi', bir neshe wonlag'an g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' du'ziliwi, qosi'lmaw ha'reketinin' rawajlani'wi' ha'm basqa processler itibarg'a i'layi'q. Ja'ha'n siyasiy kartasi'ni'n' qa'liplesiwinde XX a'sirdin' 80-ji'llari'ni'n' son'g'i' ha'm 90-ji'llari'ni'n' basi'nda boli'p wo't-ken siyasiy waqi'yalar: yeki nemis ma'mleketinin' qosi'li'p, bir Germaniya ma'mleketinin' du'ziliwi, Chexoslovakiya worni'nda Chexiya ha'm Slovakiya g'a'rezsiz respublikalari'ni'n' payda boli'wi', Yugoslaviya Socialistlik Federativ Respublikasi'ni'n' bo'lsheklenip ketiwi na'tiyjesinde suverenli Xorvatiya, Sloveniya, Makedoniya, Bosniya, Gercogovina, Serbiya ha'm Chernogoriya ma'mleketlerini'n' payda boli'wi', a'sirese, buri'ng'i' Awqamni'n' bo'lsheklenip ketiwi na'tiyjesinde da'slep Litva, Latviya ha'm Estoniya, al keyin ala Rossiya Federaciyasi', Ukraina, Belorussiya, Moldova, Gruziya, Armeniya, A'zerbayjan, Qazaqstan, Qi'rg'i'zstan, Ta'jikstan, Tu'rkmenstan ha'm O'zbekistan Respublikalari'ni'n' g'a'rezsiz ma'mleketler si'pati'nda du'nya siyasiy kartasi'nda wo'z wori'nlari'na iye boli'wi' ju'da' u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Du'nya siyasiy kartasi'ndag'i' ma'mleketler ha'm yeller qatnasi' ha'm de sani'na da'slep (1997-ji'l 1-iyulde) Ulli' Britaniya koloniyasi' Gonkongti'n' (Syangan), keyin ala (1999-ji'l dekabr ayi'nda) Portugaliya koloniyasi' Makao (Aomin)ni'n' Qi'tay Xali'q Respublikasi' qurami'na kiriwi, 2000-ji'li' bolsa BMSH ta'repinen Indoneziya qurami'nda bolg'an Shi'g'i's Timorg'a wo'z aldi'na biylik beriliwi, sonday-aq, 2008-ji'li' Chernogoriyani'n' Serbiya ha'm Chernogoriya Federaciyasi'nan shi'g'i'p g'a'rezsizlikke yerisiwi belgili da'rejede ta'sir ko'rsetti. Bunnan ti'sqari', 2011-ji'li' Qubla Sudan Sudan qurami'nan bo'linip shi'qti'.

Ha'zirgi waqi'tta du'nyani'n' siyasiy kartasi'nda 227 ma'mleket bar boli'p, wolardi'n' 149 respublika, 45 monarxiya, 9 koloniya, 21 basqa (mi'sali', «dosli'q» qurami'ndag'i' yellerden quralg'an. Ulli' Britaniya general gubernatori' basqaratug'i'n Karib ten'izi basseynindegi ha'm de Franciyag'a qarasli' «Okeaniya»dag'i' yeller) tu'rdegi yeller, sonday aq 3 wi biyligi belgi'si'z yeller (1-keste).

*1-keste*

**Ja'ha'n yelleri**

| Yel basqari'wi' formasi' | Ja'mi ma'mleket | Afrika | Amerika | Aziya | Evropa | Avstraliya ha'm Okeaniya |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Ja'mi ma'mleket | 227 | 58 | 50 | 49 | 46 | 24 |
| I. Respublikalar,sonnan: | 149 | 52 | 25 | 33 | 32 | 7 |
| – prezidentlik | 103 | 48 | 20 | 17 | 13 | 5 |
| – parlamentlik | 36 | 3 | 4 | 8 | 19 | 2 |
| – socialistik | 6 | – | 1 | 5 | – | – |
| – islam | 4 | 1 | – | 3 | – | – |
| II. Monarxiya: | 45 | 3 | 9 | 14 | 12 | 7 |
| – konstituciyali'q | 39 | 3 | 9 | 9 | 11 | 7 |
| – yen' joqari' | 4 | – | – | 4 | – | – |
| – teokratikali'q | 2 | – | – | 1 | 1 | – |
| III. Kolonizatorli'q ha'm basqa tu'rdegi formalari': | 30 | 2 | 16 | – | 2 | 10 |
| – kolonizatorli'q | 9 | 1 | 6 | – | 1 | 1 |
| – basqaformadag'i' | 21 | 1 | 10 | – | 1 | 9 |
| IV. Biyligi belgisiz ma'mleket-ler | 3 | 1 | – | 2 | – | – |

Ha'zirgi waqi'tta ma'mleketlerdi wolardi'n' da'ramatlari' boyi'nsha ayi'ri'm toparlarg'a aji'rati'w ma'selesi u'lken a'hmiyetke iye.

Yellerdi ekonomikali'q da'ramatlari' boyi'nsha toparg'a bo'liw «Ja'ha'n Banki–Atlasi'» metodikasi' ko'leminde a'melge asi'ri'lg'an. Usi'g'an baylani'sli' ja'ha'n yelleri xalqi'ni'n' jan basi'na tuwri' keliwshi milliy da'ra'mati'na qaray 4 toparg'a bo'lingen:

1. To'men da'ramatli' — 935 AQSH dollari'na shekem;

2. Wortasha da'ramatli' — 936–3705 AQSH dollari' do'gereginde wo'zgeriwshi yeller topari';

3. Da'ramati' wortasha ko'rsetkishten joqari', yag'ni'y 3706 dollardan 11455 dollarg'a shekem bolg'an wo'zgeriwshi yeller topari';

4. Joqari' da'ramatli' yeller, wolarda xali'qti'n' jan basi'na 11456 AQSH dollari'nan aslam mi'lli'y da'ramat tuwri' keledi *(World Development Report, 2009).*

Usi’ metodikadan kelip shi’qqan halda ja’ha’n yelleri joqari’ da’ramatli’dan to’men da’ramatli’g’a qarap 4 toparg’a bo’lingen.

***Birinshi (joqari’ da’ramatli’) toparg’a*** 62 mayda, kishkene, u’lken ha’m iri yeller kiredi. Bulardi’n’ ishinde mayda Farer atawlari’, Guam, Aruba usag’an yeller menen bir qatarda, ekonomikali’q mu’mkinshiligi u’lken AQSH, Ulli’ Britaniya, Kanada, Franciya ha’m basqa ma’mleketler de bar.

***Yekinshi topardi’*** milliy da’ramati’ xalqi’ni’n’ jan basi’na 3706 dollardan 11455 dollarg’a shekem wo’zgeriwshi yeller (uluwma sani’ 41) quraydi’. Wolardi’n’ qatari’na Polsha, Meksika, Venesuela, Livan, QAR, Malayziya si’yaqli’ yeller menen birge, kishi ha’m ju’da’ kishi Amerika Samoasi’, Fiji, Mayotta yelleri de kiredi.

***U’shinshi topar*** Qi’tay, Indoneziya, Filippin, Armeniya, A’zerbayjan, Ukraina, Kiribati, Vanuatu, Arqa Timor ha’m basqa yellerden ibarat.

***To’rtinshi toparg’a*** Kombodja, KXDR, LXDR, Myanma, Vetnam menen birge Qi’rg’i’zstan, Ta’jikistan, Yaman si’yaqli’ yeller kirgizilgen.

Ja’ha’n yelleri, ekonomikali’q ko’rsetkishten ti’sqari’, demografiyali’q, geografiyali’q, geosiyasiy ha’m basqa tu’rdegi ko’rsetkishleri boyi’nsha da ayri’m toparlarg’a aji’rati’ladi’. Atap aytqanda, ekonomikali’q rawajlang’an birinshi topar yelleri ishindegi AQSH, Yaponiya, Germaniya, Ulli’ Britaniya, Franciya, Italiya, Kanada, yekinshi toparg’a kiriwshi Rossiya menen birge u’lken ekonomikali’q, demografiyali’q, geosiyasi’y, a’skeriy ha’m aymaqli’q mu’mkinshilikke iye «Segizlik» ma’mleketleri quraydi’. Usi’ yeller 2011—2012-ji’llardag’i’ mag’luwmatlarg’a qarag’anda, ja’ha’n boyi’nsha to’mendegi absolyut ha’m sali’sti’rmali’ ko’rsetkishlerge iye (2-keste).

Rossiyani’ «segizinshi yel» si’pati’nda bul toparg’a qabi’l qi’li’ni’wi’nda, woni’n’ ekonomikali’q da’rejesi, geosiyasiy worni’ ha’m u’lken a’skeriy ku’shi yesapqa ali’ndi’.

«Segizlik yelleri» nin’ wortasha ha’r birine 5 mln. km$^2$ jaqi’n maydan, 110 mln. xali’q, 4,4 trln. dollarg’a jaqi’n JIO’, sonday-aq, 1,5 trln. dollarg’a ten’ tovar aylani’si’ tuwri’ keledi. Yen’ a’hmiyetlisi, usi’ ma’mleketlerde ja’ha’n JIO’ni’n’ 55,5% toplang’an.

Rawajlang’an yeller ishinde ko’shirilgen kapitalizm yellerin (Avstraliya, Jan’a Zelandiya, QAR ha’m b.) ha’m jan’a sanaatlasqan yellerdi (Singapur, Koreya Respublikasi’, Tayvan ha’m b.) aji’rati’w mu’mkin. Wonnan basqa, tiykari’nan birinshi ha’m yekinshi toparlarg’a kiretug’i’n «neftti eksport yetiwshi yeller», yekinshi-to’rtinshi toparlarg’a kiretug’i’n wo’tiw ekonomikasi’na iye yeller de ayri’qsha itibarg’a i’layi’q. U’lken ha’m iri ekonomikali’q mu’mkinshilikke iye yeller — Qi’tay, Hindstan, Braziliya, Rossiya ha’m Meksika ja’ha’nnin’ tayani’sh yelleri topari’n quraydi’. U’shinshi ha’m a’sirese, to’rtinshi topar yellerinin’ ko’pshilik

*2-keste*

**«Segizlik ma'mleketler»inin' jer ju'zindegi (ekonomikali'q-demografiyali'q ko'rsetkisleri boyi'nsha) worni' ha'm a'hmiyeti (2012-j.)**

| | Maydani', mln. $km^2$ | Xali'q sani', mln. adam | JIO' ko'lemi, trln. AQSH dollari' | Xali'q jan basi'na JIO', mi'n' dollar | Eksport-import baylani'si' | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | Eksport, trln. doll. | Import, trln. doll. | Tovar aylani'si', trln. doll. |
| Ja'ha'n boyi'nsha | 149,0 | 7095 | 64,0 | 9,0 | 25000 | 14500 | 29500 |
| Sonnan: «Segizlik ma'mleketleri» | 38,2 | 882 | 35,5 | 40,2 | 6000 | 6350 | 12350 |
| U'lesi, ma'rte | 21,1 | 12,4 | 55,5 | 4,5 | 40,0 | 43,8 | 41,9 |

bo'legi rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler qatari'na kiredi. Rawajlani'p ati'rg'an yeller arasi'nda ekonomikali'q rawajlani'wda artta qali'p ati'rg'an yeller ayri'qsha di'qqatti' tartadi'. Bunday yeller Lati'n Amerikasi'nda qalmag'an yesabi'. Lekin Aziya, a'sirese, Afrikada wolardi'n' sani' yelege shekem ko'p. Sonday ma'mleketler qatari'na birinshi gezekte Afrika materigindegi Burkino-Faso, KDR, Eriteriya, Liberiya, Niger, Ru-




***1-su'wret.***

anda, Serra-Leone, Togo, Uganda, Zimbabve, Burundi, Efiopiya, Malavi, Mozambik; Aziya kontinentinde Awg'anstan, Nepal, Butan, Bangladesh, Laos ha'm basqalar kiredi.

Keyingi da'wirde Varshava Sha'rtnamasi' Sho'lkemi jumi'si' toqtadi'. Sonnan keyingi da'wirde ma'mleketler arasi'nda wo'z ara birge islesiw ha'm bir-birin tu'siniwge bolg'an umti'li's processi rawajlana basladi'. Bunday jag'day Rossiya menen AQSH ha'm Bati's Evropa yelleri arasi'ndag'i' qatnasi'qlarda da ko'rine basladi'. Biraq, *«salqi'n uri's» saplasti'ri'lg'annan keyin uluwma qa'wipsizlikke tiykarg'i' qa'wipti etnikali'q, poyasli'q, jergilikli kelispewshilikler ha'm ma'mleketler ishindegi ja'njelkesh (dawpaz) separatizm salmaqta.*[1]

Usi'ni'n' menen birge, Jaqi'n Shi'g'i's, Kosovo, Bosniya, Awg'anstan ha'm basqa bir qatar zonalli'q ja'njel ha'm qarama-qarsi'li'qlardi' ti'ni'sh jol menen sheshiwde sezilerli unamli' ilgerilewlerge yerisildi. Bunda BMSH ha'm NATO ni'n' worni' ha'm a'hmiyeti u'lken bolg'anli'g'i'n atap wo'tiw wori'nli'. *«Bizin'she, wo'z qurami'nda demokratiyali'q ma'mleketlerdi birlestirip turg'an NATO tek g'ana Evropa kontinentinde g'ana yemes, ba'lkim, wo'zinin' siyasiy u'stinligin bekkemlew ha'm «Ti'ni'shli'q joli'nda birge islesiw» bag'darlamasi'na tiykarlani'p ju'da' u'lken Evraziya kontinentinde de ti'ni'shli'q wornati'wshi' faktor boli'wi' mu'mkin».*[2]

NATO yelleri ta'repinen «Ti'ni'shli'q joli'nda birge islesiw» bag'darlama-si'ni'n' qabi'l yetiliwi ha'm turmi'sqa yengiziliwi siyasiy qurallar ja'rdeminde ko'plegen zonalli'q qarama-qarsi'li'qlardi' unamli' sheshiwge mu'mkinshilik berdi.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a ja'ha'n «Segizlik ma'mleketleri»n tu'sirin'.
2. Ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an ma'mleketler dizimin du'zin'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'n siyasiy kartasi'nda neshe ma'mleket bar? Wolardi'n' neshewi g'a'rezsiz ma'mleketler?
2. Ekonomikali'q rawajlang'an ma'mleketler haqqi'nda ayti'p berin'.

---

[1] *Karimov I.A.* O'zbekiston XXI asr bo'sag'asida: xavfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari va taraqqiyot kafolatlari. —T.: «O'zbekiston». 1997. 1-bet.

[2] *Karimov I.A.* O'zbekistan XXI a'sir bosag'asi'nda: qa'wipsizlikke qa'wip, turaqli'li'q sha'rtleri ha'm rawajlani'w kepillikleri. T., «O'zbekstan», 1997-j., 306-307-betler.

## 3-§. Ja'ha'n yellerinin' ma'mleketlik du'zimi ha'm basqari'w formalari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

Ma'mleket, unitar ma'mleket, federativlik ma'mleket, respublika, monarxiya, konstituciyali'q monarxiya, absolyut monarxiya, federal monarxiya, absolyut teokratik monarxiya.

Ha'r qanday yeldin' ma'mleketlik du'zimi woni' basqari'w formasi' menen aji'rali'p turadi'. Basqari'wdi'n' yeki tiykarg'i' — respublika ha'm monarxiya formalari' ken' taralg'an. Respublika formasi' yen' a'yyemnen ma'lim (A'yyemgi Rim) bolsa da, woni'n' ken' tarqali'wi' XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'na tuwri' keledi.

2013-ji'lda ja'ha'nde 149 respublika dizimge ali'ng'an. Ma'mleketlik basqari'wdi'n' formasi' joqari' ma'mleketlik ha'kimiyati'ni'n' du'zilisin ko'rsetedi, yag'ni'y wol ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud organlari' arasi'nda ma'mleketti basqari'w processinde kelip shi'g'atug'i'n baylani'slardi' an'latadi'.

Atap aytqanda, prezidentlik respublikalari'nda ha'kimiyatti'n' tiykarg'i' wa'killikleri prezident qoli'nda toplang'an boladi' (wol ma'mleket ha'm hu'kimet basli'g'i', joqari' bas a'skerbasi' h.t.b.). Prezidentlik respublikalari'ni'n' ha'r tu'rli variantlari' AQSH, Franciya, Braziliya, Indoneziya, Chexiya, Rossiya, Qazaqstan, O'zbekistan si'yaqli' yellerde wo'z ko'rinisin tapqan.

Parlamentlik respublikalarda ha'kimiyatti'n' tiykarg'i' wa'killikleri parlamenttin' qoli'nda boladi'. Bunday ma'mleketlerde prezident funkciyalari' biraz sheklengen boladi'. Germaniya, Avstriya, Shveycariya, Italiya, Greciya, Izrail, Tu'rkiya, Hindstan ha'm basqalar mine sonday ma'mleketler qatari'na kiredi (qosi'mshalarg'a qaran').

Ma'mleketlik basqari'wdi'n' monarxiya formasi'nda ja'miyettegi tu'rli diniy ha'm socialli'q-siyasiy funkciyalari' wo'zinin' a'meliy ko'rinisin tabadi'. Bularg'a teokratik monarxiya da kiredi. Bunda monarx ha'kimiyat wazi'ypalari'nan ti'sqari' bir waqi'tti'n' wo'zinde diniy basshi' wazi'ypasi'n da atqaradi'.

Ha'zirgi waqi'tta du'nyada 45 monarxiya xi'zmet ko'rsetpekte. Wolardi'n' ishinde ko'pshiligi konstituciyali'q monarxiyadan turadi'. Bunday monar-xiyalardi'n' sani', a'sirese, Evropada ko'p. Konstituciyali'q monarxiyalardi'n' sani' Aziyada 9 g'a, Afrikada 3 ke, Amerikada 9 g'a ten' (tiykari'nan, Karib ten'izi basseyninde). Absolyut monarxiyani'n' uluwma sani' 4, wolardi'n' barli'g'i' Aziyada jaylasqan. Ja'ha'nde absolyut teokratik monarxiya 2 boli'p, wolardi'n' birinshisi islam dinine (Makka-Madina), yekinshisi xristian dinine (Vatikan) tiyisli.

Ha'r qanday ma'mlekettin' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisi ma'mleket du'zilisinin' aji'ralmas qa'siyeti boli'p yesaplanadi' (yamasa ma'mleket du'zilisinin' formasi'). Usi' belgige muwapi'q ja'ha'nde ju'da' ko'p yeller unitar ma'mleketlerden quralg'an.[1] Bunday ma'mleketlerde basqari'w woraylasqan halda a'melge asi'ri'ladi'.

Ma'mleket du'zilisinin' biraz jas formasi' — bul federaciya yaki federativ ma'mleket[2] boli'p yesaplanadi'. Wol federaciya subyektleri (shtatlar, provin-ciyalar, respublikalar h.t.b.)nen quraladi'. Federativ ma'mleketlerdin' sani' XXI a'sir baslari'nda 27, sonnan Evropada 8, Aziyada 5, Afrikada 5, Amerikada 7, sonday aq, Avstraliya ha'm Okeaniyada 2 den ibarat boldi'. Federativ ma'mleketlerdi quri'wda wolardi'n' tariyxi'y rawajlang'anli'q qa'siyetleri (AQSH, GFR, BAA h.b.) aymag'i'ni'n' ju'da' u'lkenligi (Kanada, Avstraliya, Braziliya) yamasa aymag'i'ni'n' shashi'randi'li'g'i' (Mikroneziya Federativ shtatlari', Komor atawlari' Respublikasi' ha'm t.b.) xalqi'ni'n' ko'p milletliligi (Hindstan, Nigeriya, QAR ha'm t.b.) ha'm basqa sebepler yesapqa ali'ng'an.

Ekonomikali'q rawajlang'an ma'mleketlerde ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilmege (HAD) quramali'li'q ha'm ko'p basqi'shli'li'q ta'n. HAD u'sh basqi'shqa aji'rati'ladi'. Ayi'ri'm jag'daylarda wol ju'da' ko'p basqi'shlarg'a da iye boladi'. Franciyada 26 rayon, 100 departament ha'm 36,5 kommuna bar. AQSH ta 50 shtat 30 mi'n'nan aslam grafli'qti' birlestiredi. Grafli'qlar wo'z gezeginde taunshiplar ha'm municipalitetlerge bo'linedi. Bulardan basqa, ja'ne bir neshe mi'n' arnawli' okruglar da bar.

O'zbekistanda HAD respublika, wa'layat, rayon ha'm puqaralar ji'yi'nlari' bo'leklerinen quralg'an.

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Ma'mleket du'zimi, aldi' menen, ne menen baylani'sli'?
2. Basqari'wdi'n' respublika ha'm monarxiya formalari'n bir-birinen aji'rati'p turatug'i'n belgiler haqqi'nda ayti'p berin'.
3 O'zbekistandag'i' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilme haqqi'nda nelerdi bilesiz?
4 Unitar ma'mleketler ken' tarqalg'an aymaqlar ha'm regionlardi' ani'qlan'.
5 Federativlik ma'mleketler geografiyasi'n analizlep berin'.

---

[1] *Unitar ma'mleket* — lati'nsha *unitas* so'zinen ali'ng'an boli'p, birlik, birden-bir degen ma'nisti an'latadi'. Ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm atqari'wshi' ha'kimiyat bar administrativlik—aymaqli'q du'zim formasi'na iye bolg'an yel boli'p tabi'ladi'.

[2] *Federativ ma'mleket* — lati'nsha *foederatio* so'zinen ali'ng'an boli'p, awqam, birlespe, birden-bir degen ma'nislerdi an'latadi'. Federal ni'zamlar ha'm ha'kimiyat organlari' menen bir qatarda, wo'zinin' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm sud organlari' bar administrativlik-aymaqli'q du'zim formasi'na iye bolg'an yel boli'p tabi'ladi'.



# *2-tema.* Ja'ha'n ta'biyiy resurslari'

## 4-§. Ja'ha'n ta'biyiy resurslari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Resurslar, ta'biyiy resurslar, adamzat ja'miyeti, oykumena, landshaft, antropogen landshaft, geografiyali'q wortali'q.**

Adamzat ta'biyat qushag'i'nda payda boldi', yer jetti, ha'zirgi intellektual (civilizaciya) da'rejesine jetti. Wol usi' evolyuciyali'q rawajlani'wi' dawami'nda ta'biyattan tiykarg'i' jasaw qurallari'n aldi', woni' teren' wo'zlestiriwge yeristi ha'm wo'z na'wbetinde, wog'an wo'z ta'sirin wo'tkerip keldi. Basqasha aytqanda, wo'tken uzaq tariyxi'y da'wir dawami'nda adamzatti'n' ta'biyatqa, al, ta'biyatti'n' bolsa insan turmi'si'na wo'z ara ta'siri u'ziliksiz ku'sheyip bardi'. Sonli'qtan, rawajlani'w processinin' barli'q da'wirlerinde, adamzat tariyxi'n, woni'n' ta'biyat penen wo'z ara baylani'slari' tariyxi' dep te yesaplawg'a boladi'. Mine usi' barg'an sayi'n ku'sheyip barg'an, wo'z ara baylani'slar processi ja'miyet ha'm ta'biyatti' ha'zirgi hali'na ali'p keldi.

Ja'miyettin' rawajlani'wi' processinde tiykar bolg'an Ana Jer, Ana Ta'biyat adamzat civilizaciyasi'ni'n' da'slepki da'wirlerinen ha'zirge shekem wo'z basi'nan u'lken wo'zgerislerdi wo'tkerdi. Ja'miyet ha'm ta'biyatti'n' wo'z ara baylani'sli'li'g'i' procesi bir neshe basqi'shlardi' wo'z ishine aladi'.

Adamzat ja'miyeti rawajlani'wi'ni'n' *da'slepki basqi'shlari'nda* insan, tiykari'nan ta'biyat inamlari' yesabi'nan jasag'an. An'shi'li'q, bali'qshi'li'q penen shug'i'llang'an, wo'simlik wo'nimlerin ji'ynap ku'n keshirgen. Adamlar wo'simlik ha'm haywanatlarg'a bay bolg'an ta'biyiy, tiykari'nan, ji'lli' ha'm i'g'alli' aymaqlarda qa'wim boli'p jasawg'a umti'lg'an. Insan turmi'si'ni'n' bul basqi'shlari' ilimde *alg'ashqi' qa'wim* da'wiri dep ataladi'.

Adamzat turmi'si'ni'n' 2-basqi'shi'nda diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q tarawlari' rawajlana basladi'. Usi' da'wirden baslap Nil, Tigr ha'm Evfrat, Hind ha'm Gang, Xuanxe ha'm Yanczi, A'miwda'rya ha'm Si'rda'rya jag'alari', A'yyemgi Greciya ha'm Rim ma'mleketleri mine usi'nday u'lken socialli'q wo'zgerislerge yerisken aymaqqa aylandi'.

Ji'llar, a'sirler wo'tiwi menen ja'miyet penen ta'biyatti'n' wo'z ara ta'siri de kem-kemnen ken'eydi. Aldi' menen insanni'n' ta'biyatqa ta'siri ku'sheydi. Kem-kemnen xali'q sani' arta basladi'. Sonli'qtan, ja'miyet

rawajlani'wi'ni'n' 3-basqi'shi' yesaplang'an **Worta a'sirler da'wirinde** jer, mineral ha'm tog'ay resurslari'n ken'irek wo'zlestiriwge kirisile basladi'. Ka'rwan jollari' (Ulli' Jipek joli') arqali' aymaqlar arali'q baylani'slar ku'sheye basladi'. Xali'qti'n' ko'beyip bari'wi' jerlerge ta'rbiya beriwdi ku'sheytiw ha'm jan'a aymaqlardi' wo'zlestiriwdi talap yetti.

Bunday wo'zgerisler, yen' da'slep, «Yeski du'nya» aymaqlari'na, yag'ni'y Bati's Evropa, Aziyani'n' qubla poyas ken'liklerinde jaylasqan yellerge ta'n. Worta a'sirlerde xali'qti'n' jasaw aymaqlari' ja'ne de ken'eygeni ta'biyiy. Bular, yen' da'slep, jan'adan ashi'lg'an «Jan'a du'nya» dep atali'wshi' Amerika ha'm Avstraliya kontinentlerinin' wo'zlestiriliwi mi'sali'nda wo'z ko'rinisin tabadi'.

Ja'miyet penen ta'biyatti'n' wo'z ara ta'siri processinin' 4-basqi'shi'nda insan ta'repinen ta'biyatti' wo'zlestiriw a'dewir tezlesti. A'sirese, Evropada wo'ndiris ku'shlerinin' ja'ne de rawajlani'wi' ha'r qi'yli' ta'biyiy resurslardi' wo'zlestiriw pa'tin keskin tezlestirdi. Arqa ha'm Qubla Amerika, Avstraliya, Afrika, sonday-aq, adamzatti'n' yen' a'yyemgi besiklerinen yesaplang'an Aziya aymaqlari'n toli'g'i'raq iyelew, wolardi' koloniyalarg'a aylandi'ri'w ha'm ekonomikali'q jaqtan wo'zlestiriw ha'reketleri usi' rawajlani'w basqi'shi'ni'n' tiykarg'i' mazmuni'na aylang'an yedi. Bul jag'day Evropada sanaatti'n' rawajlani'wi'nda tu'pkilikli buri'li'slardi'n' baslani'wi'na tiykar boldi'. Du'nya ko'leminde ta'biyiy landshaftlardi'n' tez pa'tte wo'zlestiriliwi (bos jati'rg'an jerlerdin' su'rilip, yegislik maydanlari'na aylandi'ri'li'wi', ta'biyiy ha'm socialli'q bayli'qlardi'n' ayawsi'z iske qosi'li'wi', temir jollar quri'li'si'ni'n' ha'wij ali'wi' si'yaqli'lar) na'tiyjesinde insan turmi'si'nin' qorshag'an wortali'qqa ta'siri kem-kemnen ku'sheydi.

XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nan baslang'an ha'zirgi ilim-texnikani'n' rawajlani'wi' da'wirinde ja'miyet ha'm ta'biyat wortasi'ndag'i' wo'z ara qatnasi'qlar wo'zinin' yen' joqarg'i' shegine jetti. Bul basqi'shta «Ja'miyet — ta'biyat» ti'n' wo'z ara qatnasi'qlari'nda ja'miyettin' iskerligi ayqi'n ko'zge taslanbaqta. Bul da'wirge kelip insan ta'repinen jer beti ta'biyati'n ken' ko'lemde wo'zlestiriwge yerisildi. A'sirese, ITR da'wirinde tu'rli ta'biyiy resurslardan paydalani'w pa'tinin' ti'ni'msi'z arti'wi', ta'biyatqa qospa quramli', ko'p jag'daylarda ha'r ta'repleme za'ha'rli sanaat ha'm basqa tu'rdegi shi'g'i'ndi'lardi'n' u'zliksiz shi'g'ari'p taslani'wi' barg'an sayi'n «Ja'miyet—ta'biyat» arasi'ndag'i' wo'z ara qatnasi'qlardag'i' ten' salmaqli'li'qti'n' buzi'li'p ketiwine sebepshi bolmaqta. Bul jag'dayda adamzat wo'zinin' ***oykumena***[1] shegaralari'n u'zliksiz ken'eytip bardi'. Ilimpazlardi'n' yesaplawlari'

---

[1]Oykumena — grekshe *oikeo* — jasayman, jaylasaman, yag'ni'y jer betinin' xalqi' jasaytug'i'n, xalqi' ma'kanlaytug'i'n bo'legi degendi an'latadi'.

boyi'nsha, ha'zirgi waqi'tta insan ta'repinen wo'zlestirilgen antropogen landshaftlar du'nya qurg'aqli'g'i'ni'n' 60% ten aslami'raq maydani'n iyeleydi. A'sirese, qurg'aqli'qti'n' 20% bo'leginde ta'biyiy landshaftlar pu'tkilley wo'zgertilgen: wolar qala ha'm awi'llar, industrial wo'ndiris obyektleri, yegislik jerler ha'm bag'lar, jollar ha'm suw saqlag'i'shlar, qoldan yegilgen tog'aylar ha'm dem ali's wori'nlari'.

Demek, insan wo'z turmi's sharayati'n jetilistiriw ha'm ko'lemin ken'eytiw joli'nda planetami'zdi'n' poyaslari'nda ta'biyat imkaniyatlari'nan barg'an sayi'n ko'birek paydalani'wg'a ha'reket yetti ha'm sog'an yeristi, wo'zine qolay jasaw wortali'g'i'n jaratti'. Ilimde bul **geografiyali'q wortali'q** dep ataladi'. Solay yetip, ja'miyet wo'z socialli'q iskerligi dawami'nda ta'biyattan ko'birek resurslardi' alatug'i'n, soni'n' menen birge, ta'biyatqa barg'an sayi'n ko'birek ha'r qi'yli' shi'g'i'ndi'lardi' shi'g'ari'p taslaytug'i'n boli'p qaldi'. Wo'z na'wbetinde bul process adamzat aldi'na bir-biri menen baylani'sli' bolg'an:

1. Ta'biyiy resurslardan aqi'lg'a muwapi'q ha'm na'tiyjeli paydalani'w;

2. Qorshag'an wortali'qti' pataslani'wdan qorg'aw si'yaqli' ju'da' u'lken mashqalalardi' qoyadi'.

Adamzat wo'z turmi'si' ha'm ja'miyetlik xi'zmeti dawami'nda ha'r qi'yli' ta'biyiy resurslar (bayli'qlar) dan paydalanadi'.

**Ta'biyiy resurs** dep insan turmi'si' ha'm xi'zmeti dawami'nda tikkeley paydalani'latug'i'n barli'q tu'rdegi ta'biyiy bayli'qlarg'a ayti'ladi'.

Jer shari' ju'da' ko'p ha'm ha'r qi'yli' ta'biyiy resurslarg'a iye. Ta'biyiy resurslar bes tu'rge: jer, suw, mineral, biologiyali'q ha'm klimatli'q resurslarg'a bo'linedi. Wolar jer ju'zi boylap a'dewir ta'rtipsiz jaylasqan. Sonli'qtan, ayi'ri'm aymaqlar, yeller, materikler ta'biyiy resurslar menen tu'rlishe ta'miyinlen-gen, wolardi'n' tu'rleri ha'm mug'darli'q ko'rsetkishleri de ha'r qi'yli'. Bul jag'-day wo'z gezeginde, **resurslar menen ta'miyinlengenlik** tu'sinigin payda yetedi.

Ta'biyiy resurslar menen ta'miyinlengenlik degende ta'biyiy resurslardi'n' uluwma ko'leminin' ko'rsetkishleri menen wolardan paydalani'w mug'dari' wortasi'ndag'i' qatnas tu'siniledi. Wol ta'biyiy resurslardi'n' neshe ji'llarg'a shekem jetiwi yamasa resurs qori' xali'qti'n' jan basi'na qanshadan tuwri' keliw ko'rsetkishleri menen belgilenedi.

Ko'pshilik ta'biyiy resurslar, birinshi gezekte, ha'r qi'yli' materialli'q islep shi'g'ari'w tarmaqlari' ushi'n qi'mbat bahali' shiyki zat boli'p yesaplanadi'. Sol sebepli, sanaat shiyki zatlari' menen ta'miyinleniw mashqalasi' ko'pshilik yeller aldi'nda basli' ma'sele boli'p turadi'.

Ta'biyiy resurslardi'n' bazi' birewleri, wo'z na'wbetinde, ja'ne de mayda ha'm kishi tu'rlerge bo'linedi. Ta'biyiy resurslar ta'biyatta kelip shi'g'i'wi', paydalani'li'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha **tawsi'latug'i'n**

ha'm **tawsi'lmaytug'i'n** toparlarg'a bo'linedi. Topi'raq, mineral, wo'simlik, haywanat, rekreaciya usag'an resurslar tawsi'latug'i'n ta'biyiy resurslarg'a kiredi. Wolar wo'z gezeginde **tiklenetug'i'n** ha'm **tiklenbeytug'i'n** toparlarg'a bo'linedi. Tikleniwi mu'mkin bolg'an ta'biyiy resurslarg'a topi'raq, wo'simlik, haywanat, rekreaciya, ishimlik (dushshi') suw usag'an bayli'qlar kiredi. Mineral (jer asti') resurslari' tiklenbeytug'i'n ta'biyiy bayli'q boli'p yesaplanadi'.

Ta'biyatta is ju'zinde tawsi'lmaytug'i'n ta'biyiy resurslar da bar. Wolar quyash nuri', samal, ten'iz ha'm okeanlar, jerdin' ishki (geotermal) energiyasi'. Ta'biyiy resurslar jer ju'zi boylap tegis jaylaspag'an. Persiya qolti'g'i' yelleri neft ha'm ta'biyiy gazge, And yelleri mi's ha'm polimetall rudalarg'a, Arqa yari'm shardi'n' worta ken'likleri ha'm ekvatorial poyas aymaqlari' tog'aylarg'a a'dewir bay. Rossiya, AQSH, Qi'tay, Kanada, Braziliya, Avstraliya usag'an bir qatar u'lken ma'mleketler is ju'zinde ta'biyiy resurslardi'n' derlik barli'q tu'rleri menen jaqsi' ta'miyinlengen. Sonday-aq, ko'plegen yeller a'hmiyetli ta'biyiy bayli'qlardi'n' bir yamasa bir neshe tu'rlerine g'ana iye. Ja'ha'nde u'shinshi tu'rdegi yeller de bar, ma'selen, Andorra, Okeaniya ha'm Karib basseynindegi bir qatar yeller ta'biyiy bayli'qlar, a'sirese, mineral bayli'qlar menen jeterli da'rejede ta'miyinlenbegen.

### *A'meliy jumi's*

Ta'biyiy resurslar boyi'nsha adamzat aldi'nda turg'an basli' mashqalalardi' da'pterin'izge jazi'n'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ta'biyiy resurslar kelip shi'g'i'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha qanday tu'rlerge bo'linedi?
2. Ta'biyiy resurslar qollani'li'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha qanday tu'rlerge bo'linedi?
3. Tawsi'lmaytug'i'n resurs degende neni tu'sinesiz?

## 5-§. Ja'miyet menen ta'biyatti'n' wo'z ara baylani'sli'li'g'i' ha'm ta'siri

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Mineral resurslar, qor, uluwma geologiyali'q qor, ani'qlang'an qor, rudali' resurs, rudali' yemes resurs.**

Ta'biyatta minerallar tu'rinde ushi'rasatug'i'n ta'biyiy bayli'qlar mineral resurslar (bayli'qlar) delinedi. Ha'zirgi waqi'tta mineral resurslardi'n' 200 den aslam tu'rleri xojali'q ushi'n paydalani'lmaqta. Is ju'zinde mineral resurslar qurami'nda D.I. Mendeleevtin' ximiyali'q

elementler kestesinde bar bolg’an elementlerdin’ derlik barli’g’i’ bar ha’m wolar paydali’ qazi’lmalar tu’rinde jer asti’nda jatadi’.

Insan ju’da’ a’yyemgi zamanlardan-aq bar resurslardan paydalani’p kelgen. Al, waqi’tti’n’ wo’tiwi menen paydalani’latug’i’n mineral resurslar tu’ri ha’m ko’lemi barg’an sayi’n arti’p barg’an.

Tawsi’latug’i’n ha’m tiklenbeytug’i’n ta’biyiy resurs yesaplanatug’i’n jer asti’ qazi’lma bayli’qlari’nan paydalani’w ko’lemi de ji’ldan-ji’lg’a arti’p barmaqta.

Bular ko’mir, neft, ta’biyiy gaz, qara ha’m ren’li metall rudalari’, tawximiya shiyki zatlari’, quri’li’s materiallari’. Wolardan ayi’ri’mlari’ni’n’ qorlari’ ko’p bolsa, basqalari’niki, kerisinshe, az. (3-keste).

*3- keste*

**Ja’ha’nde qorlari’ yen’ u’lken bolg’an paydali’ qazi’lmalar**

| Paydali’ qazi’lma tu’rleri | Wo’lshem birligi | Uluwma geologiyali’q qor | Sonnan, ani’qlang’an qor | Ji’li’na qazi’p ali’nbaqta |
|---|---|---|---|---|
| Ko’mir | mlrd.t | 14800 | 1200 | 5,0 |
| Neft | mlrd.t | 480 | 260 | 3,8 |
| Ta’biyiy gaz | trln. $m^3$ | 320 | 142 | 2,5 |
| Temir rudasi’ | mlrd.t | 400 | 1500 | 0,9 |

Mineral jani’lg’i’ni’n’ geologiyali’q qorlari’ni’n’ uluwma prognozi’ 12,5 trln. tonnadan asadi’. Bul qorlar ha’zirgi waqi’ttag’i’ qazi’p ali’ni’wi’n yesapqa alg’anda, 1000 ji’lg’a jetiwi kerek. Mineral jani’lg’i’ni’n’ tiykarg’i’ bo’legi ko’mir-den (60 % ke shekem), qalg’ani’ (27 % ke jaqi’ni’) neft ha’m gazden, sonday-aq, slanec ha’m torftan ibarat.

Jani’lg’i’ mineral resurslari’ni’n’ ka’nleri, tiykari’nan, a’yyemgi platformalardi’n’ shetki bo’leginde ko’birek ushi’rasadi’. Ha’zirgi waqi’tta jer ju’zinde 36 mi’n’nan aslam ko’mir basseyni ha’m ka’nleri bar boli’p, wolar barli’q qurg’aqli’qti’n’ 15% in iyeleydi. Tiykarg’i’ ko’mir ka’nleri jer shari’ni’n’ Arqa yari’m shari’nda jaylasqan. Iri ko’mir ka’nleri Aziyada (Rossiya, Qi’tay, Hindstan), Arqa Amerikada (AQSH, Kanada), Evropada (Germaniya, Polsha, Ukraina) ha’m Avstraliyada jaylasqan.

Jer ju’zi boyi’nsha 600 den aslam neft ha’m gaz basseynleri ani’qlang’an. Ha’zirgi waqi’tta wolardi’n’ 500 ge jaqi’ni’nan neft ha’m gaz qazi’p ali’nbaqta, al iske qosi’lg’an barli’q ka’nlerdin’ uluwma sani’ 35 mi’n’nan aslam. Neft ha’m gaz ka’nlerinin’ tiykarg’i’ bo’legi planetami’zdi’n’ Arqa yari’m shari’nda jaylasqan. Bular Bati’s Sibir, Arqa Amerika ha’m Karib basseyni, Arabstan platformasi’ni’n’ sho’gindi ji’ni’sli’ shetki aymaqlari’, Worayli’q Aziya, Arqa ha’m Worayli’q Afrika ha’m t.b.

Ha'zirgi ja'ha'n ekonomikasi'nda metall rudali' qazi'lma resurslari'ni'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken. Uluwma ha'zirgi waqi'tta metalldan paydala-ni'lmaytug'i'n bir de material yamasa materialli'q yemes wo'ndiris salalari'n tabi'w qi'yi'n. Metall rudali' mineral resurslarg'a bay poyaslar da bar, wolardi'n' tiykarg'i' ka'nleri jerdin' rudali' shen'berleri boylap jaylasqan. Bular Alp — Gimalay, Ti'ni'sh okean boyi' shen'berleri ha'm basqalar. Bunday poyaslar taw-ka'n sanaati' ushi'n u'lken shiyki zat bazasi' boli'p xi'zmet yetedi ha'm ayri'qsha u'lkeler yamasa yellerdin' xojali'g'i'ni'n' qa'nigelesiwin belgileydi. Rossiya, AQSH, Kanada, Avstraliya, Braziliya, QAR, Qi'tay, Malayziya, Indoneziya, Qazaqstan — ja'ha'nde qara ha'm ren'li metall shiyki zatlari'na yen' bay yeller yesaplanadi'.

Ruda yemes mineral bayli'qlardan duzlar, fosforitli, ku'kirtli minerallar, quri'li's materiallari' ka'nleri a'yyemgi platformalarda, qatparli' tawlarda ko'p ushi'rasadi'.

A'hmiyetli ta'biyiy qazi'lma resurslar qatari'na geotermal energiya (jerdin' ishki i'ssi'li'q energiyasi') da kiredi. Bunday energiya derekleri, a'sirese, jer ju'zinin' jas, ha'rekettegi seysmikali'q da'rejesi joqari' ha'm vulkan ha'reketleri dawam yetip ati'rg'an u'lkelerinde (Islandiya, AQSH ti'n' Kaliforniya ha'm Alyaska, Rossiyani'n' Kamshatka ha'm Arqa Kavkaz regionlari', Jan'a Zelandiya, Yaponiya, Filippin, Italiya, Meksika) wog'ada ko'p.

Usi' waqi'tqa shekem ta'biyiy mineral resurslardi'n', tiykari'nan, ekono-mikali'q-texnikali'q jaqtan qolay ka'nleri wo'zlestirilip kelindi. Jan'a mineral ka'nlerdi izlew isleri son'g'i' da'wirlerde, a'sirese, Rossiyani'n' Sibir, AQSH ti'n' Kordilera tawlari', Kanada, Braziliya, Avstraliya, Afrikani'n' ekonomikali'q jaqtan to'men wo'zlestirilgen aymaqlari'nda jedel ali'p bari'lmaqta. Adamzatti'n' ta'biyiy mineral resurslardi' wo'zlestiriw boyi'nsha aldi'nda turg'an yen' a'hmiyetli wazi'ypalari'nan biri wolardi' u'nemlep wo'zlestiriwden ibarat.

Jer insan ushi'n ha'r ta'repleme yen' a'hmiyetli ta'biyiy resurs yesaplanadi'. Haqi'yqati'n aytqanda, wol insanni'n' tiykarg'i' tirishilik da'regi. Sebebi, xali'qti'n' ku'ndelikli tirishilik ushi'n za'ru'rli quralla ri'ni'n' derlik ha'mmesi jerden wo'ndirip ali'nadi'. Xali'q biykarg'a «barli'q bayli'qlardi'n' a'kesi miynet, al anasi' jer» dep wog'an joqari' baha bermegen.

Insanni'n' qay da'rejede jer resurslari' menen ta'miyinlengenligi, imkaniyatlari' ja'ha'n jer fondi' ha'm woni'n' qurami'nda wo'z ko'rinisin tapqan. Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'n jer fondi'ni'n' uluwma ko'lemi 13,4 mlrd. gektarg'a ten'. Biraq, woni'n' qurami' wo'zine ta'n. Jer ju'zi xalqi' wo'z tirishiligi joli'nda tuwri'dan-tuwri' paydalanatug'i'n jerler mug'dari' ay-tarli'qtay ko'p yemes. Adamzatqa jedel xi'zmet yetetug'i'n

jerler (awi'l xojali'g'i'nda paydalanatug'i'n jerler) ja'ha'n jer fondi'ni'n' 34% tin g'ana quraydi'. Bular, tiykari'nan, islew beriletug'i'n (11 %), wotlaq ha'm jaylaw (23 %) jerler. Bulardan islew beriletug'i'n jerler adamzat ushi'n za'ru'rli azi'q-awqat tu'rlerinin' 88 % in, al wotlaq ha'm jaylawlar bolsa 10 % in jetkerip bermekte. Jer fondi'ni'n' qalg'an bo'legi tog'ayli' (30 %), texnogen (qala ha'm awi'llar, sanaat ka'rxanalari', transport magistrallari', tu'rli basqa injenerlik quri'li'slari' iyelegen maydanlar 3%) ha'm kem paydalani'latug'i'n yamasa pu'tkilley wo'nimsiz jerler (33%). Jer resurslari'ni'n' yen' qi'mbat bahali' bo'legi islew beriletug'i'n (yegin yegiletug'i'n) maydanlar ha'm wolardi'n' wo'nimdarli' topi'rag'i' boli'p yesaplanadi'.

Insan a'yyemgi zamanlardan beri yen' qolay sharayatli' aymaqlardi' wo'zlestiriw, yeginzarli'qlarg'a aylandi'ri'w ushi'n u'zliksiz ha'reket yetip keldi. Bir g'ana XX a'sirde islew beriletug'i'n maydanlar ko'lemi du'nya boyi'nsha yeki yesege ken'eytildi. Qori'q jerlerdi wo'zlestiriw, batpaqli' ha'm batpaqqa aylang'an jerlerdi iske qosi'w, sho'l jerlerge suw shi'g'ari'w joli' menen yegislik maydanlari'n ken'eytiw isleri, a'sirese, AQSH, Kanada, Avstraliya, Rossiya, Qazaqstan, Qi'tay, Braziliya, O'zbekistan usag'an ma'mleketlerde ken' ko'lemde ali'p bari'ldi'. Ha'zirgi waqi'tta islew beriletug'i'n tiykarg'i' maydanlar mine usi' ma'mleketlerde jaylasqan.

Solay yetip, adamzat wo'zin paydalanatug'i'n zat penen bag'i'p kiyati'r-g'an jer maydanlari'n ken'eytiwge ha'reket yetti ha'm bul boyi'nsha u'lken ilgerilewge yeristi, bul bir ta'repten.

Yekinshiden, u'lken qi'yi'nshi'li'qlar yesabi'nan wo'zlestirilgen bunday jerler kem-kemnen isten de shi'g'i'p ketpekte. Yen' aldi' menen, insanni'n' itibarsi'zli'g'i' menen ju'z beretug'i'n eroziya procesi ha'r ji'li' awi'l xojali'g'i'nda paydalanatug'i'n 6—7 mln. gektar jerden ayi'rmaqta. Al jerlerdin' batpaqlani'wi' ha'm shorlani'wi' aqi'betinde bolsa ja'ne 1—1,5 mln. gektar yegislik jer maydanlari' isten shi'qpaqta. Qala ha'm awi'llardi'n' sanaat ha'm transport quri'li'slari'ni'n' ji'ldan-ji'lg'a u'zliksiz arti'p bari'wi' da yegislik maydanlardi' arti'qsha ba'nt yetpekte. Woni'n' u'stine, topi'raq qatlamlari'ni'n' ta'biyiy wo'nimdarli'g'i' da pa'seyip barmaqta. Bular jer resurslari'nan paydalani'wda u'lken mashqalalardi' payda yetpekte.

Paydalani'p kiyati'rg'an jerlerdin' ta'g'dirine barg'an sayi'n ku'sheyip barati'rg'an qurg'aqshi'li'q processi u'lken qa'wip tuwdi'rmaqta. Wol wonlag'an ma'mleketlerdegi yen' wo'nimdarli' jerlerdi wo'z ishine tartpaqta. Bug'an, a'sirese, Saxara, Namib, Atakama, Tar usag'an sho'ller mi'sal bola aladi'. Aral ten'izinin' barg'an sayi'n quri'wi' aqi'betinde tezlesip ati'rg'an qurg'aqshi'li'qqa aylani'w processi arqali' Qi'zi'lqum ha'm Qaraqum sho'lleri barg'an sayi'n ken'eyip, wolar arasi'nda jan'a sho'l—**Aralqum** ju'zege kelmekte.

Demek, jer resurslari'nan paydalani'w mu'mkinshilikleri ha'm wolar me-nen baylani'sli' bolg'an tu'rli processler to'mendegi juwmaqlardi' shi'g'ari'wg'a ali'p keledi: 1) islew beriletug'i'n maydanlardi' u'zliksiz ken'eytiw barg'an sayi'n qi'yi'nlaspaqta; 2) jerdin' tu'rli jollar menen taptan shi'g'i'p ketip ati'rg'anli'g'i' sebepli jer menen ta'miyinleniw da'rejesi pa'seyip barmaqta; 3) jerden i'qti'yatli'li'q penen u'nemlep paydalani'w talap yetiledi.

Suw — tirishilik da'regi. Jer shari'ndag'i' bar suwdi'n' tiykarg'i' bo'legi Du'nya ju'zi okeanlari' ha'm ten'izlerinde toplang'an.

Xali'q ha'm barli'q wo'ndiris tarmaqlari', tiykari'nan, taza ishimlik suwdi' paydalanadi'. Jaqi'ng'a shekem suw, hawa si'yaqli' ta'biyatti'n' bul sawg'asi' ha'm woni'n' qorlari' shegaralanbag'an dep yesaplanatug'i'n yedi. Biraq, is ju'zinde wonday yemes. Sebebi, dushshi' suw resurslari' gidrosferani'n' uluw-ma ko'leminin' 2,5% in g'ana quraydi'. Woni'n' u'stine, dushshi' suwdi'n' tiykarg'i' bo'legi jer shari'ni'n' shetki, paydalani'w qi'yi'n bolg'an Antarktida, Arktika, Grenlandiya ha'm du'nyani'n' biyik tawlari'ndag'i' ko'plegen qar ha'm muzli'qlarda toplang'an. Bunnan shi'g'ari'latug'i'n juwmaq sonnan ibarat, xali'q jedel turmi's keshiretug'i'n jer shari'ni'n', tiykari'nan, wortasha, tropikali'q poyaslari' dushshi' suw menen bir qansha kem ta'miyinlengen.

Adamzatti'n' dushshi' suwg'a bolg'an talabi'n qanaatlandi'ratug'i'n tiykarg'i' da'rek da'ryalar boli'p, wolardag'i' suwdi'n' uluwma mug'dari' barli'g'i' boli'p 47 mi'n' km$^3$. Woni'n' u'stine, bul suwdi'n' yen' ko'p bo'legi xali'q a'dewir siyrek jasaytug'i'n du'nyani'n' arqa ha'm ekvatorial poyasi' aymaqlari' boylap ag'adi' ha'm wolardan ha'r ta'repleme paydalani'w a'dewir qi'yi'n.

Dushshi' suwg'a bolg'an talap u'zliksiz arti'p barmaqta. Du'nya ju'zinde dushshi' suwdan paydalani'w ko'lemi 1950-ji'li' 1100 km$^3$, 1980 — 1990-ji'llarda 3300 km$^3$ den 4100 km$^3$ ke, 2000-ji'li' 4780 km$^3$ ke jetti. Al, 2012-ji'li' bolsa 5500 km$^3$ ten asi'p ketti. Dushshi' suw, a'sirese, wo'ndiris (sanaat ha'm awi'l xojali'g'i') talaplari' ushi'n yen' ko'p sarplanbaqta. Qollani'latug'i'n suwdan paydalani'w ko'leminin' tez wo'siwi ja'ha'nde dushshi' suw jetispewshiliginin' ju'zege keliwine sebep bolmaqta.

Haqi'yqati'nda da, jer ju'zi boylap dushshi' suw qorlari'ni'n' bo'listiriliwi wo'zine ta'n («Atlas»ti'n' 7-betine qaran'). Jer ju'zinin' ekvatorial ha'm wortasha poyaslari' dushshi' suwg'a bir qansha bay. Dushshi' suw menen yen' jaqsi' ta'miyinlengen ma'mleketler qatari'na Rossiya Federaciyasi', Qi'rg'i'zstan, Gruziya ha'm Ta'jikstan Respublikalari' kiredi.

Qurg'aqli'qti'n' 1/3 bo'legin quraytug'i'n qurg'aq, sho'l poyaslari'nda suw jetispewshiligi ju'da' keskin. Wonnan qala berse wolarda awi'l xojali'g'i', tiykari'nan, jasalma suwg'ari'w arqali' ali'p bari'ladi'. Arqa

ha’m Worayli’q Afrika, ko’p g’ana Qubla, Bati’s Aziya yelleri, sonday-aq O’zbekistan, Moldova, Tu’rkmenstan usag’an yeller de mine usi’nday ma’mleketler qatari’na kiredi.

Xali’qti’n’ turmi’s keshiriwinde tek g’ana suwdi’n’ mug’dari’ yemes, al sapa ko’rsetkishleri de rol woynaydi’. Ha’zirgi waqi’tta ja’ha’n xalqi’ni’n’ tek 1/3 bo’legi g’ana jaqsi’, sapali’ suwdi’, al ja’ne 1/3 bo’legi bolsa, sapasi’z suwdi’ paydalanbaqta.

Da’ryalar suwi’nan na’tiyjelirek paydalani’wg’a yerisiw ushi’n ko’plegen suw saqlag’i’shlar quri’lg’an. Ha’zir du’nyada suw saqlag’i’shlardi’n’ sani’ 40 mi’n’nan asi’p ketti. Iri suw saqlag’i’shlardi’n’ ko’pligi boyi’nsha AQSH ha’m Rossiya ayri’qsha aji’rali’p turadi’.

Suwdan na’tiyjeli paydalani’w jollari’ni’n’ ja’ne biri ag’i’n suwlardi’ aymaqlar ha’m yeller arasi’nda qayta bo’listiriw isleri boli’p yesaplanadi’. AQSH, Kanada, Avstraliya, Hindstan, Qi’tay, Meksika, Mi’sr, O’zbekistan ha’m basqa ayi’ri’m G’MDA ma’mleketlerinde ag’i’n suwlardi’ qayta bo’listiriwde u’lken jumi’slar a’melge asi’ri’lg’an. Ten’iz suwi’n dushshi’landi’ri’w texnologiyasi’n ken’irek qollani’w da ja’ha’n dushshi’ suw resurslari’nan na’tiyjeli paydalani’wg’a ali’p keledi. Ha’zirgi waqi’tta Persiya qolti’g’i’, Jer Worta ten’izi boyi’ yellerinde, Qazaqstanni’n’ Kaspiy boyi’ rayonlari’nda, AQSH ti’n’ qublasi’nda, Yaponiyada, Karib ten’izi yellerinde ten’iz suwi’n dushshi’landi’ri’w ha’m wolardan paydalani’w jumi’slari’ ken’eyip barmaqta. Dushshi’landi’ri’lg’an ten’iz suwi’nan paydalani’w ko’lemi boyi’nsha yen’ u’lken ma’mleket Kuveyt boli’p yesaplanadi’.

Ko’pshilik dushshi’ suwli’ da’ryalar ha’m ko’ller pataslani’p barati’rg’anli’g’i’ sebepli taza ishimlik suwi’ni’n’ jetispewshiligi barg’an sayi’n ko’zge taslanbaqta.

### *A’meliy jumi’s*

Ja’miyet penen ta’biyatti’n’ wo’z ara ta’sirinin’ obyektivligi, bul ta’sirdin’ a’stelik penen rawajlani’w basqi’shlari’n ani’qlan’. «Yeski du’nya» ha’m «Jan’a du’nya» aymaqlari’ni’n’ ekonomikali’q wo’zlestiriliwi procesin talqi’lan’ ha’m juwmaq shi’g’ari’n’.

### ?! *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. «Oykumena», «antropogen landshaftlar» tu’sinigi qanday ma’niske iye? Wolardi’n’ ko’rsetkishlerin mi’sallar menen tu’sindirin’.
2. Ta’biyiy resurs dep nelerge ayti’ladi’? Ta’biyiy resurslardi’n’ adamzat turmi’si’nda tutqan worni’na baha berin’, wolardi’ tawsi’lmaytug’i’n ha’m tawsi’latug’i’n ta’biyiy resurslar toparlari’na aji’rati’n’.
3. Sabaqli’qti’n’ temasi’ ha’m «Atlas»ti’n’ «Jer resurslari’» mag’luwmatlari’nan paydalani’p, ja’ha’n jer resurslari’ qurami’, wolardi’n’ materikler boylap bo’listiriliwi ko’rsetkishlerin sali’sti’rmali’ tu’rde tiykarlap berin’.

## 6-§. Du'nya okeani'. Klimatli'q, kosmosli'q, biologiyali'q ha'm rekreaciyali'q resurslar

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Du'nya okeani', energetika resurslari', klimatli'q resurslar, kosmosli'q resurslar, biologiyali'q resurslar, geotermal resurslar, rekreaciya resurslari'.**

Adamzatti'n' jaqi'n keleshe ginde u'lken a'hmiyetke iye boli'wi' ku'tilip turg'an ta'biyiy resurs tu'rlerinin' biri Du'nya okeani' resurslari' boli'p yesaplanadi'. Wol is ju'zinde tawsi'lmaytug'i'n g'a'ziyne yesaplanadi'.

Bul g'a'ziynenin' da'slepki tu'ri **ten'iz ha'm okean suwi'ni'n'** wo'zi. Wol jer ju'zi gidrosferasi'ni'n' 96,5 procentin quraydi'. Ten'iz suwlari'ni'n' yen' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri, wonda D.I. Mendeleevtin' elementler periodli' sistemasi'ndag'i' 75 tu'rli ximiyali'q elementtin' yerigen halda bar yekenligi. Sonli'qtan, suwdi' ta'biyatti'n' yen' a'hmiyetli minerali' dep te yesaplaydi'.

Du'nya okeani' suwi'nda yerigen halda ushi'rasatug'i'n yen' ko'p bayli'qlardi'n' biri duz boli'p yesaplanadi'. A'yyemgi zamanlarda-aq ten'iz suwi'nan as duzi'n aji'rati'p ali'wg'a yerisilgen. Qi'tay, Yaponiya usag'an ma'mleketlerde ha'zir de duz ali'wda ten'iz suwi'nan paydalanadi'. Ha'zirgi waqi'tta du'nya boyi'nsha paydalanatug'i'n duzdi'n' 1/3 bo'legi ten'iz suwlari'nan ali'nbaqta. Ten'iz suwlari'nda magniy, ku'kirt, brom, yod, alyu-miniy, mi's, uran, gu'mis, alti'n usag'an elementler bar. Wolardan ha'zirgi waqi'tta magniy, brom usag'an elementler aji'rati'li'p ali'nbaqta.

Basqa tu'rdegi ja'ne bir a'hmiyetli bayli'qti'n' biri Du'nya okeani' asti'ndag'i' **mineral resurslar.** Qurg'aqli'qta ushi'rasatug'i'n derlik barli'q tu'rdegi mineral resurslar ten'iz ha'm okean sayi'zli'qlari'nda da (shelf) bar. Ha'zirgi waqi'tta biraz mineral resurslar ten'iz shelflerinen qazi'p ali'nbaqta. A'sirese, Persiya, Meksika qolti'qlari', Arqa Kaspiy, Barenc usag'an ten'izler sayi'zli'qlari'nan qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an neft ha'm gaz mug'dari' ji'ldan-ji'lg'a arti'p barmaqta. Ha'zirgi waqi'tta okean asti'ni'n' basqa tu'rdegi qazi'lma bayli'qlari'nan paydalani'w da ku'sheyip barmaqta. Atap aytqanda, Ulli' Britaniya, Kanada, Yaponiya, Qi'tay shelflerinen ko'mir, Indoneziya, Tailand, Malayziya qurg'aq sayi'zli'qlari'nan qalayi', sonday-aq, almaz (Namibiya), yantar (Rossiya Federaciyasi'ni'n' Kaliningrad oblasti'), alti'n ha'm temir, marganec, konkreciy (ta'biyiy quymalar — AQSH) mineral resurslari' qazi'p ali'na basladi'.

Du'nya okeanlari'ni'n' u'shinshi tu'rdegi bayli'g'i' — bul **energetika resurslari'**. Bunday bayli'qlardi'n' ko'lemi de ju'da' u'lken. Ha'zir te-

n'iz suwi'ni'n' qalqi'wi' (ko'teriliwi ha'm to'men tu'siwi) na'tiyjesinde payda bolatug'i'n energiyani' wo'zlestiriwde da'slepki tabi'slarg'a yerisilgen. Rossiya, Kanada, AQSH, Argentina, Avstraliya, Qi'tay, Franciya, Ulli' Britaniya ma'mle-ketleri suw qalqi'wi' energiyasi' qorlari' menen ju'da' jaqsi' ta'miyinlengen. Usi' joqari'dag'i' ma'mleketlerdin' ko'pshiliginde ha'zirgi waqi'tta qalqi'w elektr stanciyalari' (QES) quri'lg'an.

Du'nya okeani'ni'n' insan ushi'n yen' a'hmiyetli to'rtinshi bayli'g'i'—bul **biologiyali'q resurslar.** Suwdag'i' derlik barli'q tu'rdegi haywanat ha'm wo'simlikler tirishiligi ushi'n yen' za'ru'r yesaplanatug'i'n belok ha'm basqa za'ru'rli birikpelerge bay.

Mag'luwmatlarg'a qarag'anda, okean suwlari'nda 140 mi'n' tu'rdegi haywanat ha'm wo'simlik bar. Ha'zir du'nya xalqi'ni'n' beloklarg'a bolg'an talabi'ni'n' 20 procentten ko'biregi ten'iz haywanlari' ha'm wo'simlikleri yesa-bi'nan qaplanbaqta. Barli'q awlanatug'i'n ten'iz haywanlari'ni'n' 85 procenti bali'qlar u'lesine tuwri' keledi. Bering, Oxota, Yaponiya, Norveg ten'izleri, Ti'ni'sh okeani'ni'n' Qubla Amerika jag'a boyi' suwlari' du'nyadag'i' bali'qlarg'a yen' bay ken'liklerden yesaplanadi'.

Biraq, okean ha'm ten'izlerde jasaytug'i'n bali'q ha'm haywanlar barg'an sayi'n qorg'awg'a mu'ta'j boli'p qalmaqta.

## KLIMATLI'Q HA'M KOSMOSLI'Q RESURSLAR

Wolar qatari'na yendi g'ana adamzatqa xi'zmet yetiwge kirisip ati'rg'an quyash, samal ha'm geotermal energiya resurslari' kiredi. Bular ha'm Du'nya okeani' energiya resurslari' da'stu'riy yemes energiya resurslari' delinedi.

Bunday resurslar arasi'nda yen' a'hmiyetlisi quyash energiyasi' yesaplanadi'. Jerdegi tirishilik da'regi yesaplanatug'i'n bul energiyadan insan wo'z ma'pine ba'rha paydalani'p kelmekte. Quyash tawsi'lmas energiya da'regi yesaplanadi'.

Jer betine jetip keletug'i'n quyash energiyasi' mug'dari' sonshelli ko'p, wol jer betinde ani'qlang'an barli'q mineral jani'lg'i'lar quwati'nan wonlag'an, ja'ha'nde ha'zir paydalani'li'p ati'rg'an barli'q energiyag'a sali'sti'rg'anda mi'n' yese arti'q. Jer ju'zinin' quyashli' ku'nleri yen' ko'p ha'm quyash nurlari' yen' tik tu'setug'i'n qurg'aq tropikali'q poyaslari'nda quyash energiyasi'nan paydalani'w imkaniyatlari' u'lken bolatug'i'ni' ta'biyiy jag'day. Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'nnin' bir qatar yellerinde Quyash elektrostanciyalari' quri'lg'an.

A'hmiyetli da'stu'riy yemes energiya qurallari'ni'n' biri **samal energiyasi'** yesaplanadi'. Insan a'yyem zamannan samal qarazlari', jelqomli' kemelerdi ju'rgiziwge samal energiyasi'nan paydalani'p kelgen. Bunday

energiya resurslari'na, a'sirese, jer betinin' bir qansha samalli' wortasha poyaslari' bay boladi'.

Ja'ne bir a'hmiyetli da'stu'riy yemes energiya da'regi Jerdin' wo'zi, woni'n' ishki energiyasi' boli'p yesaplanadi'. Bul energiyani' geotermal energiya dep te ataydi'. Geotermal energiyag'a, a'sirese, i'ssi' ta'biyiy puwlar ha'm termal suwlardi'n' tektonikali'q jari'qlar arqali' Jer betine shi'g'i'p turg'an ha'm shi'g'i'wi' jaqi'n bolg'an aymaqlar ju'da' bay. A'dette, bunday aymaqlar wo'z waqti'nda tektonikali'q ha'reketler a'dewir jedelli wo'tken poyaslar boylap jaylasqan. Wolar vulkanli' ha'm geyzerli Islandiya, Yaponiya, Jan'a Zelandiya, Filippin, Italiya, Meksika, AQSH ti'n' bati's, Rossiyani'n' shi'g'i's rayonlari' ha'm basqalar.

Son'g'i' ji'llarda, bir ta'repten paydali' jani'lg'i' qorlari'ni'n' kemeyiwi, yekinshi ta'repten, tiykari'nan ekologiyali'q «taza» bolg'anli'g'i' sebepli ja'ha'nde da'stu'riy yemes energiya resurslari'nan paydalani'wg'a bolg'an itibar ku'sheymekte.

## BIOLOGIYALI'Q RESURSLAR

Biologiyali'q resurslar dep Jer betinin' wo'simlik ha'm haywanat du'nyasi'na ayti'ladi'.

Wo'simlik resurslari' ma'deniy ha'm jabayi' wo'simliklerdi wo'z ishine aladi'. Wolardi'n' tu'rleri wog'ada ha'r qi'yli'. Wo'simlik resurslari' da topi'raq, haywanat resurslari'nday tawsi'latug'i'n, soni'n' menen birge, qayta tiklenetug'i'n ta'biyiy resurs boli'p yesaplanadi'. Wolar buri'nnan ko'p jag'daylarda adamzatti'n' turmi'sli'q talaplari'n qanaatlandi'ri'wda tiykarg'i' rol atqari'p kelgen. A'sirese, bul boyi'nsha tog'aylardi'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken. Jer ju'zinde barli'q tog'ay maydanlari' 40 mln. km$^2$ (4 mlrd. gektar) ti' yamasa barli'q qurg'aqli'qti'n' 30 procentke jaqi'ni'n quraydi'. Biraq, tog'aydi' kesiw barg'an sayi'n arti'wi' (ji'li'na wortasha 4 mlrd. m$^2$ ag'ash tayarlanbaqta), tog'ayli' maydanlar yesabi'nan jan'a jerlerdi wo'zlestiriw, tu'rli industrial quri'li'slardi'n' ko'beyiwi usag'an jag'daylar tog'aylardi'n' kemeyip ketiwine ali'p kelmekte.

Haqi'yqati'nda da, keyingi 200 ji'l ishinde planetami'z tog'aylari' 2 yesege kemeydi. Son'g'i' ji'llarda jer ju'zinde tog'ayli' maydanlar ji'li'na wortasha 25 mln. gektarg'a qi'sqari'p barmaqta. Demek, kislorodti' qayta tikleytug'i'n, grunt suwlari'n belgili wo'lshemde uslap turatug'i'n, topi'raq qatlami'n arti'qsha je-mirilip ketiwden saqlaytug'i'n, bahali' ag'ash bayli'qlari'ni'n' da'regi, haywanat du'nyasi'ni'n' ma'kani' ha'm basqa ko'p bahali' qa'siyetlerge iye bolg'an tog'aylardi' ha'r ta'repleme saqlaw, wonnan u'nemli paydalani'w za'ru'r.

Ja'ha'n «Tog'ay resurslari'» kartasi'nda («Atlas»ti'n' 8-beti) ken'lik si'zi'qlari' boylap u'lken arali'qlarg'a sozi'lg'an yeki poyas ko'zge ayqi'n taslanadi'. Bular: Arqa ha'm Qubla tog'ay poyaslari'.

Arqa tog'ay poyasi' wortasha ha'm yari'mi' subtropikali'q klimatli' ay-maqlar boylap jaylasqan. Jer ju'zindegi barli'q tog'ayli' maydanlardi'n' yari'mi', al ag'ash qorlari'ni'n' bolsa derlik yari'mi' usi' poyas u'lesine tuwri' keledi. Bul poyas tog'aylari'ni'n' a'hmiyetli wo'zgesheligi, wolarda tiykari'nan, tik wo'setug'i'n sapali' tiken japi'raqli' daraqlardi'n' wo'siwi boli'p yesaplana-di'. Bunday tog'aylarg'a yen' bay ma'mleketler Rossiya, Kanada, AQSH, Fin-lyandiya. Wolarda daraq kesiw isleri a'de-wir ken' ko'lemde ali'p bari'li'p ati'rg'an bolsa da, daraq yegiw joli' menen tog'aylardi' qayta tiklewge u'lken itibar berip kiyati'rg'anli'g'i' sebepli tog'ayli' maydanlar derlik kemeymey ati'r.

Qubla tog'ay poyasi' tiykari'nan, tropikali'q ha'm ekvatorial klimat poyaslari' boylap jaylasqan. Wol jer ju'zindegi tog'ayli' maydanlardi'n' yari'mi' ha'm uluwma tog'ay qorlari'ni'n' yari'mi'nan sa'l ko'biregin wo'zinde birlestiredi. Poyasti'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerinen biri, wonda tiykari'nan, ken' japi'raqli' daraqlardi'n' qali'n', aralas ha'm ko'p yarusli' boli'p wo'siwi. Sonday-aq, bul tog'aylar ag'ashli'q qa'siyetleri joqari' bolg'an bahali' daraqlarg'a a'dewir bay. Bul poyas tog'aylari'na, a'sirese, Braziliya, Peru, Boliviya, Kolumbiya, Kongo, Hindstan, Myanma, Indoneziya, Malayziya usag'an yeller a'dewir bay. Ta'rtipsiz, u'nemle-mey paydalani'w (tog'aylardi' wo'rtep yegislik maydanlardi' ken'eytiw, ta'rtipsiz shabi'w ha'm daraqlardi' woti'n retinde paydalani'w) keyingi ji'llarda Qubla poyas tog'aylari'ni'n' tez kemeyiwine ali'p kelmekte. Lati'n Amerikasi' ha'm Aziyani'n' ken' japi'raqli' tog'ay maydan-lari' tek XX a'sirdin' son'g'i' 30-35 ji'li'nda 40 procentke, al Afrika tog'aylari' bolsa wonnan da ko'birek qi'sqari'p ketti. Qa'nigelerdin' pi-kirinshe, yeger tropikali'q tog'aylarg'a bolg'an qatnas unamli' ta'repke qaray wo'zgermese, XXI a'sir wortalari'na kelip wolardan ayi'ri'li'p qali'wi'mi'z mu'mkin. Bunday qa'wip insaniyat aldi'na tog'ay resurs-lari'nan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w ha'm wolardi' ha'r ta'repleme qorg'aw si'yaqli' keshiktiriwge bolmaytug'i'n wazi'ypani' qoyadi'.

## REKREACIYA RESURSLARI'

Ha'zirgi da'wir socialli'q turmi'si'nda dem ali'w, seyil yetiw, yemle-niw ha'm turizm obyektlerinin' a'hmiyeti wog'ada joqari'lap barmaqta. Insanni'n' fizikali'q ha'm ma'deniy dem ali'wi' menen yemleniw talaplari'n qanaatlandi'ri'wg'a xi'zmet yetetug'i'n qurallar **rekreaciya resurslari'** dep ataladi'. Kelip shi'g'i'wi' ha'm paydalani'w wo'zgeshe-likleri boyi'nsha rekreaciya resurslari' ta'biyiy ha'm socialli'q rekreaciya resurslari'na bo'linedi.

**Ta'biyiy rekreaciya** resurslari' qatari'na taza hawali' go'zzal ta'biyat landshaftlari' kiredi. Wolar da'rya, ko'l, ten'iz boylari', taw yetekler-

indegi wo’simlik du’nyasi’ ha’r qi’yli’ bolg’an ko’rkem, suli’w jerler, mineral suwli’ shi’pabag’i’sh ma’kanlar boli’wi’ mu’mkin. Xali’qti’n’ dem ali’w, sport penen shug’i’llani’w, an’ awlaw imkaniyatlari’ ken’ aymaqlar, worayli’q qalalar a’tirapi’ndag’i’ jasi’l zonalar, park ha’m bag’lar yamasa arnawli’ qori’qxana ha’m milliy bag’lar da ta’biyiy rekreaciya aymaqlari’nan yesaplanadi’.

**Socialli’q yamasa ma’deniy tariyxi’y rekreaciya resurslari’.**

Tu’rli da’wirlerde insan aqi’l-woyi’ menen jarati’lg’an tariyxi’y, arxeologiyali’q ha’m ko’rkem-wo’ner yestelikleri, muzeyler, saraylar socialli’q yamasa ma’deniy-tariyxi’y rekreaciya resurslari’ boli’p yesaplanadi’. Bulardi’n’ arasi’nda Afinadag’i’ belgili Akropol, Rimdegi Kolizey, Mi’sr piramidalari’, Agradag’i’ Taj Mahal (Hindstan), Samarqandtag’i’ Registan, Xiywadag’i’ Iyshanqala ha’m basqalar ayri’qsha wori’n iyeleydi.

Dem ali’wshi’lar ha’m turistler arasi’nda ta’biyiy ha’m socialli’q rekreaciya resurslari’na bay yeller yamasa ayi’ri’m aymaqlar u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q woyatadi’. Sonli’qtan, Ispaniya, Italiya, Franciya, AQSH, Kanada, Greciya, Tur-kiya, Shveycariya, Hindstan, Mi’sr, Meksika usag’an ma’mleketler jer ju’zinin’ yen’ iri xali’qarali’q turizm woraylari’ boli’p yesaplanadi’.

### *A’meliy jumi’s*

«Atlas»tan paydalani’p, jer ju’zi boyi’nsha qurg’aqshi’li’q jerler may-dani’n da’pterin’izge belgilen’ ha’m woni’ talqi’lan’.

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Planetami’z boylap dushshi’ suw qalay bo’listirilgen? Wog’an «bay» ha’m «jarli’» aymaqlardi’ aji’rati’n’.
2 Ne ushi’n bir qatar yeller wo’zlerinde da’rya ha’m ko’ller jetkilikli boli’wi’na qara-mastan, ishimlik suwdi’ basqa yellerden sati’p ali’wg’a ma’jbu’r bolmaqta? Wolar qaysi’ yeller yekenligin ani’qlan’.
3 «Atlas» mag’luwmatlari’nan paydalani’p, biologiyali’q resurslarg’a baha berin’.
4. Du’nya okeani’ qanday sebepler menen pataslani’p barmaqta? Woni’n’ qanday aqi’betlerge ali’p keletug’i’ni’n woylap ko’rin’.
5 Klimatli’q, kosmosli’q ha’m da’stu’riy yemes resurslar dep qanday bayli’qlarg’a ayti’ladi’?
6 Rekreaciya resurslari’ dep qanday ta’biyiy bayli’qlarg’a ayti’ladi’ ha’m wolardi’n’ ja’-miyet turmi’si’nda tutqan worni’ qanday? Rekreaciya resurslari’ni’n’ toparlani’wi’ ha’m geografiyasi’n talqi’lan’. Rekreaciya resurslari’na bay bolg’an yellerdi O’zbekistanni’n’ usi’nday resurslari’ menen sali’sti’ri’n’ ha’m bahalan’.

## 7-§. Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi'

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Ta'biyiy faktorlar, antropogen faktorlar, gidrosfera, atmosfera, qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi', ekologiyali'q siyasat.**

Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi'nda **ta'biyiy** ha'm **antropogen** faktorlar tiykarg'i' rol woynaydi'.

Ta'biyiy faktorlar tiykari'nda qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi', ta'biyiy jol menen — shaqmaq shag'i'wi', wot-sho'p ha'm tog'aylardi'n' jani'wi', vulkanlar ati'li'wi', samal ha'reketi, biosferada u'zliksiz boli'p turatug'i'n shiriw (wo'simlik ha'm haywanat qaldi'qlari') ha'm basqa processler na'tiyjesinde ju'z beredi. Wolar ji'li'na millionlag'an tonna shan'-tozan'di' hawag'a shi'g'ari'p jiberedi.

Biraq, ha'zirgi waqi'tta ta'biyatti'n' pataslani'wi'nda jasalma faktorlar (antropogen process) wog'ada ko'p qatnaspaqta. Atmosferag'a shi'g'ari'li'p ati'rg'an patasli'qlardi'n' 2/3 bo'legi woni'n' u'lesine tuwri' keledi.

Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi' na'tiyjesinde jer betinin' wo'simlik ha'm haywanat du'nyasi', ko'p a'sirlik tariyxi'y yestelikler ha'm quri'li'slar ba'rha zi'yan ko'rmekte. Haqi'yqati'nda da, ta'biyat wo'lsheminde bolsa, tu'rli aqaba shi'g'i'ndi'lari'n zi'yansi'zlandi'ri'w, tazalap ali'w si'yaqli' ayri'qsha qa'siyetke iye. Biz atmosferag'a shi'g'ari'p ati'rg'an iyis (CO) gazi fotosintez processi arqali' wo'simlikler ta'repinen u'zliksiz qayta islenip, kislorodqa aylandi'ri'li'p, ta'biyatqa ja'ne qaytari'latug'i'ni'n bilemiz. Biraq, ta'biyatqa shi'g'ari'li'p ati'rg'an patasli'qlar son'g'i' waqi'tlarda normasi'nan asi'p ketkeni sonshelli, soni'n' aqi'betinde ta'biyat wo'zin-wo'zi tiklew, tazalaw qa'siyetinen barg'an sayi'n ayi'ri'li'p qalmaqta.

Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi' barli'q geografiyali'q qatlamlarda ku'sheyip barmaqta.

**Qurg'aqli'qti'n' (litosferani'n') pataslani'wi'** jer asti' bayli'qlari'n wo'zles-tiriw, a'sirese, wolardi' ashi'q usi'lda qazi'p shi'g'ari'w na'tiyjesinde ju'zege kelmekte. Topi'raq, a'sirese, sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' shi'g'i'ndi'lari' menen pataslanbaqta. Bunda tiykarg'i' pataslawshi' elementler tu'rli metallar ha'm wolardi'n' birikpeleri, mineral to'ginler, ximiyali'q za'ha'rli zatlar ha'm radioaktiv zatlar, turmi's xi'zmeti ha'm sharwashi'li'q shi'g'i'ndi'lari'nan payda bolg'an shi'g'i'ndi' u'yindileri gigiena-sanitariyali'q jag'daydi'n' to'menlewine ali'p kelmekte.

**Gidrosfera** (da'ryalar, ko'ller ha'm ten'izler) tiykari'nan, sanaat, awi'l xojali'g'i' ha'm u'y-ruwzi'gershilik, turmi's xi'zmeti tarawlari'ni'n'

shi’g’i’ndi’ suwlari’ni’n’ qosi’li’wi’ na’tiyjesinde pataslanbaqta. Aqi’betinde dushshi’ suw jetispewshiligi barg’an sayi’n ku’sheymekte. Bunday jag’daylar du’nyada xali’q yen’ ti’g’i’z jasaytug’i’n aymaqlar boylap ag’atug’i’n **Reyn, Sena, Temza, Dunay, Dnepr, Volga, Don, Missisipi, Nil, Gang, Yanczi** usag’an da’ryalar basseynlerinde baqlanbaqta.

Du’nya okeani’ da barg’an sayi’n pataslani’p barmaqta. Woni’n’ pataslani’wi’ da’ryalardan qosi’li’p ati’rg’an patas suwlar, jag’alardan taslani’p ati’rg’an shi’g’i’ndi’lar, kemeler ha’reketi ha’m apatqa ushi’rawi’ sebepli ag’i’p tu’sip ati’rg’an neft wo’nimleri arqali’ payda bolmaqta. Ha’zirgi waqi’tta Jer Worta, Arqa, Baltik, Qara, Azov, Karib, Yapon, Yava ten’izleri ha’m Biskay, Per-siya, Meksika qolti’qlari’ ko’p pataslang’an. Du’nya okeani’ni’n’ basseyni a’sirese, neft ha’m neft wo’nimleri tas-landi’lari’nan pataslanbaqta.

Kosmosli’q baqlawlar ha’zirgi waqi’tta Du’nya okeani’ betinin’ 1/3 bo’legi neft perdesi menen qaplang’anli’g’i’n ko’rsetedi. Bul jer ju’zindegi yen’ u’lken ekologiyali’q mashqalalardi’n’ biri degen so’z. Sebebi, neft perdesi okeanni’n’ quyash nurlari’n qabi’l yetip ali’wi’na tosqi’nli’q yetedi, suwdi’n’ puwlani’wi’n ha’m kislorod penen toyi’ni’w mu’mkinshiligin pa’seytedi, tiri organizmler rawajlani’wi’n to’menletedi. Neft penen, a’sirese, Atlantika okeani’, Hind okeani’ni’n’ arqa bo’legi yen’ ko’p pataslang’an.

**Atmosfera** elektr energetika, metallurgiya, ximiya usag’an sanaat tarmaqlari’, transport qurallari’, kosmosqa kosmos kemelerin ushi’ri’w yamasa ha’r tu’rli jani’wlar sebepli pataslanbaqta. Usi’lardi’n’ na’tiyjesinde ha’r ji’li’ milliardlag’an tonna qatti’, gaz ta’rizli, aerozol shi’g’i’ndi’lar atmosferag’a shi’g’ari’li’p jiberilmekte. Atmosferada, a’sirese, iyis gazi (CO), ku’kirt gazleri’ ($SO_2$) mug’dari’ni’n’ arti’wi’ u’lken ekologiyali’q mashqalalardi’ keltirip shi’g’ara basladi’. Yadroli’q ilimiy-izertlewshi, belgili ilimpaz Yu. B. Xaritonnan «Qorqi’ni’shli’ termoyadro qurallari’ni’n’ islep shi’g’ari’li’wi’ ha’m woni’n’ tarali’wi’ adamzatti’ joq yetip jiberiw qa’wpin ti’wdi’rmay ma?» — dep sorag’anda, wol: «Planetami’zg’a aqi’r-aqi’betinde termoyadro qurallari’ g’ana yemes, ba’lkim «i’ssi’ bo’lme na’tiyjesi» («parnikli effekt») u’lken qa’wip tuwdi’radi’, yag’ni’y, klimatti’n’ global ko’lemde i’si’p bari’wi’, Jerdegi tirishilik ushi’n haqi’yqi’y apatshi’li’q qa’wpin tuwdi’radi’»,—dep juwap bergen yedi.

Haqi’yqati’nda da, atmosferani’n’ iyis gazi, ku’kirtli, azotli’, ftor-xloridli’, fosforli’, qorg’asi’n, si’nap, alyuminiy usag’an metall birikpeleri tu’rli aerozol gazler menen pataslani’wi’ na’stiyjesinde Quyashti’n’ i’si’ti’w ta’rtibi buzi’la basladi’. Wo’z na’wbetinde bul klimatti’n’ wo’zgeriwine, planetami’z polyuslari’ ha’m biyik tawlari’ndag’i’ ma’n’gi muzli’qlardi’n’ a’ste-aqi’ri’n azayi’p bari’wi’na ali’p keliwi mu’mkin.

Atmosferani'n' barg'an sayi'n pataslani'wi' adamzat aldi'na ja'ne bir qi'yi'n mashqalani' qoymaqta. Hawag'a ftor-xloridli' birikpelerdin' barg'an sayi'n ko'p shi'g'ari'li'wi' aqi'betinde jerdegi tirishiliktin' qalqani' yesaplang'an azon qatlami'ni'n' barg'an sayi'n juqari'p bari'wi' baqlanbaqta. «Ozon tu'n'ligi» dep atalg'an mine usi' jag'day da'slep Qubla Amerikani'n' Antarktidag'a tutas aymaqlari', son'g'i' ji'llarda Evraziyani'n' arqa ken'likleri u'stinde de baqlana baslandi'. Bunday mashqalalardi'n' kelip shi'g'i'wi'ni'n' tiykarg'i' sebebi ja'miyet penen ta'biyat arasi'ndag'i' mu'na'sibetlerdin' buzi'la baslawi'nda ha'm qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi' menen baylani'sli'. Demek, adamzat aldi'nda ta'biyatqa «Siz» dep mu'na'sibette boli'w wazi'ypasi' turadi'.

Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi' ta'biyatti' qorg'aw jollari'n izlew ha'm bul qi'yi'n mashqalalardi' sheshiwge shaqi'radi'. Qorshag'an wortali'qti' qorg'awdi'n' bir qatar na'tiyjeli jollari' islep shi'g'i'lg'an. *Birinshisi* — qorshag'an wortali'qti' pataslaytug'i'n ka'rxanalarda wog'an jol qoymaw ilajlari'n ko'riw. Buni'n' ushi'n tu'rli shi'g'i'nlardi' tazalawshi' quri'lmalardi' sali'w, patas jani'lg'i'lardi' paydalani'wdi' toqtati'w, shi'g'i'ndi'lardi' qayta islew ka'rxanalari'n sali'w, isten shi'qqan jerlerin rekonstrukciyalaw usag'an jollardan paydalani'w za'ru'r.

*Yekinshi jol* — wo'ndiriste ta'biyatti' qorg'awdi' ha'r ta'repleme wori'nlay alatug'i'n jan'a texnologiyali'q mu'mkinshiliklerden ken' paydalani'w, shi'g'i'ndi'si'z isleytug'i'n wo'ndiris sistemalari'n yengiziwden ibarat.

*U'shinshi jol* — xali'q ti'g'i'z jasaytug'i'n aymaqlardi' «patas» wo'ndiris tarmaqlari'nan tazalaw. Qorshag'an wortali'qti' yen' ko'p pataslaytug'i'n sanaat tarmaqlari' qatari'na ji'lli'li'q elektr energetikasi', metallurgiya, ximiya ha'm neft-ximiya, cellyuloza-qag'az, cement usag'an sanaat tarmaqlari' kiredi. Son'g'i' da'wirlerde du'nyani'n' ko'plegen jetekshi industrial yellerinde bunday «patas» wo'ndiris tarmaqlari'n ekonomikali'q jaqtan kem wo'zlestirilgen adamsi'z aymaqlarda jaylasti'ri'wg'a a'hmiyet berilmekte. Mine, usi'nday bag'darlarg'a g'a'rezsizlik ji'llari'nda O'zbekistanda da ayri'qsha a'hmiyet berile baslandi'. Son'g'i' ji'llarda boy tiklegen Buxara neftti qayta islew, Qon'i'rat soda ha'm Shortan gazximiya woraylari' ken' sho'l aymaqlari'na jaylasti'ri'ldi'. Bul jag'day ekologiyali'q sharayatti' jaqsi'lawg'a na'tiyjeli xi'zmet yetedi.

**Ekologiyali'q siyasat.** Ta'biyiy resurslardan itibarsi'z paydalani'w, qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi', biz jasap ati'rg'an, dem ali'p ati'rg'an wortali'qti' barg'an sayi'n awi'ri'wg'a baslamaqta. Bul wo'z gezeginde, ja'miyet aldi'na qarsi' ilajlardi' ko'riw wazi'ypasi'n qoymaqta.

Ekologiyali'q siyasat — ekologiya pa'ni talap ha'm usi'ni'slardi' yesapqa alg'an halda, bizdi qorshap turg'an ta'biyiy wortali'qti' qorg'aw ha'm woni' jaqsi'lawg'a, ta'biyiy resurslardan u'nemli paydalani'w ha'm

wolardi' bayi'ti'wg'a qarati'lg'an siyasatlar kompleksi. A'dette, bunday siyasat ma'mleket, regional ha'm global ko'lemde ali'p bari'li'wi' mu'mkin ha'm wo'zinde ta'biyatti' qorg'awdi'n' huquyqi'y tiykarlari'n (ni'zamlari'n) jarati'w ha'm wolardi'n' wori'nlani'wi'n na'zerde tutadi'. Son'g'i' won ji'lda AQSH, Yaponiya, bir qatar Evropa Awqami' ha'm G'MDA ma'mleketleri, qi'yi'n ekologiyali'q jag'daydi' jaqsi'lawg'a qarati'lg'an za'ru'rli huquqi'y hu'jjetlerdi islep shi'qti', ni'zamlar qabi'l yetti ha'm is ju'zinde qollana basladi'.

Wolarda ekologiyani' jaqsi'lawg'a bel baylag'an xali'q ha'reketleri ha'm partiyalar (mi'sali', «Jasi'llar», «Grinpis» ha'm basqalar) jedel is ali'p bara basladi'. Na'tiyjede, 80-ji'llarda, tiykari'nan, ekonomikali'q rawajlang'an yellerde, qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'w da'rejesi kem-kemnen pa'seydi.

Usi'g'an qaramastan, ko'pshilik yellerde ekologiyali'q jag'day yelege shekem keskin boli'p qalmaqta. Ken' ko'lemde a'meliy na'tiyjelerge yerisiw ushi'n pu'tkil ja'ha'n ko'lemindegi ku'shlerdi birlestiriw za'ru'rligi tuwmaqta. Usi' maqsette 1972-ji'li' Stokgolmde, 1975-ji'li' Xelsinkide, 1992-ji'li' Rio-de-Janeyroda, 1998-ji'li' Kiotoda qorshag'an wortali'qti' qorg'awg'a baylani'sli' iri xali'qarali'q a'njumanlar boli'p wo'tti ha'm a'hmiyetli qararlar qabi'l yetildi.

Qorshag'an wortali'qti' qorg'aw ha'm ekologiyani' jaqsi'law mashqalalari'n sheshiwde BMSH ha'm woni'n' ko'plegen bo'limleri jedelli is ali'p barmaqta. Atap aytqanda, BMSH ti'n' qorshag'an wortali'qti' qorg'aw bag'darlamasi' (YUNEP). Bul bag'darlama a'tirapi'nda qa'lip-lesken ra'smiy sho'lkemler tu'rli yellerde ali'p bari'li'p ati'rg'an islerdi muwapi'qlasti'ri'p turadi', ma'mleketlerde toplang'an ta'jiriybelerdi uluwmalasti'radi', keleshek islerdi qollap-quwatlaydi'. YUNEP tin' bas basqarmasi' Nayrobi (Keniya) qalasi'nda jaylasqan.

Qorshag'an wortali'qti' jaqsi'lawda, ekologiyali'q mashqalalardi' unamli' sheshiwde ja'miyetshilik te isshen' qatnasi'wi' kerek. Mine, usi' maqsette O'z-bekistanda ja'miyetlik tiykari'nda «Ekosan» ha'reketi sho'lkemlestirildi. Wol tek g'ana O'zbekistanda yemes, ba'lkim, pu'tkil Worta Aziya poyasi'nda ta'biyatti' qorg'aw, xali'qti'n' jasaw wortali'g'i'n jaqsi'law joli'nda ha'reket yetpekte.

Ta'biyattan paydalani'wdi' jetilistiriw, barli'q aymaq ha'm ma'mleketlerde ilimiy jaqtan tiykarlang'an na'tiyjeli ekologiyali'q siyasatti' ju'rgiziw ha'zirgi da'wir aldi'nda turg'an yen' a'hmiyetli wazi'ypalardi'n' biri yesaplanadi'.

### *A'meliy jumi's*

1. «Atlas»tag'i' «Ekologiyali'q karta»ni' jazi'wsi'z kartag'a tu'sirin' ha'm woni' talqi'lan'.
2. Jer shari'nda yen' pataslang'an aymaqlar, basseynler ha'm da'ryalardi'n' dizi-min ani'qlap, da'pterin'izge ko'shirip ali'n'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Sabaqli'q temasi'n ha'm «Atlas»ti'n' «Ekologiyali'q karta» (9-bet) mag'luw-matlari'nan paydalani'p, qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi'nda insan xi'zmetinin' (wo'ndiristin') ta'siri ha'm wolardi'n' aqi'betlerin u'yrenin', ekologiyali'q jag'day qi'yi'n bolg'an aymaqlardi' ani'qlan' ha'm talqi'lan'.
2. Ta'biyatti' qanday wo'ndiris tarawlari' ko'p pataslamaqta, wolardi'n' ko'lemi qanday? Ta'biyatti' qorg'awdi'n' qanday a'hmiyetli jollari' bar? Wolar haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Ne ushi'n ekologiyali'q jag'daydi' jaqsi'law ushi'n barli'q ma'mleketler ha'm pu'tkil du'niya sho'lkemlerinin' birge ha'reket yetiwi talap yetiledi?
4. «Ekologiyali'q siyasat» degen ne ha'm woni' ju'rgiziwden qanday na'tiyjeler ku'tiledi?
5. Ja'ha'nde ta'biyatti' qorg'aw ha'm ekologiyali'q jag'daydi' jaqsi'law ushi'n qanday a'meliy isler ali'p bari'lmaqta?



# 3-tema. Ja'ha'n xalqi'

## 8-§. Ja'ha'n xalqi'ni'n' sani' ha'm woni'n' ko'beyiwi

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Xali'q, xali'qti'n' sani', xali'qti'n' ko'beyiwi, demografiyali'q wo'tiw da'wiri, promille, tuwi'li'wi', wo'liwi, ta'biyiy wo'siw.**

Bir neshe mi'n' ji'llar dawami'nda wo'limshiliktin' ju'da' joqari' ha'm xali'q wo'siw pa'tlerinin' to'men boli'wi' wo'zinin' belgili sebeplerine iye. Yen' aldi' menen, bul — materialli'q ha'm sanitariya-gigienali'q sharayatlardi'n' qanaatlanarsi'z jag'dayda yekenligi, qala berse, jiyi-jiyi ta'kirarlani'p turatug'i'n asharshi'li'q, oba ha'm sheshek epidemiyalari' na'tiyjesinde ju'z mi'n'lag'an adamlardi'n' qi'ri'li'p ketiwi menen baylani'sqan. Jer shari'nda bunday apat-shi'li'qlar 200 — 400, 1200 — 1300, 1600 — 1650-ji'llar ishinde belgilengen boli'p, sol da'wirlerde xali'q sani' uluwma wo'spedi, 1300 — 1400-ji'l dawami'nda juqpali' kesellikler epidemiyasi'ni'n' ta'sirinde jer ju'zi xalqi' wo'zinin' 1/4 bo'leginen ayri'ldi'. Xali'q sani'ni'n' ko'rsetkishlerine son'i' ko'rinbey-

tug'i'n uri'slar da u'lken ta'sir jasap kelmekte. Uri'slar XVIII a'sirde 5,2 mln., XIX a'sirde 5,5 mln, al XX a'sirde bolsa 50 mln. adamni'n' dasti'g'i'n quri'tti'.

XIX a'sirge shekem demografiyali'q processlerde sezilerli wo'zgerisler bolmadi'. Wonnan keyingi da'wirlerde xali'qti'n' ta'biyiy ha'reketi ko'rsetkishlerinde demografiyali'q wo'tiw da'wirine ta'n processler baslandi'. Wol shan'araq wori'nlaytug'i'n wazi'ypalardi'n' keskin wo'zgeriwi, turmi'si'ni'n' sali'sti'rmali' tu'rde jaqsi'lani'wi', xali'qti'n' jasi' qurami'ndag'i' ilgerilewler ha'm basqa faktorlar menen baylani'sli' boldi'.

Demograf ilimpazlar demografiyali'q wo'tiw da'wiri 4 izbe-iz keliwshi basqi'shti' wo'z ishine alatug'i'ni'n ilimiy tiykarlap bergen. **Birinshi basqi'sh** ushi'n tuwi'li'wdi'n' joqari' da'rejede saqlani'wi', wo'liwshiliktin' keskin qi'sqari'wi' na'tiyjesinde payda bolatug'i'n ju'da' joqari' da'rejedegi ta'biyiy wo'siw ta'n. **Yekinshi basqi'sh** ko'p balalali' shan'araqtan kem balali' shan'araqqa wo'tiwi wo'liwshiliktin' qi'sqari'wi', al tuwi'li'wdi'n' qi'sqari'wi' na'tiyjesinde tabiyiy wo'siwdin' kemeyiwi menen si'patlanadi'. **U'shinshi basqi'shta**, aldi' menen, xali'qti'n' ishinde qari'yalar sani'ni'n' wo'siwi, sonday-aq, tuwi'li'wdi'n' pa'seyiwi na'tiyjesinde uluwma wo'liwshiliktin' sali'sti'rmali' da'rejesi bir qansha ko'teriledi. Usi' basqi'shta xali'q sani' ju'da' az mug'darda ha'm pa't penen wo'sedi yamasa qi'sqaradi' (depopulyaciya procesi). **To'rtinshi basqi'shta** tuwi'li'w ha'm wo'liwshilik ko'rsetkishleri ten'lesedi, xali'qti'n' sani'ni'n' ta'biyiy-uluwma wo'siwi pu'tkilley toqtaydi'.

Demografiyali'q wo'siw da'wiri, Evropada XVIII a'sirde baslandi'. Ta'biyiy wo'siw koefficienti 20—30 promillege ten' boldi'. Buni' haqi'yqattan da demografiyali'q revolyuciya dep atawg'a boladi'. Sebebi, 10—20 ji'l buri'n 5—10 promillege ten' bolg'an ta'biyiy wo'siw koefficienti qi'sqa waqi't ishinde 2—3 yese artti'. Bul process Evropada 100—150 ji'l dawam yetti. Son'g'i' da'wirde Evropa yelleri demografiyali'q wo'tiwdin' u'shinshi basqi'shi'nda boldi'. Germaniya, Avstriya, Belgiya, Italiya, Daniya, Vengriya, Niderlandiyada xali'qti'n' a'piwayi' ta'biyiy wo'siwi ayi'ri'm ji'llarda ta'miyinlenbey ati'r, yag'ni'y wo'lgenler sani' tuwi'lg'an balalar sani'nan ko'p bolmaqta. Rawajlani'p ati'rg'an yellerdin' ko'pshiligi demografiyali'q wo'tiw processinin' birinshi basqi'shi'nan wo'tpekte.

AQSH, Yaponiya, Kanada, Avstraliya yelleri yekinshi basqi'shti' bastan keshirmekte. Qi'tay ha'm basqa yeller usi' yekinshi basqi'shqa wo'tiw aldi'nda turi'pti'. O'zbekistan ha'm basqa Worta Aziya yelleride birinshi basqi'shtan yekinshi basqi'shqa wo'tiw ushi'n tiykar sali'ndi'.

Du'nya xalqi', son'g'i' 60 ji'l ishinde 2,6 yese wo'sti. Bunnan da joqari' ko'rsetkish Aziyag'a (2,9) ha'm Afrikag'a (4,5) ta'n boldi'. Usi' ko'rsetkish Evropada 1,3 yesege ten' boldi'. Son'g'i' ji'llarda jer ju'zi

*4-keste*

**Du’nya xalqi’ sani’ni’n’ da’wirler boyi’nsha wo’zgeriwi**

| Ji’lnama | Da’wir | Da’wirdin’ dawam yetiwi (ji’l) | Da’wir basi’ndaxalqi’ sani’ (mln.k.) | Xali’q sani’ni’n’ wortashaji’lli’q wo’siwi (%) |
|---|---|---|---|---|
| B.e.sh.7000 ji’l ilgeri | Neolit | 5000 | 10 | |
| B.e.sh.2000 ji’l ilgeri | Antik | 2000 | 50 | 0,03 |
| 0 (jan’aera) | Jan’a erani’n’ baslani’wi’, worta a’sirdin’ da’slepki da’wiri | 2000 | 230 | 0,1 |
| 1000-ji’l | Wortaa’sirler | 1000 | 305 | 0,02 |
| 1500-ji’l | Wortaa’sirlerdin’ juwmaqlawshi’ da’wiri | 500 | 440 | 0,1 |
| 1650-ji’l | Jan’azamanni’n’ baslani’wi’ | 150 | 550 | 0,3 |
| 1800-ji’l | Jan’azaman | 150 | 952 | 0,5 |
| 1900-ji’l | Jan’azamanni’n’ juwmaqlawshi’ da’wiri | 100 | 1656 | 0,8 |
| 1950-ji’l | Yen’ jan’azaman | 50 | 2527 | 1,0 |
| 1980-ji’l | Jaqi’n wo’tken da’wir | 30 | 4430 | 1,9 |
| 2001-ji’l | Ha’zirgi da’wir | 33 | 6134 | 1,5 |
| 2013-ji’l | | | 7095 | 1,2 |

xalqi’ni’n’ absolyut sani’ ji’li’na wortasha 90 mln. adamg’a ko’beymekte. Afrikada, Worayli’q ha’m Qubla Aziyada, Worayli’q Amerikada xali’q sani’ni’n’ joqari’ pa’t penen wo’siwi baqlanbaqta. Usi’ waqi’tti’n’ wo’zinde Evropani’n’ ayi’ri’m regionlari’nda xali’q sani’ ju’da’ to’men pa’t penen wo’sip barmaqta yamasa derlik wo’zgermey ati’r.

Du’nyada xalqi’ni’n’ sani’ boyi’nsha jetekshi 25 yel ani’qlani’p, wolar iyelegen wori’nlarda 1985—2013-ji’llari’ boli’p wo’tken wo’zgerislerdin’ talqi’lani’wi’ to’mendegi juwmaqqa ali’p keldi:

— mine usi’ ji’llarda ha’m 2025-ji’llarg’a shekem bolg’an da’wirde birinshi to’rtlik yellerinin’ ati’, worni’ wo’zgermeydi (Qi’tay, Hindstan, AQSH, Indoneziya);

— yeller xalqi’ni’n’ sani’ndag’i’ parq kemeymekte (birinshi yelde 25 yelge qarag’anda xali’q sani’ 28 yese ko’p bolg’an bolsa, bul ko’rsetkish 2013-ji’li’ 25 yesege ten’ boldi’);

— usi’ yellerdin’ tiykarg’i’ bo’legi Aziyag’a (1985-ji’li’ 11, 2013-ji’li’ 12) tuwri’ keledi. Evropada 1985-ji’li’ 6, 2013-ji’li’ bolsa 5 usi’nday yel bolg’an. Bul ko’rsetkishler Amerika boyi’nsha tiyisli tu’rde 3 ha’m 3

ke, Afrikada bolsa 3 ha'm 4 ke ten'. Yeki Evroaziya ma'mleketi Rossiya ha'm Turkiya wo'z aldi'na topar'ga kirgizilgen.

Du'nya ha'm woni'n' kontinentleri, ma'terikleri ha'm ayi'ri'm regionlari' boyi'nsha xali'q ta'biyiy ha'reketin si'patlawshi' koefficientler 6-kestede berilgen. Du'nyada joqari' da'rejedegi tuwi'li'w koefficientleri Afrika materigine, regionlar ishinde Afrikani'n' barli'q aymaqlari'na, sonday-aq, Worayli'q Amerika, Qubla ha'm Qubla-Bati's Aziya regionlari'na, al to'men da'rejedegi tuwi'li'w koefficientleri bolsa Arqa Amerika, Shi'g'i's Aziya, sonday-aq, Avstraliya ha'm Okeaniyag'a ta'n. Wo'liwshilik koefficientinin' joqari' ko'rsetkishleri Afrika ha'm Evropada, Worayli'q ha'm Qubla Aziya regionlari'nda baqlanbaqta. Ta'biyiy wo'siw Afrika, Worayli'q Amerika, Qubla-bati's Aziya, sonday-aq, Worayli'q ha'm Qubla Aziyada joqari' koefficientlerge iye. Bul ko'rsetkish Evropada 0—0,1 ge, al Rossiyada bolsa minus 2—3 promillege ten'. Rossiyada immigraciya u'lken mug'darg'a iye bolmag'anda depopulyaciya procesi, yag'ni'y xali'q sani'ni'n' qi'sqari'wi' wonnan da sezilerli bolar yedi.

*5-keste*

**Tuwi'li'w, wo'lim ha'm ta'biyiy ko'beyiw koefficientleri (1000 adamg'a, 2012-ji'lg'i' mag'luwmatlar)**

| Kontinent, materik ha'm poyaslar | Tuwi'li'w koeff. | Wo'lim koeff. | Ta'biyiy wo'siw koeff. | Balalar wo'limi koeff. (5 jasqa shekem bolg'an 1000 balag'a) | Wortasha wo'mir da'wiri | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | yerkek-ler | hayal-lar |
| Pu'tkil du'nya | 21 | 9 | 12 | 73 | 66 | 69 |
| Afrika | 34 | 13 | 21 | 114 | 53 | 55 |
| Amerika,wortashako'rsetkish | 20 | 8 | 12 | 24 | 73 | 77 |
| ArqaAmerika | 19 | 8 | 11 | 7 | 77 | 82 |
| Worayli'q Amerika | 23 | 7 | 16 | 26 | 70 | 75 |
| QublaAmerika | 21 | 8 | 13 | 23 | 69 | 73 |
| Karib basseyni | 21 | 8 | 13 | 28 | 69 | 72 |
| Aziya,wortashako'rsetkish | 23 | 9 | 14 | 68 | 65 | 68 |
| Qubla-bati's Aziya | 31 | 8 | 23 | 39 | 67 | 70 |
| Qublaha'm Shi'g'i's Aziya | 26 | 9 | 17 | 86 | 63 | 64 |
| Qublaha'm Shi'g'i's Aziya | 23 | 8 | 15 | 51 | 64 | 67 |
| Shi'g'i's Aziya | 16 | 6 | 10 | 29 | 71 | 75 |
| Rossiya | 11 | 14 | 3 | 13 | 60 | 72 |
| Avstraliyaha'm Okeaniya | 17 | 8 | 9 | 7 | 75 | 78 |
| Evropa | 11 | 10 | 1 | 7 | 76 | 82 |

Xali'q sani' ha'm woni'n' qurami'na balalar wo'liwshiligi de ju'da' u'lken ta'sir ko'rsetedi. Jer shari'nda 2003-ji'li' ja'mi 8331 mi'n' bala bir jasqa jetpesten wo'lgenligi yesapqa ali'ndi'. Sonnan, 1310 mi'n'i' Hindstang'a, 708 mi'n'i' Qi'tayg'a tuwri' keledi. Pakistan, Bangladesh, Indoneziya, KXDR, Braziliya, Nigeriya, Efiopiya yellerinde ha'zirgi waqi'tta ji'li'na 200—500 mi'n' bala bir jasqa jetpesten du'nyadan wo'tpekte. Balalar wo'liwshiligi koefficienti Awg'anstan, Angola, Burkina-Faso, Burundi KDR, Mali, Mozambik, Niger, Nigeriya, Ruanda, Serra-Leone, Shad usag'an yellerde 200 den joqari', 32 yelde bolsa 100 – 200 promillege baradi'.

Balalar wo'liwshiligi yeldin' ekonomikali'q-socialli'q rawajlani'w da'rejesi menen keri baylani'sqa iye. Ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an yellerde balalar wo'liwshiligi koeffitsienti 3 ten (Shveciya) 8 promillege shekem (AQSH) wo'zgeredi. Socialli'q siyasiy jag'dayi' turaqsi'z, ekonomikali'q jaqtan to'men bolg'an yellerde usi' ko'rsetkish, a'dette, 100 den arti'q, ayi'ri'm jag'daylarda 200 den de joqari' da'rejege (Nigeriya— 240, Serra-Leone — 250) jetiwi menen aji'rali'p turadi'.

Jer shari' xalqi'ni'n' wortasha wo'mir su'riw da'wiri 2012-ji'li' 67 jasqa ten' boldi'. Bul ko'rsetkish ekonomikali'q rawajlang'an yellerde (Yaponiya, Shveciya, Shveycariya (uluwma 29 ma'mleket) 78 — 83 jasti', artta qalg'an yellerde (80 nen aslam) 39—59 jasti' quradi'. Wortasha wo'mir su'riw da'wirinin' yen' joqari' ko'rsetkishleri Yaponiyag'a (83 jas), sonday-aq, Shveciya, Shveycariya ha'm Islandiyada (81 jas), Avstraliya, Kanada, Avstriya, Izrail, Norvegiya ha'm Franciya (79 jas), yen' to'men ko'rsetkishler bolsa QAR, Zambiya, Malavi, Mozambik, Serra-Leone, Zimbabve (37—43 jas) yellerine ta'n.

*6-keste*

**Jer ju'zi xalqi' sani'ni'n' wo'siw pa'ti (1950 — 2012-ji'llar)**

| Ji'l | Xali'q sani', mln. adam | Da'wir ishinde wo'siw, mln. adam | Wortasha ji'lli'q wo'siw, mln. adam |
|---|---|---|---|
| 1950 | 2515 | | |
| 1960 | 3091 | 504 | 50 |
| 1970 | 3698 | 679 | 68 |
| 1980 | 4450 | 752 | 75 |
| 1990 | 5292 | 842 | 84 |
| 2001 | 6134 | 959 | 96 |
| 2012 | 7095 | 961 | 87 |

O'zbekistanda wortasha wo'mir su'riw da'wiri yerlerde 67 jasqa, al hayallarda 73 jasqa, wortasha bolsa 73,5 jasqa ten'.

Tariyxi'y da'rekler A'yyemgi Rim ha'm A'yyemgi Greciyada wortasha wo'mir su'riw da'wiri tek 25 jasqa ten' bolg'anli'g'i'n da'lilleydi. Worta a'sirlerde bul ko'rsetkish 30 jasqa shekem ko'terildi. Mine usi' wortasha ko'rsetkishler wo'mir su'riw da'wiri joqari' bolg'an adamlar barli'g'i'n biykarlamaydi'. Ma'selen, Yuliy Cezar wo'ltirilgende 60 jastan asqan yedi. Platon 81 jasta qayti's bolg'an.

Wo'mir su'riw da'wirin ko'rsetiwshi uli'wma bag'dardin' barli'g'i'na qaramastan, ko'rsetkishler arasi'nda sezilerli ayi'rmashi'li'q bar. Bul ko'rsetkish Evropa menen Afrika wortasi'nda 1950-ji'li' 27 jasti' quradi'. Du'nya ko'leminde wortasha wo'mir su'riw da'wiri 62 ji'l dawami'nda 19 jasqa wo'sti. Bul ko'rsetkish Aziyada 27 jasqa, Afrikada 30 jasqa, al Evropada bolsa 14 jasqa ten' boldi'. Usi'g'an qaramastan, ayi'ri'm kontinentler ha'm regionlarda yerler ha'm hayallar arasi'ndag'i' pari'q yelege shekem u'lkenliginshe qalmaqta.

***A'meliy jumi's***

1. 4-keste mag'luwmatlari'n da'pterin'izge tu'sirip, woni' klassifikaciyalan'.
2. 5-kesteni talqi'lap berin'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Xali'q ja'miyette qanday wazi'ypalardi' atqaradi'?
2. Du'nya xalqi'ni'n' sani' erami'zg'a shekemgi da'wirde qalay ko'beygen?
3. Xali'qti'n' sani' XX a'sirge deyin qaysi' da'rekler yesabi'nan ko'beygen?
4 Demografiyali'q wo'tiw da'wirine ta'n 4 basqi'shti' ta'riplep berin'.
5 Xali'q sani' ju'da ko'p ha'm az bolg'an du'nya regionlari'n ani'qlan'.
6. Ja'ha'n xalqi'ni'n' ta'biyiy ha'reketlerine ta'n uluwma wo'zgeshelikler haqqi'nda ayti'p berin'.
7. Ja'ha'n regionlari' ha'm ayi'ri'm yellerde wortasha wo'mir su'riw da'wiri qanday?

## 9-§. Xali'qti'n' jas, ji'ni'sli'q, rasali'q, etnikali'q, diniy ha'm aymaqli'q quramlari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Xali'qti'n' jas qurami', ji'ni'si'y qurami', rasali'q qurami', etnikali'q qurami', diniy qurami', aymaqli'q qurami'.**

Xali'qti'n' jas-ji'ni'si'y qurami' wog'an ta'n belgiler ishinde yen' a'hmiyetlisi yesaplanadi'. Sebebi, jasqa qarap xali'qti'n' ja'miyette tutqan worni' ha'm a'hmiyeti bahalanadi'. Du'nyada yerlerdin' sani' hayallardi'n' sani'na qarag'anda derlik 46 mln. g'a ko'birek. Biraq, ayi'ri'm

kontinentler ha'm regionlarda yerler menen hayallar arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'q sezilerli da'rejede. Balalar jaslari'nda barli'q materik ha'm regionlarda ul balalardi'n' basi'mli'g'i' ko'zge taslanadi'. Du'nyada 0—14 jasta ha'r 1000 qi'zg'a 1070 ul bala tuwri' keledi. Bul ko'rsetkish Evropada (1064), Aziyada (1058), Avstraliya ha'm Okeaniyada (1059) wonnan da joqari'. Tek Afrika (1008) ha'm Amerikada (1039) sali'sti'rmali' tu'rde to'men. Balalar jaslari'ndag'i' pari'qti'n' kelip shi'g'i'wi'nda tuwi'lg'an ha'r 1000 na'restenin' 520 si' ul balalardan ibarat boli'wi' sheshiwshi a'hmiyetke iye.

Xali'qti'n' tiykari'nan, miynetke jaramli' jastag'i' bo'leginen ibarat 15—64 jasta jer ju'zi boyi'nsha ha'r 1000 hayalg'a 1021 yer adam tuwri' keledi.

Evropada yerler sani' hayallar sani'na ten'. Aziyada ha'r 1000 hayalga 1049 yer, al Avstraliyada ha'm Okeaniyada bolsa 1039 yer tuwri' keledi. Ha'zirgi waqi'tti'n' wo'zinde Afrika (979 yer) ha'm Amerikada (990 yer), kerisinshe hayallar basi'm.

Jer ju'zi xalqi'ni'n' jas qurami' da u'lken aymaqli'q pari'qqa iye. Bunda tuwi'li'w ha'm wo'liwshilik dinamikasi' sheshiwshi rol woynaydi'. Tuwi'li'w da'rejesinin' keyingi 10—15 ji'l ishinde joqari' boli'wi' xali'q ishinde jas balalar ha'm wo'spirimler jasi'ni'n' wo'siwine ali'p keldi. Yeger tuwi'li'w keyingi ji'llarda pa'seygen bolsa, balalar ha'm wo'spirimlerdin' ja'mi xali'q sani'ndag'i' u'lesi to'men boladi'. Ha'zirgi waqi'tti'n' wo'zinde worta, u'lken jastag'i' xali'q sani' ha'm u'lesinin' ko'beyiwi menen xali'qti'n' «qartayi'w» processi rawajlani'wi' mu'mkin.

Du'nya xalqi'ni'n' qurami'nda balalar u'lesi kemeyip, miynetke jaramli' ha'm kekse jastag'i' xali'q salmag'i' ko'beymekte.

Du'nya yellerinin' ko'pshiliginde miynetke jaramli' jastag'i' xali'q qatari'na yerlerdin' 16—59 jastag'i' ha'm hayallardi'n' 16—54 jastag'i' bo'legi kiredi. Joqari'da keltirilgen kestede 15—64 jastag'i' xali'q u'lesi miynetke jaramli' xali'q u'lesinen belgili mug'darda ko'p. Biraq, belgili yesap-kitaplar ja'rdeminde pari'qti' qi'sqarti'w ha'm na'tiyjede miynet resurslari' salmag'i'n shama menen ani'qlaw mu'mkin. Usi'nday qatnas ja'rdeminde materik ha'm okeanlar menen ayi'ri'm yellerde bar miynet resurslari'ni'n' u'lesin ani'qlaw mu'mkin. Miynet resurslari'ni'n' u'lesi Evropada yen' joqari' ko'rsetkishler menen belgilenedi (63—65 %), Amerika menen Avstraliya ha'm Okeaniyada bul ko'rsetkish 56—59 % quraydi'. Aziyada da bul ko'rsetkish a'dewir joqari' (53—54 %). Tek g'ana Afrikada bul ko'rsetkish (49 %) a'dewir to'men yesaplanadi'. Jer ju'zi xalqi'ni'n' 56 %ti miynet resurslari'nan ibarat. Jer ju'zi xalqi' wo'zine ta'n rasali'q, etnikali'q ha'm diniy quramlarg'a iye.

Insan rasasi'—bul a'wladtan-a'wladqa wo'tetug'i'n usas si'rtqi' (teri, gewde) belgilerge iye bolg'an, tariyxi'y qa'liplesken adamlar topari'

yesaplanadi'. Bunday belgiler qatari'na teri, shash penen ko'z ren'i, muri'n menen yerin formasi', boyi' menen gewdenin' bo'listiriliwine ta'n wo'zgeshelikler ha'm basqalar kiredi. Rasali'q wo'zgeshelikler a'yyemnen, birinshi gezekte, adamlardi' mine usi' da'wirdegi oykumenada jaylasi'wi' ha'm ha'r qi'yli' ta'biyiy sharayatlarg'a beyimlesiwi processinde ju'zege kelgen. Ha'zirgi waqi'tta du'nya xalqi'n 3 tiykarg'i' (iri) — evropoid (aq), mongoloid (sari') ha'm negroid (qara) rasalarg'a aji'rati'w qabi'l yetilgen. Solardan birinshisi — Evropa, Qubla-bati's ha'm Qubla Aziya, Arqa Afrika, Arqa Amerika menen Qubla Amerikani'n' u'lken bo'leginde, Avstraliyada ken' taralg'an, yekinshisi — Shi'g'i's, Qubla-shi'g'i's Worta Aziyada, Kanadani'n' arqasi'nda, Worayli'q ha'm Qubla Amerikada, u'shinshisi — Tropikali'q Afrikada, Qubla Aziya, Amerika ha'm Okeaniyada taralg'an. Ayi'ri'm jag'daylarda to'rtinshi — avstraloid rasasi'na da aji'ratadi'.

Du'nya xalqi' social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy rawajlani'wdi'n' ha'r qi'yli' basqi'shlari'nda turatug'i'n xali'qlar — etnoslardan ibarat. Etnosti'n' yen' joqari' da'rejesi millet — aymag'i', ekonomikasi' ha'm ma'deniyati', tilinin' turaqli' tu'rde uluwmali'g'i' boyi'nsha aji'rali'p turatug'i'n insanlar ji'yi'ndi'si'nan ibarat. Wolarda milletke ta'n uluwmali'q ta'repleri, milliy wo'zligin an'law sezimi bar boladi'.

Aziya yellerinin' ko'pshiligi ko'p milletli. 150 den aslam xali'q Hindistan ha'm Indoneziyada, derlik 100 tu'rli millet Filippinde, 50 den aslam Vetnam ha'm Qi'tayda, 30 dan aslam xali'q Iran, Awg'anstan, Myanma, Tailandta jasaydi'. Xali'qti'n' etnikali'q ha'r qi'yli'li'g'i' geypara xali'qlar taralg'an aymaqlardi'n' ma'mleketlik shegaralari' menen bo'liniwi sebepli ja'ne de ku'sheyedi. Mi'sali', kurdlar — Turkiya, Iran, Irak Siriya, belujlar — Iran, Awg'anstan, ha'm Pakistan, panjobli'lar — Pakistan ha'm Hindstan, bengallar — Bangladesh ha'm Hindistan, pushtunlar —Awg'anstan ha'm Pakistan ma'mleketlerinin' shegaralas aymaqlari'nda ti'g'i'z halda jasaydi'.

Du'nya yelleri xalqi' milliy qurami' ha'm etnikali'q qatnaslari'ni'n' wo'zgeshelikleri boyi'nsha bir neshe toparlarg'a bo'li'w mu'mkin. Birinshi toparg'a bir milletli yag'ni'y, tiykarg'i' millet ja'mi xalqi'ni'n' 95 %inen aslam bo'legin quraytug'i'n yeller: Evropada — Islandiya, Irlandiya, Norvegiya, Daniya, Polsha, Germaniya h. b.; Aziyada — Yaponiya, KXDR, Koreya Respublikasi', Bangladesh, Mongoliya, Armeniya, Yaman, Oman, Katar; Afrikada — Mi'sr, Liviya, Somali, Madagaskar; al Qubla Afrikada bolsa derlik barli'q yeller kiredi. Yekinshi topardi' bul ko'rsetkish 70—95 %ke ten' bolg'an yeller — Ulli' Britaniya, Franciya, Ispaniya, Finlyandiya, Rumi'niya, Aljir, Marokko, Zimbabve, Mavritaniya, Botsvana, Siriya, AQSH, Avstraliya, Jan'a Zelandiya ha'm basqalar quraydi'. Bunday ma'mleketler qatari'na O'zbekistan, Tu'rkmenstan, Ta'jikstan,

Azerbayjan da kiredi. U'shinshi topar yellerinde (Iran, Awg'anstan, Gruziya, Qi'rg'i'zstan, Qazaqstan, Pakistan, Malayziya, Laos, Worayli'q, Shi'g'i's ha'm Qubla Afrika yelleri ha'm basqalar) tiykarg'i' millet u'lesi ja'mi xalqi'ni'n' yari'mi'nan da kem yamasa arti'q, biraq, 70 %ten to'men ko'rsetkish penen belgilenedi. To'rtinshi toparda xalqi' bir neshe iri milletlerden ibarat, biraq, wolardan birewinin' u'lesi sezilerli basi'm bolmag'an yeller toplang'an (Hindstan, Indoneziya, Filippin, Rossiya, Shveycariya, Bati's Afrika yelleri).

Din ja'miyette ha'm turmi'si'mi'zda ju'da' u'lken rol woynaydi'. Bunda ma'mlekettin' ekonomikali'q rawajlang'ani'w ha'm xali'qti'n' bilim da'rejesi u'lken a'hmiyetke iye yekenligi ma'lim. Xali'qti'n' diniy qurami'n biliw ha'm woni' duri's bahalaw du'nyada boli'p ati'rg'an waqi'ya ha'm ha'diyselerdin' ko'pshiligin duri's tu'siniwge ha'm an'lawg'a imkaniyat beredi. Evropada xristian dininin' barli'q formalari' ken' taralg'an. Katoliklik tiykari'nan, kontinent qublasi'nda, bir bo'legi bati's ha'm worayi'nda, protestantli'q arqa ha'm worayda u'stemlik yetedi. Buri'ng'i' Awqam ma'mleketlerinde pravoslav ha'm islam dinleri ken' taralg'an. Aziyada barli'q du'nyali'q dinler menen iri milliy dinler ken'nen taralg'an. Aziyada, a'sirese, islam dini u'lken rol woynaydi'. Islamni'n' sunniylik ag'i'mi' Indoneziya (du'nyadag'i' yen' iri musi'lman ma'mleketi), Malayziya, Bangladesh, Pakistan, Awg'an-stan, Worayli'q Aziya ma'mleketlerinde, Qubla-bati's Aziyadag'i' barli'q arab yellerinde, Turkiyada, shiali'q ag'i'mi' Iran, Azerbayjan, Irak ha'm Yamanda tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Islam dinine iseniwshilerdin' u'lken topari' Hindstan, Filippin, Kambodja, Tailand, Myanma, Kipr, Shri-Lanka ma'mleketlerinde de bar.

*7-keste*

**Du'nya xalqi'ni'n' jas qurami'**
***(% yesabi'nan)***

| **Kontinent, materik ha'm regionlar** | **1970-j.** | | | **1985-j.** | | | **2012-j.** | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | **Jas toparlari'** | | | | | | | | |
| | **0–14** | **15–64** | **65+** | **0–14** | **15–64** | **65+** | **0–14** | **15–64** | **65+** |
| Pu'tkil du'nya | 36,6 | 57,9 | 5,5 | 33,7 | 60,6 | 5,7 | 26,0 | 65,8 | 8,2 |
| Evropa | 24,9 | 63,7 | 11,4 | 20,9 | 66,7 | 12,4 | 17,0 | 69,0 | 14,0 |
| Aziya | 38,9 | 57,0 | 4,1 | 35,5 | 60,6 | 4,4 | 30,0 | 64,0 | 6,0 |
| Afrika | 44,1 | 53,0 | 2,9 | 45,4 | 51,5 | 3,1 | 41,0 | 55,0 | 4,0 |
| Amerika | 36,4 | 57,2 | 6,4 | 31,6 | 61,2 | 7,2 | 26,0 | 65,0 | 9,0 |
| Avstraliyaha'm Okeaniya | 32,2 | 60,5 | 7,3 | 28,6 | 63,3 | 8,1 | 22,0 | 66,0 | 12,0 |

Shi'g'i's ha'm Qubla-shi'g'i's Aziya yellerinde buddizm ha'm lamaizm ken' taralg'an. Hindistan ha'm Nepal xalqi'ni'n' ko'pshiligi induizmge si'yi'nadi'. Konfuciyali'q ha'm daocizm dinleri Qi'taydi'n' tiykarg'i' dinleri yesaplanadi'. Sintoizm Yaponiyada bar. Xristian dini Aziyada aytarli'qtay ko'p taralmag'an. Filippin, Armeniya, Gruziya ha'm Kiprde xristian dini—tiykarg'i' din. Livanda 35 % xali'q, Hindstanda 5—6 mln. adam wog'an si'yi'nadi'. Siriya, Qi'tay, Yaponiya, Koreya Respublikasi', Indoneziya, Malayziya ha'm basqa ma'mleketlerde de xristian dinine si'yi'ni'wshi'lar a'dewir bar.

Afrikani'n' arqa, bati's ha'm shi'g'i'si'nda jaylasqan ko'plegen yellerde islamni'n' sunniylik ag'i'mi' u'stemlik yetedi. Efiopiya, QAR ha'm basqa bir qatar yellerde xristian dini a'hmiyetli rol woynaydi'. Worayli'q ha'm Qubla Afrika xalqi'ni'n' tiykarg'i' bo'legi jergilikli da'stu'riy dinlerge si'yi'nadi'.

Arqa Amerikada xristianlardi'n' yeki formasi'—katolik ha'm protestantli'q u'stemlik yetedi. AQSH ta protestantlar, Kanadada katolikler ko'birek. Worayli'q Amerikada xali'qti'n' ko'pshiligi katoliklikke si'yi'nadi'. Qubla Amerikada da xristian dininin' katolik formasi' u'stemlik yetedi. Uluwma alg'anda, Amerika kontinentine du'nyadag'i' barli'q katoliklerdin' yari'mi'nan ko'bi tuwri' keledi. Amerikada islam dinine si'yi'ni'wshi'lar AQSH ha'm Karib ten'izi basseynindegi geypara atawlar xalqi'ni'n' ishinde bar. Avstraliya ha'm Okeaniyada protestantli'q ha'm katoliklik ken' tarqalg'an. Keyingi ji'llarda xali'qarali'q qatnasi'qlarda islam dininin' shen'beri ken'eymekte ha'm a'hmiyeti artpaqta.

Jer ju'zinde xali'q tegis jaylaspag'an. Xali'qti'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' (1 $km^2$ ge tuwri' kelgen xali'q sani') turaqli' xalqi' bar aymaqlar (130 mln. $km^2$) maydani'nda 53,6 adamdi' quraydi'.

*8-keste*

**Ayi'ri'm kontinentler, materikler ha'm regionlar boyi'nsha xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' dinamikasi'**

| Kontinent, materik ha'm regionlar – ji'llar | 1950 | 1990 | 1995 | 2012 | 2025 |
|---|---|---|---|---|---|
| Pu'tkil du'nya | 19,4 | 40,3 | 43,8 | 53,6 | 63,8 |
| Sonnan: Evropa | 74,7 | 97,0 | 101,9 | 107,3 | 103,5 |
| Aziya | 45,1 | 100,7 | 113,3 | 136,5 | 159,3 |
| Afrika | 7,6 | 21,8 | 24,3 | 36,7 | 51,0 |
| ArqaAmerika | 11,0 | 21,4 | 22,8 | 27,6 | 31,0 |
| QublaAmerika | 6,4 | 17,1 | 18,3 | 23,1 | 26,4 |
| Avstraliya va Okeaniya | 1,5 | 3,1 | 3,3 | 4,6 | 4,6 |

Ha'zirgi waqi'tti'n' wo'zinde bul ko'rsetkish Aziyada 136,5, Evropada 107,3, Afrikada 36,7, Arqa Amerikada 27,6, Qubla Amerikada 23,1, sonday-aq, Avstraliya ha'm Okeaniyada barli'g'i' boli'p 4,6 adamg'a ten'. Uluwmalasti'ri'p aytqanda, Jerdin' qurg'aqli'q betinin' tek g'ana 7 % inde barli'q xali'qti'n' 70 % i jasaydi'. Xali'q wog'ada ti'g'i'z jaylasqan poyaslar qatari'na Qubla, Qubla-shi'g'i's ha'm Shi'g'i's Aziya, Evropa menen AQSH ti'n' Arqa-shi'g'i's bo'legi kiredi. Da'slepki 3 regionda xali'q a'yyemnen jaylasqan boli'p, wol ha'zirgi waqi'tta ju'da' joqari' da'rejedegi xali'q ti'g'i'zli'g'i'na iye. Bunday jag'day, yen' da'slep bul jerde miynetti ju'da' ko'p talap yetetug'i'n sali'gershiliktin' a'yyemnen bar yekenligi, al qalg'anlari'nda bolsa XVIII—XIX a'sirde ju'z bergen sanaat revolyuciyasi' ha'm industriyalasti'ri'w procesi menen ti'g'i'z baylani'sqan. Insan a'yyemnen okean ha'm ten'iz boylari'nda jaylasi'wg'a umti'lg'an. Ha'zirgi waqi'tta ten'iz ha'm okeanlardan qurg'aqli'qqa qaray 200 km ge sozi'lg'an Jer betinde adamzatti'n' yari'mi'nan ko'p bo'legi, 50 km ken'likke iye bolg'an qurg'aqli'q bo'leginde du'nya xalqi'ni'n' derlik 30 %i toplang'an. Du'nyada xalqi' wog'ada ti'g'i'z jaylasqan aymaqlar qatari'na to'mendegiler kiredi: Rur basseyni, Elzas ha'm Lotaringiya menen Parij ha'm London rayonlari', Arqa Italiya, Moskva rayoni', Donbass, Ferg'ana woypatli'g'i', Shi'g'i's Qi'tay, Hind-Gang tegisligi, Yava atawi', Nil deltasi', AQSH ti'n' Arqa Shi'g'i's, Ulli' ko'ller rayonlari', Qubla Amerikani'n' Atlantika okeani' jag'asi', Afrikani'n' Gvineya qolti'g'i'na tutas aymaqlar. Xali'q siyrek taralg'an aymaqlar Jerdin' qurg'aqli'q betinin' a'dewir bo'legin iyeleydi. Bular qatari'na birinshi gezekte ekstremal ta'biyiy sharayatlarg'a iye bolg'an geografiyali'q obyektler: *sho'ller, ekvatorial tog'aylar, biyik tawlar, tundra, muzli'q aymaqlari' ha'm basqalar* kiredi. Jerdin' qurg'aqli'q betinin' 15 %ti uluwma wo'zlestirilmegen ha'm turaqli' xalqi' joq aymaqlar. Xali'q jaylasi'wda ju'da' u'lken aymaqli'q pari'qlar bar ma'mleketler qatari'na Rossiya, Kanada, Qi'tay, Avstraliya, Mi'sr, Braziliya, Tu'rkmenstan, Ta'jikstan, Indoneziya kiredi. Du'nya xalqi' vertikal poyaslar boyi'nsha da tegis bo'listirilmegen.

Migraciya procesi xali'q aymaqli'q ha'reketinin' tiykarg'i' tu'ri boli'p, wol insan menen ta'biyat arasi'ndag'i' baylani's ju'zege kelgennen beri qa'liplesip, rawajlani'p kelmekte. Xali'q migraciyasi', a'sirese, ulli' geografiyali'q ashi'li'wlar da'wirinen baslap ken' ko'lemde a'melge aspaqta. Migraciya si'rtqi' ha'm ishki migraciyag'a bo'linedi. Yeller xalqi'ni'n' sani' ha'm qurami'na bolatug'i'n ta'siri ko'z-qarasi'nan si'rtqi' migraciyalardi'n' a'hmiyeti sheksiz. Si'rtqi' migraciyalar wolardi'n' wo'zgeshelikleri, sebepleri, aymaqli'q qamti'wi', dawam yetiw da'wiri boyi'nsha bir-birinen parq qi'ladi'. Migraciya wo'zgeshelikleri haqqi'nda so'z yetkende, birinshi gezekte, qa'lewine qaray ha'm

**Jer shari' xalqi'ni'n' vertikal regionlar boyi'nshha bo'listiriliwi**

| Kontinentler, materikler, regionlar | Ten'iz betinen biyikligi | | | | | Xali'q jasaytug'i'n aymaqti'n' wortasha biyikligi, m | Aymaqti'n' wortasha biyikligi, m |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 200 m ge shekem | 200–500 | 500–1000 | 1000–2000 | 2000 m den joqari' | | |
| | Ja'mi xalqi'ni'n' bo'listiriliwi, % de | | | | | | |
| Evropa | 69 | 24 | 7 | – | – | 170 | 300 |
| Aziya | 56 | 24 | 12 | 7 | 1 | 320 | 950 |
| Afrika | 32 | 24 | 21 | 21 | 2 | 590 | 750 |
| ArqaAmerika | 47 | 33 | 8 | 8 | 4 | 430 | 700 |
| QublaAmerika | 42 | 15 | 23 | 9 | 11 | 645 | 580 |
| Avstraliya ha'm Okeaniya | 73 | 18 | 8 | 1 | – | 95 | 350 |
| Qurg'aqli'q maydani' | 56 | 24 | 12 | 7 | 1 | 320 | 725 |

majbu'riy migraciyalar na'zerde tuti'ladi'. Ma'jbu'riy migraciyalarg'a XVI—XIX a'sirler dawami'nda neshshe won millionlap negr-qullardi' Afrikadan Amerikag'a zorlap ali'p ketiw mi'sal boli'wi' mu'mkin. Si'rtqi' migraciyalar, tiykari'nan, ekonomikali'q sebep penen baylani'sli'. Bunda jan'a jerlerdi wo'zlestiriw maqsetinde, sonday-aq, jumi'sshi' ku'shin sha'rtnama tiykari'nda basqa yellerge jiberiw menen baylani'sli' migraciyalar u'lken rol woynag'anli'g'i'n ayri'qsha atap wo'tiw za'ru'r. Birinshi tu'rdegi si'rtqi' migraciyalarda u'lken mug'darda xali'qti'n' ko'ship ketiwi Ulli' Britaniya, Germaniya, Italiya, Ispaniya, Franciya, Skandinaviya, Irlandiya, Polsha, Rossiya yellerine ta'n bolg'an. Ko'ship keliw AQSH, Kanada, Braziliya, Argentina, Urugvay, Chili, Avstraliya, Qubla Afrika Respublikasi'nda baqlang'an. Yekinshi tu'rdegi si'rtqi' migraciyalarda da'slepki da'wirlerde Qi'tay ha'm hindistanli' jumi'sshi'lar tiykarg'i' rol woynag'anli'g'i'n atap wo'tiw kerek. Usi'lardi'n' barli'g'i' Qubla-shi'g'i's Aziya yellerinde du'zilgen. Ha'zirgi waqi'tta Arqa Afrika, Qubla-bati's Aziya, Qubla Evropa yellerinin' jumi'shi' u'lken bo'egi Bati's Evropa ha'm Arqa Evropani'n' ayi'ri'm ma'mleketlerinde sha'rtnama tiykari'nda miynet yetiwi de yekinshi tu'rdegi migraciyalarg'a mi'sal boli'wi' mu'mkin.

### *A'meliy jumi's*

1. «Atlas»tan xali'qti'n' rasali'q, etnikali'q ha'm diniy qurami'na baylani'sli' kartalardi' jazi'wsi'z kartalarg'a tu'sirin' ha'm wolardi' talqi'lap berin.

2. 9-klass «Atlas»tag'i' xali'qti'n' ti'g'i'zli'g'i' kartasi'n klassifikaciyalan'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Xali'q qurami' degende nelerdi tu'sinesiz?
2 Xali'qti'n' jas qurami'na ta'n regional wo'zgeshelikler degenimiz ne?.
3. Miynetke jaramli' xali'q sani', u'lesi ja'ha'n yelleri regionlari'nda qa'liplesiwine ta'n wo'zgesheliklerdi ani'qlan'
4. Ja'ha'n xalqi'ni'n' rasali'q, milliy-etnikali'q, diniy qurami' qanday? Wog'an ta'n geografiyali'q ta'replerin ani'qlan'.
5. Ja'ha'n xalqi'ni'n' jaylasi'wi'na ta'n uluwmali'q ta'repleri haqqi'nda ayti'n'..
6. Jer ju'zi xalqi' migraciyasi' haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## 10-§. Urbanizaciya procesi ha'm qalalardi'n' rawajlani'wi'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Qala, awi'l, urbanizaciya, u'lken qala, megapolis, aglomeraciya, urbanizaciya procesi, suburbanizaciya.**

Si'rtqi' ha'm ishki migraciyalar menen qalalar sani' ha'm wolarda jasawshi' xali'q sani'ni'n' ko'beyiwi, urbanizaciya procesi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Urbanizaciyalasqan aymaqlar Jerdin' qurg'aqli'q betinin' 1 % ten aslam bo'legin iyelegen ha'm bul jerde ja'ha'n xalqi'ni'n' 51,7 % i jasaydi'. Jalpi ishki wo'nimnin' 80 % i islep shi'g'ari'ladi'. Usi' waqi'tti'n' wo'zinde atmosfera ha'm gidrosferag'a shi'g'i'p ati'rg'an za'ha'rli shi'g'i'ndi' ha'm gazlerdin' 80 % i de sol aymaqlarg'a tuwri' keledi. Urbanizaciya procesi qalalar sani' ha'm qala xalqi'ni'n' mug'dari' menen u'lesinin' wo'siwi, qalalar menen baylani'sli' quramali' tarmaqlar ha'm sistemalardi'n' qa'liplesiwin ha'm rawajlani'wi'n an'latadi'. Urbanizaciya insan turmi'si'nda qalalar a'hmiyetinin' sheksiz wo'siwin, ja'miyette xali'qti'n' miynet yetiw wo'zgesheligi, turmi's da'rejesin ha'm ma'deniyati'n, wo'ndiristi jaylasti'ri'w boyi'nsha qalalasti'ri'wdi' wo'zinde ko'rsetetug'i'n tariyxi'y process yesaplanadi'. Urbanizaciya social-ekonomikali'q rawajlani'wdi'n' yen' a'hmiyetli quramli'q bo'leginin' biri. Zamanago'y urbanizaciya retinde u'sh uluwma wo'zgesheligi menen si'patlanadi'. *Birinshi wo'zgesheligi* — to'men rawajlang'an yellerde qala xalqi' sani'ni'n' joqari' pa'tte wo'siwin bildiredi. Du'nyada 1900-ji'li' bar bolg'an barli'q xali'qti'n' sa'lkem 14 % i qalalarda jasag'an. Bul ko'rsetkish 1950-ji'li' 29 % ti, 1990-ji'li' 45 % ti, 2012-ji'li' 51,7 % ti quradi'.

*Yekinshi wo'zgesheligi* — xali'q ha'm xojali'qti'n', tiykari'nan, u'lken qalalarda toplang'anli'g'i' menen baylani'sli'. Bunday jag'day, birinshi gezekte wo'ndiristin' wo'zgesheligi, woni' ilim-pa'n, bilim sistemasi' menen bolg'an qatnasli'g'i' na'tiyjesinde quramalasi'wi' menen bayla-

ni'sqan. U'lken qalalar insanlardi'n' ruwxi'y ha'm ma'deniy talaplari'n toli'g'i'raq qanaatlandi'radi', ha'r qi'yli' toparlar ha'm xi'zmetler menen jaqsi'raq ta'miynleydi, bar xabar da'reklerine jol ashi'p beredi.

Jer ju'zinde XX a'sirdin' basi'nda xalqi'ni'n' sani' 100 mi'n'nan aslam 150 qala bar boli'p, wolarg'a xali'qti'n' tek 5 % ti g'ana tuwri' kelgen. Bunday qalalardi'n' mug'dari' 90-ji'llardi'n' basi'nda 2,5 mi'n'di' quradi', al 2012-ji'li' 4,0 mi'n'nan wo'tip ketti. Wolarg'a tiyisli tu'rde ja'mi xali'qti'n' 1/3 ha'm 2/5 bo'legi tuwri' keldi. U'lken qalalar ishinde xalqi'ni'n' sani' 1 mln. nan aslam bolg'an iri ha'm ju'da' iri qalalardi' ayri'qsha aji'rati'w qabi'l yetilgen. XX a'sirdin' basi'nda bunday qalalar sani' 10 bolsa, 80-ji'llardi'n' basi'nda 200 den, al 2012-ji'li' bolsa 450 den asi'p ketti. Usi' qalalardi'n' ishinde «super qala»lar (xalqi'ni'n' sani' 5 mln. adamnan arti'q) mug'dari' 90-ji'llarda 30 di', al 2008-ji'li' 55 ti' quradi'. Ha'zirgi waqi'tta bul qalalarda sa'lkem 0,6 mlrd. adam yamasa Jer shari' xalqi'ni'n' sa'lkem 10 % ti jasaydi'.

Zamanago'y urbanizaciyag'a ta'n *u'shinshi wo'zgeshelik* — qalalar aymag'i'ni'n' keskin ken'eyip, jayi'li'p ketiwi menen baylani'sli'. Qalalar aglomeraciyalari'ni'n' wo'zegi wazi'ypasi'n, a'dette, paytaxtlar, basqa a'hmiyetli sanaat woraylari' ha'm iri ten'iz portlari' wori'nlamaqta. Ju'da' iri qalalar aglomeraciyalari' Tokio, Mexiko, San-Paulo, Nyu-York qalalari' a'tirapi'nda qa'liplesken. Wolardi'n' ha'r birinde 12,5 mln. nan 55 mln. g'a shekem xali'q jasaydi'. Urbanizaciyalasqan rayonlar ha'm zonalar, megalopolisler ishinde Tokaydo, Bosvash, Sansan, Chpric megalopolisleri ayri'qsha wori'n iyeleydi. Urbanizaciya procesi uluwma wo'zgesheliklerinen basqa ayi'ri'm regionlar ha'm yeller masshtabi'nda wo'zine ta'n qa'siyetleri menen si'patlanadi'. Urbanizaciya da'rejesi boyi'nsha ja'ha'ndegi barli'q yellerdi u'sh iri toparg'a bo'liwge boladi':

1. Joqari' da'rejede urbanizaciyalasqan yeller (qala xalqi'ni'n' u'lesi 50 % ten joqari').

2. Wortasha da'rejede urbanizaciyalasqan yeller (qala xalqi'ni'n' u'lesi 25 ten 50 % ke shekem).

3. To'men da'rejede urbanizaciyalasqan yeller (qala xalqi'ni'n' u'lesi 25 % kem). Ha'zirgi waqi'tta (2012-ji'l mag'luwmati') xalqi'ni'n' ja'mi (100%) qala ha'm kishi qalalarda jasawshi' yeller qatari'na Singapur, Monako, Pauru, urbanizaciya da'rejesi 90 — 100% ke ten' yeller qatari'na Andorra, Argentina, Belgiya, Islandiya, Izrayl, Kuveyt, Malta, Katar, San-Marino, Urugvay, Vene-suela kiredi. Soni'n' menen birge, Jer shari'nda urbanizatsiya da'rejesi ju'da' to'men (25% ke shekem) bolg'an yeller de a'dewir. Sonday yeller qurami'n Awg'anstan, Kambodja, Eriteriya, Efiyopiya, Keniya, Malavi, Nepal, Niger, Papua-Jan'a Gvineya, Shri-Lanka, Svazilend, Uganda quraydi'.

Ekonomikali’q rawajlang’an yellerde urbanizaciya menen baylani’sli’ qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw boyi’nsha ilajlar turmi’sqa asi’ri’lmaqta. Rawajlani’p ati’rg’an yellerde bolsa materialli’q qarji’lardi’n’ jeterli yemesligi, usi’ mashqalalardi’ toli’q sheshiwge mu’mkinshilik bermey ati’r.

### *A’meliy jumi’s*

1. «Atlas»tan urbanizaciya procesi sa’wlelendirilgen kartani’ jazi’wsi’z kartag’a tu’sirin’ ha’m woni’ talqi’lan’.
2. «Atlas»tan du’nyadag’i’ «millioner» qalalar ati’n da’pterin’izge jazi’n’.

.

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Ha’zirgi zaman urbanizaciyasi’na ta’n birinshi wo’zgeshelik neden ibarat? Yekinshi ha’m u’shinshi wo’zgeshelikke ne jatadi’?
2. Ja’ha’nde bar qalalardi’n’ aglomeraciyalari’n “Atlas”tan ani’qlap, yen’ irisinen baslap atlari’n da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.
3. Ja’ha’n yelleri urbanizaciya da’rejesi boyi’nsha neshe ha’m qanday toparlarg’a bo’linedi?
4. Ekologiyali’q jag’dayi’ qi’yi’n bolg’an region ha’m qalalardi’ “Atlas”tan ani’qlap, da’pterin’izge ko’shirip jazi’n’.



# *4-tema.* Ilim-texnika revolyuciyasi’

## 11-§. Ilim-texnika revolyuciyasi’

### *Tayani’sh tu’sinikler*

**Ilim, texnika, ilim-texnika revolyuciyasi’, ilim-texnikani’n’ rawajlani’wi’, texnologiya, wo’ndiris, basqari’w.**

Jer ju’zinde bir neshe million adam ilim izertlew jumi’slari’ menen shug’i’llanadi’. AQSH, Yaponiya, Franciya, Germaniya ha’m Ulli’ Britaniya u’lken ilimiy da’rejege iye bolg’an yeller yesaplanadi’. Solardi’n’ ishinde AQSH ju’da’ u’lken ilimiy da’rejesi menen keskin aji’rali’p turadi’. Usi’ yelde 3,0 mln. g’a jaqi’n yamasa xali’qti’n’ ha’r 10 mi’n’i’na yesaplag’anda 117 adam ilim izertlew isleri menen shug’i’llanbaqta. Ilim izertlew ha’m ta’jiriybe-konstruktorli’q islerine

(IITKI) aji'rati'lg'an qa'rejetlerdin' ko'lemi boyi'nsha AQSH du'nyada birinshi wori'ndi' iyeleydi. AQSH ha'm Evropa Awqami'ni'n' jetekshi yellerinde IITKI ne aji'rati'lg'an qa'rejetler jalpi' ishki wo'nimnin' 1,5—3,0 % in quraydi'. Rawajlani'p ati'rg'an yellerde bul ko'rsetkish wortasha 0,4 % ten aspaydi'. Xali'qti'n' jan basi'na yesaplag'anda IITKI qa'rejetleri wortasha rawajlang'an yellerde 110 dollarg'a, rawajlani'p ati'rg'an yellerde bolsa tek 1 dollarg'a g'ana ten'.

Ha'zirgi ilim-texnika revolyuciyasi' to'rt tiykarg'i' wo'zgesheligi menen si'patlanadi'. Solardan birinshisi, ITR ni'n' ken' ko'lemliligi boli'p yesaplanadi'. Wol barli'q tarawlar ha'm salalardi'n' turmi's qa'lpi-nin', ma'deniyati'ni'n', insanlar ruwxi'yli'g'i'ni'n' keskin wo'zgeriwine, jan'a-lani'wi'na ali'p kelmekte. Bu'gingi ITR ni'n' belgisi boli'p, kosmosli'q keme ha'm atom elektrostanciyasi', reaktiv samolyot ha'm basqa ju'da' ko'p tu'rdegi buyi'mlar xi'zmet yetiwi mu'mkin. ITR si' ja'ha'ndegi barli'q ma'mleketler ha'm jerdin' barli'q geografiyali'q qabatlari' menen kosmos ken'isligine ta'sir ko'rsetpekte.

Yekinshiden, ha'zirgi ITR ilimiy-texnikali'q wo'zgerislerinin' wog'ada tezleskenligi, ilimiy ashi'li'wlardi' turmi'sqa yengiziw menen baylani'sli' waqi'tti'n' keskin qi'sqari'wi', wo'nim ha'm buyi'mlardi'n' ju'da' tez ruwxi'y go'neriwi menen wolardi'n' turaqli' tu'rde jan'alani'wi' menen si'patlanbaqta.

U'shinshiden, ITR miynet resurslari', jumi'sshi' ku'shinin' qa'nigeligine bolg'an talapti' keskin ko'termekte. Usi'ni'n' na'tiygesinde insan xi'zmetinin' barli'q tarawlari'nda aqi'l miynetinin' salmag'i' arti'p barmaqta, yag'ni'y miynettin' intellektuallasi'w da'rejesi artpaqta.

ITR ni'n' to'rtinshi a'hmiyetli wo'zgesheligi sonnan ibarat, wol Yekinshi du'nya ju'zilik uri's ji'llari'nda a'skeriy-texnikali'q revolyuciya tu'rinde ju'zege keldi. Bul a'sirese, ITR ni'n' jetiskenliklerinen a'skeriy maqsetlerde paydalani'w ku'sheygen «salqi'n uri's» da'wirinde ja'ne de teren'lesti. Keyin, 90-ji'llarda socializm sistemasi'ni'n' bo'lsheklenip ketiwi menen ITR ko'birek miynet wo'nimdarli'g'i' ha'm na'tiyjeliligin artti'ri'wg'a xi'zmet yete basladi'. Biraq, 90-ji'llardi'n' son'g'i' da'wirinde du'nyani'n' ju'da' ko'p regionlari'nda ali'p bari'lg'an uri's ha'reketleri jan'a «salqi'n uri's» qa'wpinin' kelip shi'g'i'wi'na, a'skeriy qarji'lardi'n' wo'siwine, ITR ni'n' yen' zamanago'y jetiskenliklerinen a'skeriy maqsetlerde paydalani'w procesinin' rawajlani'wi'na sebep boldi'.

Jetik ilimpaz ha'm qa'nigeler ITR i'n bir-biri menen ti'g'i'z baylansli' to'rt bo'limge: 1) ilim-pa'n, 2) texnika ha'm texnologiya, 3) wo'ndiris, 4) basqari'wdan ibarat bolg'an quramali' sistema dep ta'n almaqta.

### *A'meliy jumi's*

1. Ilim-texnika revolyuciyasi'na (ITR) baylani'sli' waqi'ya ha'm ha'diyselerdi ani'qlap da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

2. ITR ha'm ilim-texnika rawajlani'wi' arasi'nda qanday uqsasli'q ha'm ayi'rma-shi'li'q ta'repler bar yekenligin ani'qlap, solardi' da'pterin'izge tu'sirin'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ilim-texnika revolyuciyasi' qaysi' pa'nlerge tiykarlanadi'?
2. Ja'ha'nde qansha adam ilim izertlew jumi'si' menen ba'nt?
3. Qaysi' yellerde ilimiy-izertlew ha'm ta'jiriybe-konstruktorli'q islerge u'lken qarji'lar aji'rati'ladi'?
4. ITR ni'n' to'rt wozgesheligin ayti'p berin'.

## 12-§. Ilim ha'm wo'ndiristin' wo'z ara ta'sirinin' tiykarg'i' bag'darlari'

### *Tayani'sh tu'sinkler*

**Kompyuterlestiriw, kompleks avtomatlasti'ri'w, energetika xojali'g'i', taza materiallar, biotexnologiya, kosmos, kibernetika.**

Ilim ha'm wo'ndiris alti' a'hmiyetli bag'dar boyi'nsha bir-birine ta'sir ko'rsetpekte.

B i r i n s h i  b a g' d a r — kompyuterlestiriw, yag'ni'y insan xi'zmetinin' barli'q tarawlari'n kompyuter texnikasi' menen ta'miyinlew. Kompyuterlestiriw na'tiyjesinde ko'plegen wo'ndiris procesinin' texnologiyasi' tu'p-tiykari'nan wo'zgertilmekte. Wol bilimlendiriw, densawli'qti' saqlaw sistemasi'na, insanlar turmi'si'na barg'an sayi'n teren'irek ha'm jedelirek kirip barmaqta. Ha'zirgi waqi'tta elektron u'skenelerdi islep shi'g'ari'w sanatti'n' yen' a'hmiyetli ilimtalap tarmaqlari'ni'n' birine aylandi'. Elektron-yesaplaw mashinalari'n (EEM) islep shi'g'ari'w boyi'nsha Yaponiya, Germaniya du'nyada jetekshi ma'mleketler yesaplanadi'.

Y e k i n s h i  b a g' d a r — kompleks avtomatlasti'ri'w. Bul bag'dar 50-ji'llarda, EEM lerdin' islep shi'g'i'li'wi' menen qa'liplese baslag'an bolsa da, woni'n' yen jayi'p rawajlani'wi' 70-ji'llari' mikro EEM ha'm mikroprocessorlardi'n' woylap tabi'li'wi' menen ti'g'i'z baylani'sqan. Robot-texnikani'n' isleniwi avtomatlasti'ri'lg'an ka'rxanalar, wo'ndiris sistemalari'ni'n' ju'zege keliwine tiykar boli'p xi'zmet yetti. Robot-texnikani'n' da ko'pshilik bo'legi AQSH, Yaponiya, Germaniya, Italiya, Franciya, Koreya Respublikasi' ma'mleketlerine tuwri' keledi.

U'shinshi bag'dar —energetika xojali'g'i'ni'n' qayta quri'li'wi'n na'-zerde tuti'p, energiyani' u'nemlewge, jani'lg'i'-energetika balansi'n jetilistiriwge, jan'a energiya dereklerinen ken' paydalani'wg'a tiykarlanadi'. Bul jerde tiykarg'i' mashqala atom energetikasi'n rawajlandi'ri'w menen baylani'sli'. Ha'zirgi waqi'tta du'nyada 250 den aslam AES ler islemekte. Usi'lardi'n' ko'pshilik bo'legi AQSH, Franciya, Yaponiya, Germaniya, Qi'tay, Rossiya ha'm Ukrainada jaylasqan. Keyingi 10—15 ji'l dawami'nda ju'z bergen qorqi'ni'shli' ha'diyseler AES lerdi quri'w boyi'nsha yellerdin' bag'darlamasi'na unamsi'z ta'sir ko'rsetti, al geypara ma'mleketler bolsa uluwma AES lerdi quri'wdi' toqtati'p qoydi'.

To'rtinshi bag'dar —jan'a materiallardi' islep shi'g'ari'w. Buging'i wo'ndiris yeski konstrukciyali'q materiallar—qara ha'm ren'li metallarg'a, sintetikali'q polimerlerge buri'ng'i' da'wirlerge qarag'anda a'dewir joqari' talap qoymaqta. Na'tiyjede, jan'a kompoziciyali', yari'm wo'tkizgishli, i'laydan wo'nimler islep shi'g'ari'la basladi', XXI a'sir metallari' — berilliy, litiy, titan, sirkoniy, germaniy, kobalttan paydalani'w yen jaydi'.

Besinshi bag'dar —biotexnologiyani'n' tez rawajlani'wi' menen baylani'sqan. 70-ji'llarda ju'zege kelgen bul bag'dar ha'zir de keleshegi bar bag'darlardi'n' biri yesaplanadi'. Wol AQSH, Yaponiya, Germaniya, Qi'tay ha'm Franciyada tez pa't penen rawajlanbaqta.

Alti'nshi' bag'dar —kosmosti' wo'zlestiriw. Kosmonavtikani'n' rawajlani'wi' ja'ne bir yen' jan'a ilim-pa'nge talapshan' — aerokosmosli'q sanaatti'n' ju'zege keliwine ali'p keldi. Bul taraw menen bir qatar jan'a mashinalar, a'sbap-u'skeneler, quymalar woylap tabi'ldi'. Wolardan ha'zirgi waqi'tta basqa sala ha'm tarmaqlarda da paydalani'lmaqta.

ITR ni'n' teren'lesiwi, wo'ndiris ha'm wo'ndiris yemes tarawlardi'n' ken'eytiriliwi, sonday-aq, qi'yi'nlasi'wi' sharayati'nda wolardi'n' na'tiyjeliligin artti'ri'wda basqari'w procesinin' worni' ha'm a'hmiyeti ku'nnen-ku'nge arti'p barmaqta. Basqari'w, yag'ni'y xabarlardi' ali'w, saqlaw, uzati'w ha'm qayta islew pa'ni **kibernetika** boli'p yesaplanadi'. Kibernetika — grekshe so'z boli'p *«jolbasshi'», «jol basqari'wshi'»* degen ma'nisti an'latadi'.

Ha'zirgi waqi'tta jan'a xabar menen ta'miyinlengen civilizaciya haqqi'nda so'z ju'rgizilmekte. Xabarlar menen ta'miyinlew ha'm basqari'wdi'n' rawaj-lani'wi' boyi'nsha ha'zirgi waqi'tta AQSH ten'i joq yel yesaplanadi'. Yaponiya, Kanada, Shveciya, Ispaniya, Avstraliya, Koreya Respublikasi', AQSH tan keyingi wori'nlarda turadi'.

***A'meliy jumi's***

1. Tiykarg'i' bag'darlardi' da'terin'izge jazi'p ali'p, talqi'lan'.
2. O'zbekistanda ilim ha'm wo'ndiristin' wo'zara ta'sirinin' qaysi' bag'darlari' boyi'nsha jaqsi' rawajlang'an?

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Ilim ha'm wo'ndiristin' rawajlani'wi'ni'n' alti' a'hmiyetli bag'dari' qaysi' yellerge ta'n yekenligin kartadan ko'rsetin'.
2 Bag'darlardi'n' kelip shi'g'i'wi' ha'm teren'lesiwinde tiykarg'i' rol woynag'an faktorlardi' bahalan'.
3 ITR ni'n' teren'lesiwinde basqari'w qanday a'hmiyetke iye?
4 Kibernetikag'a ta'n wo'zgeshelikler ha'm mu'mkinshilikler haqqi'nda so'ylep berin'.



# *5-tema.* Ja'ha'n xojali'g'i'

## 13-§. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Ja'ha'n xojali'g'i', insani'yli'q ja'miyeti, tarmaqlar geografiyasi', geografiyali'q miynet bo'listiriliwi, milliy xojali'q, xali'qarali'q ekonomikali'q integraciya, xali'qti'n' ba'ntligi.**

Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' qa'liplesiw procesi is ju'zinde adamzat ja'miyetinin' pu'tkil tariyxi'n wo'z ishine aladi'. Sebebi, wol wo'ndiris ku'shlerinin' neshe mi'n' ji'llar dawami'ndag'i' evolyuciyasi'ni'n' na'tiyjesi yesaplanadi'. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' qa'liplesiwi ha'm rawajlani'wi' processlerin wo'zine ta'n wo'zgeshelikler menen si'patlanatug'i'n ayi'ri'm basqi'shlarg'a bo'liwge boladi'. Birinshi ha'm yen' uzaq da'wirdi wo'z ishine alg'an ja'ha'n xojali'g'i' belgileri ha'm regional wo'zgeshelikleri qa'liplese baslag'an basqi'sh ulli' geografiyali'q ashi'li'wlar da'wirine shekem dawam yetken. Ulli' goegrafiyali'q ashi'li'wlar na'tiyjesinde xali'qarali'q sawda Evropa ha'm Aziyadan keyin Jer shari'ni'n' basqa regionlari'n da qamti'p aladi'. Regionlar arasi'nda wo'nimlerdi almaslaw

ja'ha'n bazari'n ju'zege keltiredi. Bul bazar transportti'n' rawajlani'wi' menen ja'ne de ken'eydi, sebebi, ten'iz transporti' barli'q materiklerdi birlestiriwge mu'mkinshilik berdi.

Ja'ha'n xojali'g'i' ekonomikali'q kategoriya boli'p, wol haqqi'ndag'i' tu'sinik socialli'q miynet bo'listiriliwi tu'sinigi, xojali'q baylani'slari'ni'n' internacionallasi'wi', sonday-aq, xali'qarali'q ekonomikali'q integraciyalani'wi' menen baylani'sli'.

Ja'ha'n xojali'g'i' geografiyali'q kategoriya boli'p, wol 3 bag'darda izertlenedi:

1. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' uluwma goegrafiyasi'.
2. Woni'n' tarmaqlari'ni'n' geografiyasi'.
3. Iri regionlar ha'm subregionlar geografiyasi'.

Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' qa'liplesiwi ha'm rawajlani'wi'nda xali'qarali'q miynet bo'listiriliwinin' worni' ha'm a'hmiyeti wog'ada ulli'. **Geografiyali'q miynet bo'listiriliwi** — bul socialli'q miynet bo'listiriliwinin' aymaqli'q formasi'. Geografiyali'q miynet bo'listiriliiwi ko'lemi boyi'nsha rayonlar arali'q ha'm xali'qarali'q miynet bo'listiriliwine aji'rati'ladi'. Xali'qarali'q geografiyali'q miynet bo'listiriliwi ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' ha'reketke keltiriwshi ku'shi ha'm tiykari' yesaplanadi'.

**Xali'qarali'q geografiyali'q miynet bo'listiriliwinin'** ayi'ri'm yellerdi belgili tu'rdegi wo'nimler islep shi'g'ari'w ha'm xi'zmet ko'rsetiwge qa'nigeleskenin an'latadi'.

Geografiyali'q miynet bo'listiriliwinin' yen' tiykarg'i' na'tiyjesi — bul xali'qarali'q qa'nigelesiw tarmag'i'. Ayi'ri'm yellerdin' belgili tu'rdegi wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wg'a ha'm xi'zmet ko'rsetiwge qa'nigeleskenligi, wolardi' wo'zinin' ishki talaplari'nan arti'qsha mug'darda wo'ndiriwdi ha'm xi'zmet ko'rsetiwdi usi'ni'wi'na ma'jbu'r yetedi. Usi'ni'n' na'tiyjesinde xali'qarali'q qa'nigelesiw tarmaqlari' yag'ni'y eksportqa wo'nim islep shi'g'ari'wshi', yeldin' xali'qarali'q geografiyali'q miynet bo'listiriliwindegi worni'n belgilep beretug'i'n tarawlar qa'liplesedi.

Solay yetip, XIX a'sirdin' 2-yari'mi'nda ken' ko'lemde temir jollardi'n' sali'ni'wi' ha'm ten'iz transporti'ni'n' tez pa't penen rawajlani'wi' qurg'aqli'qlar ha'm materiklerdi baylani'sti'rdi', sonday-aq, ja'ha'n sawdasi' ha'm ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' qa'liplesiwin ta'miyinledi. Biraq, ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi'nda tiykarg'i' roldi XVII — XIX a'sirlerde Bati's Evropa ha'm AQSH ta quri'lg'an iri mashinalasqan sanaat woynadi'. Demek, ja'ha'n xojali'g'i' XIX a'sirdin' aqi'ri' ha'm XX a'sir basi'nda iri mashinalasqan sanaat ten'iz transporti' ha'm ja'ha'n bazari'ni'n' rawajlani'wi' na'tiyjesinde ju'zege keldi.

**Ja'ha'n xojali'g'i' — bul bir-biri menen pu'tkil du'nya ekonomikali'q qat-naslari' arqali' baylani'sqan du'nyadag'i' barli'q yeller milliy xojali'g'i'ni'n' kompleksi.**

Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' geografiyali'q «modeli» ku'nnen-ku'nge qo-spali' boli'p barmaqta. XIX a'sirdin' aqi'ri'na shekem barli'q ko'rset-kishler boyi'nsha bir woray — Evropa ayqi'n ko'zge taslanatug'i'n yedi. Wonnan keyin yekinshi ja'ha'n worayi' — AQSH ju'zege keldi ha'm jetekshi roldi atqara basladi'.

Yekinshi jer ju'zilik uri'sqa shekemgi bolg'an da'wirde ja'ha'n xo-jali'g'i'ni'n' jan'a woraylari' — buri'ng'i' Awqam ha'm Yaponiya ju'zege keldi. Qi'tay ha'm Hindistan, Kanada, Avstraliya ha'm Braziliya, Qubla bati's Aziyani'n' neft qazi'p ali'wshi' yelleri usag'an jan'a ekono-mikali'q woraylar qa'liplese basladi'. Son'g'i' sherek a'sirde ja'ha'n xojalag'i'nda to'rt «Aziya jolbari'slari'» — Koreya Respublikasi', Tayvan[1], Gonkong[2] ha'm Singapur saxnag'a shi'qti'. Bul aymaqli'q wo'zgerisler na'tiyjesinde Aziya-Ti'ni'sh okean poyasi'ni'n' ja'ha'n xojalag'i'ndag'i' salmag'i' ja'ne de artti', a'hmiyeti ku'sheydi. Wol bir worayli'dan yeki worayli'g'a (Yaponiya, AQSH), keyin ko'p worayli' xojali'qqa aylandi'. Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'n xojali'g'i' qurami'nda 10 yen' a'hmiyetli woraylardi' ko'riwge boladi'. Bulardi'n' ishinde Evropa ha'm Arqa Amerika (AQSH, Kanada) yen' u'lken ekonomikali'q da'rejege iye. Birinshi worayg'a pu'tkil ja'ha'n ko'leminde islep shi'g'ari'lg'an jalpi' milliy wo'nimnin' (JMO') 30,7 % ti, yekinshi worayg'a — 28,9 % ti tuwri' keledi. Wonnan keyingi wori'nlarda Yaponiya (9,1%), Qi'tay (6,0 %), Qubla-shi'g'i's Aziya, Braziliya, Qubla-bati's Aziya (Persiya qolti'g'i' jag'alari'ndag'i' yeller), Rossiya, Avstraliya ha'm Hindistan iyeleydi. Du'nya xojali'g'i'ni'n' geografiyali'q modelin payda yetiwshi joqari'dag'i' poyaslar ha'm yeller menen bir qatarda, basqa iri sho'lkemlerdi de aji'rati'w mu'mkin. Bulardi'n' qatari'nda «u'lken segizlik» ha'm Aziya-Ti'ni'sh okeani' regioni' yelleri ayri'qsha wori'n iyeleydi.

**Xali'qarali'q ekonomikali'q integraciya** — bul ayi'ri'm yeller topar-lari'ni'n' wolar ta'repinen kelisilgen ma'mleketler arali'q siyasatti' ali'p bari'wg'a tiykar-lang'an ju'da' teren' ha'm turaqli' wo'z ara baylani's-lardi'n' rawajlani'wi'ni'n' obyktiv procesi yesaplanadi'. Ekonomikali'q bloklardi'n' yen' tiykarg'i'lari' ekonomikali'q rawajlang'an yeller bar bolg'an Bati's Evropa ha'm Arqa Amerikada payda boldi'. Soni'n' ushi'n da integraciyalang'an toparlardi'n' da'slepki yekewi — «Evropa Ekonomikali'q Birge islesiw» (EEBI) ha'm «Evropa Yerkin Sawda As-sociaciyasi'»ni'n' (EESA) Evropada du'ziliwi tosi'nnan yemes.

EEBI di du'ziw haqqi'ndag'i' sha'rtnamag'a 1957-ji'li' Rim qala-si'nda qol qoyi'ldi' ha'm 1958-ji'li' ku'shke kirdi. Da'slep woni'n' qurami'nda 6 yel —GFR, Franciya, Italiya, Niderlandiya, Belgiya ha'm Lyuksemburg bar yedi. Wog'an 1973-ji'li' Ulli' Britaniya, Daniya, Ir-

---

[1]Tayvan — ra'smiy statusi' joq ma'mleket yesaplanadi'.

[2]Gonkong — 1997-ji'l 1-iyul ku'ni QXRni'n' qurami'na kirgizildi.

landiya, 1982-ji'li' Greciya, 1986-ji'li' Ispaniya ha'm Portugaliya qabi'l yetildi.

EESA 1954-ji'li' Ulli' Britaniyani'n' baslamasi' boyi'nsha EEBI ge qarama-qarsi' sho'lkem retinde du'zildi. Da'slep, wog'an Avstraliya, Ulli' Britaniya, Daniya, Norvegiya, Portugaliya, Shveciya, keyin ala Islandiya ha'm Finlyandiya qabi'l yetildi. Biraq, 1973-ji'li' usi' sho'lkem qurami'nan Ulli' Britaniya ha'm Daniya, al 1986-ji'li' bolsa Portugaliya shi'g'i'p ketti. Sog'an qaramastan woni'n' qurami'ndag'i' yeller sawda baylani'slari'n rawajlandi'ri'wdi' dawam yetti. EESA da EEBI den pari'qi' bolg'an ma'mleketlerdin' suveren huquqlari' saqlanadi'.

EEBI ge ag'za yeller 1986-ji'li' Evropa aktin qabi'l yetti. Wonda 1957-ji'li' «Uluwma bazardi'» du'ziw haqqi'ndag'i' Rim sha'rtnamasi'ni'n' tiykarg'i' talaplari' ja'ne bir ret qollap-quwatlandi' ha'm 12 yeldin' bir bazarg'a wo'tiwi boyi'nsha jol belgilendi. Keyin ala EBI «Evropa Birge Islesiw», 1991-ji'ldi'n' dekabr ayi'nan baslap bolsa «Evropa Awqami'» (EA) dep atala basladi'. Tap usi' ji'li' Maastrix qalasi'nda (Niderlandiya) «Evropa won yekiligi», siyasiy ha'm valyuta-finans «Awqami'» haqqi'ndag'i' sha'rtnamalar qabi'l yetildi. Yekinshi sha'rtnamag'a muwapi'q, 1998-ji'ldi'n' 1-yanvar ku'ni Awqamni'n' barli'q yellerinde jalg'i'z valyuta — EVRO aylani'sqa yengizildi. Ha'zirgi waqi'tta Evro menen AQSH dollari' arasi'nda u'lken pari'q baqlanbaydi'. 1995-ji'li' Avstriya, Shveciya, Finlyandiya EA ag'zalari' boldi'. Woni'n' qurami'na 1998 — 2003-ji'llari' Shi'g'i's Evropani'n' bir qatar yelleri (Polsha, Vengriya, Chexiya ha'm basqalar) qabi'l yetildi. Bu'gingi ku'nde EA qurami' 28 ma'mleketten ibarat.

Bati's yari'm sharda 1989-ji'ldan berli AQSH ha'm Kanada «Yerkin sawda» haqqi'ndag'i' Arqa Amerika kelisimi (NAFTA) xi'zmet ko'rsetpekte. NAFTA yelleri jalg'i'z valyuta yengiziw, si'rtqi' siyasat ha'm qa'wipsizlik siyasati'n ali'p bari'w boyi'nsha ma'sla'ha'tlespegen. Biraq, NAFTA JMD ko'lemi boyi'nsha EA ha'm basqa sho'lkemlerden u'stem turadi'.

Joqari'da ati' keltirilgen sho'lkemlerden basqa «Evropa Ekonomikali'q birge islesiw ha'm rawajlani'w sho'lkemi» 1967-ji'ldan beri xi'zmet ko'rsetip kelmekte. AQSH, Kanada, Bati's Evropani'n' ko'pshilik yelleri, Yaponiya, Finlyandiya, Avstraliya ha'm Jan'a Zelandiya usag'an ta'siri ku'shli yeller bul sho'lkemnin' ag'zalari' yesaplanadi'. Qubla-shi'g'i's Aziya ma'mleketleri Associaciyasi' (ASEAN) rawajlani'p ati'rg'an yeller tiykari'nda du'zilgen ha'm integraciya wo'zgeshelikleri teren' rawajlang'an sho'lkem yesaplanadi'. Woni'n' qurami'nda Indoneziya, Malayziya, Singapur, Tailand, Filippin ha'm Bruney usag'an yeller bar. Usi' sho'lkemnin' jaqi'n keleshektegi tiykarg'i' maqseti yerkin sawda zonasi'n sho'lkemlestiriwden ibarat.



***2-su'wret.*** Xali'qarali'q gaz trubasi'.

1980—1981-ji'llari' Qubla Amerikani'n' 10 ma'mleketi qatnasi'wi'nda Lati'n Amerikasi'n integraciyalasti'ri'w associaciyasi' du'zilgen. Woni'n' tiykarg'i' maqseti uluwma bazardi' sho'lkemlestiriwden ibarat. Qurami'nda yeki subregional: And yelleri ha'm La-Plata yelleri toparlari' ra'smiy tu'rde du'zildi. Avstraliyani'n' baslamasi' menen 1989-ji'li' Aziya—Ti'ni'sh okeani' regioni'nda 12 ma'mleketti bir maqset joli'nda birlestirgen «Aziya —Ti'ni'sh okeani'ni'n' ekonomikali'q ken'esi» integraciya sho'lkemi du'zildi. Woni'n' qurami'na AQSH, Kanada, Yaponiya, Avstraliya, sonday-aq, ASEAN ag'zalari', Koreya Respublikasi', Meksika ha'm son'i'nan Rossiya kirdi.

Joqari'da atap wo'tilgen regional sho'lkemler menen bir qatarda ja'ha'n xojali'g'i'nda ju'da' ko'p tarmaqli' ekonomikali'q toparlar bar. Usi'lardi'n' arasi'nda 13 ma'mleketti wo'zinde ja'mlegen «Neftti eksport yetiwshi yeller sho'lkemi» (OPEK) yen' a'hmiyetli integratsiya topari' yesaplanadi'.

Keyingi waqi'tta ilimde ekonomikani'n' u'sh tu'ri: 1) agrarli'q, 2) industriyalli'q, 3) postindustriyalli'q tu'rleri haqqi'nda mag'luwmatlar berilmekte. Du'nyada sanaat rawajlani'wi' ju'z bergen XVII—XIX a'sirlerge shekem bolg'an da'wirde ekonomikani'n' agrarli'q tu'ri basi'm yedi. Keyin sanaat tu'rinin' a'hmiyeti wo'sti ha'm bul process ha'zirgi waqi'tta da dawam yetpekte. Usi'ni'n' menen birge, du'nya masshtabi'nda ekonomikali'q isker xali'qti'n' derlik yari'mi' awi'l xojali'g'i'nda ba'nt yekenligin yesten shi'g'ar-maw kerek. Rawajlani'p ati'rg'an yellerde miynet penen ba'nt xali'qti'n' derlik 60 procenti awi'l xojali'g'i'na tuwri' keledi.

### A'meliy jumi's

1. Ha'zirgi waqi'tta Evropa Awqami', ASEAN, NAFTA ha'm basqa ekonomikali'q bloklardi'n' qurami'n da'pterin'izge ko'shirip ali'n' ha'm talqi'lan'.

2. Jazi'wsi'z kartag'a ekonomikali'q bloklarg'a kirgen ma'mleketlerdin' atlari' ha'm paytaxtlari'n tu'sirin'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' qa'liplesiwinde yen' uzaq dawam da'wir qaysi'?
2. Ja'ha'n xojali'g'i' degen ne? Wog'an ta'n wo'zgeshelik haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Du'nya bazari' qanday faktor tiykari'nda ju'zege keldi?
4. XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi' nenin' yesabi'nan iske asti'?

## 14-§. Ilim-texnika revolyuciyasi'ni'n' xojali'qti'n' wo'siw pa'tleri ha'm rawajlani'w da'rejesine ta'siri

### Tayani'sh tu'sinikler

**Jalpi' milliy da'ramat, social-ekonomikali'q rawajlani'w, «u'shinshi sanaat revolyuciyasi'», industriyalasti'ri'w, reindustriyalasti'ri'w, transmilliy korporaciyalar.**

ITR ni'n' ken'eyiwi ha'm teren'lesiwi na'tiyjesinde du'nyadag'i' ko'plegen, tiykari'nan, ekonomikali'q rawajlang'an yellerde ekonomikani'n' jan'a postindustriyal tu'ri qa'liplese basladi'. Bunday tu'rde wo'ndirislik yemes tarawlar, a'sirese, xi'zmet ko'rsetiw tarawi' tez rawajlana basladi'.

Postindustriyal yeller qatari'na Bati's, Qubla ha'm Arqa Evropa yelleri, AQSH, Kanada, Avstraliya, Yaponiya, Argentina, Liviya ha'm basqa ma'm-leketler kiredi. Wolarda wo'ndirislik yemes tarawg'a barli'q ba'nt xali'qti'n' 60—70 % i tuwri' keledi.

Rawajlani'p ati'rg'an yellerdin' ayi'ri'mlari'nda wo'ndirislik yemes taraw joqari' da'rejede rawajlang'an. Social-ekonomikali'q jaqtan rawajlani'w bari'-si'nda u'lken tabi'slarg'a yerisken Meksika, Braziliya, Chili, Koreya Respublikasi' yamasa neftti eksportqa shi'g'ari'w na'tiyjesinde finansli'q jag'dayi'n jaqsi'lap alg'an Aljir, Saudiya Arabstani', BAA', Kuveyt, Katar, da'lda'lshi'li'q xi'zmetin ali'p bari'wg'a ha'm turizmge qa'nigelesken Bagam ha'm Kanar atawlari', Monako, Andorra, San-Marino yelleri usi'lar qatari'na jatadi'.

Ilim ha'm texnika revolyuciyasi'ni'n' ja'ha'n xojali'g'i'na ta'siri to'men-degilerde wo'z ko'rinisin tapqan:

1. ITR ni'n' ja'ha'n xojali'g'i' rawajlani'wi'ni'n' pa'ti ha'm da'rejesine ta'siri — «u'shinshi sanaat revolyuciyasi'ni'n'» baslani'wi'.

Ja'ha'n xojali'g'i' XX a'sirde, a'sirese, woni'n' yekinshi yari'mi'nda ju'da' joqari' pa't penen rawajlandi'. XXI a'sirdin' da'slepki da'wirinde du'nya ko'leminde jarati'latug'i'n JMD ko'lemi 85,5 trln. AQSH dollari'nan asi'p ketti (10-keste).

Reindustriyallasti'ri'w processinde monopoliyalardi'n' a'hmiyeti u'lken bolmaqta. Usi'nday monopoliyalardi'n' tiykarg'i' tu'ri — transmilliy korporaciya (TMK) yesaplanadi'. TMK ni'n' tiykarg'o ka'rxanasi' 75 mi'n', woni'n' si'rt yellerdegi filiallari' 700 mi'n'di' qurasa da, wolardi'n' tek 400—500 i g'ana ja'ha'n xojali'g'i'nda tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi.

Mine, usi' jol menen ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' «transmilliylestiriliwi» iske asi'ri'lmaqta.

2. ITR ni'n' ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' yen' a'hmiyetli qatnaslari'na ta'siri: industriyallasqan ja'miyetten industriyallasqannan keyingi ja'miyetke qaray. Ja'ha'n xojali'g'i'nda XVIII—XIX a'sirlerge shekem agrarli'q wo'ndiris u'stem yedi. awi'l xojali'g'i' ha'm wog'an jaqi'n tarawlar materialli'q bayli'qlardi'n' tiykarg'i' da'regi boli'p kelgen. Ekonomikali'q rawajlang'an yellerde XIX a'sirdin' yekinshi ha'm XX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda sanaatti'n' arqasi'nda industriyal wo'ndiris qa'liplesti.

3. ITR materialli'q wo'ndiris qurami'nda u'lken wo'zgerislerge sebepshi boldi'. Wol ba'nt xalqi'ni'n' sani' 2,0 mlrd. adamdi' quraytug'i'n yen' a'hmiyetli tarawlar — sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' arasi'ndag'i'

*10-keste*

**EAM nin' aymaqli'q qurami' (2012-j. mag'luwmatlari')**

| Yeller | EAM trln. doll. | Sonnan: xalqi' jan basi'na, mi'n' doll. |
|---|---|---|
| AQSH | 15,7 | 50,6 |
| EA | 16,8 | 34,5 |
| sonnan: | | |
| Germaniya | 3,3 | 39,1 |
| Franciya | 2,4 | 35,5 |
| Italiya | 2,0 | 30,1 |
| Ulli' Britaniya | 2,3 | 36,7 |
| Yaponiya | 4,5 | 36,2 |
| Qi'tay | 12,5 | 9,1 |
| Kanada | 1,4 | 41,5 |
| Hindistan | 4,8 | 3,9 |
| Braziliya | 2,4 | 12,0 |
| Rossiya | 2,6 | 17,7 |
| Du'nya boyi'nsha | 85,5 | 12,0 |

qatnasti' birinshisinin' paydasi'na wo'zgeriwine ali'p keldi. ITR materialli'q wo'ndiristi quraytug'i'n iri tarawlar ishinde de u'lken ilgerilewler payda yetedi.

Sanaatti'n' taraw qurami'nda qayta islewshi tarawlardi'n' worni' ha'm a'hmiyeti ja'ne de artpaqta, wolarg'a ha'zir pu'tkil sanaat wo'niminin' 9/10 bo'legi tuwri' kelmekte.

Awi'l xojali'g'i'nda bunday wo'zgerisler a'stelik penen ju'z bermekte. Usi'g'an qaramastan, ITR sharwashi'li'q tarawi'ni'n' awi'l xojali'g'i'ni'n' jalpi' wo'nimin wo'ndiriwdegi salmag'i'n keskin ko'terip, 3/4 bo'legine jetiwin ta'miyinledi.

ITR transport tarawlari' arasi'ndag'i' qatnasti' keskin wo'zgertiwge ali'p keldi. Temir jol transporti'ni'n' a'hmiyeti bir qansha pa'seydi. Avtomobil transporti' qala a'tirapi' ha'm ishinde jolawshi'lar tasi'wda u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Son'g'i' ji'llarda avtomobil transporti'ni'n' qalalar arali'q ha'm xali'qarali'q ju'k ha'm jolawshi' tasi'wdag'i' a'hmiyeti arti'p barati'rg'ani'n ayti'p wo'tiw kerek.

Ten'iz transporti' xali'qarali'q sawda ju'klerinin' tiykarg'i' bo'legin tasi'p bermekte, biraq, woni'n' jolawshi'lar tasi'wdag'i' a'hmiyeti keskin pa'seydi (xali'qarali'q turistlerdi yesapqa almag'anda). Hawa transporti'ni'n' jolawshi'lardi' worta ha'm a'sirese, uzaq arali'qlarg'a tasi'wdag'i' roli ku'nnen-ku'nge arti'p barmaqta.

4. ITR ni'n' xojali'qti'n' aymaqli'q qurami'na ta'siri: buri'ng'i' ha'm jan'a wo'zlestirilgen rayonlar. Buri'ng'i' wo'zlestirilgen rayonlar, tiykari'nan, XIX a'sirde ha'm XX a'sirdin' basi'nda du'zilgen boli'p, ha'zir wolardi'n' ko'pshilik bo'legi qayta won'lawg'a mu'ta'j boli'p qalg'an. Usi'ni'n' menen birge, ITR ta'sirinde jan'a sanaat — qala — transport quri'li'si' a'melge asi'ri'lmaqta, awi'l xojali'g'i' ushi'n jerler ashi'lmaqta. Bunday jag'day a'sirese, u'lken ta'biyiy resurs mu'mkinshiliklerine iye rayonlarg'a ta'n.

ITR da'wirinde wo'ndiristin' aymaqli'q qurami'na jan'a texnika ha'm texnologiya u'lken ta'sir ko'rsetpekte. Polatti' toqtawsi'z yeritiw usi'li'nan paydalani'w — jan'a tu'rdegi sanaat ka'rxanalari'ni'n' ji'li'na 100—500 mi'n' tonna polatqa ten' minizavodlardi'n' sali'ni'wi'na ali'p keldi. Bunday zavodlar ha'zirgi waqi'tta polat ko'p mug'darda paydalani'latug'i'n aymaqlarda quri'lmaqta. Miynet resurslari' jetispeytug'i'n aymaqlarda avtomatlasti'ri'lg'an ka'rxanalardi' du'ziw na'zerde tuti'lg'an.

### *A'meliy jumi's*

1. 10-kestede berilgen mag'luwmatlardi' da'pterin'izge jazi'p ali'n' ha'm talqi'lan'.
2. Xali'qti'n' ba'ntlik qurami', si'rtqi' sawda aylani'si'ndag'i' wo'zgerislerdi si'patlan'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Geografiyali'q miynettin' bo'listiriliwi degen ne? Woni'n' wo'zgeshelikleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?
2. Xali'qarali'q geografiyali'q miynettin' bo'listiriliwi neni an'latadi'?
3. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' woraylari' haqqi'nda ayti'p berin'.
4. Xali'qarali'q ekonomikali'q integraciya degen ne? Xali'qarali'q ekonomikali'q sho'lkemler haqqi'nda ayti'p berin'.

## 15-§. Yellerde xojali'qti'n' aymaqli'q du'zilisine ilim-texnika revolyuciyasi'ni'n' ta'siri

### Tayani'sh tu'sinikler

**Aymaq faktori', ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n faktori', ta'biyiy resurs faktori', transport faktori', miynet resurslari' faktori', ilimtalap faktor, ekologiyali'q faktor.**

ITR ni'n' xojali'qti'n' aymaqli'q qurami'na bolg'an ta'siri wo'ndiris ku'shlerin jaylasti'ri'w faktorlari' arqali' iske asi'ri'lmaqta. Wolar to'mendegilerden ibarat:

**Aymaq faktori'.** Aymaq ja'miyet xi'zmetin iske asi'ratug'i'n geografiyali'q wortali'qti'n' a'hmiyetli faktorlari'nan biri. Aymaq qanshelli u'lken bolsa, wol ha'r qi'yli' ta'biyiy resurslarg'a sonshelli bay boladi'.

Rossiya, Kanada, AQSH, Qi'tay, Avstraliya, Braziliya, Hindistan aymag'i' u'lken yeller boli'p yesaplanadi'. Bul yellerdin' aymag'i' ayi'ri'm iri bo'lekler: ekonomikali'q rayonlar, makroregionlar, regionlarg'a bo'linedi ha'm kerisinshe, ko'plegen kishi yellerde aymaqti'n' jetispewshiligi u'lken ha'm qi'yi'n mashqalani' keltirip shi'g'armaqta. Ayi'ri'm jag'daylarda xojali'qti'n' aymaqli'q qurami'na woni'n' formasi' ha'm basqa aymaqli'q ta'repleri u'lken ta'sir ko'rsetedi.

**Ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n faktori'.** Uluwmali'q tu'rde ekonomikali'q geografiyali'q wori'n — bul belgili bir wori'n, qala, ma'mleket yamasa regionni'n' wonnan ti'sqari'da jaylasqan, qandayda bir ekonomikali'q a'hmiyetke iye bolg'an ta'biyiy, insan miyneti xi'zmetinin' na'tiyjesinde quri'lg'an obyekt yaki obyektlerge mu'na'sibet. Ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n waqi't dawami'nda wo'zgerip turatug'i'n tariyxi'y kategoriyalar yesaplanadi'.

Ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n, tiykari'nan, uluwma integral qatnas boli'p, wol: a) worayli'q; b) ishkeride jaylasqan; d) qon'si'las aymaqta jaylasqan; e) ten'iz jag'asi'nda jaylasqan wori'nlarg'a bo'linedi.

Worayli'q ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n, a'dette, ju'da' ko'p qolay-li'q penen aji'rali'p turadi'. Worayli'q wori'n ma'mleketlerdin' paytaxtlari' ushi'n a'hmiyetli rawajlani'w ha'm na'tiyjeli basqari'w faktori' yesaplanadi'. Ilimpaz ha'm qa'nigeler yeller menen regionlardi'n' geografiyali'q worayi'n ani'qlawg'a umti'lg'an.

Belgili bir aymaqti'n' ishkerisinde (shetinde) jaylasqan obyekttin' ekonomikali'q-geografiyali'q worni' ko'binese, qolaysi'z dep yesaplanadi'.

Belgili bir yeldin' basqa qon'si' yelge sali'sti'rg'anda ani'qlang'an ekonomikali'q-geografiyali'q worni' turaqli' siyasiy jag'day bar bolg'an sharayatta xali'qarali'q ekonomikali'q integraciya procesinin' teren'lesiwi ko'z qarasi'nan unamli' bahalanadi'. Bunday jag'day Bati's Evropada bar. Biraq, Afrika, Lati'n Amerikasi', Aziyadag'i' bir qatar regionlarda qon'si'shi'li'q qari'm-qatnas uri's, wo'z ara kelispewshilik penen belgilenbekte (buri'ng'i' Yugoslaviya, Worta ha'm Qubla Aziya, Qubla-bati's Aziya, Worayli'q ha'm Shi'g'i's Afrika ha'm basqalar).

Ten'iz jag'asi'nda jaylasqan yellerdin' ekonomikali'q-geografiyali'q worni' derlik ba'rhama ekonomikali'q-socialli'q rawajlani'wdi'n' a'hmiyetli faktori' yesaplang'an (Greciya, Italiya, Rim, Veneciya, Genuya, Ispaniya, Portugaliya, Niderlandiya, Ulli' Britaniya ha'm basqalar). Soni' atap wo'tiw kerek, ha'zirgi waqi'tta du'nyadag'i' barli'q iri ha'm u'lken qalalardi'n' 40 % ti ten'iz jag'asi'nan 50 km ge shekem sozi'lg'an aymaqta jaylasqan.

Xalqi'ni'n' sani' 5 mln. ha'm wonnan aslam bolg'an 45 qaladan tek 14i (Chikago, Parij, Moskva, Meksika, Deli, London, Pekin, Bogota, Uxan, Kair, Tegeran, Madrid, Guyyan, Detroyt) materik ishkerisinde, qalg'ani' ten'iz boyi'nda jaylasqan.

Ekonomikali'q-geografiyali'q worni' obyekttin' transport-geografiyali'q worni', sanaat-geografiyali'q worni', agrogeografiyali'q worni', si'rtqi' bazarg'a sali'sti'rg'anda geografiyali'q worni' ha'm basqalar tiykari'nda ani'qlanadi'. Ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n u'sh basqi'shta: mikrogeografiyali'q wori'n, mezogeografiyali'q wori'n, makrogeografiyali'q wori'ndi' ani'qlaw joli' menen bahalanadi'.

**Ta'biyiy resurs faktori'.** Industriyalasti'ri'w procesini'n' da'slepki bas-qi'shlari'nda tiykarg'i' xojali'q tarawi' — sanaatti'n' jaylasi'wi' ta'biyiy resurslar, yen' da'slep, paydali' qazi'lmalar geografiyasi' ta'repinen ani'qlang'an. Atap aytqanda, awi'r sanaat tarawlari' tasko'mir ha'm temir rudasi' bar ka'nler ha'm basseynlerge jaylasti'ri'lg'an. ITR da'wirinde bul wo'zgesheliklerdin' a'hmiyeti a'dewir pa'seydi. Da'slep ilimtalap yetken tarawlarg'a tiyisli. Biraq, wo'ndiriwshi sanaat geografiyasi'nda ta'biyiy resurs faktori' ha'zirgi waqi'tta da sheshiwshi rol woynamaqta. Usi' bag'darda insan ayag'i' jetpegen jerler de wo'zlestirilip ati'rg'ani'n ayti'p wo'tiw lazi'm (arqa aymaqlar, ten'iz shelfi).

**Transport faktori'.** ITR da'wirine shekem bul faktor wo'ndiristi jaylasti'ri'wda ko'binese sheshiwshi a'hmiyetke iye bolg'an. Baylani's jollari' ha'm transport qurallari'ni'n' jetilistiriliwi transport qarji'lari'ni'n' keskin kemeyiwine ali'p keledi. Bul bolsa, wo'z gezeginde, ju'k ha'm tovarlardi' radiusi' bir neshe mi'n' kilometrge ten' arali'qqa ali'p bari'wg'a, insanni'n' aymaqli'q iskerligin artti'ri'wg'a, wo'ndiristi ten'iz boyi'nda quri'wg'a, ta'biyiy resurslardi' uzaq arali'qlarg'a eksport yetiwge, ta'biyiy sharayati' qolaysi'z bolg'an jan'a jerlerdi wo'zlestiriwge, aqi'r-aqi'betinde wo'ndiris rayonlari' menen tuti'ni'wshi' rayonlar arasi'ndag'i' aymaqli'q pari'qti' saplasti'ri'wg'a mu'mkinshilik bermekte.

**Miynet resurslari' faktori'.** Bul faktor wo'ndiristin' jaylasi'wi'na ha'm woni'n' aymag'i'na ba'rhama ta'sir yetip kelgen. Belgili, arti'qsha miynet resurslari'ni'n' bar yekenlig'i' islep shi'g'ari'wshi' ha'm xi'zmet ko'rsetiwshi ka'rxanalardi' wo'zine tartsa, wolardi'n' jetispewshiligi jan'a ka'rxanalardi' quri'w usi'ni'si'n biykarlawshi' yen' a'hmiyetli faktor boli'p yesaplanadi'. Ayti'lgan pikir, a'sirese, miynetti ko'p talap yetiwshi tarawlarg'a tiyisli.

Bati's Evropadag'i' u'lken sanaat rayonlari' ha'm ka'rxanalari'nda millionlag'an si'rt yel jumi'sshi'lari' miynet yetpekte. Usi' waqi'tti'n' wo'zinde millionlag'an arti'qsha miynet resurslari'na iye Shi'g'i's ha'm Qubla-Shi'g'i's Aziya yellerinde rawajlang'an ma'mleketler ja'rdeminde miynetti ko'p talap yetetug'i'n ka'rxanalar quri'ldi'. Usi'g'an qaramastan, du'nyada, a'sirese, rawajlani'p ati'rg'an ha'm artta qalg'an yellerde bir neshe won millionlap ekonomikali'q isker xali'q jumi'ssi'zlar qatari'n toli'qti'rmaqta.

**Aymaqli'q koncentraciyalasi'w faktori'.** Wo'ndiristin' aymaqli'q koncen-traciyalasi'wi'— bul woni' belgili bir wori'nda toplani'wi'n an'latadi'. Wo'ndiris ku'shlerinin' koncentraciyalasi'wi' wo'nimnin' wo'zine tu'ser bahasi'n pa'seytiwge, na'tiyjeliligin artti'ri'wg'a ha'm ilim-texnika jetiskenliklerin wo'ndiriske tez yengiziwge mu'mkinshilik beredi.

Aymaqli'q koncentraciyalasi'w geografiyali'q miynet bo'liniwine ku'ta' u'lken ta'sir ko'rsetedi. Bul haqqi'nda XX a'sirdin' basi'nda-aq nemic ilimpazi' A. Veber wo'zinin' belgili «Sanaat standarti'ni'n' teoriyasi'na tiyisli» dep atalg'an kitabi'nda izbe-iz toli'q mag'luwmat bergen yedi.

ITR da'wirinde aymaqli'q koncentraciyalasi'wdi'n' ha'reketke keltiriwshi ku'shi wo'zgerdi. Tiykari'nan qa'nigelesiw procesi menen baylani'sli' tu'rde iske asa basladi'. Ekonomikali'q-geografiyali'q wori'n, xabarlar sistemasi' koncentraciyalasi'wdi'n' aymaqli'q formalari' da wo'zgerdi. Buri'n bular qatari'n sanaat punktleri, woraylari', tu'yinleri ha'm rayonlari' qurag'an bolsa, ha'zirgi' waqi'tta joqari'dag'i'lar menen birge, sanaat-port kompleksleri, sanaat parkleri ha'm basqalar ju'zege keldi.

Sanaat-port kompleksleri Temza, Reyn, Rona, Dunay, Elba, Oder, Visla da'ryalari'ni'n' estuariyalari' ha'm da'reklerinde sho'lkemlestirildi. Usi'lardan yen' irileri qatari'na Rotterdam, Nyu-York, Filadelfiya, Baltimor, Tokio, Iokagama ha'm basqalar kiredi. Koncentraciyalasi'wdi'n' «Sanaat parki» dep atalg'an formasi' ITR menen ti'g'i'z baylani'sli' boli'p, negizinde aymaqli'q dekoncentraciyalasi'w procesi na'tiyjesi yesaplanadi'. Sanaat parki — bul aymaqti'n' ka'rxanalardi' jaylasti'ri'w ushi'n qolay bo'legi. Sanaat parkleri wo'ndiristin' aymaqli'q koncentraciyalasi'w da'rejesi wog'ada unamsi'z aqi'betlerge ali'p kiyati'rg'an aymaqlarda sali'nbaqta. Ha'zirgi waqi'tta mine usi' wo'zgeshelikler yesapqa ali'ng'an halda minika'rxanalar, mini GES ler ha'm basqa qorshag'an wortali'qqa az zi'yan ko'rsetetug'i'n wo'ndiris obyektlerin quri'wg'a u'lken itibar qarati'lmaqta.

**Ilimtalap faktor.** ITR da'wirinde ilim-texnika wo'ndiristi jaylasti'ri'w procesinde wog'ada a'hmiyetli faktor boli'p ati'r. Birinshi gezekte, bul ilimiy woraylar — u'lken qalalar aglomeraciyalari'na ha'm qa'nigelesken ilim qalalari'na tarti'latug'i'n zamanago'y ilimtalap tarawlarg'a tiyisli. Geypara ma'mleketlerde ilimtalap tarawlar ku'shli aymaqli'q koncentraciyalasqan, al geypara yellerde bolsa, kerisinshe, wolar ken' geografiyag'a iye. Birinshi tu'rdegi ma'mleketlerge Franciya, Yaponiya, Daniya, Bolgariya, yekinshi tu'rdegi ma'mleketlerge AQSH, Germaniya, Rossiya mi'sal boli'wi' mu'mkin. ITR da'wirinde ilim menen wo'ndiris arasi'ndag'i' integraciya ja'ne de teren'lesti. Buni'n' na'tiyjesinde ilim-sanaat kompleksleri, texnologiyali'q parkler, texnopolisler ju'zege keldi. Bunday woraylarda ilimiy ashi'li'w menen wog'an su'yengen halda tayar wo'nim islep shi'g'ari'wg'a shekemgi bolg'an basqi'shlardi'n' barli'g'i' islengen. Bug'an AQSH ti'n' Kaliforniya shtati'ndag'i' Silikon alabi' ayqi'n mi'sal boli'wi' mu'mkin.

**Ekologiyali'q faktor.** Buri'nlari' da bar bolg'an bul faktor ITR da'wirinde ayri'qsha a'hmiyetke iye bola basladi'. Suwdi'n' jetispewshiligi, sanaat shi'g'i'ndi'lari'n tazalawg'a aji'rati'li'p ati'rg'an qarji'lardi'n' wo'siwi, joqari' da'rejede industriyalasti'ri'lg'an ha'm urbanizatsiyalasti'ri'lg'an rayonlarda qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi' bir qatar aymaqlarda wo'ndiris ha'm xali'qti'n' ja'ne de kontsentraciyalasi'wi'n sheklewde a'hmiyetli sebep boli'p yesaplanbaqta. Ayi'ri'm jag'daylarda qorshag'an wortali'qqa u'lken zi'yan beretug'i'n wo'ndiris basqa rayonlarg'a ko'shirilmekte yamasa, wolardi'n' xi'zmeti toqtati'lmaqta.

Ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an yellerde uzaq waqi't xojali'qti'n' joqari' da'rejege iye bolg'an aymaqli'q qurami' qa'liplesti. Bul yeller aymaqlari' wo'zine ta'n karkasti' payda yetiwshi sanaat rayonlari' ha'm woraylari'na, qalalar ha'm qalashalar aglomeraciyalari'na, transport

shaqapshalari’ ha’m tarawlari’na, texnologiyali’q parklerge bay boli’p yesaplanadi’. Yellerde u’sh tu’rdegi ekonomikali’q rayonlar sistemasi’ qa’liplesken. Birinshiden, bul joqari’ da’rejede rawajlang’an rayonlar. Wolarda sanaatti’n’ ilimtalap tarawlari’, ilimge xi’zmet ko’rsetiw, wo’ndirislik yemes tarawdi’n’ rawajlani’wi’ ushi’n barli’q sharayatlar bar boli’p, iri firmalardi’n’ shtab-kvartiralari’ jaylasqan. Yekinshiden, bul depressiv rayonlar, wolarg’a tiykari’nan, yeski sanaat, wo’ndiriwshi ha’m basqa awi’r sanaati’ bar aymaqlar kiredi. U’shinshiden, bul artta qalg’an agrar rayonlar, wolarda sanaat, atap aytqanda, qayta islewshi sanaat to’men rawajlang’an.

### *A’meliy jumi’s*

1. Faktorlardi’n’ kelip shi’g’i’wi’ ha’m a’hmiyeti boyi’nsha ayi’ri’m toparlarg’a aji’rati’n’ ha’m wolardi’ bahalan’.

2. U’lken ta’biyiy-ekonomikali’q faktorlarg’a iye yellerdin’ dizimin du’zin’ ha’m woni’ ta’riyiplen’.

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. ITR ni’n’ ja’ha’n xojali’g’i’na ta’siri nelerde wo’z ko’rinisin tapti’?
2. Aymaq faktori’ xojali’qti’n’ aymaqli’q qurami’na qanday ta’sir yetedi?
3. Ekonomikali’q-geografiyali’q wori’n, ta’biyiy resurs ha’m transport faktorlari’ xojali’qti’n’ aymaqli’q qurami’nda qanday wo’zgerislerge sebep boladi’?
4. Miynet resurslari’ faktori’na baha berin’.
5. Basqa faktorlardi’n’ worni’ ha’m a’hmiyetin bahalan’.

## 16-§. Ja’ha’n xojali’g’i’ tarmaqlari’ geografiyasi’

### *Tayani’sh tu’sinikler*

**Sanaat, awi’l xojali’g’i’, transport, jumi’sshi’-xi’zmetkerler, jani’lg’i’-energetika sanaati’, awi’r sanaat, jen’il sanaat, azi’q-awqat sanaati’.**

Uluwma, xojali’q tarawlari’ ekonomikali’q ha’m socialli’q geografiyani’n’ yen’ tiykarg’i’ temasi’ yesaplanadi’. Bul yen’ iri tema ja’ha’n materialli’q wo’ndirisinin’ sanaat, awi’l xojali’g’i’, transport tarawlari’n ha’m ti’g’i’z baylani’sli’ bolg’an xali’qarali’q ekonomikali’q baylani’slar tarawlari’n qamti’p aladi’. Bul temalardi’ u’yreniw menen woqi’wshi’ ha’r bir xojali’q tarawi’ni’n’ turmi’sta tutqan worni’, rawajlani’wi’ ha’m jaylasi’w wo’zgeshelikleri, wolar-di’n’ qorshag’an wortali’qqa ta’siri haqqi’nda tu’sinik aladi’.

Sanaat materialli’q wo’ndiristin’ jetekshi tarawi’ yesaplanadi’. Wol ha’r qanday xojali’q tarawi’ni’n’ rawajlani’wi’n ta’miyinlew wo’zgesheliklerine iye. Ja’ha’nni’n’ barli’q sanaat tarawlari’nda 450 mln.nan

aslam jumi'sshi' ha'm xi'zmetkerler isleydi. Sanaatta ba'nt jumi'sshi'-xi'zmetkerler sani' boyi'nsha Qi'tay (64 mln. adam), AQSH (26 mln. adam) ha'm Rossiya (20 mln. adam) jetekshilik qi'ladi'. Son'g'i' ju'z ji'lli'qta sanaat wo'ndirisinin' ko'lemi du'nya ju'zi boyi'nsha 100 yeseden aslam wo'sti, bul wo'siwdin' 3/4 bo'legi XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'na — ITR da'wirine tuwri' keledi. Bar sanaat tarawlari'ni'n' rawajlani'w da'wiri ha'm a'hmiyeti boyi'nsha u'sh toparg'a bo'linedi.

***Birinshi toparg'a*** sanaatti'n' ***yeski tarawlari'*** kiredi. Bularg'a tas ko'mir, temir rudasi'n qazi'p shi'g'ari'w, metallurgiya, vagonsazli'q, elektrovoz-teplovozsazli'q, kemesazli'q, toqi'mashi'li'q kiredi. Wolar barli'q ma'mleketler ha'm poyaslarda wo'ndiris ku'shlerinin' rawajlani'wi'na ha'm jaylasi'wi'na u'lken ta'sir ko'rsetip kelmekte.

***Yekinshi toparg'a*** jan'a tarawlar dep atalatug'i'n avtomobilsazli'q, ren'li metallurgiya, plastmassalar, ximiyali'q talshi'qlar, samolyotsazli'q, stanoksazli'q usag'an tarawlar kiredi. Wolardi'n' a'hmiyeti du'nyada anag'uraqi'm joqari'.

***U'shinshi toparg'a*** yen' jan'a tarawlar kiredi. Bular mikroelektronika, elektron yesaplaw texnikasi', atom ha'm aerokosmonavtika, optika, organikali'q sintez ximiyasi', mikrobiologiya ha'm basqa tarawlar. Wolardi'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi ilimtalap tarawlar yekenliginde. Bul tarawlardi', a'dette, «joqari' texnologiya» tarawlari' da deydi ha'm ITR da'wirinin' do'rendisi boli'p yesaplanadi'.

Ha'zirgi da'wirde u'shinshi topar sanaat tarawlari' yen' tez ha'm turaqli' rawajlani'w pa'tine iye boli'p, AQSH, Yaponiya, Germaniya, Ulli' Britaniya, Franciya usag'an jetik rawajlang'an yellerde qayta islewshi sanaatti'n' uluwma wo'niminin' 35-40 % in bermekte. Usi' topar sanaat tarawlari'ni'n' ja'ne bir wo'zgesheligi wolardi'n', tiykari'nan, ekonomikali'q rawajlang'an ha'm jan'a industriyallasqan ma'mleketlerde rawajlang'anli'g'i'. Sonli'qtan, wolardi'n' ja'ha'n geografiyasi'na ta'siri toqtawsi'z arti'p barmaqta. Usi'ni'n' menen birge, sanaat a'dewir qospali' quramg'a iye.

Jani'lg'i'-energetika sanaati' tu'rli jani'lg'i' (neft, gaz, ko'mir ha'm basqalar) ha'm elektr energetika (ji'lli'li'q, gidro, atom elektr energetikasi') tarawlari'n wo'zinde birlestiredi.

Birlemshi energiya resurslari'n (neft, gaz, ko'mir, jani'wshi' slanec, torf ha'm basqalar) jer ju'zinde wo'ndiriw ha'm tuti'ni'w ko'lemi barg'an sayi'n arti'p barmaqta.

Tarawlardi'n' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri wo'nimlerdi islep shi'-g'ari'w ha'm tuti'ni'w geografiyasi' arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qti'n' u'lken-liginde. Buni'n' da'lili retinde cifrlarg'a qarap ko'reyik. Xalqi' 314 mln. adam bolg'an AQSH ja'ha'nnin' barli'q tu'rdegi birlemshi energiya resurslari'ni'n' 1/4 bo'legin tuti'ng'an bolsa, xalqi' 3 mlrd.

adamnan zi'yat rawajlani'p ati'rg'an yeller birgelikte mine sonsha energiya qurallari'nan g'ana paydalanbaqta. Yeger jer ju'zinde ha'r bir adamg'a wortasha ji'li'na 2 tonna sha'rtli jani'lg'i' tuwri' kelgen bolsa, bul ko'rsetkish AQSH ta 10 tonnag'a, al rawajlani'p ati'rg'an yellerde 0,7 tonnag'a tuwri' keledi.

*11-keste*

**2011-ji'lda gaz qazi'p shi'g'ari'w boyi'nsha ja'ha'ndegi jetekshi yeller**

| Yeller | Gaz qazi'p shi'g'ari'w, mlrd. $m^3$ | Yeller | Gaz qazi'p shi'g'ari'w, mlrd. $m^3$ |
|---|---|---|---|
| AQSH | 700 | Indoneziya | 87 |
| Rossiya | 670 | Niderlandiya | 80 |
| Kanada | 200 | Tu'rkmenstan | 72 |
| Ulli' Britaniya | 98 | O'zbekistan | 60 |
| Ja'ha'n boyi'nsha | 3000 | | |

XX a'sir dawami'nda ja'ha'nnin' jani'lg'i'-energetika balansi'nda (JEB) da u'lken ilgerilewler ju'z berdi. A'sirdin' birinshi basqi'shi'nda tiykarg'i' energetika qurali' retinde ko'mirden paydalani'lg'an. Bul da'wirde jer ju'zi JEB da ko'mirdin' u'lesi 1913-ji'ldag'i' 78% ten, 1950-ji'li' 55% ke shekem shi'qti'. Bul birinshi basqi'shti' ko'mir da'wiri dewge boladi'. A'sirdin' yekinshi yari'mi'nan baslap jer ju'zi JEB da yekinshi basqi'sh — neft-gaz da'wiri bas-landi'. Buni'n' tiykarg'i' sebebi, birinshiden, neft ha'm gazdin' qatti' jani'lg'i' tu'rleri, atap aytqanda, ko'mirge qarag'anda yen' na'tiyjeli energiya qurali' yekenligi; yekinshiden, wolardi'n' ko'p bag'darli' universal, soni'n' menen birge, sali'sti'rmali' ekologiyali'q jaqtan taza energetika qurali' yekenligi; u'shinshiden, qazi'p shi'g'ari'w rayonlari'nan tiykarg'i' tuti'ni'wshi' aymaqlarg'a wolardi' tasi'wdi'n' sali'sti'rmali' qolayli'g'i' boldi'. Ja'ha'n energetikasi' 80-ji'llardi'n' baslari'nan wo'z rawajlani'wi'ni'n' u'shinshi da'wirine qa'dem tasladi'. Bul da'wirde, tiykari'nan, tawsi'lmaytug'i'n ha'm ayi'ri'm worni' tiklenetug'i'n resurslardan energiya qurali' retinde izbe-iz ken'irek paydalani'wg'a wo'te basladi'.

**Neft sanaati'** jani'lg'i'-energetika tarawlari'ni'n' jetekshisi. Wol ko'p ta'repli energetika resursi' g'ana yemes, al soni'n' menen birge, organikali'q sintez ximiyasi'ni'n' tiykarg'i' shiyki zati' da boli'p tabi'ladi'. Sonli'qtan, woni'n' siyasiy-strategiyali'q a'hmiyeti de u'lken.

Neft ta'biyiy resurs retinde ju'da' a'yyem zamanlardan belgili. Sanaat tiyka-ri'nda neftti qazi'p shi'g'ari'w XIX a'sirdin' aqi'rg'i' sherekle-rinen ko'beydi.

Neft qazi'p shi'garatug'i'n ma'mleketler sani' tez ko'beydi. Ha'zirgi waqi'tta jer ju'zinin' 80 nen aslam yellerinde neft qazi'p shi'g'ari'lmaqta. Yen' a'hmiyetli ta'repi sonda, ja'ha'nnin' neft qorlari'ni'n' 86 % i ha'm qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' 48 % ke jaqi'ni' rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler u'lesine tuwri' keledi.

*12-keste*

**2011-ji'lda neft qazi'p shi'g'ari'w boyi'nsha ja'ha'ndegi jetekshi yeller**

| Yeller | Neft qazi'p shi'g'ari'w, mln.t | Yeller | Neft qazi'p shi'g'ari'w, mln.t |
|---|---|---|---|
| Saudiya Arabstani' | 500 | Venesuela | 200 |
| AQSH | 450 | Meksika | 150 |
| Rossiya | 420 | Qi'tay | 150 |
| Iran | 250 | O'zbekistan | 5 |
| Ja'ha'n boyi'nsha | 4200 | | |

Ja'ha'nde neftti qazi'p shi'g'ari'w ha'm eksport yetiwde OPEK (neftti eksport yetiwshi yeller sho'lkemi, wog'an Aljir, Liviya, Irak, Kuveyt, Katar, Saudiya Arabstani', BAA', Indoneziya, Nigeriya, Gabon, Venesuela, Ekvador ma'mleketleri ag'za) yelleri a'hmiyetli rol woynamaqta. Bul yeller topari' jer ju'zinde ani'qlang'an neft qorlari'ni'n' 80 % ine, al qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' bolsa 50 % ten aslam bo'legine iyelik yetpekte.

Du'nyada neftke yen' bay aymaq Persiya qolti'g'i' jag'asi'nda jaylasqan yeller yesaplanadi'. Tek mine usi' yellerdin' jer qabati'nda ja'ha'n neft qorlari'ni'n' 2/3 bo'leginen ko'biregi toplang'an ha'm wolar qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' 1/4 bo'leginen ko'biregin bermekte. Neftti import qi'li'wshi' yeller qatari'na AQSH (250 mln. t.), Yaponiya, Qi'tay ha'm Evropa Awqami' ma'mleketleri kiredi.

Jer ju'zinde qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' 26 % ke jaqi'ni' ten'iz sayi'zli'qlari'nan qazi'p shi'g'ari'lmaqta. Usi' jol menen neft qazi'p shi'g'ari'p ati'rg'an ma'mleketlerdin' sani' 50. Ayi'ri'm poyas ha'm ma'mleketlerde ten'iz neftinin' u'lesi ayri'qsha joqari', atap aytqanda, bul ko'rsetkish Bati's Evropada 90% ti, Lati'n Amerikasi'nda 50% ten ko'biregin quraydi'.

Gaz sanaati'ni'n' ja'ha'n JEB dag'i' u'lesi 22 % ti quraydi'. Ta'biyiy gaz jani'lg'i' tu'rleri arasi'nda ekologiyali'q jaqtan yen' tazasi' sanaladi'. Jaqi'n waqi'tlarg'a shekem bul sanaat tarmag'i', tiykari'nan ekonomikali'q rawajlang'an yellerge ta'n yedi. Son'g'i' ji'llari' gaz sanaati'ni'n' a'hmiyeti rawajlani'p ati'rg'an yellerde de ku'sheyip

barmaqta. Ha'zirgi waqi'tta ta'biyiy gaz qorlari' mug'dari' boyi'nsha jer ju'zinde Rossiya, Iran, Katar, Tu'rkmenstan ma'mleketleri jetekshilik yetedi. Al, gazdi qazi'p shi'g'ari'wda Rossiya, AQSH Kanada, Niderlandiya, O'zbekistan ma'mleketlerinin' ko'rsetkishleri joqari'. Jer ju'zi boyi'nsha gazdi eksport yetiw ko'lemi boyi'nsha Rossiya, Niderlandiya, Kanada, Indoneziya, Aljir, Tu'rkmenstan yelleri aldi'nda barmaqta. Uluwma, jer ju'zi boyi'nsha qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an gazdin' 15% i si'rtqi' bazarg'a shi'g'ari'lmaqta. Gazdi import yetiw boyi'nsha Germaniya, AQSH, Yaponiya, Franciya, Italiya ma'mleketleri aji'rali'p turadi'. Qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an gazdin' 15% inen ko'biregi ten'iz sayi'zli'qlari'nan ali'nbaqta ha'm wolardi'n' salmag'i' barg'an sayi'n arti'p barmaqta.

**Ko'mir** sanaati' ja'ha'n energetikasi' qurami'nda ayri'qsha a'hmiyetke iye. Bul taraw 60 tan aslam yellerde bar boli'p, ko'birek rawajlang'an yellerde u'lken salmaqqa iye. Ha'zirgi waqi'tta qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an ko'mirdin' tiykarg'i' tuti'ni'wshi'si' ji'lli'li'q yelektr stantsiyalari' yesaplanadi'. Sonli'qtan, okislenetug'i'n ko'mirge sali'sti'rg'anda energetikali'q ko'mir qazi'p shi'g'ari'wg'a talap barg'an sayi'n ku'sheyip barmaqta. Itibarli' ta'replerinin' biri sonnan ibarat, qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an ko'mir, tiykari'nan, sol ma'mleketlerdin' wo'zinde paydalani'ladi'. Son'g'i' ji'llari' qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an ko'mirdin' 10% i g'ana eksportqa shi'g'ari'lmaqta.

*13-keste*

**2011-ji'lda tasko'mir qazi'p shi'g'ari'w boyi'nsha ja'ha'ndegi jetekshi yeller**

| Yeller | Tasko'mir qazi'p shi'g'ari'w, mln. t | Yeller | Tasko'mir qazi'p shi'g'ari'w, mln. t |
|---|---|---|---|
| Qi'tay | 1400 | Avstraliya | 300 |
| AQSH | 1000 | Rossiya | 270 |
| Hindistan | 320 | Germaniya | 240 |
| QAR | 320 | Polsha | 200 |
| Ja'ha'n boyi'nsha | 5000 | | |

Jer ju'zi ko'mir qorlari'ni'n' tiykarg'i' bo'legi arqa yari'm sharda— Rossiya, AQSH, Qi'tay, Germaniya, Hindistan, Polsha, Qazaqstan aymaqlari'nda jaylasqan. Al qubla yari'm sharda bolsa bul ma'selede Avstraliya ha'm QAR jaqsi'raq jag'dayg'a iye. Ko'mirdi ko'p qazi'p shi'g'ari'wda Qi'tay, AQSH Avstraliya, Polsha, Germaniya da'slepki wori'nlardi' iyeleydi. Wolar birgelikte jer ju'zinde qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an ko'mirdin' 3/4 bo'legin bermekte. Al ko'mirdi import yetiwde

Yaponiya ayri'qsha aji'rali'p turadi', wol ji'li'na 110 mln. tonnag'a shekem ko'mir sati'p almaqta. Eksportqa shi'g'ari'li'p ati'rg'an ko'mirdin' 90 % i ten'iz jollari' arqali' tasi'lmaqta.

Ja'ha'n ha'm ma'mleketler ekonomikasi'ni'n' tayani'sh tarawlari'ni'n' biri elektr energetikasi' yesaplanadi'. ITR da'wirinde, a'sirese, ekonomikani' kompleksli elektrlestiriw ha'm avtomatlasti'ri'wdi'n' ku'sheyiwi elektroenergetika sanaati'ni'n' joqari' pa't penen wo'siwine ali'p keldi.

**Elektroenergetika sanaati'** elektr energiya islep shi'g'ari'w da'reklerine qarap 3 tarawg'a bo'linedi. Bular ji'lli'li'q, gidro ha'm atom elektroenergetika tarmaqlari'. Ja'ha'nde ha'zirgi waqi'tta shama menen 13,5-14 trln. kVt-s elektr energiya islep shi'g'ari'lmaqta. Woni'n' tiykarg'i' bo'legi AQSH (3600-3800 mlrd. kVt-s), Yaponiya (930-950 mlrd. kVt-s), Qi'tay, Rossiya, Kanada, Germaniya, Franciya, Koreya Respublikasi' u'lesine tuwri' keldi (O'zbekistanda 2008-ji'li' 49 mlrd. kVt-s elektroenergiya islep shi'g'ari'ldi'). Elektroenergiyani'n' 65% in rawajlang'an, 13% in wo'tiw ekonomikasi'na iye ha'm 22% in rawajlani'p ati'rg'an yeller islep shi'g'aradi'.

Barli'q elektroenergiyani'n' 60% ten aslami' ji'lli'li'q elektrostanciyalari'nda, 20% ke jaqi'ni' gidroelektrostanciyalarda, 17% ke jaqi'ni' atom elektrostanciyalari'nda ha'm qalg'ani' geotermal, qalqi'w, quyash, samal elektrostanciyalari'nda islep shi'g'ari'ladi'.

**Ji'lli'li'q elektroenergetikasi'** (JEE) neft-gaz, ko'mir ko'birek bolg'an yellerde a'sirese, jaqsi' rawajlangan. Bul taraw yelektr stantsiyalari'ni'n' tiykarg'i' jani'lg'i'lari' Bati's Evropa, Shi'g'i's Aziya, Arqa Amerika ha'm Avstraliyada — ko'mir, Arqa Karib ten'izi, Persiya qolti'g'i' boylari'nda jaylasqan yellerde bolsa gaz ha'm mazut yesaplanadi'. Ta'biyati' i'g'alli', batpaq Arqa tog'ay poyaslari'ndag'i' ayi'ri'm yellerde torf ta tiykarg'i' jani'lg'i' retinde paydalani'ladi'. Uluwma, elektroenergetikada JES lar salmag'i' yen' joqari' bolg'an ma'mleketler qatari'na Niderlandiya, QAR, Polsha ma'mleketleri kiredi. Wolarda JES lar salmag'i' 87-97 % ti quraydi'.

Gidroelektroenergetika (GEE) sanaati'ni'n' rawajlani'w da'rejesi, aymaqlarda tu'rlishe u'lkenlikte bolatug'i'n gidroenergiya resurslari'ni'n' qay da'rejede wo'zlestiriliwine baylani'sli'. Braziliya, Qi'tay, Rossiya, KDR gidroenergiya resurslari'na ju'da bay. Jer ju'zi yelektr yenergetikasi'nda GEE ler salmag'i' 20 % bolg'an halda bul ko'rsetkish Norvegiya, Braziliya, Ta'jikstan, Qi'rg'i'zstan ma'mleketlerinde 90 % ten artadi'.

**Atom elektroenergetika** (AEE) sanaati' islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an elektr energiyasi' salmag'i' boyi'nsha u'shinshi taraw yesaplanadi'. Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'nnin' 33 yelinde (tiykari'nan, rawajlang'an yeller) tu'rli quwatli'qtag'i' AES lar islep turi'pti'. Franciya, Yaponiya, Belgiya, Koreya Respublikasi'nda woni'n' u'lesi joqari'. Wolarda




*3-su'wret.*

wo'ndirilip ati'rg'an elektr energiyasi'ni'n' 54—72 % i AES larg'a tuwri' keledi.

Elektroenergiya da wo'nim (tovar) bolg'anli'g'i' sebepli wol xali'qarali'q ko'lemde aldi'-satti' qurali' boli'p kelmekte. Ha'zirgi waqi'tta elektr energiyasi'n eksport (Rossiya, Ukraina, Vengriya, Shveycariya, Kanada) ha'm import (Italiya, Niderlandiya, AQSH) yetetug'i'n ma'mleketler qa'liplesken.

Energiya qurallari'ni'n' ha'zirgi da'wirde turmi'sta kem paydalani'li'p kiyati'rg'anlari' da'stu'riy yemes energiya da'rekleri delinedi.

Da'stu'riy yemes energiya da'reklerinin' yen' isenimlisi jerdin' **ishki ji'lli'li'q yamasa geotermal energiyasi'** yesaplanadi'. Jer shari'ni'n' derlik barli'q aymaqlari' belgili da'rejede jerdin' ishki ji'lli'li'q energiyasi'na iye. A'sirese, jerdin' «jas» tektonikali'q rayonlari' bunday resurslarg'a a'dewir bay. Ekonomikali'q jaqtan jaqsi' rawajlang'an ha'm geotermal resurslarg'a bay yellerde da'slepki geotermal elektr stanciyalari' (GeoTES) AQSH (Kaliforniya), Rossiya (Kamshatka), Yaponiya, Italiya, Qi'tay, Meksika, Jan'a Zelandiya, Filippin usag'an, ha'mmesi boli'p 20 g'a jaqi'n yellerde bar. Al Islandiyada bolsa jerdin' ishki energiyasi'nan u'y-jay, jumi's wori'nlari' ha'm i'ssi'xanalardi' i'si'ti'wda ken' paydalani'lmaqta. Da'stu'riy yemes energiya da'reklerinen ja'ne biri **ten'iz suwi'ni'n' qalqi'wi'** energiyasi'nan ko'birek paydalani'w. Qalqi'w elektr stanciyalari' (QES) Franciya, AQSH, Kanada, Rossiya ha'm Qi'tayda g'ana bar. Ten'iz tolqi'ni' energiyasi' tiykari'nda isleytug'i'n birinshi elektr stanciyasi' Yaponiyada quri'lg'an.

**Quyash energiyasi'nan** paydalani'w da ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Ha'zirgi waqi'tta quyashli' ku'nler ko'p bolatug'i'n yellerde, atap

aytqanda, AQSH Yaponiya, Izrail, Kipr usag'anlarda quyash (gelio) quri'lmalardan paydalani'p, ko'plegen u'yler, i'ssi'xanalar, jumi's wori'nlari' i'si'ti'lmaqta. Ha'zirge shekem jer ju'zinde tek g'ana Franciya, Ispaniya, Italiya, Yaponiya, AQSH, Ukraina ma'mleketlerinde g'ana quyash elektr stanciyalari' quri'lg'an. O'zbekistan da usi'nday quri'lmag'a iye bolg'an ja'ha'ndegi az sanli' yellerdin' biri. Wondag'i' quyash quri'lmasi' ilimiy-izertlew islerine xi'zmet yetedi.

Ja'ne bir da'stu'riy yemes energiya da'regi **samal quwati'nan paydalani'w.** A'yyemnen insan tu'rli za'ru'rlikleri joli'nda samaldan paydalani'p kelgen. Ma'selen, jelqomli' ten'iz kemeshiligi, samal qarazlari' ha'm basqalar. ITR da'wirinde wonnan sanaat joli' menen elektr energiyasi'n payda yetiw ha'm paydalani'wg'a wo'te basladi'. Bul bag'darda AQSH, Daniya, Shveciya, Germaniya, Ispaniya, Greciya, Kanada usag'an rawajlang'an yellerde sezilerli na'tiyjeler qolg'a kirgizilgen.

Sonday-aq, **sintetikali'q jani'lg'i'ni'n'** tu'rleri de da'stu'riy yemes energiya da'reklerinen yesaplanadi'. Wol ko'mir, jani'wshi' slanec, neftli qumlar, ha'tte biomassalardi' qayta islew tiykari'nda ali'nadi'. Wolar gaz, uglevodorodli' suyi'q birikpeler, etil spirtin islep shi'g'ari'w arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Ta'biyat bunday resurslarg'a a'dewir bay ha'm wolardan ken' paydalani'w keleshek a'wladlardi'n' wazi'ypasi' boli'p yesaplanadi'.

Taw-ka'n sanaati' jer asti' qazi'lma bayli'qlari'n qazi'p shi'g'ari'w ha'm wolardi' da'slepki qayta islew (bayi'ti'w) tarawlari'n wo'zinde birlestiredi. Wolar jani'lg'i', metall, ruda yemes mineral bayli'qlar menen quri'li's materiallari'n qazi'p shi'g'ari'wshi' ha'm qayta islewshi tarawlarg'a baylani'sli'. Ja'ha'n xojali'g'i' tarawlari'n mineral shiyki zat penen ta'miyinlew, tiykari'nan, taw-ka'n sanaati'na baylani'sli'. Bul sanaat tarmag'i' mineral resurslar qazi'p shi'g'ari'wshi' barli'q ma'mleketlerde bar. Biraq, ja'ha'n mineral shiyki zatlari'ni'n' 2/3 bo'legi AQSH, Rossiya, Qi'tay, Avstraliya, Kanada, QAR ha'm ayi'ri'm basqa ma'mleketlerdin' u'lesine tuwri' keledi.

Usi'ni'n' menen birge, taw-ka'n sanaati' wo'nimlerin qazi'p shi'g'ari'w ha'm eksport yetiwde rawajlani'p ati'rg'an yellerdin' jag'dayi' da to'men yemes. Ha'r qi'yli' jer asti' qazi'lma bayli'qlari'n qazi'p shi'g'ari'w Aziyada — Hindstan, Indoneziya, Malayziya, Saudiya Arabstani'; Afrikada — KDR, Zambiya, Marokko, Nigeriya, QAR, Zimbabve, Botsvana; Lati'n Amerikasi'nda — Braziliya, Chili, Meksika, Venesuela usag'an yellerde ju'da' joqari'.

Uluwma, atlari' atalg'an yellerdin' derlik barli'g'i'nda qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an mineral resurslardi'n' wortasha 80—90% i da'slepki qayta islewden (bayi'ti'wdan) shi'g'ari'lg'annan keyin, jer ju'zlik bazarlarg'a jiberilmekte. Wolardi' sati'p ali'wda, tiykari'nan rawajlang'an yellerdin' qoli' ba'lent.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Qi'tay sanaati'nda AQSH qa qarag'anda 2,6 yeseden ko'p jumi'sshi' isleydi. Biraq, sanaati'ni'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha birneshe yese keyinde turadi'. Buni'n' sebepleri nede?
2. Energiya qurallari'n tuti'ni'wda AQSH ko'rsetkishlerin basqa yeller menen sali'sti'ri'n'.
3. XX a'sir dawami'nda jer ju'zinin' jani'lg'i'-energetika balansi'ndag'i' izbe-iz wo'zgerislerdi u'yrenin' ha'm sebeplerin tu'sindirip berin'.
4. Ne ushi'n neft sanaati' strategiyali'q a'hmiyetke iye bolg'an taraw yesaplanadi'? Tu'sindirip berin' ha'm jer ju'zi neft sanaati'nda rawajlani'p ati'rg'an ha'm rawajlang'an yeller worni'n talqi'lan'.
5. Gaz sanaati'ni'n' geografiyasi'n atlas materiallari'na qarap u'yrenin', ko'rsetkishlerdi talqi'lan'. Yen' iri gaz qazi'p shi'g'ari'wshi' (eksport) ha'm woni' tuti'ni'wshi' (import) ma'mleketlerdi ani'qlan'.
6. Ne sebepten jer ju'zinde son'g'i' ji'llari' okislenetug'i'n ko'mirge qarag'anda energetikali'q ko'mirdi qazi'p shi'g'ari'w ku'sheyip barmaqta?
7. Jer ju'zi elektroenergetika sanaati'ni'n' ishki tarawlari' qurami'nda ji'lli'li'q, gidro ha'm atom elektr energetikasi'ni'n' energiya islep shi'g'ari'wdag'i' qatnasi' qanday? 2. Energiya qurallari'n tuti'ni'wda AQSH ko'rsetkishlerin basqa yeller menen sali'sti'ri'n', wolardi'n' arasi'ndag'i' parqti' talqi'lan' ha'm sebeplerin tu'sindirip berin'.

## 17-§. Sanaat tarmaqlari' geografiyasi'

## METALLURGIYA SANAATI'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Sanaat, metallurgiya, mashinasazli'q, ximiya sanaati', tog'ay sanaati', cellyuloza-qag'az sanaati', jen'il sanaat.**

**Metallurgiya sanaati'** ja'ha'n xojali'g'i'n, tiykari'nan, konstrukciya si'yaqli' materiallar — qara ha'm ren'li metallar menen ta'miyinleydi. Ayi'ri'm yeller xojali'g'i'nda basqa ha'r tu'rli konstrukciya si'yaqli' materiallar, atap aytqanda, plastmassalardi'n' a'hmiyeti arti'p barati'rg'an bolsa da, wolar polatti'n' worni'n basa almaydi'. Sonli'qtan da, bul taraw ha'zirgi ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' a'hmiyetli negizgi tarawlari'nan yesaplanadi'.

Metallurgiya sanaati' wo'z gezeginde wo'z aldi'na qara ha'm ren'li metallurgiya sanaatlari'na bo'linedi.

**Qara metallurgiya** sanaati'ni'n' wo'zgesheliklerinin' biri, tiykarg'i' wo'nimleri yesaplanatug'i'n shoyi'n, polat ha'm prokat islep shi'g'ari'w procesinde ju'da' ko'p mug'dardag'i' temir rudasi', okislenetug'i'n ko'mir ha'm basqa ha'r qi'yli' resurslardi' paydalani'wi'. Sonli'qtan,

da'slepki ji'llari' taraw ka'rxanalari', tiykari'nan, iri okislenetug'i'n ko'mir ka'nleri aymaqlari'nda qa'liplesti. ITR da'wirinde tarmaqta jan'a wo'ndiris texnologiyasi'na wo'tiw arqali' temir rudasi' ha'm okislenetug'i'n ko'mirdi ja'ha'nnin' tu'rli poyaslari'nan ali'p keliw imkaniytlari' a'dewir ken'eydi. Na'tiyjede Bati's Evropa ma'mleketleri, Yaponiya, AQSH ti'n' ayi'ri'm qara metallurgiya ka'rxanalari' barg'an sayi'n ten'iz portlari' a'tirapi'nda jaylasti'ri'la basladi'.

Ja'ha'n qara metallurgiya sanaati'nda ha'zirgi waqi'tta shiyki zat resurslari'n jetkerip beriwshi, tayar metall wo'nimlerin islep shi'g'ari'wshi' ha'm wolardi' tuti'ni'wshi' yeller topari' payda bolg'an. Atap aytqanda, temir rudasi'n ja'ha'n bazari'na shi'g'ari'wda Braziliya, Avstraliya, Hindistan, QAR, Liberiya, Ukraina ma'mleketleri, polat islep shi'g'ari'wda Qi'tay, Yaponiya, Rossiya, AQSH Ukraina, Germaniya ma'mleketleri aji'rali'p turadi'. Jer ju'zinde ji'li'na 1 mlrd. t. temir rudasi' qazi'p ali'nadi'. Woni'n' tiykarg'i' bo'legi Qi'tay, Braziliya ha'm Avstraliyag'a tuwri' keledi (50—60%). Temir rudasi'n kop mug'darda import yetiwshi yeller—AQSH, Qi'tay, Ulli' Britaniya, Yaponiya, Germaniya, Koreya Respublikasi'. Tayar metall wo'nimlerin tuti'ni'wda bolsa, tiykari'nan, ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an yeller jetekshilik yetpekte. Jer ju'zinde wo'ndirilip ati'rg'an polatti'n' 80 % i rawajlang'an ma'mleketler u'lesine tuwri' keledi. Wolardi'n' u'lesi a'sirese joqari' sapali' qara metall wo'nimlerin tayarlawda ju'da' u'lken.

**Ren'li metallurgiya** sanaati' quramali' tarawlarg'a iye boli'p, wonlag'an tu'rdegi metallardi' (mi's, alyuminiy, cink, qorg'asi'n, volfram, alti'n, gu'mis, uran ha'm basqalardi') wo'ndiriwdi wo'z ishine aladi'. Jetekshi tarawi' —alyuminiy islep shig'ari'w.

Rawajlani'p ati'rg'an yeller ren'li metallurgiyada shiyki zat resurslari'n jetkerip beriwge, al rawajlang'an yeller bolsa tuti'ni'wg'a tayar ren'li metallar wo'ndiriwge qa'nigelesken. Ma'selen, mi's rudasi'n qazi'p shi'g'ari'w ha'm ja'ha'n bazari'na shi'g'ari'wda Woray-li'q Afrikadag'i' Zambiya ha'm Kongo Demokratiyali'q Respublikasi' jetekshilik yetedi. Wolardi'n' aymag'i' boylap «Mi's poyasi'» dep atalatug'i'n mi'sqa bay basseyn jatadi'. Bunday resurslarg'a bunnan basqa Shili, AQSH, Kanada a'dewir bay. Taza (rafinad) mi'sti' wo'ndiriwde bolsa AQSH, Yaponiya, Germaniya, Franciya usag'an rawajlang'an yeller jetekshilik yetpekte.

Usi'g'an usas jag'daydi' sali'sti'rmali' jen'illigi ushi'n qanatli' metall dep atalg'an alyuminiy sanaati'nda da ko'riwge boladi'. Qurami'nda alyuminiy metalli' bolg'an boksit, nefelin, alyunit rudalari'na yen' bay ma'mleket—Avstraliya, Gvineya, Yamayka, Braziliya. Biraq, tazalang'an alyuminiydi wo'ndiriw ha'm tuti'ni'wda AQSH, Yaponiya, Germaniya, Franciya, Ulli' Britaniya usag'an rawajlang'an yeller aji'rali'p turadi'.

## MASHINASAZLI'Q HA'M METALLDI' QAYTA ISLEW

Mashinasazli'q ha'm metalldi' qayta islew tarawi' islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an wo'nimler uluwma bahasi' boyi'nsha bul sanaat tarawlari' arasi'nda yen' irisi ha'm a'hmiyetlisi yesaplanadi'. Wog'an pu'tkil sanaat wo'nimi bahasi'ni'n' 35% tuwri' keledi. Wol tu'rli mashina ha'm texnologiyali'q u'skeneler, quramali' wo'lshew apparatlari' ha'm a'sbaplar, kompyuter texnikasi' ha'm raketa-kosmos texnikasi', bir so'z benen aytqanda, «iyneden samolyotqa» shekemgi ha'r qi'yli' wo'nimler islep shi'g'aradi'.

Mashinasazli'q jetekshi sanaat tarawi' si'pati'nda ishten jani'w dvigatellerinin' turmi'sqa yengizile baslag'an XVIII a'sirdin' aqi'rlari'nan baslap rawajlani'p kiyati'rg'ani'n jaqsi' bilesiz. Ha'zirgi waqi'tta bul tarawdi'n' aymaqli'q jaylasi'wi'na ha'm rawajlani'wi'na aldi'ng'i'day shiyki zat (metall, plastmassa, ayna ha'm basqalar) yemes, ko'binese maman ilimiy xi'zmetkerler ha'm jumi'sshi'-xi'zmetkerlerdin' jetkilikli boli'wi', transport ha'm tuti'ni'w faktorlari' ta'sir ko'rsetpekte.

Jer ju'zi ma'mleketleri mashinasazli'qti'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha ha'r tu'rli ko'rsetkishlerge iye. Wol rawajlang'an yellerde, joqari' da'rejede rawajlani'wg'a yerisken, al rawajlani'p ati'rg'an yellerde bolsa woni'n' ko'rsetkishleri a'dewir to'men.

Mashinasazli'qti'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha jer ju'zinin' to'rt poyasi' ayri'qsha aji'rali'p turadi'. Wolardi'n' yen' irisi **Arqa Amerika** poyasi'. Wondag'i' AQSH, Kanada ha'm Meksika ma'mleketleri u'lesine ja'ha'n mashinasazli'q wo'nimlerinin' 30 % i tuwri' keledi ha'm derlik barli'q tu'rdegi mashina ha'm u'skeneler islep shi'g'ari'ladi'.

Yekinshi poyas **Evropa Awqami'** ma'mleketleri boli'p, islep shi'g'aratug'i'n wo'nimlerinin' ko'lemi ha'm sapasi' jag'i'nan birinshi poyastan qali'spaydi'. Wol tiykari'nan, g'alaba mashinasazli'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesken.

Mashinasazli'qti'n' u'shinshi poyasi' Shi'g'i's ha'm Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri. Wol da'stu'riy mashinasazli'q wo'nimleri menen birge joqari' texnologiyag'a tiykarlang'an ilimtalap yesaplaw texnikasi' (radio-telemexanika, turmi's xi'zmeti texnikasi') wo'nimlerin islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesken. Bunda Qi'tay ha'm Yaponiyani'n' worni' yen' joqari'.

**G'MDA yelleri** jer ju'zinin' to'rtinshi mashinasazli'q poyasi'n quraydi'. Degen menen, poyas mashinasazli'qti'n' yen' a'hmiyetli wo'nimlerin islep shi'g'ari'w mu'mkinshiliklerine iye bolsa da, sapa ko'rsetkishleri boyi'nsha basqa poyaslardan keyinde turadi'.

A'sirese, ilimtalap mashinasazli'q tarawlari' sali'sti'rmali' tu'rde to'men rawajlang'an. Sonli'qtan, woni'n' jag'dayi' barg'an sayi'n pa'seyip barmaqta.

Barli'q rawajlani'p ati'rg'an yeller u'lesine du'nya mashinasazli'q wo'nimlerinin' 1/10 bo'legine jaqi'ni' tuwri' keledi. Biraq, ha'zirgi waqi'tta wolarda mashinasazli'q sanaati'ni'n' wo'siw pa'ti a'dewir joqari'. A'sirese, Braziliya, Hindistan, Argentina, Meksika, Aziyani'n' jan'a industrial ma'mleketlerinde (Koreya Respublikasi') bul boyi'nsha sezilerli tabi'slar baqlanbaqta. O'zbekistan wo'zinin' avtomobilsazli'q tarawi' arqali' du'nya bazari'na barg'an sayi'n turaqli' kirip barmaqta. Bul jag'day jaqi'n keleshekte wolardi'n' u'lesinin' wo'siwine ali'p keledi.

Geypara mashinasazli'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'wshi' yen' iri ma'mleketler qatari'nda rawajlang'an yeller menen birge, yendi rawajlani'p ati'rg'an yeller de barg'an sayi'n ko'zge taslanbaqta.

## XIMIYA HA'M NEFT-XIMIYA SANAATI'

Ximiya sanaati' ITR da'wirinde sanaatti'n' rawajlang'an tarawlari'nan biri. Wol XX a'sir dawami'nda wo'z aldi'na taraw si'pati'nda qa'liplesti ha'm yen' joqari' pa'tte rawajlani'wg'a yeristi. Ko'p si'patlari' boyi'nsha bul taraw mashinasazli'q sanaati'na usap ketedi. Wol da to'rt poyasta ha'r ta'repleme rawajlani'wg'a yerisken. Bular Evropa, Arqa Amerika, Shi'g'i's ha'm Qubla shi'g'i's Aziya ha'm G'MDA ma'mleketleri yesaplanadi'.

Ha'zirgi waqi'tta ja'ha'n ximiya wo'nimlerinin' 23—24% i Evropada islep shi'g'ari'lmaqta. Bul ko'rsetkish AQSHta 20 % ke, Yaponiyada 15% ke, Persiya qolti'g'i' poyasi'nda 7 % ke ten'. Wonda ha'm yekinshi poyas yesaplana-tug'i'n Arqa Amerikada (a'sirese AQSHta) ximiya sanaati'ni'n' derlik barli'q tarawlari', birinshi gezekte, neftti qayta islew ha'm neft-ximiyasi' ha'r ta'repleme rawajlang'an. U'shinshi poyasti'n' wo'zegi Yaponiya ha'm Qi'tay yesaplanadi'. Wolarda da organikali'q sintez ximiyasi'ni'n' sintetikali'q talshi'q, sintetikali'q kaushuk, polimerler ximiyasi' tarawlari' joqari' da'rejege iye. Buri'ng'i' Awqam ma'mleketlerinen ibarat to'rtinshi poyasta taw ximiyasi' ha'm tiykarg'i' ximiya tarmaqlari'ni'n' a'hmiyeti u'lken.

## TOG'AY, AG'ASHTI' QAYTA ISLEW HA'M CELLYULOZA-QAG'AZ SANAATI'

Tog'ay ha'm ag'ashti' qayta islew sanaati'ni'n' aymaqli'q jaylasi'wi' ko'pshilik jag'daylarda jer ju'zi tog'ay resurslari' geografiyasi'na usas boli'p qa'liplesken. XXI a'sir baslari'nda jer ju'zinde ji'li'na ja'mi 4 mlrd.$m^3$ ag'ash tayarlandi'. Soni'n' 2/3 bo'legine jaqi'ni' **Arqa tog'ay poyaslari'** u'lesine tuwri' keledi. Arqa tog'ay poyasi'nda, tiykari'nan, iyne japi'raqli' daraqlar wo'sip, wolardan ag'ash-taxta, cellyuloza-qag'az ha'm basqa wo'nimler islep shi'g'ari'ladi'. Bul poyasta jaylasqan Kana-

da, AQSH Rossiya, Finlyandiya, Shveciya ma'mleketleri tog'ay ha'm ag'ashsazli'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'wda xali'qarali'q qa'nigelesiwge iye. Bul ma'mleketler ag'ash-taxta ha'm cellyuloza-qag'az wo'nimlerin tayarlaw ha'm eksport yetiwde de yen' joqari' ko'rsetkishlerge iye. Bul boyi'nsha, Kanada ayri'qsha aji'rali'p turadi'. Wol jan basi'na ag'ash tayarlawda birinshi wori'nda turadi'. Wonda 1500 den aslam taxtay jari'w zavodlari' bar. Wol du'nyadag'i' yen' u'lken cellyuloza-qag'az kombinati'na iye. Bati'sta islenip ati'rg'an gazeta qag'azlari'ni'n' 40% i ha'm gazeta qag'azi' eksporti'ni'n' 60%i de usi' ma'mleket u'lesine tu-wri' keledi. Usi'ni'n' menen birge, jan basi'na qag'az islep shi'g'ari'wda Finlyandiya, Shveciya ha'm Kanada ma'mleketleri aldi'nda turadi'. Jer ju'zi boyi'nsha bul ko'rsetkish wortasha 45 kg di' quraydi'.

## JEN'IL SANAAT

Jen'il sanaat xali'qti'n' ku'ndelikli tuti'ni'w zatlari'n islep shi'g'a-ratug'i'n yen' iri taraw. Sonli'qtan, wol barli'q, atap aytqanda, rawajla-ni'p ati'rg'an yeller ekonomikasi'ni'n' a'hmiyetli tarmag'i' sanaladi'. Jen'il sanaatti'n' yen' jetekshi tarawlari' boli'p toqi'mashi'li'q, ayaq-kiyim ha'm tigiwshilik yesaplanadi'.

Toqi'mashi'li'q sanaati' bir ta'repten, sanaatti'n' yen' «yeski», al yekinshi ta'repten bolsa, ba'rha jan'alani'p ati'rg'an ha'm wo'sip bara-ti'rg'an tarawlari'nan yesaplanadi'.

Ha'zirgi waqi'tta jer ju'zi toqi'mashi'li'q sanaati'ni'n' bes iri poya-si' bar. Wolar **Shi'g'i's Aziya, Qubla Aziya, G'MDA ma'mleketleri, Evropa ha'm AQSH** yesaplanadi'. Wolarda toqi'mashi'li'q wo'nimlerinin' tiykarg'i' bo'legin jip-gezleme ha'm ximiyali'q talshi'qlardan toqi'li'p ati'rg'an gezlemeler quraydi'. Woni'n' a'hmiyeti sonda, bunday gezle-melerdin' uli'wma ko'lemi barg'an sayi'n arti'p barmaqta. Al, shayi', ju'n ha'm zi'g'i'r gezlemeler u'lesi bolsa kerisinshe, a'ste-aqi'ri'n ke-meyip barmaqta.

Uluwma, ha'zirgi waqi'tta ja'ha'n jen'il sanaati'ni'n' ko'pshilik taraw-lari' rawajlani'p ati'rg'an yellerde tez pa't benen wo'spekte. Usi'ni'n' na'tiyjesinde Qi'tay, Hindistan, Pakistan, Mi'sr usag'an yellerde islep shi'g'ari'lg'an gezlemeler, kiyim-kenshek, trikotaj wo'nimleri Arqa Amerika, Evropa, Yaponiya usag'an rawajlang'an yellerdin' ishki bazari'nda wo'z worni'n tapbaqta. Rawajlani'p ati'rg'an yellerdegi bunday na'tiyjelerdi wolarda: 1) miynet ku'shinin' a'dewir arzanli'g'i'; 2) toqi'mashi'li'q sanaati' shiyki zatlari'ni'n' (talshi'q) sali'sti'rmali' ko'pligi menen tu'sin-diriw mu'mkin. Ha'zirgi waqi'tta islep shi'g'ari'lg'an jip-gezlemenin' 30% i Qi'tay, 8-9% i Hindistan, AQSH, Yaponiya, Tayvan, Indoneziya, Pakistan, Italiya, Mi'srg'a, ju'n-gezlemenin' 15%i Qi'tay, 14%i Italiya, u'lken bo'legi Yaponiya, AQSH, Hindistan ha'm basqa yellerge tuwri' keledi.

***A'meliy jumi's***

1. «Atlas»tan paydalani'p ja'ha'nnin' iri sanaat woraylari'n jazi'wsi'z kartada belgilen'.
2. O'zbekistanda qaysi' sanaat tarawlari' rawajlang'an, qaysi'lari' rawajlabag'anli'g'i'n ani'qlan' ha'm usi' jag'daydi'n' tiykarg'i' sebeplerin da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Taw-ka'n sanaati'ni'n' rawajlani'wi'ndag'i' tiykarg'i' yellerdi ani'qlan'.
2. Qara ha'm ren'li metallurgiya sanaatlari' bir-birinen wo'zgeshelikleri nede?
3. Sabaqli'q temasi'ni'n' mag'li'wmatlari'nan paydalani'p ja'ha'n mashinasazli'q sanaati'ni'n' ha'zirgi geografiyasi'n u'yrenin'. Wonda tarawdi'n' to'rt iri rawajlang'an poyaslari' ha'm wolarda jaylasqan ma'mleketlerdi talqi'lan'..

## 18-§. Sanaat ha'm qorshag'an wortali'q

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Qorshag'an wortali'q, qorshag'an wortali'qti' pataslaw, taw-ka'n sanaati', elektr energetikasi' sanaati', iyis ha'm sulfat gazi, azot oksidi, ulgerod oksidi, benzopirin, qatti' zatlar.**

Sanaat – qorshag'an wortali'qti' pataslaytug'i'n taraw. Wol geografiyali'q qabi'qti'n' barli'q qatlamlari'na unamsi'z ta'sir ko'rsetpekte. Sanaat-wo'ndiristin' unamsi'z ta'siri tiykari'nan, yeki bag'darda a'melge aspaqta: 1) ta'biyiy bayli'qlardi' (mineral, jer, tog'ay, okean resurslari' usag'anlar) wo'zlestiriw bari'si'nda; 2) wo'ndiris procesinde.

Taw-ka'n sanaati' mineral ta'biyiy bayli'qlardi' wo'zlestiretug'i'n tiykarg'i' taraw. Wol ha'r qi'yli' jer asti' bayli'qlari'n qazi'p shi'g'ari'w ha'm wolardi' da'slepki qayta islew processinde qorshag'an wortali'qqa yen' ko'p zi'yan beredi. Mi'sali', 90-ji'llari' bir g'ana buri'ng'i' Awqam aymag'i'nda tawka'n sanaati' ka'rxanalari' iyelegen barli'q maydan ko'lemi 2,3 mln. ga dan zi'yat yedi. AQSH ta bunday maydanlar wonnan da u'lken bolg'an.

Ta'biyiy resurslardi' wo'zlestiriw procesinde gidroenergetika sanaati' sebebinen de qorshag'an wortali'qqa unamsi'z ta'sir ko'rsetilmekte. Wol elektr energetika sanaati'ni'n' basqa tarmaqlari'na sali'sti'rg'anda «taza»raq yesaplansa da, plotina, suw saqlag'i'shlar quri'li'wi' na'tiyjesinde ta'biyiy ten'salmaqli'li'qti'n' buzi'li'wi'na, xali'q jasap kelgen yamasa tog'aydan ibarat u'lken maydanlardi'n' suw asti'nda qali'p ketiwine sebepshi boladi'.

## 19-§. Awi’l xojali’g’i’ geografiyasi’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**Awi’l xojali’g’i’, diyqanshi’li’q, natural xojali’q, tovar xojali’g’i’, agrosanaat kompleksi, agrobiznes, da’nli yeginler, mayli’ yeginler, chay, kakao.**

Awi’l xojali’g’i’ materialli’q islep shi’g’ari’wdi’n’ yekinshi iri tarawi’ yesaplanadi’. Wol adamzat ja’miyetinin’ yen’ qa’dimgi xojali’q tarawi’ yesaplanadi’. Usi’ni’n’ menen birge, bul wo’ndiris tarawi’ barli’q da’wirlerde insanni’n’ ku’ndelikli tuti’ni’w wo’nimlerine bolg’an talaplari’n qanaat-landi’ratug’i’n tiykarg’i’ da’rek boli’p xi’zmet yetken. Sonli’qtan, du’nyada awi’l xojali’g’i’ ha’m woni’n’ menen baylani’sli’ bolg’an tog’ay, an’shi’li’q, bali’qshi’li’q xojali’qlari’ sho’lkemlestirilmegen bir de yel joq. Ha’zirgi waqi’tta bunday xojali’q tarawlari’nda ha’mmesi boli’p 1,2 mlrd.tan aslam adam jumi’s penen ba’nt.

Awi’l xojali’g’i’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ biri woni’n’ wori’nlardag’i’ ta’biyiy klimat sharayati’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenligi. Basqasha aytqanda, ta’biyiy klimat sharayati’ mu’mkinshilik berse g’ana belgili aymaqlarda biyday, sali’, paxta, miywe, shay usag’an wo’nimlerdi jetistiriw mu’mkin boladi’. Sonli’qtan, awi’l xojali’g’i’ni’n’ qurami’ ha’m tarawlari’ni’n’ jaylasi’w jag’dayi’ ha’r qi’yli’ boladi’. Islep shi’g’aratug’i’n wo’nimlerinin’ wo’zgesheliklerine qaray barli’q

*14-keste*

**Ja’ha’nnin’ yen’ rawajlang’an yellerde ekonomika ayi’ri’m sektorlari’ni’n’ JIO’ wo’ndirisindegi u’lesi (2012-j.)**

| Ma’mleketler | JIO’, % | Sanaat | Awi’l xojali’g’i’ | Xi’zmet ko’rsetiw tarawi’ |
|---|---|---|---|---|
| AQSH | 100 | 46,8 | 10,1 | 43,1 |
| Qi’tay | 100 | 28,1 | 0,8 | 71,0 |
| Yaponiya | 100 | 26,9 | 5,8 | 67,3 |
| Germaniya | 100 | 24,0 | 1,4 | 74,6 |
| Franciya | 100 | 18,5 | 1,7 | 79,8 |
| Braziliya | 100 | 22,1 | 1,2 | 76,7 |
| Ulli’ Britaniya | 100 | 21,6 | 0,7 | 77,7 |
| Italiya | 100 | 25,2 | 1,9 | 72,9 |
| Rossiya | 100 | 37,0 | 4,2 | 58,9 |
| Kanada | 100 | 27,1 | 1,9 | 71,0 |

awi’l xojali’q tarawlari’ yeki toparg’a: diyqanshi’li’q, zu’ra’a’tshilik ha’m sharwashi’li’qqa bo’linedi.

Sonday-aq, awi’l xojali’g’i’ rawajlani’w da’rejesi boyi’nsha yeki tu’rge bo’linedi. **Birinshisi, rawajlang’an tovar awi’l xojali’g’i’** boli’p, wonda islep shi’g’ari’latug’i’n wo’nimler bazar, birinshi gezekte, si’rtqi’ bazar ushi’n tayarlang’an boladi’. Bunday xojali’qlar jumi’si’ intensiv sho’lkemlestirilgen zamanago’y di’yqanshi’li’q ha’m sharwashi’li’q tarawlari’ boli’wi’ mu’mkin. **Yekinshisi, tiykari’nan, ishki xojali’q tuti’ni’wi’** ushi’n g’ana wo’nim islep shi’g’aratug’i’n, a’dette, kem paydali’ awi’l xojali’g’i’ yesaplanadi’. Bunday xojali’qlar buri’nnan ken’ taralg’anli’qtan, **da’stu’riy awi’l xojali’g’i’** dep te ataladi’. Wolarda jumi’s, a’dette, **ekstensiv** jag’dayda sho’lkemlesken boladi’. Ha’zirgi waqi’tta bunday artta qalg’an di’yqanshi’li’q xojali’qlari’ du’nyani’n’ rawajlani’p ati’rg’an ko’plegen yellerinde ken’ taralg’an.

Tovar awi’l xojali’g’i’ tiykari’nan, ekonomikali’q rawajlang’an yellerde ken’ rawajlang’an. A’dette, wolarda ITR jetiskenliklerinen jaqsi’ paydalani’wg’a yerisilmekte. Wo’ndiristi mexanizaciyalasti’ri’w, elektrlestiriw, ximiyalasti’ri’w da’rejesi wolarda ju’da’ joqari’. Bunday xojali’qlarda yendilikte jumi’slardi’ avtomatlasti’ri’wdi’ (tarawlarda normal agroklimat ha’m basqalardi’) jarati’wg’a u’lken itibar beriledi, mikroelektronika, selekciya, genetika, biotexnologiyani’n’ son’g’i’ jetiskenliklerin yengiziw tiykarg’i’ wori’ndi’ tutadi’. Wolarda agrar (lati’nsha awi’l xojali’g’i’ degendi an’latadi’) wo’ndirisi sanaat penen baylani’si’p ketken ha’m **agrosanaat xojali’qlari’na** aylang’an. Ko’plegen rawajlang’an yellerde son’g’i’ ji’llari’ fermerliktin’ wo’zine ta’n agrobiznes formasi’ ju’zege keldi.

Al, rawajlani’p ati’rg’an yellerde bolsa, tovar awi’l xojali’q wo’nimlerin jetistiriwge itibar berilip ati’rg’ani’na qaramastan, wolar yele da’stu’riy, tek g’ana wo’zleri ushi’n tuti’ni’w wo’nimlerin islep shi’g’ari’wshi’ tovar yemes xojali’q yelleri boli’p qalmaqta. Tovar yemes awi’l xojali’qlar negizinde ju’z millionlag’an mayda h’am worta xojali’qlar yesabi’nan du’zilgen. Wolar, a’dette, wo’zlerin g’ana azi’q-awqat ha’m basqa tuti’ni’w wo’nimleri menen ta’miyinlewge zordan hali’ jetiwi mu’mkin. Jer ju’zinin’ ayi’ri’m poyaslari’nda, atap aytqanda, Worayli’q ha’m Shi’g’i’s Afrika, Qubla ha’m Qubla-shi’g’i’s Aziya yellerinde yele de qos, ti’rma usag’an a’piwayi’ is qurallari’ menen ali’msaqtan qalg’an wo’ndiris texnologiyasi’nan paydalani’ladi’

## JA’HA’N DIYQANSHI’LI’G’I’

**Diyqanshi’li’q** awi’l xojali’g’i’ni’n’ jerge yegin yegip, zu’ra’a’t ali’w menen shug’i’llanatug’i’n yen’ tiykarg’i’ tarawi’ yesaplanadi’. Jer ju’zi diyqanshi’li’g’i’ wo’zinde wog’ada tu’rli tarawlardi’ birlestiredi.

Da'nli yeginler diyqanshi'li'qti'n' yen' iri tarawi' yesaplanadi'. Da'nli yeginler tu'ri a'dewir ko'p boli'p, jer ju'zi yegislik maydanlari'ni'n' wortasha yari'mi'nda (0,7 mlrd. ga) yegiledi. Da'n wo'nimleri xali'q azi'g'i'ni'n' tiykari' boli'p, zu'ra'a'ttin' uluwma ko'lemi 1,9 mlrd.tonnani' quraydi'.

Ja'ha'n da'n xojali'g'i'ni'n' yen' na'tiyjeli tu'rleri biyday, sali' ha'm ma'kke yesaplanadi'. Bular arasi'nda yen' a'hmiyetlisi — biyday. Woni'n' tiykarg'i' watani' Kishi Aziya, Jer Worta ten'izi boyi' ha'm Hindistan aymaqlari'.

Biyday du'nyani'n' derlik barli'q ma'mleketlerinde yegiledi ha'm uli'wma da'nli yeginler maydani'ni'n' 1/3 bo'legin iyelemekte. Jer ju'zinin' tiykarg'i' biyday ati'zlari' Jer shari'ni'n' birinshi «biyday belbawi'» yesaplanatug'i'n Arqa yari'm shardi'n' worta ken'likleri boylap taralg'an. Bul ken'liklerde jaylasqan AQSH, Kanada, Rossiya, Ukraina, Qazaqstan, Qi'tay jer ju'zinin' yen' iri biyday jetistiretug'i'n yelleri yesaplanadi'. Al, du'nyani'n' yekinshi biyday poyasi' bolsa Qubla yari'm shardi'n' worta ken'likleri boylap sozi'li'p jatadi' (4-su'wret). Wondag'i' biydayli' maydanlar Lati'n Amerikasi', Afrika ha'm Avstraliyani'n' Qubla aymaqlari' boylap jaylasqan. Bul poyasta jaylasqan Avstraliya ha'm Argentina ma'mleketleri de du'nyada biyday jetistiriwshi iri ma'mleketlerden yesaplanadi'. Xali'qti'n' jan basi'na yesaplag'anda yen' ko'p sapali' biyday jetistiriw ha'm woni' eksport yetiw boyi'nsha iri ma'mleket si'pati'nda Kanada ayri'qsha wori'n tutadi'. Ataqli' Arqa Amerika preriyasi'ni'n' joqari' ken'likleri boylap jaylasqan Vinnipeg qalasi' Kanadani'n' «biyday paytaxti'» yesaplanadi'.




*4-su'wret.*

Du'nya da'nli yeginleri arasi'nda zu'ra'a'ti ha'm a'hmiyeti boyi'nsha yekinshi wori'ndi' sali'gershilik iyeleydi.

**Du'nya da'nli yeginleri yegislik maydanlari'ni'n' qurami' to'mendegishe:** biyday — 30%; sali' — 28%; ma'kke — 25%; arpa — 9%; ju'weri — 3%; qara biyday — 2% ha'm basqa da'nli yeginler — 3%.

Du'nya xalqi'ni'n' yari'mi'na jaqi'ni'ni'n' tiykarg'i' awqati' gu'rishten tayarlang'an awqatlar. Sali' da'slep mi'n'lag'an ji'llar aldi'n Qi'tay ha'm basqa Shi'g'i's ma'mleketlerinde yegilgen ha'm a'ste-aqi'ri'n du'nyag'a taralg'an.

Sali' yeginlerinin' du'nyani'n' i'ssi' ha'm suw jetkilikli aymaqlari' boylap tarali'wi' woni'n' a'hmiyetli wo'zgesheligi yesaplanadi'. Ha'zirgi waqi'tta Shi'g'i's, Qubla ha'm Qubla-Shi'g'i's Aziya yelleri pu'tkil du'nya sali' zu'ra'a'tinin' 9/10 bo'legin jetistirmekte. Uluwma, du'nyadag'i' barli'q suwg'ari'latug'i'n yegislik maydanlardi'n' 2/3 bo'leginde sali' yegiledi.

Ja'ne bir a'hmiyetli da'nli yegin **ma'kke** yesaplanadi'. Woni'n' tiykarg'i' watani' Meksika. Ma'kke, negizinde da'ni ha'm paqali' ushi'n yegiledi.

AQSH ma'kke jetistiretug'i'n ma'mleketler arasi'nda ayri'qsha aji'rali'p turadi'. Woni'n' u'lesine jer ju'zinde jetistirilip ati'rg'an ma'kkenin' uli'wma zu'ra'a'tinin' 40 procentten ko'biregi tuwri' keledi. Du'nya ma'mleketleri arasi'nda ma'kke jetistiriwde Qi'tay, Argentina, Avstraliya, Vengriyani'n' da jag'dayi' a'dewir joqari'.

Xali'qti' azi'q-awqat wo'nimleri menen ta'miyinlewde may, tami'r miywe, sherbet, quwat beriwshi diyqanshi'li'q tarawlari' da a'hmiyetli.

Xali'q paydalanatug'i'n maydi'n' 2/3 bo'legi **soya, ayg'abag'ar, piste, shigit** ha'm basqalardan ali'nadi'. Soya jetistiriwde — AQSH (du'nya soyasi'ni'n' yari'mi'), Braziliya, Argentina, Qi'tay; piste jetistiriwde — Hindstan; ayg'abag'ar jetistiriwde — Rossiya, Ukraina; zaytun jetistiriwde — Italiya, Ispaniya ayri'qsha aji'rali'p turadi'.

Tami'rli' miywelilerden **kartoshka** jetistiriwde Rossiya, Polsha, Qi'tay yen' iri yellerden yesaplanadi'. **Qant la'blebisi** tiykari'nan, qant-qumsheker ali'wda qollani'ladi' ha'm woni' jetistiriwde Ukraina, Franciya, Rossiya jetekshilik yetedi. **Qantqami'si'** Hindstan, Braziliya, Kubada ko'p jetistiriledi.

**Chay** (Hindstan, Qi'tay, Shri-Lanka), **kofe** (Braziliya, Kolumbiya, Meksika), **kakao** (Gvineya qolti'g'i'ndag'i' ma'mleketler) quwat beriwshi shi'pabag'i'sh yeginlerden yesaplanadi'.

Jer juzinde 80 nen aslam yelde paxta yegilip, ji'li'na wortasha 17—18 mln.t. talshi'q islep shi'g'ari'ladi'. Qi'tay, AQSH, Hindstan, Pakistan, O'zbekistan yen' ko'p paxta jetistiretug'i'n ma'mleketlerden yesaplanadi'. Paxta talshi'g'i'n eksport yetiwde bolsa AQSH, Pakistan, O'zbekistan jetekshilik yetedi.

### A'meliy jumi's

1. «Atlas»tan jazi'wsi'z kartag'a da'nli ha'm mayli' yeginler tarqalg'an aymaqlardi' tu'sirin'..

### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Awi'l xojali'g'i' wo'ndirisinin' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri nede? Tovar awi'l xojali'g'i' ha'm da'stu'riy awi'l xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' parqi' nede ko'rinedi?
2. Sabaqli'qti'n' temasi' mag'luwmatlari'nan paydalani'p, da'nli yegislik maydanlardi'n' qurami'n talqi'lan'. Tiykarg'i' da'nli yeginlerden biyday, sali' ha'm ma'kke yen' ko'p yegiletug'i'n yellerdi tabi'n'.
3. Sabaqli'q tekstinen paydalani'p, wo'z «watan»lari'n almasti'rg'an ha'm basqa yellerde en' ko'p wo'nim berip ati'rg'an diyqanshi'li'q yeginlerin birme-bir yesapqa ali'n'. Wolardi'n' payda bolg'an «watan»i' ha'm ha'zirgi waqi'tta yen' ko'p rawajlang'an yellerin ani'qlan' ha'm talqi'lan'.

## 20-§. Ja'ha'n sharwashi'li'g'i' ha'm bali'qshi'li'g'i'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Sharwashi'li'q, bali'qshi'li'q, qaramalshi'li'q, qoyshi'li'q, shoshqashi'li'q, qusshi'li'q, palha'rreshilik, tu'yeshilik.**

Sharwashi'li'q ja'ha'n xalqi'ni'n' ku'ndelikli paydalanatug'i'n yen' tiykarg'i' wo'nimleri (go'sh, su't, ma'yek, pal usag'anlar), al sanaat ushi'n bolsa a'hmiyetli shiyki zatlardi' (teri, ju'n, pille, iylengen teri usag'anlar) jetkerip beredi. Sharwashi'li'q, qoy ha'm shoshqashi'li'q, ji'lqi'shi'li'q, tu'yeshilik, qusshi'li'q, palha'rreshilik, pilleshilik usag'an tarawlarg'a bo'linedi. Wolar du'nyani'n' barli'q poyaslari'nda tu'rli sharayatta bag'i'ladi'.

Sharwashi'li'qti'n' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri — mallar sani', a'dette, rawajlani'p ati'rg'an yellerde, wolardan ali'natug'i'n wo'nimler ko'lemi bolsa rawajlang'an yellerde ko'birek.

Xali'q tuti'ni'wi'ndag'i' barli'q go'shtin' 1/3 bo'legin ha'm su'ttin' 9/10 bo'legin qara mallar jetkerip beredi. Du'nyada wolardi'n' uluwma sani' 1,3 mlrd. bas boli'p, yari'mi'nan ko'bi Evraziya yellerinde bag'i'ladi'. Qara mallar sani' boyi'nsha Hindistan AQSH, Braziliya, Qi'tay ha'm Argentina aji'rali'p turadi'.

Sharwashi'li'qti'n' intensiv tarawlari'ni'n' biri shoshqashi'li'q yesaplanadi'. 900 mln. bastan zi'yat bolg'an bul taraw du'nya xalqi' paydalanatug'i'n go'shtin' 2/5 bo'legin jetkerip bermekte. Shoshqashi'li'q, musi'lman ma'mleketlerin yesaplamag'anda, ja'ha'nnin' xalqi' ti'g'i'z jaylasqan aymaqlarda yen' ko'p taralg'an. Shoshqashi'li'qtin' derlik

yari'mi' Qi'tay u'lesine tuwri' keledi. Keyingi wori'nlarda AQSH, Braziliya ha'm Evropani'n' iri ma'mleketleri turadi'.

Qoyshi'li'q (1,2 mlrd. bas) jer ju'zinin' wot-sho'plerge bay ken' jaylawli' aymaqlari' boylap ken' taralg'an. Qa'nigelesiwi boyi'nsha mami'q ha'm yari'm mami'q ju'nli qoyshi'li'q klimati' jumsaq, i'g'ali'raq dala ha'm yari'm sho'l poyaslarda; teri ha'm go'sh beretug'i'n qoyshi'li'q, atap aytqanda, qarako'l qoyshi'li'g'i' bolsa qurg'aq yari'm sho'l ha'm sho'l poyaslarda ko'p bag'i'ladi'.

Qoylar sani' boyi'nsha Avstraliya (165 mln), Qi'tay (110 mln.), Jan'a Zelandiya (85 mln), Rossiya (58 mln) ma'mleketleri ja'ha'nde yen' irisi yesaplanadi'. Ja'ha'nde yen' intensiv rawajlang'an qoyshi'li'q Avstraliya ha'm Jan'a Zelandiyada qa'liplesken. Wolar du'nya bazari'na yen' ko'p qoy go'shi, ju'n ha'm teri jetkerip bermekte.

Son'g'i' ji'llari' sharwashi'li'qti'n' jer ju'zi boyi'nsha tez rawajlani'p barati'rg'an iri tarawlari'nan ja'ne biri — qusshi'li'q yesaplanadi'. Wol xali'q tuti'ni'wi'nda u'lken wori'n tutatug'i'n dietali'q go'sh (barli'q paydalanatug'i'n go'shtin' 20 % i) ha'm ma'yek jetistiriwde tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Bul taraw intensiv rawajlani'w wo'zgesheligine iye boli'p, ekonomikali'q rawajlang'an yellerde ken' taralg'an. Sonday-aq, sharwashi'li'qti'n' pilleshilik (Qi'tay, Yaponiya, O'zbekistan, Ispaniya, Italiya usag'anlar), tu'yeshilik (sho'l ha'm yari'm sho'l poyastag'i' ma'mleketler), suwi'n wo'siriw (Rossiya, Kanada) usag'an tarawlari' da u'lken a'hmiyetke iye.

Bali'q ha'm basqa ten'iz wo'nimleri insan salamatli'g'i' ushi'n za'ru'r bolg'an belok ha'm basqa biologiyali'q aktiv birikpelerge bayli'g'i' menen a'hmiyetli. Ha'zir jer ju'zinde belokqa bolg'an talapti'n' 25% in bali'qshi'li'q qanaatlandi'rmaqta. Bali'q awlaw ko'lemi son'g'i' ji'llari' 110 mln.t.ni' quramaqta. Bali'q awlaw menen is ju'zinde suw basseynlerine iye bolg'an ja'ha'nnin' derlik barli'q ma'mleketlerinde shug'i'llanadi'. Jer ju'zi boyi'nsha xali'qti'n' jan basi'na wortasha 17—18 kg. bali'q wo'nimi paydalani'lg'an bolsa, Yaponiyada bul ko'rsetkish 40—50 kg.di', Nepalda 0,2 kg.di' quraydi'. Jer ju'zinin' 15 mln. xalqi' ha'zirgi waqi'tta bali'qshi'li'q penen shug'i'llanadi'. Awlani'p ati'rg'an bali'q wo'nimlerinin' 1/2 bo'legi Yaponiya, Qi'tay, AQSH, Chili, Peru ha'm Rossiya ma'mleketleri u'lesine tuwri' keledi.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartada «Atlas»tan paydalani'p, sharwashi'li'qti'n' tiykarg'i' tarawlari' rawajlang'an aymaqlardi' belgilen'.

2. Bali'q awlaw boyi'nsha du'nyadag'i' jetekshi yellerdin' dizimin da'pterin'izge ko'shirip ali'n'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Sabaqli'q tekstinin' mag'li'wmatlari'nan paydalani'p, sharwashi'li'qti'n' tiykarg'i' tarawlari'n ani'qlan', wolardi'n' sharwashi'li'q wo'nimlerin jetistirip beriwdegi worni' ha'm ko'lemine baha berin'.
2 Qara malshi'li'q yen' ko'p rawajlang'an yellerdi ani'qlan', wolardi'n' sani' ha'm hasi'ldarli'q ko'rsetkishlerin sali'sti'ri'n' ha'm juwmaq shi'g'ari'n'.
3 Shoshqashi'li'q jer ju'zinin' qaysi' yellerinde jaqsi' rawajlang'an? Wol ne ushi'n barli'q yellerde ten' rawajlanbag'an?
4 Qoyshi'li'q yen' ko'p rawajlang'an yellerdi ani'qlan'.

## 21-§. Ja'ha'n transporti'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Transport, temir jol transporti', avtomobil transporti', qubi'r transporti', suw transporti', hawa transporti', ten'iz transporti'.**

Transport ja'ha'nnin' materialli'q wo'ndiris tarawlari'ni'n' u'shinshi a'hmiyetli tarawi'. Wol sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' tarawlari'nan pari'qli' tu'rde wo'nim islep shi'g'armasa da, wo'ndiristin' rawajlani'wi'nda ju'da' u'lken a'hmiyetke iye.

Tez rawajlani'p barati'rg'an ja'ha'n transporti' quramali' ha'm wo'zine ta'n tarawlar sistemasi'n quraydi' (10-su'wret). Wolar **qurg'aqli'q** (temir jol, avtomobil ha'm qubi'r), suw (ten'iz ha'm da'rya) ha'm **hawa transporti'** tarawlari'na bo'linedi.

Transportti'n' tiykarg'i' tarawlar topari' to'mendegiler:

**Qurg'aqli'q transporti' tarawi'** qatari'na avtomobil, temir jol ha'm qubi'r transporti' kiredi.

**Avtomobil transporti'** yen' na'tiyjeli, kem-kemnen (dinamikali'q) wo'sip barati'rg'an taraw. XX a'sir baslari'nan payda bolg'an bul transport ha'zirgi waqi'tta ja'ha'nnin' barli'q yellerinde yen' ko'p ha'reket qurali' boli'p qaldi'. Woni'n' yen' a'hmiyetli ta'repi — ju'klerdi ma'nziline — «yesikten-yesikke» shekem jetkerip beriwinde.

Avtomobil jollari'ni'n' uzi'nli'g'i' ha'zir 24,5 mln. km di quraydi'. Woni'n' 1/4 bo'leginen ko'biregi AQSH, ja'ne sonsha jol Hindistan, Yaponiya, Qi'tay ha'm Rossiya u'lesine tuwri' keledi. Ja'ha'nde 600 mln. nan aslam tu'rli avtomobiller boli'p, wolardi'n' 4/5 bo'legi Bati'sti'n' rawajlang'an yellerine tiyisli. Bir g'ana AQSH ta du'nya avtomobillerinin' 30 % inen ko'biregi ha'reket yetpekte.

**Temir jol transporti'** qurg'aqli'qta ju'k tasi'w aylani'si' boyi'nsha yen' iri taraw. Bunda woni'n' salmag'i', a'sirese rawajlani'p ati'rg'an

yellerde joqari'. Ha'zirgi waqi'tta jer ju'zi temir jollari'ni'n' uli'wma uzi'nli'g'i' 1,2 mln. km. di quraydi'. Biraq, temir jollar ja'ha'n yellerinin' tek g'ana 140 i'nda boli'p, jollar uluwma uzi'nli'g'i'ni'n' yari'mi' AQSH, Kanada, Rossiya, Hindstan, Qi'tay, Germaniya, Argentina, Avstraliya, Franciya, Braziliyadan ibarat «birinshi wonli'q» yelleri u'lesine tuwri' keledi. Temir jollar Evropada yen' ti'g'i'z, al rawajlani'p ati'rg'an yellerde bolsa ju'da' siyrek. Bunnan ti'sqari', temir jol transporti'ni'n' rawajlani'w da'rejesin wolardi'n' elektrlestirilgen ha'm jan'a texnika (hawa dasti'g'i', magnit ha'm elektrodinamika) qurallari'nan paydalana ali'w imkaniyatlari' da belgileydi. Bati's Evropa, Yaponiya, AQSH da temir jollar ITR ni'n' son'g'i' jetiskenlikleri tiykari'nda quri'lg'an. Franciya, Yaponiyada poezdlar saati'na 280—350 km/s tezlikke shekem ha'reket yetpekte, al ayi'ri'm Afrika yellerinde bolsa yelege shekem parovozlar xi'zmetinen paydalani'p kelinbekte.

**Qubi'r transporti'** du'nyani'n' neft ha'm ta'biyiy gaz ko'p mug'darda qazi'p shi'g'ari'latug'i'n ha'm wolardi' paydalanatug'i'n yellerinde, ayri'qsha rawajlang'an. Jer ju'zi neft ha'm gaz qubi'rlari'ni'n' uluwma uzi'nli'g'i' 1,5 mln. km den ibarat. Bul ko'rsetkish ji'ldan-ji'lg'a wo'sip barmaqta. Tiykarg'i' neft qubi'rlari' tarawi' neft qazi'p shi'g'ari'wshi' ha'm woni' tuti'ni'wshi' iri ma'mleketlerde (AQSH, buri'ng'i' Awqam yelleri, Kanada, Qi'tay ha'm basqalar), neft eksport yetiwshi (Saudiya Arabstani', Irak, Iran, Aljir, Liviya, Meksika, Venesuela) ha'm tuti'ni'wshi' (Franciya, Italiya) ma'mleketlerinde bar. Tiykarg'i' gaz qubi'rlari' sistemasi' bolsa derlik tek g'ana rawajlang'an yellerde quri'lg'an. Wolar AQSH, buri'ng'i' Awqam yelleri, Germaniya, Kanada, Niderlandiya ha'm basqalar.

**Suw t**ransporti' ten'iz ha'm da'rya transporti' tarawlari'n wo'zinde birlestiredi.

Ten'iz transporti' jer ju'zi transport sistemasi'nda ayri'qsha wori'n tutadi'. Bul taraw, aldi' menen, bir-birinen bo'lek ha'm uzaqta jaylasqan materik ha'm kontinentlerdi baylani'sti'ri'wshi', xali'qarali'q miynet bo'listiriliwin a'melge asi'ratug'i'n qural si'pati'nda a'hmiyetli. Sonday-aq, tiykari'nan ten'iz transporti' mi'n'lag'an tonna ju'kti uzaq arali'qlarg'a tasi'ytug'i'n bolg'anli'qtan, basqa transport tarawlari'na qarag'anda xi'zmetinin' wo'zine tu'ser bahasi' yen' arzang'a tu'sedi. Ha'r ji'li' barli'q xali'qarali'q ju'klerdin' wortasha 4/5 bo'legi ten'iz transporti'nda tasi'lmaqta.

Tiykarg'i' ten'iz jollari' tu'rli wo'nimlerdi islep shi'g'ari'wshi' ha'm wolardi' tuti'ni'wshi' ma'mleketler arasi'nda sho'lkemlestirilgen. A'dette, Afrika, Lati'n Amerikasi', Aziya, Avstraliyadan tu'rli sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' shiyki zatlari', tiykari'nan, Evropa, Yaponiya, Arqa Amerika yellerine, al wolardan bolsa xali'q ha'm xali'q xojali'g'i' ushi'n tu'rli tuti'ni'w wo'nimleri du'nyani'n' barli'q tuti'ni'wshi' aymaqlari'na jetkerip beriledi.

Ja’ha’n ten’iz transporti’ni’n’ rawajlani’wi’nda ha’m geografiyasi’nda ten’iz bug’azlari’ ha’m xali’qarali’q **kanallardi’n’** a’hmiyeti u’lken. Mine solar ja’ha’n ten’iz jollari’ni’n’ yen’ ko’p qatnaytug’i’n tu’yinleri yesaplanadi’.

Ten’iz bug’azlari’ arasi’nda yen’ u’lkeni La-Mansh bug’azi’ yesaplanadi’. Wol arqali’ bir ku’nde 500 ge shekem keme wo’tedi. Keyingi wori’nlarda turatug’i’n bug’azlar: Eresunn (Zond) — 175, Gibraltar — 200, Xormuz — 100, Malakka — 80, Bosfor — 40 qa shekem keme wo’tkeredi.

Ishki suw (da’rya, ko’l) transporti’ tarawlari’ wori’nlaytug’i’n jumi’si’ni’n’ ko’lemi boyi’nsha a’dewir kishi taraw yesaplanadi’. Da’rya ha’m ko’l transporti’ jollari’ni’n’ uzi’nli’g’i’ boyi’nsha du’nyada Rossiya, Qi’tay, AQSH, Braziliya ma’mleketleri aldi’nda turadi’. Biraq, bar mu’mkinshiliklerden paydalani’w ma’mleketlerdin’ ekonomikali’q rawajlani’w da’rejesine de ko’p jag’i’nan baylani’sli’. Sol sebepli, ha’zirgi waqi’tta ishki suw jollari’ arqali’ ju’k tasi’wda AQSH, Rossiya, Kanada ma’mleketleri jetekshilik yetpekte.

Ishki suw transportlari’nan paydalani’wda jer ju’zinin’ iri da’ryalari’ni’n’ roli u’lken. Bunday da’ryalar qatari’na Amazonka, Missisipi, Dunay, Volga, Yanczi, Kongo ha’m basqalar kiredi.

**Hawa transporti’** barli’q transport tarawlari’ arasi’nda ayri’qsha wo’zgeshe-liklerge iye yekenligi menen aji’rali’p turadi’. Basqa transport tarawlari’nan woni’n’ u’stinligi ju’k ha’m jolawshi’lardi’ uzaq arali’qlarg’a ju’da’ qi’sqa waqi’t ishinde jetkerdi. Sonli’qtan da, woni’n’ a’hmiyeti ba’rha’ arti’p barmaqta. Jer ju’zi boyi’nsha jolawshi’lar tasi’w ko’lemi son’g’i’ 50 ji’l ishinde 65 yesege shekem wo’sti. Hawa transporti’nda tasi’li’p ati’rg’an ju’k ha’m jolawshi’lardi’n’ 45 procenti ishki ha’m 55 procenti xali’qarali’q baylani’slar u’lesine tuwri’ keledi. Xali’qarali’q baylani’slar son’g’i’ da’wirlerde, a’sirese, Evropa menen Arqa Amerika ma’mleketleri arasi’nda jedel ju’rgizilmekte. Yesap-sanaqlarg’a qarag’anda, Atlantika okeani’ u’stinde bir waqi’tti’n’ wo’zinde ju’zden aslam hawa laynerleri ha’r yeki ta’repke qarap ha’reket yetedi.

### *A’meliy jumi’s*

Jazi’wsi’z kartada tiykarg’i’ temir joli’ ha’m ten’iz transporti’ bag’i’tlari’n sa’wlelendirin’. Da’pterin’izge keme qatnaytug’i’n da’ryalardi’n’ dizimin tu’sirin’.

### *?! Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Ja’ha’n transport tarawlari’ ha’m wolardi’n’ materikler menen yeller boylap rawajlani’w ko’rsetkishlerine baha berin’.
2. Temir jol transporti’ni’n’ rawajlani’w da’rejesin aymaqlar ha’m ma‘mleketler boyli’nsa talqi’lan’. Woni’n’ jaqsi’ rawajlang’an ha’m uluwma temir jol sali’nbag’an yellerdi ani’qlan’ ha’m sebebin talqi’lan’.

3. Ja'ha'n ten'iz ha'm da'rya transportlari'ni'n' geografiyasi'n sabaqli'q tekstinin' mag'luwmatlari'nan paydalani'p u'yrenin'. Wonda yen' ko'p qatnaytug'i'n bag'darlardi' ani'qlan' ha'm wolarda ko'birek qanday ju'kler tasi'li'wi'na itibar berin'.
4. Tiykarg'i' ten'iz portlari' ha'm wolardi'n' qa'nigelesiwin ani'qlan'. Si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slarda O'zbekistan qanday ten'iz portlari'nan paydalani'wi'g'a bolatug'i'ni'na itibar berin'.
5. Ja'ha'n avtomobil, qubi'r ha'm hawa transporti'ni'n' rawajlani'w jag'dayi' ha'm geografiyasi'n talqi'lan'. Bunda tarawlar boyi'nsha jetekshi yellerdi ani'qlan' ha'm talqi'lan'.

## 22-§. Xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slar

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slar, xali'qarali'q sawda, xali'qarali'q turizm.**

Ha'r qanday ma'mleket social-ekonomikali'q turmi'si'nda xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slar a'hmiyetli rol woynaydi'. Ha'tte, yen' rawajlan-g'an iri ma'mleketler de xali'qarali'q baylani'slarsi'z wo'ndiriste jaqsi' na'-tiyjege yerise almaydi'. Xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slar tek g'ana ma'mleketlerdin' ekonomikali'q-socialli'q rawajlani'wi'na g'ana yemes, al, xali'qarali'q ti'ni'shli'qti'n' bekkemleniwine de ha'r ta'repleme ja'rdem beredi.

Sonli'qtan, Bati'sti'n' rawajlang'an yelleri xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slardi' rawajlandi'ri'wda jetekshi wori'ng'a iye. A'sirese, ko'pshilik ra-wajlani'p ati'rg'an ma'mleketler ekonomikali'q qalaqli'g'i' sebepli to'mengi wori'nlarda turadi'. BMSH 70-ji'llarda-aq **jan'a xali'qarali'q ekonomikali'q ta'rtipler** bag'darlamasi'n qabi'l yetken yedi. Bag'darlama tiykari'nda xa-li'qarali'q ekonomikali'q baylani'slardi' a'dil ha'm ten' huqi'qli'li'q tiykari'nda du'ziw, wo'z ara hu'rmet ha'm ma'plerdi buzbawg'a qatan' a'mel yetiw bag'darlari' islep shi'g'i'lg'an.

**Xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slardi'n'** tayani'sh bag'darlari'ni'n' biri xali'qarali'q sawda yesaplanadi'. A'yyemnen socialli'q turmi'sta a'hmiyetli rol woynap kiyati'rg'an xali'qarali'q sawda ITR da'wirinde jan'a rawajlani'w basqi'shi'na kirdi. Xali'qarali'q sawdani'n' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri wonda tovarlar qurami', salmag'i' ha'm bag'darlari'ni'n' ba'rha wo'zgerip bari'wi'nan ibarat. 15-kesteden ko'rinip turg'ani'nday, jer ju'zilik bazarda, azi'q-awqat wo'nimlerin yesaplamag'anda da, xali'q ha'm wo'ndiris za'ru'rlikleri ushi'n tayar wo'nimler u'lesi tez wo'sip barg'an. Xali'qarali'q sawdani'n' a'hmiyetli talaplari'ni'n' biri islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an **wo'nimler sapasi'na** itibar beriliwi. Islep shi'g'ari'lg'an tovarlar jer ju'zilik standartlarg'a muwapi'q kelgende g'ana ayawsi'z ba'sekilerge shi'dam beriwi mu'mkin. Basqasha aytqanda, du'nyag'a belgili «Sony», «Xitashi», «Samsung», «Panasonik»,

*15-keste*

**Xali'qarali'q sawdadag'i' tovar wo'nimleri qurami' (% yesabi'nda)**

| Wo'nim tu'rleri | 1960-j. | 2012-j. |
|---|---|---|
| Shiyki zat ha'm yari'mfabrikat wo'nimleri | 15 | 9 |
| Azi'q-awqat ha'm awi'l xojali'q shiykizatlari' | 10 | 11 |
| Jani'lg'i' wo'nimleri | 30 | 19 |
| Tuti'ni'wg'a tayi'n wo'nimler | 45 | 61 |
| Ja'mi | 100 | 100 |

«Adidas», «Mersedes-Benz», «Boing» usag'an firma ha'm kompaniyalar islep shi'g'arg'an wo'nimlerdin' sapasi' ha'm tu'rleri bu'gingi ku'n talaplari'na juwap bergenlikten barli'q waqi'tta wo'simge yerispekte.

Ja'ha'n sawdasi' da geografiyali'q ha'r qi'yli'li'qqa iye. Bunda yeki bag'dar aji'rali'p turadi'. Ja'ha'n bazari'nda qatnasatug'i'n poyaslar, ma'mleketler, yag'ni'y Bati's Evropa, Arqa Amerika, geybir Shi'g'i's Aziya yelleri ha'm basqalar xali'qarali'q sawdag'a, tiykari'nan, joqari' texnologiya tiykari'nda islep shi'g'ari'lg'an tu'rli wo'ndiris qurallari' ha'm xali'q tuti'ni'w buyi'mlari'n jetkerip berse, Afrika, Aziya ha'm Lati'n Amerikasi' yelleri tu'rli jani'lg'i', mineral bayli'qlar, ha'r qi'yli' awi'l xojali'g'i' wo'nimlerinen ibarat shiyki zat wo'nimlerin shi'g'aradi'. A'sirese Persiya qolti'g'i' yelleri neft, Worayli'q ha'm Qubla Afrika menen Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri ren'li metall rudalari', Worayli'q ha'm Qubla Amerika ma'mleketleri tropikali'q diyqanshi'li'q wo'nimleri menen du'nya sawdasi'nda isshen' qatnasadi'.

Ja'ha'nnin' si'rtqi' sawdasi'nda Qi'tay, Germaniya, AQSH si'yaqli' ma'mleketler jetekshilik yetedi. Atap aytqanda, Qi'tay 50 mi'n'nan arti'q no-menklaturadag'i' tovarlardi' eksport yetedi. Wol du'nyada avtomobillerdi eksport yetiw boyi'nsha 1-wori'ndi' iyeleydi (2012-ji'l 17 mln mashina eksport yetti). AQSH avtomobiller (14 mln dana), aerokosnik telekommunikacion wo'nim, Germaniya ximiya wo'nimi, avtomobiller eksporti'nda jetekshilik yetedi. Mine sonday pikirdi basqa rawajlang'an ma'mleketler haqqi'nda da bildiriw mu'mkin.

O'zbekistan da ja'ha'nnin' sawda baylani'slari'nda wo'zine mu'na'sip worni'n iyelewge ha'reket yetpekte. Yen' a'hmiyetlisi, yelde keyingi ji'llarda shiyki zat eksporti'nan tayar wo'nim eksporti'na wo'tiwge ha'reket yetilmekte ha'm bul bag'darda u'lken unamli' wo'zgerisler birden ko'zge taslanadi'. Yelde eksport ko'lemi 2011-ji'li' 2010-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 13023,4 mlrd. AQSH dollari'nan 15021,3 mlrd. AQSH dollari'na ko'beydi yaki 115,3% ke wo'sti. Usi' ji'l ishinde paxta talshi'g'i'n eksport yetiw u'lesi 12,1 % ten 9,0% ke shekem qi'sqardi', mashina ha'm u'skeneler-

din’ eksporti’ bolsa 5,5% ten 6,6 % ke shekem wo’sti. Uluwma alg’anda ma’mleket g’a’rezsizliginin’ son’g’i’ 10 ji’li’ O’zbekistanni’n’ sawda baylani’slari’nda u’lken unamli’ wo’zgerislerge bay boldi’.

Xali’qarali’q ekonomikali’q baylani’slardi’n’ yen’ ken’ taralg’an iri tarawi’ xali’qarali’q turizm. Bul tarawdi’n’ rawajlani’wi’ xali’qarali’q ko’lemde, a’sirese, son’g’i’ won ji’lli’qlar ishinde wo’zinin’ yen’ joqari’ ko’rsetkishlerine yeristi. Xali’qarali’q turizmde qatnasqanlar sani’ 1950-ji’li’ 25 mln. adam bolg’an bolsa, ha’zirgi waqi’tqa kelip bul ko’rsetkish 900 mln. adamnan asi’p ketti. Turizm nobay da’ramat keltiretug’i’n taraw. Wonnan tu’setug’i’n ji’lli’q da’ramat mug’dari’ ja’ha’n boyi’nsha wortasha 850 mlrd. dollardan aslam. Ji’ldan-ji’lg’a ja’ha’nde turistler sani’ ha’m wonnan tu’setug’i’n da’ramat ko’lemi tez pa’t penen wo’sip barmaqta.

Xali’qarali’q turizm Evropa yellerinde ha’r ta’repleme rawajlang’an. Ja’ha’n turizminin’ 57 % i mine usi’ kontinent u’lesine tuwri’ keledi. Bul ko’rsetkish Aziyada 16, Arqa Amerikada 8 ha’m basqa yellerde 19 % ti quraydi’. Xali’qarali’q turizm rawajlani’p ati’rg’an yellerde de wo’sip barmaq-ta. Wolar u’lesine ja’ha’n turistlerinin’ 17 % i tuwri’ keledi. A’sirese, ta’biyiy ha’m tariyxi’y-ma’deniy rekreaciya resurslari’ ko’p Ispaniya, Franciya, Italiya, Greciya, AQSH usag’an yeller xali’qarali’q turizmnen yen’ ko’p payda ko’rmekte. Wonnan Kipr, Barbados, Bagam, Bermud, Seyshel atawlari’ usag’an «kurort atawlari’» da tiykarg’i’ da’ramatqa iye bolmaqta. Ispaniya, Franciya, Italiya, AQSHqa ji’li’na wortasha 30—50 mln. g’a ten’ turistler kelip ketpekte.

### *A’meliy jumi’s*

1. Jazi’wsi’z kartada xali’qarali’q sawdag’a ta’n tiykarg’i’ bag’darlardi’ tu’sirin’.
2. Da’pterin’izge xali’qarali’q turizmnin’ tiykarg’i’ woraylari’n jazi’p qoyi’n’.

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Jer ju’zi ekonomikali’q rawajlani’wi’nda xali’qarali’q ekonomikali’q baylani’slar qanday wori’n tutadi’? Woni’n’ tiykarg’i’ ta’sir jasawshi’ wo’zgeshelikleri nede? Xali’qarali’q ekonomikali’q baylani’slardi’n’ rawajlani’wi’nda rawajlang’an ha’m rawajlani’p ati’rg’an yellerdin’ qatnasi’wi’n mi’sallar menen talqi’lan’.
2. Sabaqli’q tekstinin’ mag’luwmatlari’nan paydalani’p, xali’qarali’q sawda geografiyasi’n u’yrenin’. Wondag’i’ tovar wo’nimleri qurami’ndag’i’ wo’zgerisler ha’m wolardi’n’ sebeplerin biliwge ha’reket yetin’.
3. Yerkin ekonomikali’q zona, xali’qarali’q ekonomikali’q qatnaslarda sawda balansi’, finans-kredit qatnaslari’, ilimiy-texnikali’q baylani’slari’, xali’qarali’q xi’zmet ko’rsetiw tu’siniklerin bilesiz be?
4. Ja’ha’nnin’ socialli’q turmi’si’nda ha’zirgi xali’qarali’q turizmnin’ a’hmiyetin si’patlap berin’.

# II BO’LIM



## JA’HA’NNIN’ REGIONAL SI’PATLAMASI’



## *6-tema.* Evropa ma’mleketlerinin’ uluwma si’patlamasi’

### 23-§. Aymag’i’, shegaralari’, geografiyali’q worni’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**Evropa, aymaq, region, regional, kontinent, materik, tegislik, pa’stegislik, qi’r, taw, ekonomikali’q jaqtan.**

Evropa kontinentinin’ maydani’ 10 mln. km$^2$ di quraydi’. Sonnan 5,9 mln. km$^2$ ge ten’ aymaqta (Rossiyadan ti’sqari’) Evropadag’i’ barli’q yeller, soni’n’ menen, buri’ng’i’ Awqam respublikalari’ jaylasqan. Rossiya Federaciyasi’ni’n’ pu’tkil aymag’i’ni’n’ 4,1 mln. km$^2$ ge ten’ bo’legi Evropa kontinentine tuwri’ keledi.

Evropa kontinenti Arqadan Qublag’a (Shpicbergen atawi’nan Jer Worta ten’izinde jaylasqan Krit atawi’na) shekem 5 mi’n’ km ge

ten'. Bati'stan Shi'g'i'sqa shekem (Portugaliyani'n' Atlantika okeani' jag'asi'nan Rossiyani'n' Ural tawlari'ndag'i' Evropa — Aziya kontinentleri shegarasi'na shekem) 6 mi'n' km ge sozi'lg'an.

Evropa xalqi' (Rossiya xalqi'n yesaplamag'anda) 2009-ji'l basi'nda 587 mln. adamdi' quradi' yamasa 1900-ji'lg'a sali'sti'rg'anda (300 mln.) derlik yeki yesege ko'beydi. Biraq, du'nya xalqi' sani'ndag'i' woni'n' salmag'i' XX a'sir ishinde 18% ten 8 % ke shekem kemeydi.

Evropa kishi kontinent bolsa da, woni'n' geografiyali'q worni' bul jerde ha'r qi'yli' klimat poyaslari' ha'm ta'biyat zonalari'ni'n' qa'liplesiwine sebep boldi'. Soni'n' ushi'n da kontinentke ha'r qi'yli' ta'biyiy sharayat ta'n.

Evropa ha'r qi'yli' relef formalari' — tegislik ha'm pa'stegislikler, qi'r ha'm tawlar boli'wi' menen aji'rali'p turadi'. Evropada 26 ha'r qi'yli' morfostruktura, 9 ta'biyiy-geografiyali'q u'lkege aji'rati'ladi'. Evropada wortasha biyikliktegi tawlar bolsa a'dewir u'lken maydandi' iyeleydi. Wolardi'n' ko'pshiliginen tuneller arqali' transport jollari' wo'tkerilgen.

Evropa aymag'i' bati's, arqa ha'm qubla ta'replerden ten'iz ha'm wokeanlar suwi' menen qorshalg'an. Soni'n' ushi'n da Evropada (Rossiyani' yesapqa almag'anda) ten'izden 600 km uzaqli'qta jaylasqan jer joq. Atap aytqanda, Ulli' Britaniyani'n' u'lken bo'leginde xali'q ten'izden bar-jog'i' 60—80 km ge ten' qashi'qli'qta jasaydi'. Basqa kontinent ha'm materiklerden parqi' sonda, Evropa aymag'i'ni'n' tek g'ana 28 % i insan ta'repinen wo'zlestirilmegen.

Evropa aymag'i' Bati's, Arqa, Qubla ha'm Shi'g'i's Evropag'a bo'linedi.

Bul regionlardi'n' ishinde yekonomikali'q jaqtan Bati's ha'm Arqa Evropa joqari' da'rejede rawajlang'an, al Shi'g'i's Evropa bolsa sali'sti'rmali' tu'rde to'men rawajlang'an.

### *A'meliy jumi's*

1. Evropa aymag'i'n jazi'wsi'z kartada Bati's, Arqa, Qubla ha'm Shi'g'i's Evropag'a bo'lin'.
2. Evropa yellerinin' ten'izge jaqi'n jaylasi'wi'ni'n' tiykarg'i' qolayli' ha'm qolaysi'z ta'replerin ani'qlan'.

### ?! *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Evropa yelleri aymaqlari'ni'n' u'lkenligine qaray atlari'n ta'rtip benen jazi'p shi'g'i'n'.
2. Ne ushi'n Evropa yellerinin' ko'pshiliginin' shegaralari' suw arqali' wo'tedi? Evropada qaysi' yellerdin' shegaralari' tek g'ana qurg'aqli'qtan, qaysi' yellerdiki tek g'ana suwdan wo'tedi?

3. Evropa yellerinin’ ta’biyiy geografiyali’q worni’n bahalan’.
4. Bati’s, Arqa, Qubla ha’m Shi’g’i’s Evropada jaylasqan yellerdin’ ekonomikali’q-geografiyali’q worni’n bahalan’. Ekonomikali’q-geografiyali’q worni’ ju’da’ qolay ha’m ju’da’ qolaysi’z yellerdin’ atlari’n «Atlas»tan ani’qlap, da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.

## 24-§. Evropa yelleri siyasiy kartasi’ni’n’ qa’liplesiwindegi tiykarg’i’ basqi’shlar

***Tayani’sh tu’sinikler***

**Siyasiy karta, suveren ma’mleket, «kishi» ma’mleket, meridian bag’i’ti’, jalpi’ milliy wo’nim, jalpi’ ishki wo’nim, jalpi’ milliy da’ramat, sawda aylani’si’.**

Du’nya ju’zi siyasiy kartasi’nda Evropani’n’ wo’z worni’ bar. XX a’sirdin’ 80-ji’llari’nda bul jerde 32 suverenli ma’mleket bar bolg’an. 90-ji’llardi’n’ da’slepki da’wirinde bolsa yellerdin’ uli’wma sani’ 40 qa jetti. Buri’ng’i’ Awqam qurami’nan Balti’q boyi’ ma’mleketlerinin’ bo’linip shi’g’i’wi’, Yugoslaviya ha’m Chexoslovakiyani’n’ bo’liniwi kontinentte yeller sani’ni’n’ ko’beyiwine ali’p keldi.

1989-ji’li’ yeki nemis ma’mleketlerinin’ qosi’li’p, Germaniya Federativlik Respublikasi’ni’n’ du’ziliwi kontinent ha’m ja’ha’n siyasiy kartasi’nda u’lken waqi’ya boldi’.

XX a’sirdin’ son’g’i’ 10 ji’li’nda Evropa ha’m ja’ha’n siyasiy kartasi’nda a’dewir wo’zgerisler ju’z berdi. Awqam bo’lsheklenip, 12 jan’a g’a’rezsiz ma’mleketler payda boldi’. Wolardan Evropa ma’mleketleri qatari’na Ukraina, Belarussiya ha’m Moldova qosi’ldi’. Solay yetip, Evropada XXI a’sirdin’ da’slepki da’wirinde ja’mi 46 yel bar yekenligi ma’lim boldi’.

Evropa kishi yeller u’lkesi. Usi’ kontinentte jer ju’zindegi «kishi» ma’mleketlerdin’ (Andorra, San-Marino, Monako, Vatikan, Lixtenshteyn) ko’pshiligi jaylasqanli’g’i’ so’zimizge da’lil bola aladi’. Biyligi belgisiz Gibraltar (6,5 km$^2$) ha’m Daniya koloniyasi’ Farer atawlari’ da (1,5 km$^2$) ju’da’ kishi maydanlarg’a iye. Bul ma’mleketlerden ti’sqari’, aymag’i’na sali’sti’rmali’ tu’rde qarag’anda kishi yellerden 12 sinin’ ha’r birinin’ maydani’ 50 mi’n’ km$^2$ den de kishi. Usi’lar qatari’na Belgiya, Niderlandiya, Daniya (Grenlandiya atawi’n yesaplamag’anda), Chernogoriya, Shveycariya, Moldova, Slovakiya, Malta, Makedoniya, Sloveniya, Albaniya ha’m Estoniya kiredi (sali’sti’ri’w ushi’n bir Moskva oblasti’ni’n’ maydani’ 47 mi’n’ km$^2$ di qurawi’n ayti’p wo’tiwdin’ wo’zi jetkilikli).

Kontinentte 12 yel aymag’i’ 50 mi’n’nan 100 mi’n’ km$^2$ ge shekem jetedi. Bug’an Islandiya, Irlandiya, Avstriya, Serbiya, Vengriya, Chexiya,

Latviya, Litva, Xorvatiya, Bosniya ha’m Gercegovina, Portugaliya yelleri kiredi. Norvegiya, Shveciya, Finlyandiya, Ulli’ Birtaniya, GFR, Italiya, Polsha, Rumi’niya, Bolga-riya ha’m Greciyani’n’, yag’ni’y ja’mi 11 ma’mlekettin’ maydani’ 100 mi’n’-nan 500 mi’n’ $km^2$ ge shekem wo’zgeredi. Tek Franciya, Ukraina ha’m Ispaniya yellerinin’ aymag’i’ 500 mi’n’ $km^2$ den asadi’. Rossiya Federaciyasi’ maydani’ni’n’ u’lken-ligi boyinsha tek Evropada g’ana yemes, al du’nyada ten’i joq yel yesaplanadi’.

Evropada ha’r qi’yli’ formag’a iye bolg’an yeller bar. Norvegiya kontinentte aymag’i’ meridian bag’dari’ boyi’nsha yen’ uzi’n (1750 km) jaylasqan yel. Usi’nday yeller qatari’na ja’ne Shveciya (1600 km), Finlyandiya (1160 km), Franciya (1000 km), Ulli’ Britaniya (955 km), GFR (850 km) kiredi. Sonday-aq, Bolgariya ha’m Vengriyada shetki noqatlari’ arasi’ndag’i’ arali’q 500 km den aspaytug’i’ni’n ayti’p wo’tiw wori’nli’. Al, Niderlandiyada bolsa bul ko’rsetkish 300 km di quraydi’.

Evropa du’nyadag’i’ yen’ iri ekonomikali’q woraylardi’n’ biri. Wo-ni’n’ ja’ha’n JIO’ degi u’lesi 16805 mlrd. dollardi’, yamasa du’nyadag’i’ ja’mi 85539 mlrd. dollarg’a ten’ JIO’ nin’ 19,6 % in quraydi’. Evropag’a pu’tkil jer ju’zi sawda aylani’si’ni’n’ 1/3 bo’legi tuwri’ keledi.

Yen’ a’hmiyetlisi sonnan ibarat, Evropada du’nya tariyxi’nda birinshi ret Evropa Awqami’ ko’leminde 30 g’a jaqi’n ma’mleket birlestirilip, u’lken aymaqta birden-bir ekonomikali’q ha’m siyasiy ma’kan qa’lip-lestirilmekte.

## *A’meliy jumi’s*

1. Jazi’wsi’z kartag’a Evropada XX a’sirdin’ 80-ji’llari’ndag’i’ ha’m ha’zirgi waqi’ttag’i’ siyasiy kartani’ tu’sirin’ ha’m talqi’lap berin’.
2. Evropadagi’ kishi yellerdin’ uli’wma ko’rsetkishlerin (maydani’, xalqi’ni’n’ sani’, ekonomikasi’) talqi’lap, da’pterin’izge jazi’p ali’n’.

## ?! *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Evropada XX a’sirdin’ 80—90-ji’llari’nda ha’m ha’zirgi waqi’tta qansha yel bar bolg’an?
2. Shi’g’i’s Evropani’n’ siyasiy kartasi’nda 1989—2000-ji’llari’ boli’p wo’tken wo’zgerisler haqqi’nda nelerdi bilesiz?
3. Evropada aymag’i’ u’lken bolg’an ha’m «kishi» ma’mleketlerdin’ atlari’n «Atlas»tan ani’qlap da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.
4. Evropa yellerinin’ formalari’ haqqi’nda nelerdi bilesiz?
5. Evropa yellerin ma’mleketlik du’zimi ha’m basqari’w formasi’ boyi’nsha toparlag’a aji’rati’p, da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’. (Qosi’msha da’rekler ha’m mug’allimin’iz ja’rdeminde).

## 25-§. Evropa yellerinin' ta'biyiy resurslari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Ta'biyiy resurslar, social-ekonomikali'q jag'day, ekonomikali'q ha'm socialli'q faktorlar, ta'biyiy-geografiyali'q sharayatlar, mineral resurslar.**

Evropa ta'biyiy resurslardi'n' ha'mmesi menen jaqsi' ta'miyinlengen. Kontinent yelleri usi' resurslardan wo'zinin' imkaniyatlari' ha'm talaplari'nan, ja'ha'n bazari'ndag'i' ha'm ma'mlekette qa'liplesken social-ekonomikali'q jag'daydan kelip shi'qqan halda ha'r qi'yli' da'rejede paydalanbaqta. Bunda ekonomikali'q ha'm socialli'q faktorlardan basqa ta'biyiy-geografiyali'q sharayatlar da u'lken rol woynamaqta.

Evropada jer ha'm suw resurslari'nan intensiv tu'rde paydalani'lmaqta. Kontinent ta'biyiy sharayati' boyi'nsha awi'l xojali'g'i'n rawajlandi'ri'w ushi'n qolayli' yesaplanadi'. Bul wori'nda Worayli'q Evropa ha'm Qubla Evropa Arqa Evropadan keskin aji'rali'p turatug'i'ni'n ayti'p wo'tiw lazi'm.

Evropa biologiyali'q resurslar, a'sirese, tog'ay resurslari' menen jaqsi' ta'miyinlengen. Bul jerde Arqa tog'ay poyasi'ni'n' bir bo'legi (Rossiya, Finlyandiya, Shveciya, Norvegiyani'n' ayi'ri'm bo'legi, Ulli' Britaniya) jaylasqan. Finlyandiya ha'm Shveciyadan basqa yellerdegi tog'aylar, tiykari'nan jas daraqlardan quralg'an.

Agroklimat resurslari' Worayli'q Evropa ha'm Qubla Evropada awi'l xojali'g'i'n intensiv rawajlandi'ri'wg'a mu'mkinshilik beredi.

Evropada mineral resurslardi'n' sanaatli'q a'hmiyetke iye bolg'an ka'nleri tabi'lg'an.

Jani'lg'i'-energetika resurslari'nan tas ko'mir, qon'i'r ko'mir, jani'wshi' slanecler, neft, ta'biyiy gaz, gidroresurslardan paydalani'lmaqta.

Tas ko'mirdin' iri ka'nleri Germaniya (Rur, Saar), Ulli' Britaniya ha'm Ukrainada (Donbass) ashi'lg'an. Qorlari' Ulli' Britaniyada 190 mlrd. tonnag'a, GFR da 300 mlrd. tonnag'a shekem baradi'.

Qon'i'r ko'mirdin' iri ka'nleri GFR ha'm Polshada (185 mlrd. tonna) bar.

Jani'wshi' slanecler Balti'q boyi'ndag'i' Estoniya Respublikasi'nda qazi'p ali'nadi'.

Evropa neft ha'm ta'biyiy gazdin' u'lken ka'nlerine iye bolmasa da, kontinentler ishinde aqi'rg'i' wori'nda qalmag'an. Bunda Arqa ha'm Norvegiya ten'izleri shelfinin' a'hmiyeti ju'da' u'lken. XX a'sirdin' 80—90-ji'llari'nda bul ten'izlerdin' ultani'nda da'slepki neft ha'm ta'biyiy gaz ka'nleri ashi'ldi'. Ha'zirgi waqi'tta qazi'p ali'ni'p ati'rg'an neft mug'dari' 300 mln. t., gaz mug'dari' 200 mlrd. $m^3$ tan asi'p ketti.

Neft ha'm gaz ka'nlerinin' tiykarg'i' bo'legi Ulli' Britaniya ha'm Norvegiyag'a tiyisli.

Neft ha'm ta'biyiy gaz Niderlandiya, Belgiya, Rumi'niya, Ukraina, Bela-russiya, Franciya, Italiya yellerinde de qazi'p ali'nadi'.

Temir rudalari'ni'n' iri ka'nleri Shveciya (Kirunavara), Franciya (Lota-ringiya) ha'm Ukrainada (Krivoy Rog, Kersh, Belozyorsk ka'nleri) jaylasqan. Marganec rudasi'ni'n' iri ka'ni de Ukrainada ashi'lg'an.

Evropada, atap aytqanda, Polsha, Bolgariya, Rumi'niyada mi's-molibden, ruda ka'nleri ju'da' ko'p. Franciya ha'm Greciyada iri boksit, Vengriyada nefelin ka'nleri tabi'lg'an. Si'nap rudalari' Italiya, Ispaniya, Ukrainada qazi'p ali'nadi'. Polimetall rudalar ka'nleri ko'pshilik yellerdin' aymaqlari'nda tabi'lg'an. Biraq, wolardi'n' qorlari' aytarli'qtay ko'p yemes.

Evropada, atap aytqanda Italiya ha'm Ukrainada ku'kirt, Ukraina ha'm Belorussiyada kaliy menen as duzi' ka'nleri ju'da' ko'p.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a «Atlas»tan paydalani'p, Evropani'n' jer, suw, biologiyali'q, klimatli'q ha'm mineral resurslar menen ta'miyinleniw jag'dayi'n tu'sindirin' ha'm woni' bahalan'.

2. Mineral resurslar menen jaqsi' ta'miyinlengen yeller topari'n aji'rati'n', wolardi' talqi'lan' ha'm da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Evropa ta'biyiy resurslar menen qanday ta'miyinlengen ha'm ne ushi'n?
2. Evropa klimati' xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi'na qanday ta'sir ko'rsetedi?
3. Evropa tog'ay resurslari' menen qanday ta'miyinlengen?
4. Evropa agroklimat resurslari'na ta'n zonalli'q awi'l xojali'g'i' qa'nigelesiwine qanday ta'sir ko'rsetedi?
5. Evropani'n' jani'lg'i'-energetika resurslari' menen ta'miyinlengenligin bahalan'.
6. Evropa rudali' qazi'lma bayli'qlar menen toli'q ta'miyinlengen be?
7. Evropa yellerinen qaysi'lari' ha'r qi'yli' shiyki zat resurslari' menen jaqsi' ta'miyinlengen?

## 26-§. Evropa yelleri xalqi'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Xali'q, demografiya, demografiyali'q jag'day, tuwi'li'wshi'li'q, wo'liwshilik, ta'biyiy wo'siw, «demografiyali'q qi's», migraciya, migraciya saldosi', qala, awi'l, urbanizaciya da'rejesi.**

Evropada qi'yi'n demografiyali'q jag'day bar boli'p, wol yeller ha'm regionlardi'n' social-ekonomikali'q rawajlani'wi'na ju'da' u'lken ta'sir

ko'rsetpekte. Jer ju'zi ko'leminde yen' to'men da'rejedegi tuwi'li'w ha'm ta'biyiy wo'siw bar bolg'an Evropag'a ha'zirgi waqi'tta turaqli' tu'rde «Demografiyali'q qi's» jag'dayi' ta'n. Tuwi'li'w ha'm ta'biyiy wo'siw pa'ti XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda keskin qi'sqardi'. Tuwi'li'w 26—28 promilleden 11—13 promillege, ta'biyiy wo'siw 16—18 promilleden 2—4 promillege tu'sip qaldi'. Tuwi'li'w ha'm ta'biyiy wo'siw da'rejelerinin' keskin pa'seyiwi ha'r qi'yli' sebepler menen baylani'sli'.

Ha'zirgi waqi'tta tuwi'li'wdi'n' joqari' ko'rsetkishleri Irlandiya, Lyuksemburg, Malta, Islandiya ha'm Makedoniya yellerine ta'n. Wortasha tuwi'li'w da'rejesi Avstriya, Shveycariya, Niderlandiya, Norvegiya, Portugaliya, Greciya, Finlyandiya, Franciya, Slovakiya, Shveciyada baqlanbaqta. Usi'ni'n' menen birge, tuwi'li'w da'rejesi keskin to'menlep, ta'biyiy wo'siw unamsi'z ko'rsetkishlerge iye (wo'lgenler sani' tuwi'lg'anlar sani'nan arti'q) bolg'an yeller sani' ji'ldan-ji'lg'a ko'beyip barmaqta. Bolgariya, Xorvatiya, Latviya, Litva, Ukraina, Rumi'niya, Estoniya, Moldova, Vengriya usi'nday yeller qatari'na kiredi. Bul ma'mleketlerde tuwi'w jasi'ndag'i' yeki hayalg'a tuwi'lg'an yeki-u'sh bala g'ana tuwri' kelmekte. Na'tiyjede, xali'qti'n' absolyut sani' kemeymekte.

Evropa xalqi' arasi'nda uli'wma wo'liwshilik koeffitsienti sali'sti'rmali' tu'rde joqari' yekenligi menen aji'rali'p turadi'. Xali'qti'n' ha'r 1000 adami'na sali'sti'rg'anda wo'lgenler sani' bul jerde 2013-ji'li' 12 adamdi' quradi'. Bul ko'rsetkish xali'qti'n' jas-ji'ni's qurami'nda kekse jastag'i'lardi'n' u'lesi joqari' bolg'an yellerde (Germaniya, Shveciya, Franciya, Belgiya, Niderlandiya, Norve-giya, Finlyandiya ha'm basqalar) ja'ne de joqari' da'rejede yekenligi menen aji'rali'p turadi'. Usi' waqi'tti'n' wo'zinde xali'q qurami'nda balalar ha'm jaslar salmag'i' sali'sti'rmali' tu'rde joqari' bolg'an yellerde (Portugaliya, Polsha, Greciya, Italiya, Albaniya) uluwma wo'liwshilik koeffitsienti a'dewir to'men.

Evropa ma'mleketleri (Albaniyadan basqa) xali'q sani'n ta'biyiy faktordi' qa'liplestiriwdin' birinshi tu'rine tiyisli. Son'g'i' sherek a'sirde Bolgariya ha'm Vengriyada jedel demografiyali'q siyasat ali'p bari'ldi'. Usi'g'an qaramastan, xali'qti'n' wo'siw pa'ti derlik wo'zgermedi ha'm woni'n' da'rejesi pa'seyiwdi dawam yetti. Aqi'betinde, Vengriyada xali'qti'n' sani' 1980—2012-ji'llari' 245 mi'n' adamg'a qi'sqardi'. Rumi'niyada ha'r 1000 tuwi'lg'an na'resteden 23 i bir jasqa jetpesten wo'lmekte. Bati's Evropada bul ko'rsetkish 5—8 balag'a tuwri' keledi. Uluwma soni' atap wo'tiwge boladi', XX a'sirdin' song'i' 10 ji'li'nda ha'm XXI a'sirdin' da'slepki da'wirinde Shi'g'i's Evropada qanaatlanarsi'z demografiyali'q jag'day ju'zege keldi.

Evropa xali'q migraciyalari'ni'n' iri worayi' da yesaplanadi'. Ulli' geo-grafiyali'q ashi'li'wlar da'wirinen beri Evropa xalqi' okean arti'

yellerine ko'ship wo'tetug'i'n yen' u'lken region. Bir a'sir dawami'nda (1815—1914-ji'llar) emigraciya 35—40 mln. adamdi' wo'z ishine qamti'di'. Yekinshi jer ju'zilik uri's da'wirinde ayri'm yellerde xali'qti'n' emigraciyasi' baqlandi'. Birinshi na'wbette bul shi'g'i's Evropada ayqi'n ko'rindi.

*16-keste*

**Evropa iri yelleri xalqi' ha'm jumi'sshi' ku'shinin' sani' ha'mde u'lesi**

*(ja'mi miynet resurslari' sani'na sali'sti'rmali', % yesabi'nda)*

| Yeller | Sani', mln. adam | Jumi'sshi' ku'shi sani', mln. adam | U'lesi, % |
|---|---|---|---|
| Rossiya | 142 | 75,2 | 52,8 |
| Germaniya | 81 | 44,0 | 54,3 |
| Franciya | 66 | 29,6 | 44,8 |
| Ulli' Britaniya | 63 | 31,9 | 50,6 |
| Italiya | 61 | 25,3 | 41,5 |
| Ispaniya | 47 | 23,1 | 49,1 |
| Ukraina | 45 | 22,2 | 49,3 |
| Polsha | 38 | 17,9 | 47,1 |
| Ruminiya | 22 | 9,3 | 42,3 |
| Portugaliya | 11 | 5,5 | 50,0 |
| Greciya | 1 | 4,9 | 50,4 |
| Belgiya | 10 | 5,0 | 50,0 |
| Vengriya | 10 | 4,2 | 42,0 |
| Chexiya | 10 | 5,5 | 55,0 |
| Belarus | 10 | 5,0 | 50,0 |
| Evropa Awqami' | 498 | 229,0 | 46,0 |
| Evropa ja'mi xalqi' sani' | 715 | 344,6 | 48,2 |

XX a'sirdin' 50-ji'llari'ni'n' wortalari'nda Bati's Evropada emigraciya immigraciyadan basi'm keletug'i'n yedi, biraq, son'i'nan jag'day keskin wo'zgerip, Bati's Evropa du'nyadag'i' yen' ko'p xali'qti' qabi'l yetiw worayi'na aylani'p qaldi'. 70-ji'llardi'n' basi'nda immigrantlar sani' 10 mln. bolsa, 90-ji'llardi'n' basi'nda wolardi'n' sani' 15 mln.g'a jetti.

Bati's Evropag'a xali'qti'n' ag'i'li'p keliwinin' sebeplerin shet yel ha'm jergilikli geograflar u'yrenip shi'g'i'p, to'mendegi juwmaqqa keldi. i'mmigrantlar, tiykari'nan, ko'p pul tabi'w, sonday-aq, miynet ha'm turmi'sti'n' qolayli'qlari' izinen keledi. i'zertlew na'tiyjesinde sol na'rse ani'q boldi', immigrantlardi'n' ko'pshilik bo'legi iri sanaat rayonlari'nda ha'm u'lken qalalarda jasaydi'. Mi'sali', Franciyada immigrantlardi'n' 37% i Parijde, al Belgiyada bolsa wolardi'n' 24% i Bryusselde jasaydi'.

Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi to’men qa’nigelikke iye «kelgindi» jumi’sshi’lar yen’ da’slep quri’li’s, taw-ka’n sanaati’nda, sonday-aq xi’zmetshi, gazeta sati’wshi’ boli’p ta isleydi. Ma’selen, Franciyadag’i’ «kelgindi» jumi’sshi’lardi’n’ 45% i quri’li’s sanaati’nda, 40% i jol jumi’slari’nda, 15% i avtomobilsazli’q sanaati’nda isleydi.

Shi’g’i’s ma’mleketleri menen bir qatarda Evropani’ da yeski qalalar watani’ dep atawg’a boladi’. Bunnan, bul regionda, basqalardan parqi’, urbanizaciya procesi yerterek payda bolg’an degen pikir kelip shi’g’adi’. XX a’sirdin’ baslari’nda pu’tkil jer ju”zi iri qalalari’ni’n’ 1/3 bo’legi Evropag’a tuwri’ keletug’i’n yedi. Ha’zirgi waqi’tta bunday qalalar sani’ 400 ge jetken. Wolardag’i’ urbanizaciya da’rejesi 80 % ten to’men yemes. Evropa yellerinde xali’qti’ bo’listiriwdin’ zamanago’y formasi’ — qala aglomeraciyasi’ ju’zege kelgen ha’m wol rawajlani’p barmaqta. Wolardi’n’ bo’listiriliwi to’mendegishe: Franciya — 74, GFR — 72, Ulli’ Britaniya — 8, Italiya — 56, Ispaniya — 37, Niderlandiya — 22, Shveciya — 11 ha’m Belgiyada— 10 qala aglomeraciyasi’ jaylasqan. Ulli’ Britaniyani’n’ yen’ tiykarg’i’ ha’m u’lken London Liverpul megapolisinde 30 mln adam jasaydi’. Evropa yelleri ishinde qala xalqi’ni’n’ u’lesine muwapi’q to’mendegi yeller aji’rali’p turadi’. Monako ma’mleketinin’ urbanizaciyalasqan da’rejesi 100% ke ten’. Bul ko’rsetkish Belgiyada 97,4%, Moltoda—94,8, San-Marinada— 94,1, Islandiyada— 93,5, Andorrada— 87,6, Daniyada— 87,1, Franciyada— 85,9, Finlyandiyada— 85,4, Ispaniyada— 77,6, Germaniyada— 74,0, Rossiyada— 73,2, Ukrainada— 69,1, Polshada— 60,9, Senbilde 56,4 % ke ten’. Kontinentte yen’ to’men urbanizaciyalasqan Bosniya ha’m Gercegovinada 49,2 % ke iye.

### *A’meliy jumi’s*

1. Jazi’wsi’z kartag’a «Atlas»tan paydalani’p, Evropa xalqi’ni’n’ ti’g’i’zli’g’i’n tu’sirin’ ha’m woni’n’ ha’r qi’yli’ boli’wi’ni’n’ tiykarg’i’ sebeplerin ayti’p berin’.
2. Xali’q migraciyasi’ ha’m urbanizatsiya da’rejesine ta’n aymaqli’q ayi’rmashi’li’qlar ha’m wolardi’n’ sebeplerin ayti’p berin’.

### ?! *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Evropada qa’liplesken demografiyali’q jag’day, woni’n’ sebepleri ha’m faktorlari’ haqqi’nda ayti’p berin’.
2. Evropa yellerinin’ qaysi’lari’nda tuwi’li’w ha’m wo’liwshilik da’rejesi joqari’, qaysi’lari’nda to’men da’rejege iye ha’m ne ushi’n?
3. Evropa ma’mleketlerinin’ qaysi’lari’ ko’p millletli ha’m bul ma’mlekettegi social-siyasiy jag’dayg’a qanday ta’sir ko’rsetti ha’m ko’rsetpekte?
4. Evropa ne ushi’n xali’q migraciyalari’ worayi’ yesaplanadi’?
5. Evropadag’i’ qala aglomeraciyalari’n «Atlas»tan ani’qlap, atlari’n da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.

## 27-§. Evropa yelleri xojali’g’i’

*Tayani’sh tu’sinikler*

**Ja’ha’n xojali’g’i’, tovarlar, xi’zmetler, eksport, import, alti’n ha’m valyuta qorlari’, xali’qarali’q turizm, wo’ndiris tarawi’, tarmaq, ekonomikali’q ashi’qli’q, bazar principleri, bank-finans woraylari’, turmi’s da’rejesi.**

Evropa bu’gingi du’nyada ekonomikali’q, ilim-texnika ha’m ma’deniy da’rejesinin’ jetiliskenligi ha’m ko’p qi’rli’li’g’i’, indurstrial tarmaqlar, xali’q ha’m qalalardi’n’ ju’da’ joqari’ da’rejede kontsentraciyalasqani’, rawajlang’an infrastrukturasi’ menen ayri’qsha aji’rali’p turadi’. Evropada a’yyemgi ha’m jan’a da’wirler, da’stu’riy tarawlar ha’m yen’ jan’a texnologiyalar, tariyxi’y qalalar ha’m ju’da’ ma’deniy landshaftlar, u’lken aeroportlar ha’m transkontinental tez ju’rtug’i’n magistrallar wo’zinin’ ayqi’n ko’rinisin tapqan.

Jerdin’ qurg’aqli’g’i’ni’n’’ bari’-jog’i’ 5% in iyelegese de, Evropa (Rossiyasi’z) du’nya xalqi’ni’n’ 8% in wo’zinde ja’mleydi. Bul jerde ekonomikali’q ha’m demografiyali’q da’rajesi u’lken ma’mleketler — GFR, Franciya, Ulli’ Britaniya ha’m Italiya menen bir qatarda kishi yeller — Vatikan, Monako, San-Marino ha’m basqalar jaylasqan.

Evropa du’nyani’n’ joqari’ da’rejede urbanizaciyalasqan regioni’ boli’p yesaplanadi’. Qala xalqi’ni’n’ salmag’i’ 65—68% ten (Qubla Evropa ma’mleketleri) 74—92% ha’m 100 % ke shekem (Bati’s ha’m Arqa Evropa yelleri) baradi’. Evropa Awqami’ni’n’ wo’zinde 50 ge shamalas millioner qalalari’ bar.

Evropag’a du’nya ko’leminde JMD ni’n’ 24,2 % i (AQSHqa 21,3%, Yaponiyag’a 6,8 % i), ja’ha’n eksporti’ni’n’ 12,1 % i (AQSHqa 8,2%, Yaponiyag’a 4,8 %) tuwri’ keledi.

Du’nyada JMD yen’ u’lken 10 yeldin’ 7 yewi, 100 yen’ u’lken TMK (Transmilliy korporaciya) ni’n’ 28 i, 20 yen’ salmaqli’ banktin’ 11 i Evropada jaylasqan.

Du’nyadag’i’ uluwma shet yel investiciyalari’ni’n’ derlik yari’mi’na shamalasi’ Evropa yelleri ta’repinen qarati’ladi’ (usi’ ko’rsetkishi AQSH boyi’nsha 20% ke ten’).

Milliy (global) ba’sekige shi’damli’li’q reytingi boyi’nsha (2008—2009-jj.) Evropa yelleri to’mendegi wori’nlardi’ iyeleydi: Shveycariya—2 (AQSHtan keyin), Daniya -3, Shveciya -4, Finlyandiya -6, Germaniya —7 ha’m Niderlandiya — 8.

Evropada du’nyani’n’ jetekshi bank-finans worayi’ — London jaylasqan. Wol barli’q ko’rsetkishler boyi’nsha Nyu-York ha’m Tokio qalalari’nan aldi’nda turadi’.

Evropa ja'ha'n xojali'g'i'nda sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' wo'ndirisi, tovarlar ha'm xi'zmetler eksporti', alti'n ha'm valyuta qorlari', xali'qarali'q turizmnin' rawajlanwi' boyi'nsha jetekshi wori'nlardi' iyeleydi. Regionni'n' yekonomikali'q quwatli'li'g'i'n «U'lken segizlik» ke kiretug'i'n to'rt ma'mleket — Germaniya, Ulli' Britaniya, Franciya ha'm Italiya belgilep beredi. Usi' ma'mleketler u'lken wo'ndiris tarawlari' ha'm tarmaqlari'na iye. Biraq, wolar arasi'ndag'i' «ku'shler» qatnasi' won ji'l ishinde wo'zgerdi. Ha'zir tiykarg'i' roldi Germaniya atqarmaqta. Bul ma'mleket reindustrializatsiya joli'nan tez pa't penen rawajlanbaqta. Basqa ma'mleketlerler ishinde i'spaniya, Niderlandiya, Shveycariya, Belgiya ha'm Shveciya u'lken ekonomikali'q mu'mkinshilikke iye. Wolardi'n' yekonomikasi' to'rt iri ma'mleketten pari'qli' boli'p, Evropa ha'm pu'tkil du'nyada ta'n ali'ng'an arnawli' tarmaqlarg'a qa'nigelesken. Ekonomikali'q ashi'qli'q Belgiya ha'm Niderlandiyada ken' yen jayg'an. Kontinentte Shi'g'i's Evropa yelleri ekonomikasi' da belgili wori'n iyeleydi. Bul yellerde XXI a'sirde de bazar principlerine tiykarlang'an sistemag'a wo'tiw dawam yetpekte.

***A'meliy jumi's***

1. «Atlas»tan paydalani'p, Evropa yellerinde sanaat ha'm awi'l xojali'g'i'ni'n' a'hmiyetke iye tarawlari'n ani'qlap, da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

2. Ha'zirgi waqi'tta yekonomikali'q rawajlani'w da'rejesi joqari' bolg'an ma'mleketlerdin' atlari'n ha'm woni'n' tiykarg'i' sebeplerin ani'qlap, da'pterin'izge jazi'n'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Evropa du'nya ko'leminde nesi menen aji'rali'p turadi'?
2. Evropag'a du'nya ko'leminde JMO' nin' qansha bo'legi tuwri' keledi?
3. Evropa xojali'qti'n' qaysi' tarawlari' boyi'nsha du'nyada jetekshi yesaplanadi'?
4. Xojali'q rawajlani'wi'ni'n' tiykarg'i' faktorlari' haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## 28-§. Sanaati' ha'm awi'l xojali'g'i'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Sanaat, awi'l xojali'g'i', xali'qarali'q-geografiyali'q miynettin' bo'listiriliwi, mashinasazli'q, avtomobilsazli'q, ximiya sanaati', metallurgiya, jen'il sanaat, agrar qatnasi'qlar, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q.**

Evropani'n' xali'qarali'q-geografiyali'q miynet sistemasi'ndag'i' worni' ha'm a'hmiyeti 200 ji'ldan aslam da'wir dawami'nda sanaat arqali'

belgilenedi. Ha’zirgi waqi’tta da sanaat joqari’ pa’tte rawajlani’wdi’ dawam yetpekte.

Mashinasazli’q Evropani’n’ jetekshi sanaat tarawi’ yesaplanadi’. Bul taraw pu’tkil sanaat wo’niminin’ 1/2 bo’legin, eksportti’n’ 2/3 bo’legin quraydi’. A’sirese, avtomobilsazli’q joqari’ da’rejede rawajlang’an. Du’nyada «Renault» (Franciya), «Wolks-wagen», «Mersedes-Benz» (GFR), «Fiat» (Italiya), «Volvo» (Shveciya), «Tatra» (Shexiya) usag’an avtomobil markalari’ ha’mmege belgili.

Myunxen, Tuluza, Turin, Manshester, Bryussel qalalari’ a’skeriy sanaat woraylari’ boli’p yesaplanadi’.

Mashinasazli’q, aldi’ menen, miynet resurslari’, ilimiy baza ha’m rawajlang’an infrastrukturag’a tiykarlanadi’. Biraq, bulardan da ko’birek iri qalalar ha’m aglomeraciyalarg’a, paytaxtlarg’a umti’ladi’. Atap aytqanda, Ulli’ Britaniyada elektrotexnika, elektronika, kosmosli’q ha’m aviaraketa sanaati’ tarawlari’ni’n’ rawajlang’anli’g’i’ boyi’nsha London, avtomobilsazli’q boyi’nsha Birmengem, toqi’mashi’li’q mashinasazli’g’i’ boyi’nsha Manshester, kemesazli’q boyi’nsha Glazgo qalalari’ ha’m rayonlari’ ayri’qsha a’hmiyetke iye.

Evropada sanaat tarawlari’ ishinde mashinasazli’qtan keyin yekinshi wori’nda ximiya ha’m neft-ximiya sanaati’ turadi’. Kontinentte tek g’ana regionni’n’ yemes, ba’lkim, pu’tkil du’nyani’n’ yen’ «ximiyalasqan» ma’mleketi — GFR jaylasqan. Yekinshi jer ju’zilik uri’sqa shekem ximiya sanaati’, tiykari’nan, ka’n-ximiya shiyki zati’na tiykarlang’an halda rawajlang’an yedi. Kaliy ha’m as duzlari’, ku’kirt ha’m basqa usi’ si’yaqli’ shiyki zatlardan paydalani’latug’i’n yedi.

Kontinentte neft ha’m ta’biyiy gaz ka’nlerinin’ ashi’li’wi’ neft-ximiya tarawi’ni’n’ rawajlani’wi’na tiykar boldi’. Evropani’n’ bati’s aymaqlari’nda jaylasqan Temza, Sena, Reyn, Elba, Rona usag’an da’ryalardi’n’ atlari’ menen baylani’sli’ halda neftti qayta islewshi woraylar du’zildi. Yen’ iri neft-ximiya tarawi’ Niderlandiyani’n’ Rotterdam qalasi’ aymag’i’nda jaylasqan. Kontinenttin’ shi’g’i’si’ndag’i’ neft ha’m gaz magistral qubi’rlari’ wo’zinin’ jani’nda neft ha’m ta’biyiy gazdi qayta islewshi ka’rxanalar ha’m neft-ximiya komplekslerinin’ ju’zege keliwine sebepshi boldi’. Chexiya, Slovakiya, Polsha ha’m Vengriyadag’i’ neftti qayta islewshi ka’rxanalar da qubi’rlarg’a jaqi’n aymaqlarda sali’ng’an. Bolgariyadag’i’ neft-ximiya kompleksi Qara ten’iz boyi’nda jaylasqan.

Evropani’n’ ko’pshilik ma’mleketlerinin’ jani’lg’i’-energetika xojali’g’i’nda neft ha’m ta’biyiy gaz a’hmiyetli wori’n iyeleydi. Bul shiyki zat tu’rleri regionni’n’ talaplari’n toli’q qanaatlandi’ra almaydi’. Jetispegen shiyki zat basqa yellerden, birinshi gezekte Rossiya menen Arqa Afrika ha’m Persiya qolti’g’i’nan ali’p kelinedi.

Evropani'n' Polsha ha'm Chexiya ma'mleketlerinde tas ko'mir ha'm qon'i'r ko'mir ko'p mug'darda qazi'p ali'nadi'.

Ja'ha'n ko'leminde jani'lg'i'-energetika balansi'nda a'hmiyetli wori'n iyelegen qon'i'r ko'mir basseynleri qatari'na Balxatuv (Polsha), Arqa Nesh (Chexiya), Post Lauziya ha'm Galle-Leyptsig (Germaniya) basseynleri kiredi. Ji'lli'li'q elektr stanciyalari'ni'n' da ko'pshiligi ko'mir basseynlerine tarti'ladi'. Biraq, JES lari'ni'n' tiykarg'i' bo'legi ten'iz portlari' ha'm u'lken qalalarda sali'ng'an. Elektroenergetika sistemasi'nda AES lari' a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Bul wori'nda, a'sirese, Franciya, Belgiya, Germaniya, Ulli' Britaniya, Chexiya, Slovakiya, Vengriya, Bolgariya ma'mleketleri aji'rali'p turadi'. Wolardi'n' aymaqlari'nda 80 nen aslam AES jaylasqan.

Dunayda Rona, Reyn, Dnepr, Dnestr ha'm basqa da'ryalarda ayi'ri'm GES lar ha'm wolardi'n' kaskadlari' sali'ng'an.

Metallurgiya tarawi' Evropada ju'z bergen ilim ha'm texnika revolyuciyasi'nan da buri'n qa'liplesken.

Qara metallurgiya aldi' menen jani'lg'i' ha'm shiyki zatqa iye bolg'an Germaniya, Ulli' Britaniya, Franciya, Ispaniya, Belgiya, Lyuksemburg, Polsha, Chexiyada rawajlandi'.

Ren'li metallurgiyani'n' tiykarg'i' tarawlari' alyuminiy ha'm mi's sanaati' yesaplanadi'. Alyuminiy wo'ndirisi shiyki zat ha'm elektr energiyasi'na bay Franciya, Italiya, Vengriya, Rumi'niya, Greciya, Germaniya yellerinde rawajlang'an. Son'g'i' waqi'tlarda alyuminiy ka'rxanalari', tiykari'nan, rawajlani'p ati'rg'an yellerden (Surinam, Yamayka, Gvineya, Gviana, Hindstan) ali'natug'i'n shiyki zatqa su'yenip jumi's islemekte. Mi's sanaati' Germaniya, Franciya, Ulli' Britaniya, Italiya, Belgiya, Polsha menen Bosniya ha'm Gercegovinada rawajlang'an.

Evropada jen'il sanaat wo'zinin' aldi'n'g'i' a'hmiyetin bir qansha jog'altti'. Yeski toqi'mashi'li'q rayonlari' yesaplang'an Ulli' Britaniyadag'i' **Lankashir** ha'm **Yorkshir,** Polshadag'i' **Lodz** ha'zirgi waqi'tta da xi'zmet ko'rsetpekte. Biraq, son'g'i' ji'llari' jen'il sanaat Qubla Evropag'a ko'ship ati'rg'ani'n atap wo'tiw lazi'm. Qubla Evropa regioni' arzan jumi'sshi' ku'shine bay. Usi'nday yellerdin' biri Portugaliya Evropani'n' tiykarg'i' tigiwshilik fabrikasi' boli'p qaldi'. Al Italiya bolsa ayaq-kiyim islep shi'g'ari'wda AQSH tan keyin yekinshi wori'ng'a shi'g'i'p aldi'.

Evropa yellerinde sanaatti'n' basqa tarawlari' da jaqsi' rawajlang'an.

Awi'l xojali'g'i' wo'nimlerinin' uluwma zu'ra'a'ti ha'm tu'rleri boyi'nsha Evropa yellerinin' ko'pshiligi wo'zlerinin' ishki talaplari'n toli'q qanaatlandi'radi' ha'm wolardi'n' qalg'an bo'legin eksport yetedi.

Yekinshi jer ju'zlik uri'stan keyin yellerdin' agrarli'q qatnasi'qlari'nda, jer iyeligi ha'm wog'an ta'rbiya beriw sistemasi'nda univer-

sal mayda diyqan xojali'g'i'nan u'lken, qa'nigelesken joqari' tovar a'hmiyetine iye xojali'qqa jetiw menen baylani'sli' bolg'an bir qatar wo'zgerisler boli'p wo'tti. Awi'l xojali'g'i' ka'rxanasi'ni'n' tiykarg'i' formasi' retinde joqari' da'rejede mexanizatsiyalasti'ri'lg'an fermer xojali'g'i' qabi'l yetildi. Bul jerde, a'sirese, sharwashi'li'q tarawi'nda u'lken unamli' wo'zgerisler ju'z bergenin atap wo'tiw za'ru'r. Soni'n' ushi'n, sharwashi'li'q Evropani'n' ju'da' ko'p yellerinde, atap aytqanda, Daniyada joqari' da'rejede rawajlang'an boli'p, wol xali'qarali'q qa'nigelesiw tarmag'i'na aylandi'. Daniya sari' may, su't, si'r, shoshqa go'shi, ma'yek jetistiriw ha'm eksport yetiw boyi'nsha du'nyani'n' yen' iri ma'mleketlerinin' birine aylandi'. Woni' Evropani'n' «su't fermasi'» dep atali'wi'na da sebep sol. Diyqanshi'li'q xali'qti'n' tiykarg'i' talaplari'n qanaatlandi'ri'p g'ana qoymastan, ba'lkim, sharwashi'li'q tarawi'na da xi'zmet yetedi. Hasi'ldar jerlerdin' ko'pshilik bo'legi ma'deniy yeginler jetistiriwge aji'rati'lg'an.

Qubla Evropada diyqanshi'li'q sharwashi'li'qqa qarag'anda a'hmiyetli sanaladi'. Italiya, Ispaniya, Portugaliya, Greciya ha'm basqa yeller masaqli' (biyday, arpa, su'li', sali') ha'm mayli' (zaytun darag'i', ayg'abag'ar) yeginlerin jetistiriw boyi'nsha du'nyada joqari' wori'nlarda turadi'.

## *A'meliy jumi's*

1. «Atlas»tan paydalani'p, Evropa aymag'i'nda qayta islewshi ha'm wo'ndiriwshi sanaat tarawlari' joqari' da'rejede rawajlang'an woraylardi' belgilen', wolardi' talqi'lap, da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

2. Jazi'wsi'z kartada Evropada awi'l xojali'g'i'ni'n' xali'qarali'q qa'nigelesiwin belgilep beriwshi tarmaqlari' tarqalg'an aymaqlardi' aji'rati'n' ha'm woni'n' tiykarg'i' sebeplerin ayti'p berin'.

## ?! *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Evropa yellerinde sanaat qalay rawajlang'an, woni'n' tiykarg'i' faktorlari'n belgilen'.
2. Evropa mashinasazli'g'i'ni'n' tiykarg'i' tarawlari' ha'm kompaniyalari'n ani'qlan'.
3. Evropadag'i' ximiya sanaati' joqari' da'rejede rawajlang'an yeller, qalalar ha'm kompaniyalardi' ani'qlap, da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.
4. Evropada elektroenergetika tarawi' rawajlang'an yellerdi ha'm wolardag'i' stanciyalardi'n' atlari'n belgilen'.
5. Evropadag'i' tiykarg'i' qara metallurgiya rayonlari' ha'm woraylari' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
6. Regionda ren'li metallurgiyani'n' qaysi' tarawlari' rawajlang'an ha'm ne sebepten?

## 29-§. Evropa yelleri transporti’

*Tayani’sh tu’sinikler*

**Transport, transport sistemasi’, ju’k tasi’w, jolawshi’ tasi’w, transport tu’rleri, avtomobil transporti’, ten’iz transporti’, hawa transporti’, qubi’r transporti’.**

Evropa yelleri joqari’ da’rejede rawajlang’an transport infrastrukturasi’na iye. Regionda transportti’n’ derlik barli’q tu’rleri rawajlang’an. Du’nyadag’i’ barli’q baylani’s jollari’, transport ka’rxanalari’ ha’m transport qurallari’ birigip ja’ha’n transporti’ sistemasi’n quraydi’. Ja’ha’n transporti’nda 100 mln. nan aslam, Evropa yellerinde 20 mln. adam jumi’s penen ba’nt. Evropa yellerinde wortasha ji’li’na 20 mlrd. t. ju’k ha’m 200 mlrd. adam transportti’n’ barli’q tu’rleri ja’rdeminde tasi’ladi’. Bul processte 130 mln. avtomobiller, 10 mi’n’g’a shamalas ten’iz kemeleri, 2 mi’n’nan aslam samolyot, 40 mi’n’ lokomotiv qatnasadi’.

Evropada jolawshi’ tasi’w transporti’nda avtomobil transporti’ jetekshilik yetedi. Wog’an barli’q tasi’lg’an jolawshi’lardi’n’ derlik yari’mi’ tuwri’ keledi. Ten’iz transporti’ ju’k tasi’wda ten’i-tayi’ joq transport yesaplanadi’. Woni’n’ barli’q tasi’lg’an ju’ktegi u’lesi 62 % ti quraydi’.

Evropada temir jol transporti’ Rossiya, GFR, Franciya ha’m basqa ko’plegen yellerde rawajlang’an. Rossiyada 87 mi’n’ km, GFR da 44 mi’n’ km ha’m Franciyada 33 mi’n’ km temir jol quri’lg’an. Temir jollardi’n’ ko’pshilik bo’legi elektrlestirilgen. Franciya ha’m Ulli’ Britaniya arasi’nda tunel arqali’ tez ju’retug’i’n poezdlar qatnaydi’.

Avtomobil transporti’ni’n’ rawajlani’wi’ wonda bar mashinalar sani’na baylani’sli’ bolatug’i’ni’ belgili. GFR (35 mln. dana), Italiya (31 mln), Franciya (28 mln.), Ulli’ Britaniya (24 mln.), Rossiya (18 mln), Ispaniya (16 mln. dana) ma’mleketleri jetekshilik yetedi.

Evropada qubi’r transporti’ da joqari’ da’rejede rawajlang’an. Bati’s, Shi’g’i’s, Arqa ha’m Qubla Evropa yellerinin’ ko’pshiligi bir-biri ha’m Rossiya menen neft ha’m ta’biyiy gaz qubi’rlari’ arqali’ baylani’sqan. Neft ha’m gaz qubi’rlari’ Arqa ha’m Norvegiya ten’izleri akvatoriyalari’nda da xi’zmet ko’rsetpekte. Ha’zirgi waqi’tta Yaponiyani’ Worayli’q Aziya menen baylani’sti’ri’wshi’ «Nabukko» gaz qubi’rlari’ quri’lmaqta.

Evropada ten’iz transporti’ da, ishki suw transporti’ da rawajlang’an. Ten’iz transporti’ **Niderlandiya, Franciya, Ulli’ Britaniya, Italiya, Rossiya, Polsha, Shveciya, Norvegiya** ha’m basqa yellerde rayonlar arali’q ha’m xali’qarali’q a’hmiyetke iye.

Du’nyada ju’k aylani’si’ ji’li’na 200 mln. tonnadan joqari’ bolg’an ten’iz portlari’ ishinde Rotterdam porti’ (300 mln.t.) tek

# ITALIYA



3 Su't-go'sh sharwashi'li'g'i' ha'm da'nli yeginler (biyday, qara biyday, arpa)
4 Ju'zimshilik, miyweshilik ha'm ovosh wo'siriwshilik
5 Go'sh-su't taw-jaylaw sharwashi'li'g'i'
6 Go'sh-ju'n taw-jaylaw sharwashi'li'g'i'
7 Paydalani'lmaytug'i'n jerler
Tog'aylar
AWI'L XOJALI'G'I'
1 Da'nli yeginler (biyday, ma'kke, sali') ha'm go'sh-su't sharwashi'li'g'i'
2 Da'nli yeginler, ju'zimshilik ha'm sharwashi'li'q
BERN
VADUTS
A V S T R I Y A
SHVEYCARIYA
SLOVENIYA
LYUBLYANA
X O R V A T
F R A N C I Y A
BOSNIYA HA'M GERSEGOVINA
MONAKO
SAN-MARINO
VATIKAN
TUNIS
LIGURIY TEN'IZI
A D R I A T I K A T E N ' I Z I
T I R R E N T E N ' I Z I
W O R T A T E N ' I Z
IONIYA TEN'IZI
Korsika a. (Fr.)
Sardiniya o.
Siciliya a.
Egl
Aosta
Shatilon
Milan
Bergamo
Breshia
Novara
Turin
Pyachensa
Alessandriya
Savona
Genuya
Spetsiya
Bolsano
Mori
Skio
Vichensa
Verona
Paduya
Mantuya
Modena
Parma
Ferrara
Ravenna
Bolonya
Prato
Rimini
Pezaro
Ankona
Monfalkone
Triyest
Venetsiya
Lukka
Piza
Livorno
Florensiya
Siyena
Pombino
Peruja
Terni
Peskara
Bastiya
Ayachcho
Chivitavekkya
RIM
Pometsiya
Latina
Gaeta
Neapol
Salerno
Foja
Bari
Brindizi
Taranto
Ferrandina
Kozensa
Krotone
Katandzaro
Messina
Rejo-di-Kalabriya
Palermo
Termini-Imerese
Milacso
Trapani
Kataniya
Augusta
Sirakuza
Jela
Porto-Torres
Sassari
Olbiya
San-Gavino-Monreale
Porto-Vesme
Kalyari
8°
12°
16°
44°
40°

g’ana Niderlandiyada g’ana yemes, al, du’nyada ten’i-tayi’ joq port yesaplanadi’.

Ishki suw jollari’ Rossiya, GFR, Niderlandiya ha’m bir qatar basqa yellerde joqari’ da’rejede rawajlang’an.

Hawa transporti’ Ulli’ Britaniya, Franciya, GFR ha’m Rossiyada jaqsi’ rawajlang’an boli’p, ha’r ji’li’ 60 mln. jolawshi’ tasi’ytug’i’n London, Frankfurt-Mayn, Parij qalalari’ keskin ajrali’p turadi’.

### *A’meliy jumi’s*

1. Transport tu’rleri boyi’nsha jetekshi yeller dizimin du’zin’ ha’m woni’ talqi’lap, da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.
2. Da’pterin’izge qubi’r transporti’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’n tu’sirin’.

### *?! Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Evropada ne sebepten transportti’n’ derlik barli’q tu’rleri joqari’ da’rejede rawajlang’an?
2. Transportqa ta’n tiykarg’i’ ko’rsetkishler haqqi’nda ayti’p berin’.
3. Jolawshi’ ha’m ju’k tasi’wda u’lken a’hmiyetke iye bolg’an transport tu’rleri haqqi’nda nelerdi bilesiz?
4. Evropa yellerinin’ qaysi’si’nda temir jol, avtomobil, qubi’r yamasa suw transporti’ rawajlang’anli’g’i’n ha’m woni’n’ sebeplerin da’lillep berin’.

## 30-§. Turizm. Qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw

### *Tayani’sh tu’sinikler*

**Turizm, qorshag’an wortali’q, qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw, ekologiya, ekologiyali’q jag’day, ekologiyali’q mashqalalar, ekologiyali’q ekspertiza, ekologiyada sali’qlar sistemasi’.**

Evropa a’yyemnen turizm joqari’ da’rejede rawajlang’an du’nya regioni’ yesaplanadi’. Franciyag’a ji’li’na 50 mln. nan arti’q, i’taliya ha’m Ispaniyag’a 30-40 mln. adam turistlik sayaxatqa shi’g’adi’. Shveycariya Portugaliya, Germaniya, Avstriya, Ulli’ Britaniya, Greciya ha’m basqa usi’ si’yaqli’ yeller de du’nyani’n’ iri turistlik woraylari’ yesaplanadi’.

Evropa xalqi’, qalalari’ ti’g’i’z jaylasqan, sanaat ha’m awi’l xojali’g’i’ wo’ndirisi joqari’ bolg’an, transporti’ ha’m turizmi rawajlang’an region yesaplanadi’. Al, bul qorshag’an wortali’qti’n’ pataslani’wi’na ta’sir yetedi.

Bul boyi’nsha birinshi wori’nda aymaqti’n’ tiykarg’i’ jerlerin iyelegen sanaat-wo’ndiristin’ patas shi’g’i’ndi’lari’n na’zerde tuti’w ke-

rek. Ma'selen, ko'mir ka'nleri menen Reyn, Rona, Luara ha'm basqa da'ryalardag'i' GES lar usi'lar qatari'na jatadi'.

Barg'an sayi'n ken'eyip barati'rg'an awi'l xojali'g'i' regionni'n' qorshag'an wortali'g'i'na u'lken ta'sir ko'rsetpekte. Avtomobil sanaati'ni'n' joqari' da'rejede rawajlani'wi', hawada ju'k tasi'w ko'leminin' ken'eyiwi, ten'izde keme qatnawi'ni'n' ko'beyiwi de qorshag'an wortali'qqa ta'sir yetpey tur-maydi'. Son'g'i' waqi'tlarda ten'iz boyi' ha'm tawli' rayonlarda turizmnin' tez pa't penen rawajlani'wi' da qorshag'an wortali'qqa unamsi'z ta'sir ko'rsetpekte. Biraq, uli'wma uqsasli'qlarg'a qaramastan, ekologiya tarawi'nda Evropa regionlari' arasi'nda, a'sirese, Bati's ha'm Shi'g'i's Evropa arasi'nda ayi'rmashi'li'q bar.

Evropada 1973-ji'li' qorshag'an wortali'qti' qorg'aw haqqi'ndag'i' Evropa Awqami' ma'mleketlerinin' birinshi bag'darlamasi' qabi'l yetildi. Al, yekinshi bag'darlama bolsa 1977-ji'li' qabi'l yetildi. Ekologiyali'q mashqalalardi', qorshag'an wortali'qti' ha'r qi'yli' zi'yanli' ta'sirlerden qorg'aw, ekologiyali'q turaqli'li'qti' saqlaw ushi'n ta'biyat resurslari'nan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w, ekologiyali'q ekspertizalardi' sho'lkemlestiriw maqsetinde ma'mleketler arali'q arnawli' komissiyasi'ni'n' qarari' qabi'l yetildi. XX a'sirdin' 80—90-ji'llari' ta'biyatti' qorg'aw ha'm ekologiyali'q mashqalalar haqqi'nda 300 den aslam hu'jjetler qabi'l yetildi.

Bul mashqalalar ishinde taza hawani' pataslawshi' kislotali' jawi'nnan qorg'aw Xali'qarali'q konvenciyasi' ju'da' a'hmiyetke iye.

Sonday-aq, ta'biyatti' qorg'aw fondi' Evropa Awqami' ta'repinen qollap-quwatlana basladi'. Bunnan basqa 80-ji'llardi'n' aqi'ri' ha'm 90-ji'llari' ta'biyatti' qorg'awdi'n' toli'q strategiyasi' islep shi'g'i'ldi'. Qorshag'an wortali'qti' bir wo'lshemde saqlap turi'w maqsetinde, 90-ji'llardi'n' basi'na kelip, neft wo'nimlerinen, ko'mir ha'm ta'biyiy gazden aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w maqsetinde Evropa Awqami' ta'repinen sali'q sistemasi' dodalang'annan son' qabi'l yetildi.

Ja'ne soni' atap wo'tiw mu'mkin, ha'r qi'yli' basqa bag'darlar boyi'nsha da bir qatar jumi'slar a'melge asi'ri'ldi'. Ma'selen, jol ha'reketi intensiv bolg'an wori'nlarda jasaytug'i'n adamlar Evropa Awqami' ta'repinen 140 mln. dana velosiped penen ta'miyinlendi. Sonday-aq, Greciya, Niderlandiya, Daniyada ekologiyali'q mashqalalardi' sheshiw ushi'n ken' tu'rde jumi's ali'p bari'ldi'. 1993-ji'li' ta'biyatti' qorg'aw, turizmdi rawajlandi'ri'w boyi'nsha Evropa Awqami' arnawli' qarar qabi'l yetti. Bundag'i' tiykarg'i' maqset, ten'iz a'tiraplari'nda, tawli' rayonlarda, milliy parklerde, qori'qxanalarda ekologiyali'q ma'selelerge, ekologiyali'q turaqli'li'qqa ko'birek itibar beriwden ibarat.

### A'meliy jumi's

1. Turizm rawajlang'an Evropa yellerinin' atlari'n ha'm woni'n' tiykarg'i' sebeplerin da'pterin'izge jazi'n'.
2. «Atlas»tan paydalani'p, sanaat ha'm awi'l xojali'g'i' wo'ndirisinin' keri ta'siri, a'sirese sezilerli bolg'an Evropa aymaqlari'n jazi'wsi'z kartag'a tu'sirin'.

### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Evropani'n' tiykarg'i' turizm regionlari' ha'm woraylari' haqqi'nda nelerdi bilesiz?
2. Turizm qaysi' yellerde u'lken da'ra'mat da'reklerine aylang'an?
3. Ne ushi'n qorshag'an wortali'qti' qorg'aw mashqalasi' Evropa ushi'n ku'ta' a'hmiyetli?
4. Qorshag'an wortali'qti' qorg'aw boyi'nsha qabi'l yetilgen hu'jjetler haqqi'nda ayti'p berin'.

## 31-§. Evropadag'i' yen' rawajlang'an yeller

### Tayani'sh tu'sinikler

**Evropa regionlari', ekonomikali'q-geografiyali'q ha'm siyasiy-geografiyali'q worni', transevropa bas joli', Parlament Respublikasi', Federaciya, Rur, Saar, Axen, imigrant-lar, katolikler, protestantlar.**

Evropa du'nyani'n' ekonomikali'q jaqtan ku'shli rawajlang'an region-lari'ni'n' biri. Soni'n' ushi'n da, woni'n' aymag'i'nda du'nya ko'leminde ekonomikali'q jaqtan yen' rawajlang'an ko'p g'ana yellerdin' jaylasi'wi' tosi'nnan yemes. Bunday yeller qatari'na «segizlik» ma'mleketleri GFR, Franciya, Ulli' Britaniya ha'm Italiya menen birge, Ispaniya, Shveycariya, Avstriya, Shveciya, Belgiya, Niderlandiya, Norvegiya, Finlyandiya ha'm basqalar kiredi.

Evropadag'i' jaqsi' rawajlang'an ma'mleketler ishinde wo'zinin' u'lken yekonomikali'q mu'mkinshiligi ha'm rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha Germaniya Federativlik Respublikasi' keskin aji'rali'p turadi'.

### GERMANIYA FEDERATIVLIK RESPUBLIKASI'

### Geografiyali'q worni', ma'mleket haqqi'ndag'i' uluwma mag'luwmatlar

Germaniya Evropa worayi'nda jaylasqan. Qurg'aqli'qta wol Nider-landiya, Belgiya, Lyuksemburg, Franciya, Shveycariya, Avstriya, Chexiya, Polsha, Daniya menen shegaralasqan. Germaniyani'n' social-ekono-

mikali'q ha'm siyasiy rawajlani'wi'nda woni'n' ekonomikali'q ha'm siyasiy geografiyali'q jag'dayi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri u'lken a'hmiyetke iye. Evropani'n' worayi'nda, ekonomikali'q jaqtan joqari' rawajlang'an ma'mleketlerge jaqi'n, transevropa bas joli'ni'n' ken'lik ha'm uzi'nli'qlari' kesisken jerinde jaylasqanli'g'i' Germaniyag'a u'lken payda keltirmekte. Yen' a'hmiyetli mu'mkinshiliklerinen ja'ne biri — Germaniyani'n' ten'izge jaqi'n jaylasqani' ha'm qon'si' yellerdin' iri port qalalari'na (Rotterdam, Antverpen ha'm basqalar) jaqi'n yekenligi menen baylani'sli'.

1989-ji'ldi'n' oktyabrinde yeki ma'mleket GFR ha'm GDR birleskennen keyin Germaniya ha'zirgi shegaralari'na iye boldi'. Na'tiyjede, GFR aymag'i' 43% ke, al xalqi' bolsa 27% ke ko'beydi.

GFR — parlament Respublikasi'. Amaqli'q-siyasiy du'zilisi boyi'nsha 16 federatsiya-dan quralg'an, bular to'mendegilerden ibarat: Baden-Vyurtemberg, Bavariya, Berlin, Brandenburg, Bremen, Gamburg, Gessen, Meklenburg (buri'n Pomeraniya), To'mengi Saksoniya, Reynland-Pfals, Arqa Reyn-Vestfaliya, Saar, Saksoniya, Saksoniya-Apgalt, Tyuringiya ha'm Shlezvig-Golshteyn, pul birligi evro.

## Ta'biyiy bayli'qlari'

Rudali' paydali' qazi'lmalardi'n' ka'nleri wortasha biyikliktegi tawlarg'a, neft ha'm ta'biyiy gaz ka'nleri bolsa Arqa Germaniya pa's tegisligine tuwri' keledi.

Bati's Evropa ma'mleketleri arasi'nda Germaniya wo'zinin' tas ko'miri ha'm qon'i'r ko'miri menen aji'rali'p turadi'. Tas ko'mirdin' tiykarg'i' ka'nleri Rur, Saar ha'm Axen basseynlerinde jaylasqan, ko'mirdin' 2/3 bo'legi joqari' sapali' okislenetug'i'n ko'mirden ibarat.

Qon'i'r ko'mirdin' izertlengen qorlari'ni'n' (80 mlrd.t.) u'lken bo'legi Shi'g'i's Germaniyada jaylasqan. Wol ashi'q usi'lda qazi'p ali'nadi'.

Ta'biyiy gaz ka'nleri ma'mlekettin' arqasi'nda toplang'an. Temir rudalari'ni'n' qorlari' bar bolsa da, biraq, wolardi'n' sapasi' to'men. Arqa Germaniya pa's tegisliginde tas duzi'ni'n' u'lken qatlamlari' jaylasqan. Kaliy ha'm magniy duzlari'ni'n' qorlari' da bar.

Quri'li's materiallari' wo'ndiris ha'm shiyshe sanaati' ushi'n shiyki zat resurslari' wog'ada ko'p.

Yeldi'n' iri da'ryalari' — Reyn, Elba, Vezer, Ems (Arqa ha'm Baltik ten'izi basseynleri) ha'm Dunay ( Qara ten'iz basseyni). Barli'q a'hmiyetli da'ryalar kanallar menen tutasti'ri'lg'an. 1993-ji'li' Arqa ten'izden Qara ten'izge shekem bolg'an transevropa suw joli'ni'n' quri'li'si'n tamamlani'p Mayn—Dunay kanali' ashi'ldi'. Worayli'q Ger-

maniya kanali’ ha’m woni’n’ Berlin menen Vezer da’ryasi’na shekemgi arali’g’i’ qayta islenbekte. Xali’qarali’q da’rya da’rejesine iye bolg’an Reyn da’ryasi’ni’n’ ekonomikali’q a’hmiyeti Germaniya ushi’n wog’ada u’lken.

## Xalqi’

Yeki nemis ma’mleketi birleskennen son’ ma’mleket xalqi’ keskin ko’beydi ha’m ha’zir 81,0 mln. adamdi’ quraydi’ (Bati’s Evropa birinshi wori’ndi’ iyeleydi). Tuwi’li’w wo’liwshilik penen derlik ten’, 1 $km^2$ ge 240,3 adam tuwri’ keledi. Germaniya xalqi’ni’n’ sani’ immigrantlar (Turkiya, buri’ng’i’ Yugoslaviya Respublikalari’, Italiya, Greciya, Portugaliya ha’m basqa yellerden kelip ati’rg’anlar) yesabi’nan arti’p barmaqta. Ma’mlekettin’ qayta birlesiwi na’tiyjesinde Bati’sta 5 mln. g’a jaqi’n, al Shi’g’i’sta bolsa 0,2 mln. shet yelliler bar yedi. Ha’zirgi ku’nge kelip wolardi’n’ sani’ 7 mln. nan asti’.

Ma’mleketlik tili — nemis tili. Xalqi’ni’n’ basi’m ko’pshiligi nemisler, qalg’anlari’ — du’nyani’n’ tu’rli ma’mleketlerinen kelgen immigrantlardan ibarat.

Tiykarg’i’ dini — xristian dini. Yelde 40 mln. protestantlar, 35 mln. katolikler bar. Qubla ha’m Bati’sta katolikler ko’p ushi’rasadi’, qalg’an aymaqlarda protestantlar ko’pshilikti quraydi’.

Urbanizaciya da’rejesi 74% ten aslam. Ko’plegen qalalar aglomeraciyalar yadrosi’ yesaplanadi’, biraq, xalqi’ 1 mln. nan arti’q bolg’an qalalar ko’p yemes (Berlin, Gamburg, Myunxen). Ha’zir ma’mlekette (Niderlandiya menen birge) Reyn megapolisi rawajlanbaqta. Wonda ja’mi 30 mln. adam jasaydi’.

### *A’meliy jumi’s*

1. Jazi’wsi’z kartada Evropani’n’ ekonomikali’q jaqtan rawajlang’an ma’mleketlerin aji’rati’n’ ha’m wolardi’n’ atlari’n da’pterin’izge tu’sirin’.
2. Jazi’wsi’z kartada GFR din’ 16 jerin aji’rati’n’ ha’m wolardi’n’ atlari’n da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.

### *?! Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Germaniya Federativlik Respublikasi’ni’n’ geografiyali’q worni’ ha’m ta’biyiy resurslari’ menen ta’miyinlengenligin bahalap berin’.
2. Germaniyada miynet resurslari’ni’n’ sapa ko’rsetkishleri joqari’ da’rejege iye yekenligi qanday faktorlar menen baylani’sqan?
3. Germaniya Evropada yen’ rawajlang’an ma’mleket, ekonomikali’q rawajlani’w da’rejesi boyi’nsha ja’ha’nnin’ u’shinshi ma’mleketi yekenligi haqqi’nda nelerdi bilesiz?

## 32-§. GFR xojali'g'i'

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Si'rtqi' sawda aylani'si', energetika, elektroenergiya, ji'lli'li'q elektr stanciyalari', atom elektr stanciyalari', qara mi's, optikali'q mexanika.**

Germaniya — du'nyani'n' yen' rawajlang'an yellerinin' biri. Jalpi' ishki wo'nim ha'm sanaat wo'ndirisinin' ko'lemi boyi'nsha AQSH ha'm Yaponiyadan keyingi u'shinshi wori'ndi' iyeleydi. Si'rtqi' sawda aylani'si'ni'n' ko'lemi boyi'nsha du'nyada AQSH tan keyingi yekinshi wori'ndi' turadi'.

Germaniyani'n' Evropa ha'm du'nya xojali'g'i'ndag'i' a'hmiyetli worni'n joqari' sapali' wo'nim shi'g'ari'wg'a bag'darlang'an sanaati' belgileydi.

Ilimtalap tarawlari'ni'n' u'lesi arti'p barmaqta. Stanoklar ha'm basqa wo'ndiris u'skenelerin, avtomobil, worganikali'q ximiya wo'nimlerin eksport yetiw boyi'nsha Germaniya du'nyada aldi'ng'i' wori'nlardan birin iyeleydi. GFR ni'n' barli'q iri sanaat kompaniyalari' transmilliy korporaciyalardan ibarat **(«Daimler-Benz», «Volkswagen», «Siemens», «Hoeshst», «Bayer»).**

Germaniya energetikasi' wo'z talaplari'ni'n' yari'mi'nan ko'bin import yesabi'nan qanaatlandi'radi'. Neft ha'm gaz tiykarg'i' a'hmiyetke iye. Ko'mirdin' u'lesi 30% ke jaqi'n. Neft tankerlerde ha'm neft qubi'rlari' arqali' Arqa ten'iz, Rossiya, Afrika ma'mleketleri (Nigeriya, Liviya), Persiya qolti'g'i' ma'mleketlerinen jetkeriledi. Neftti qayta islew zavodlari' ma'mleket boylap bir tegis jaylasqan. Yen' iri woraylar — **Gamburg, Kyoln, Karlsrue, Shvedt** ha'm basqalar.

GFR da elektroenergiyasi'ni'n' tiykarg'i' bo'legi ji'lli'li'q elektr stanciyalari'nda islep shi'g'ari'ladi'. JES lar Rur ha'm Saar basseynlerinde, port qalalari'nda — ko'mirde, neftti qayta islew woraylari'nda — mazutta isleydi, al basqa JES lar bolsa aralas jani'lg'i'da isleydi. Keyingi waqi'tta jergilikli ko'mirge qarag'anda Avstraliyadan arzan bahada ali'p kelinip ati'rg'an ko'mirdin' a'hmiyeti arti'p barmaqta.

AES larda elektr quwati'ni'n' 30% i islep shi'g'ari'ladi' (wolar ko'mir basseynlerinin' shegarasi'nan si'rtta quri'lg'an). GES lar tiykari'nan ma'mlekettin' qublasi'nda (taw da'ryalari'nda) jaylasqan.

**Qara ha'm ren'li metallurgiya** GFR ni'n' **ren'li metallurgiyasi',** tiykari'nan, si'rttan a'kelingen ha'm yekinshi da'rejeli shiyki zatta (ren'li metall bo'lekshelerinde) isleydi. Ka'rxanalar jaylasi'wi'ni'n' bas faktori' — energiya resurslari' menen ta'miyinlengenlik ha'm shiyki zatti' ali'p keliwdegi qolayli'qtan ibarat. Alyuminiydi yeritiw boyi'nsha Ger-

maniya Bati's Evropada tek Norvegiyadan keyingi yekinshi wori'ndi' iyeleydi. Tiykarg'i' zavodlar Arqa Reyn-Vestfaliya jerinde, sonday-aq, Gamburg ha'm Bavariyada jaylasqan. Qara mi'sti' yeritiw Gamburg ha'm basqa qalalarda a'melge asi'ri'ladi'.

**Mashinasazli'q ha'm metalldi' qayta islew** — GFR sanaati'ni'n' yen' rawajlang'an tarawlari'ni'n' biri. Yeldin' sanaat wo'nimleri ha'm yeksporti'ni'n' yari'mi'na jaqi'n bo'legi mashinasazli'qqa tuwri' keledi. Yen' iri woraylar to'mendegiler: Myunxen, Leyptsig, Nyurnberg, Mangeym, Berlin, Gamburg. Mashinasazli'q jaqsi' rawajlang'an jerler: Baden-Vyurtemberg ha'm Arqa Reyn-Vestfaliya.

Avtomobil islep shi'g'ari'w boyi'nsha Germaniya du'nyada AQSH, Yaponiya ha'm Qi'taydan keyingi to'rtinshi wori'ndi' iyeleydi. **«Wolkswagen», «Mersedes-Benz», «BMW», «Ford-Verke», «Opel»** usag'an korporaciyalar avtomobil islep shi'g'aradi'. Avtomobilsazli'qti'n' yen' iri woraylari' — Volsburg, Shtutgart, Kyoln, Ryusselxaym, Myunxen qalalari' yesaplanadi'.

Ten'iz kemesazli'g'i'ni'n' tiykarg'i' woraylari' — Kil, Gamburg, Bremen, Emden, Rostok yesaplanadi', da'rya kemesazli'g'i'ni'n' worayi' — Duyshburg qalasi'. Optikali'q-mexanika ka'rxanalari'ni'n' yen' ko'p toplang'an jeri Baden-Vyurtemberg ha'm Tyuringiya jerleri. Samolyotsazli'q sanaati'ni'n' iri woraylari' — Myunxen, Aersburg, Gamburg, Bremen ha'm usi' qalalardi'n' a'tirapi'.

Germaniya **ximiya sanaati'ni'n'** tiykarg'i' rayoni' bul — Arqa Reyn-Vestfaliya jeri (barli'q wo'nimnin' 2/5 bo'legi). Yen' iri woraylari' to'mendegiler: **Leverkuzen** (**«Bayer»** koncerni), **Kyoln, Darmagen, Frankfurt-Mayn** (**«Hoeshst»** koncerni), **Lyudvigsxafen** (**«Basf»** kontserni).

**Transporti'.** Transport jollari'ni'n' ti'g'i'zli'g'i' boyi'nsha Germaniya du'nyada aldi'ng'i' wori'nlardi'n' birin iyeleydi. Evropa Ken'esi boyi'nsha sherikleri menen bolg'an ekonomikali'q baylani'slardi'n' jedelligi ha'm Evropani'n' worayi'nda jaylasqanli'g'i' menen baylani'sli' tu'rde transportti'n' barli'q tu'rleri rawajlang'an. Transport tarawi'ni'n' tiykari'n temir jollar quraydi' (44 mi'n' km ge jaqi'n), sonnan 90% i yelektrlestirilgen.

Uluwma ju'k aylani'si'nda tiykarg'i' wori'ndi' avtomobil transporti' (60% a'tirapi'nda) iyeleydi, keyingi wori'nlarda temir jol transporti' (20%), ishki suw (15%) ha'm qubi'r transporti' turadi'. Jolawshi' tasi'wda avtomobil transporti'ni'n' u'lesi ja'ne de joqari' (90% ke jaqi'n). Joqari' da'rejedegi avtomobil jollari'ni'n' uluwm**a uzi'nli'g'i' 11 mi'n' km den aslam.**

Konteyner tasi'wshi' kemelerdin' tonnaji' boyi'nsha Germaniya AQSH, Panama, Tayvannan keyingi 4-wori'ndi' iyeleydi. Yeldin' ten'iz portlari' ju'k aylani'si' boyi'nsha Evropa ma'mleketlerinin' iri port-

lari'nan to'menirek wori'nlardi' iyeleydi. Yen' iri ten'iz portlar Gamburg, Vilgelmsxafen, Bremen, Emden, Rostok yesaplanadi'. Yeldin' si'rtqi' baylani'slari'nda ten'iz transporti' qatari'nda hawa transporti' da u'lken a'hmiyetke iye. Barli'q iri yarmarka woraylari'nda aeroportlar bar. Germaniyada 16 xali'qarali'q aeroportlar bar boli'p, Frankfurt aeroporti' Evropada ju'k tasi'w boyi'nsha birinshi, al jolawshi' tasi'w boyi'nsha u'shinshi wori'ndi' iyeleydi (Londonni'n' "Xitrou" aeroporti'nan keyin).

**Si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'.** Si'rtqi' sawdani'n' uluwma ko'lemi boyi'nsha Germaniya AQSH tan keyingi 2-wori'nda turadi'. Si'rtqi' sawda baylani'si' u'zliksiz tu'rde unamli' boli'p kelmekte. Si'rtqi' sawdani'n' tovar ha'm geografiyali'q du'zilisi yeldin' xali'q-arali'q miynet bo'liniwindegi qatnasi'n sa'wlelendiredi. GFR, da'slep, sanaati' rawajlang'an ma'mleketlerge, birinshi wori'nda Evropa Awqami' boyi'nsha sheriklerine qarap is tutadi'. Si'rtqi' sawda aylani'si'ni'n' 50% i ha'm shi'g'ari'li'p ati'rg'an investitsiyani'n' tiykarg'i' bo'legi usi' ma'mleketlerge tuwri' keledi. Evropani'n' ko'p yelleri ushi'n Germaniya basli' sawda sherigi yesaplanadi'.

Xali'qarali'q bazarda Germaniya joqari' sapali' wo'nimler menen ta'-miyinlewshi ma'mleket si'pati'nda ta'n ali'ng'an. Eksportti'n' 90% ten arti'g'i'n sanaat tovarlar quraydi'. Germaniyani'n' barli'q iri sanaat kompaniyalari' transmilliy korporaciyalari'. Usi'lardi'n' geyparalari', a'si-rese, xali'qarali'q qa'-nigelesiw tarawlari'ni'n' korporaciyalari' ja'ha'nnin' yen' iri korporaciyalari' boli'p yesaplanadi' (ximiya sanaati'nda — «Bayer», «Xyoxst», «Basf» kompa-niyalari', elektronikada—«Siemens», avtomobilsazli'qta—«Daimler-Benz»). Organikali'q ximiya wo'nimlerin shetke shi'g'ari'w boyi'nsha yel ja'ha'nde birinshi wori'ndi' iyeleydi, stanoklardi' ha'm basqa wo'ndiris u'skenelerin eksport yetiw boyi'nsha birinshi wori'ndi' iyelew ushi'n Yaponiya menen jari'spaqta.

Germaniya — du'nyadag'i' yen' iri investorlardan biri yesaplanadi'. Wol wo'z investiciyalari'n ko'plegen ma'mleketlerdin' sanaati' ha'm xi'zmet ko'rsetiw tarawi'na sarplamaqta.

O'zbekistan ma'mleketi g'a'rezsizlik ji'llari'nda GFR ha'm basqa Evropa yelleri menen xali'qarali'q qatnaslardi'n' ko'p formalari' boyi'nsha birge islew sha'rtnamalari'na qol qoyg'an. Solardi'n' ishinde sawda baylani'slari' ko'birek a'hmiyetke iye. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' uluwma tovar aylani'si'ni'n' 5,6% i ha'm importti'n' 11,5 %i GFR g'a tuwri' keledi (2011-j.). Evropa yellerinen Shveycariya, Ulli' Britaniya ha'm Italiya menen de respublikami'z salmaqli' eksport-import baylani'slari'na iye.

### *A'meliy jumi's*

1. GFR dag'i' transmilliy korporaciyalar menen wolar jaylasqan qalalardi'n' atlari'n da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

2. Jazi'wsi'z kartag'a tiykarg'i' sanaat tarawlari' rawajlang'an woraylardi'n' nusqalari'n tu'sirin' ha'm woni'n' talqi'lawi'n da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Sanaat — Germaniya xojali'g'i'ni'n' tiykari'. Woni'n' jetekshi tarawlari' ha'm wolardi'n' tutqan worni' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Rur — Germaniyani'n' ekonomikali'q, finansli'q, ma'deniy ha'm ilimiy worayi' yekenligin tiykarlap berin'.
3. Germaniya intensiv rawajlang'an awi'l xojali'g'i' wo'ndirisine iye yekenligin qalay tiykarlap bere alasi'z?
4. Germaniyada transport tarawi' qalay rawajlang'an?
5. Germaniyani'n' si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'n bahalan'.

## 33-§. Rossiya Federaciyasi': ta'biyiy-demografiyali'q da'rejesi

### Tayani'sh tu'sinikler

**Ta'biyiy-demografiyali'q da'rejesi, hu'kimet, atqari'wshi' organ, turaqli' xali'q, ma'mleketler arali'q migraciya, xali'qti'n' milliy qurami', xali'qti'n' jaylasi'wi', ekonomikali'q qurami'.**

Rossiya — maydani' jag'i'nan jer ju'zindegi yen' iri ma'mleket. Wol Evraziya materiginin' arqa bo'leginde jaylasqan ( shama menen 4,1 mln. km$^2$ — Evropada, 13,0 mln. km$^2$ — Aziyada).

Rossiya shegaralari'ni'n' uluwma uzi'nli'g'i' du'nyada yen' u'lken boli'p, wol 58,6 mi'n' km di quraydi'. Bunda ten'iz arqali' wo'tken shegaralar qurg'aqli'qtag'i' shegaralardan derlik yeki yese uzi'n.

Rossiyani'n' qurg'aqli'qtag'i' shegaralari' da ju'da' uzaqqa sozi'lg'an (20 mi'n' km. den aslam). Buri'ng'i' awqam bo'lsheklengen son' Rossiyani'n' qon'si'lari'ni'n' sani' ra'smiy tu'rde wo'zgermedi. Wol 16 ma'mleket penen shegaralas. Du'nyadag'i' basqa hesh bir ma'mlekettin' bunshelli ko'p shegaralasi' joq.

Rossiya — Federativlik Respublika. Ma'mleket basshi'si' Prezident. Hu'kimet atqari'wshi' organ yesaplanadi'.

Rossiya Federaciyasi' mineral resurslardi'n' tu'rleri ha'm qorlari' boyi'nsha du'nyadag'i' yen' bay yellerdin' biri.

Rossiya ko'mir, neft ha'm ta'biy gazdin' u'lken qorlari'na iye. Bunnan basqa mi's, qorg'asi'n, cink, volfram, molibden, qalayi', nikel, boksit, nefelin rudalari'na bay. Alti'n, gu'mis, platina, almaz qazi'p ali'nadi'. As duzi' ha'm kaliy duzlari'ni'n' qorlari' u'lken.

Rossiyani'n' ayi'ri'm arktikali'q ha'm subarktikali'q rayonlari'nan basqa barli'q aymaqlari'nda, turaqli' xali'q bar, biraq, tegis jaylaspag'an. Xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' ha'r 1 km$^2$ ge 8,4 adamdi' (Rossiya-

ni'n' Evropa bo'leginde ha'r 1 km² ge 32 adam, al Aziya bo'leginde bolsa shama menen 2 adam tuwri' keledi) quraydi'. Xalqi' yen' ti'g'i'z jaylasqan jerler (bul ti'g'i'zli'q arqag'a ha'm shi'g'i'sqa qaray kemeyip baradi') Worayli'q Rossiya yesaplanadi'. Rossiya Federaciyasi' xalqi'ni'n' sani' 2012-ji'ldi'n' basi'nda 142,0 mln adamdi' quradi'. Rossiyani'n' demografiyali'q rawajlani'wi'ni'n' ha'zirgi basqi'shi'na tuwi'li'w ha'm xalqi' ta'biyiy ko'beyiwinin' qi'sqari'wi' ta'n. Xali'q sani'ni'n' ta'biyiy kemeyiwi belgili da'rejede ma'mleketler arali'q migratsiya saldosi' yesabi'nan qaplanbaqta. Rossiya xalqi'ni'n' milliy qurami' ko'p milletli (100 den aslam millet ha'm xali'qlar jasaydi'). Xalqi'ni'n' ko'pshilik bo'legin ruslar quraydi' (80% ten aslam), ko'p sanli' xali'qlar qatari'nda tatarlar (5 mln. adamnan aslam), ukrainlar (4 mln. nan aslam), shuvashlar ha'm basqalardi' atap wo'tiwge boladi'. Qala xalqi'ni'n' u'lesi — 73,2 %.

Awi'l xalqi'ni'n' jaylasi'wi' ta'biyat zonalari', xojali'q ju'rgiziw ushi'n qolay sharayatlar, xali'qlardi'n' u'rp-adetleri ha'm da'stu'rleri menen baylani'sli' halda parqlanadi'.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartada Rossiya Federaciyasi' menen shegalaras yellerdi ani'qlap, wolardi'n' atlari'n da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.
2. Xali'qti'n' aymaqli'q jaylasi'wi'na ta'n qa'siyetlerin da'pterin'izge jazi'n'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rossiya maydani'ni'n' u'lkenligi, shegaralari'ni'n' uzi'nli'g'i' jag'i'nan ja'ha'n yelleri ishinde qanday wori'ndi' iyeleydi?
2. Ma'mlekettin' klimati'na xojali'q rawajlani'wi' ko'zqarasi'nan baha berin'.
3. Rossiya qanday mineral resurslarg'a bay?
4. Ma'mleket xalqi'ni'n' sani' qansha, woni'n' qi'sqari'wi' qanday faktorlar menen baylani'sli'?
5. Rossiya xalqi'ni'n' milliy qurami' haqqi'nda ayti'p berin'.

## 34-§. Xojali'g'i', transporti' ha'm si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Ta'biyiy, ekonomikali'q, ilimiy imkaniyatlar, magistral neft ha'm gaz qubi'rlari', sanaat qorlari', elektroenergetika balansi', tovar qurami', jani'lg'i'-energetika resurslari'.**

Rossiya Federaciyasi' — G'MDA yelleri ishinde maydani'ni'n' u'lkenligi ha'm xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha yen' iri suveren ma'mleket. Wol u'lken ta'biyiy, ekonomikali'q ha'm ilimiy imkaniyatlarg'a iye. G'MDA

ma'mleketleri ko'leminde JMD ni'n' 60 % i ha'm sanaat wo'ndirisinin' 2/3 bo'legi Ros-siyag'a tuwri' keledi. Rossiya ekonomikasi' ko'p tarawli'. Sanaat wo'nimi ko'leminin' 1/3 bo'legi jani'lg'i'-energetika kompleksi tarawlari'na tuwri' keledi. Energetika tarawi' wo'ndiris ku'shleri rawajlani'wi'ni'n', ja'miyettin' materialli'q-texnikali'q bazasi'n jarati'wdi'n' tiykari' yesaplanadi'. Rossiyani'n' jani'lg'i' energetika balansi'ni'n' shama menen 70 % i neft ha'm gazge tuwri' keledi.

2012-ji'li' 420 mln. tonna neft, 670 mlrd. m3 ta'biyiy ga'z ha'm 300 mln. tonna ko'mir qazi'p shi'g'ari'ldi'. Neft, gaz ha'm ko'mirden basqa Rossiyani'n' geypara aymaqlari'nda torf ha'm jani'wshi' slanetsler energetikada a'hmiyetli wori'n tutadi'.

Neft sanaati'. Ka'nlerden qazi'p ali'ng'an nefttin' u'lken bo'legi ma'mleket ishindegi uzi'nli'g'i' 70 mi'n'. km. ge jaqi'n bolg'an neft qubi'rlari' arqali' tasi'ladi'. Bul qubi'rlar neft qazi'p ali'natug'i'n rayonlardi' ma'mlekettin' basqa barli'q aymaqlari' menen baylani'sti'ri'p turadi'. Neft G'MDA yellerine, Shi'g'i's ha'm Bati's Evropa yelleri menen Qi'tayg'a eksport yetiledi. Son'g'i' ji'llari' wortasha yesapta ji'li'na 150 mln. tonnag'a shekem neft eksport yetilmekte.

**Gaz sanaati'.** Rossiya ta'biyiy gazdin' sanaat qorlari' ha'm woni' qazi'p ali'w ko'lemi boyi'nsha du'nyada birinshi wori'ndi' iyeleydi. Bul shiyki zatti'n' tiykarg'i' bo'legi Bati's Sibirdin' arqasi'nda, Arqa Kavkazda, Ural rayoni'nda, Volga boyi'nda, Komi Respublikasi'nda, Yakutiyada, Saxalinde qazi'p ali'nadi'. Woni'n' tiykarg'i' bo'legi Bati's Sibirge tuwri' keledi.

Magistral qubi'rlardi'n' tiykarg'i' sistemalari' — Bati's Sibirdegi gazge bay jerlerden, Volga boyi'nan, Uraldan, Arqa Kavkazdan gazdi Worayli'q Rossiyag'a ha'm si'rt yellerge jiberedi.

**Ko'mir sanaati'.** Rossiyada tas ko'mir de, qon'i'r ko'mir de qazi'p ali'nadi'. 2012-ji'li' 300 mln. tonna ko'mir qazi'p ali'ndi'. Sonan 30 mln. tonnasi' si'rt yelge yeksport yetiledi.

**Elektroenergetikasi'.** Elektr energiyasi'n islep shi'g'ari'w boyi'nsha Rossiya du'nyada AQSH, Yaponiya, Qi'taydan keyingi to'rtinshi wori'nda turadi' (2008-ji'li' 940 mlrd. kVt/s). Elektr quwati'ni'n' yen' u'lken bo'legi ji'lli'li'q stanciyalari'nda islep shi'g'ari'ladi' (70% ten aslam). Elektroenergetika balansi'nda gidravlikali'q elektr stanciyalari'ni'n' u'lesi — 18% ke, atom yelektr stanciyalari'ni'n' u'lesi 12 % ke ten'.

Qara metallurgiya 2012-ji'li' uluwma 80,0 mln. t. temir rudasi' qazi'p ali'ndi'. Qara metallurgiyag'a za'ru'r bolg'an wokislenetug'i'n ko'mir Kuzbass ha'm Peshora basseynlerinen ali'p keltiriledi.

2012-ji'li' 40 mln. t. shoyi'n, 50 mln t. polat yeritildi. Bul ko'rsetkish boyi'nsha Rossiya Yaponiya, Qi'tay, AQSH ha'm Koreya Respublikasi'nan keyin besinshi wori'ndi' iyeleydi. Rossiyada qara

metallardi' wo'ndiriw, tiykari'nan, u'sh tiykarg'i' qara metallurgiya woraylari' — Ural, Worayli'q qaratopi'raq ha'm Bati's Sibir ekonomikali'q rayonlari'nda ja'mlengen. Iri woraylari': Nijniy Tagil, Magnitogorsk, Chelyabinsk, Novotroick, Novokuzneck, Sherepovec, Stariy Oskol, Lipeck ha'm basqalar.

**Ren'li metallurgiya.** Qorgasi'n-cink sanaati' wo'ndiristin' jaylasi'w quramali'li'g'i' menen xarakterlenedi. Polimetall rudalari' Arqa Kavkaz, Zabaykale, Uzaq Shi'g'i's ha'm Primoryede qazi'p ali'nadi'. Shiyki zatti' metallurgiyali'q qayta islew, a'dette, basqa rayonlarda a'melge asi'ri'ladi' (qorg'asi'n-cink koncentratlari'n tasi'w ushi'n qolayli').

Ashinsk, Brack, Boksitogorsk, Volxov, Volgograd, Kamensk-Uralsk, Kan-dalaksha, Krasnoyarsk, Novokuznetsk, Shelexov alyumin sanaati'ni'n' tiykarg'i' woraylari'.

**Mashinasazli'q.** Rossiyani'n' barli'q aymaqlari'nda bir tegis tarqalg'an. Biraq, ayi'ri'm rayonlarda wol tiykarg'i' taraw yesaplansa, basqa rayonlarda tek ishki talaplardi' qanaatlandi'ri'wg'a qarati'lg'an.

Energetika mashinasazli'g'i' ka'rxanalari'nda puw qazanlari', puw turbinalari' ha'm generatorlar, gidroturbinalar, dizel ha'm yelektro dvigateller tayarlanadi'. Bunday ka'rxanalar Biysk, Barnaul, Taganrog, Belgorod, Sankt-Peterburg, Novosibirskte islep turi'pti'.

Stanoksazli'q ka'rxanalari' bir qansha tegis tarqalg'an. Biraq, wo'nimnin' u'lken bo'legi Worayli'q, Arqa-bati's ekonomikali'q rayonlari'nda ha'm Uralda islep shi'g'ari'ladi'.

Rossiyani'n' avtomobil sanaati' jen'il avtomashinalar, ju'k mashinalari', avtobuslar, trolleybuslar islep shi'g'aradi'. Bul tarawdi'n' birinshi iri ka'r-xanalari' Moskva, Yaroslavl ha'm Nijniy Novgorodta quri'lg'an yedi. Ha'zirgi waqi'tta Nijniy Novgorod, Ijevsk, Miass, Ulyanovsk, Moskva, Tolyatti qalalari'ndag'i' ka'rxanalarda jen'il avtomobiller islep shi'g'ari'ladi'. Pavlovo (Nijniy Novgorod oblasti') ha'm Likino (Moskva oblasti') qalalari'nda avtobuslar islep shi'g'ari'ladi'. Ju'k avtomobilleri Moskva, Nijniy Novgorod, Ulyanovsk, Naberejniye Shelni qalalari'nda islep shi'g'ari'ladi'. Usi'ni'n' menen bir qatarda, motor ha'm dizeller islep shi'g'aratug'i'n arnawli' ka'rxanalar da xi'zmet ko'rsetpekte. Engels qalasi'nda (Saratov oblasti') trolleybuslar islep shi'g'ari'ladi'.

Temir jol mashinasazli'g'i'ni'n' iri ka'rxanalari' Niyniy Novgorod, Sankt-Peterburg, Ulan-Ude, Nijniy Tagil, Kolomna, Kaluga, Lyudinov, Murom, Novocherkassk qalalari'nda jaylasqan. Vagonlar (metro vagonlari', tramvaylar ha'm temir jol vagonlari') Bryansk, Mitishi, Nijniy Tagil, Tver, Abakan, Altaysk, Sankt-Peterburg, Ust-Katav ha'm basqa qalalarda islep shi'g'ari'ladi'.

Ten'iz ha'm da'rya kemesazli'g'i', keme remontlaw Sankt-Peterburg, Astraxan, Nijniy Novgorod, Tyumen, Krasnoyarsk, Xabarovsk, Blagove-

shensk, Komsomolsk-Amur, Arxangelsk, Murmansk, Yaroslavl, Ribinsk, Zelenodolsk qalalari'nda a'melge asi'ri'ladi'.

Samolyotsazli'q Moskva, Qazan, Samara, Voronej, Saratov, Smolensk, Rostov-Don, Taganrog, Komsomolsk-Amur usag'an iri sanaat woraylari'nda rawajlang'an.

**Ximiya ha'm neft-ximiya sanaati'.** Superfosfat sanaati'ni'n' yen' iri ka'rxanalari' Voskresensk (Moskva oblasti'), Sankt-Peterburg, Kingiseptegi (Leningrad oblasti') kombinatlar yesaplanadi'. Al, azot to'ginlerin wo'ndiriw boyi'nsha Dzerjinsk (Nijniy Novgorod jani'nda), Novomoskovsk (Tula oblasti'), Nevinnomisk (Stavropol u'lkesi), Kemerovo qalalari'ndag'i' kombinatlar u'lken a'hmiyetke iye. Uralda (Solikamsk, Berezniki) kaliy to'ginleri islep shi'g'i'ladi'. Son'g'i' ji'llari' organikali'q sintez ximiyasi'ni'n' a'hmiyeti wo'sip barmaqta.

Jasalma ha'm sintetikali'q talshi'q jetkerip beriwshi ximiya ka'rxanalari' Tver, Ryazan, Balakov (Saratov oblasti'), Barnaul, Kursk, Engels, Voljskiy, Krasnoyarsk usag'an qalalarda jaylasqan.

**Tog'ay, ag'ashti' qayta islew ha'm cellyuloza-qag'az sanaati'.** Bul taraw ju'da' u'lken a'hmiyetke iye. Rossiya tog'aylarg'a wog'ada bay ha'm wolar aymaq boylap ken' tarqalg'an. Uluwma tog'ay maydanlari' 766 mln. gektardi' quraydi'.

Cellyuloza-qag'az sanaati' ka'rxanalari'n jaylasti'ri'wda shiyki zat faktori'ni'n' a'hmiyeti ju'da' u'lken. Ha'zirgi waqi'tta bul tarawdi'n' tiykarg'i' woraylari' Arqa rayonda (Kondopoga, Arxangelsk, Kotlas, Siktivkar), Uralda (Krasnokamsk, Krasnovishersk, Solikamsk),Volga-Vyatka rayoni'nda (Balaxna, Pravdinsk, Voljsk) jaylasqan. Sibirde (Krasnoyarsk, Brack, Ust-Ilimsk, Selenginsk, Baykalsk) ha'm Uzaq Shi'g'i'sta iri kombinatlar isleydi.

**Jen'il sanaati'.** Son'g'i' ji'llari' bul tarawda qi'yi'n jag'day ju'zege kelgen. RF sanaati' sistemasi'nda woni'n' salmag'i' sezilerli da'rejede kemeydi. Usi'g'an qaramastan, ha'zirgi waqi'tta tez pa't penen rawajlanbaqta. Iri toqi'mashi'li'q sanaati' woraylari' qatari'na Ivanova, Moskva, Yaroslavl, Orexovo-Zuyevo, Noginsk, Tver; ju'n gezleme tarawi' woraylari'na Moskva, Tver; zi'g'i'r gezleme sanaati' woraylari'na Kostroma, Vyazniki; jipek gezleme woraylari'na Moskva, Naro-Fominsk qalalari' kiredi.

**Awi'l xojali'g'i'.** Rossiya u'lken jer qori'na iye—1705 mln. g'a, biraq, awi'l xojali'g'i'nda paydalani'latug'i'n jerler tek 209,0 mln. gektardi' g'ana quraydi' (awi'l xojali'g'i' jerlerinin' maydani' boyi'nsha du'nyada Qi'tay, AQSH tan keyingi u'shinshi wori'ndi' iyeleydi).

Awi'l xojali'g'i' yeki tiykarg'i'—diyqanshi'li'q ha'm sha'rwashi'li'q tarawlari'nan ibarat. Rossiyani'n' ha'r bir rayoni'nda awi'l xojali'g'i' wo'nimleri tu'rinin' belgili topari' jaylasqan boli'p, wol usi' rayon

qa'nigeleskenligin belgileydi. Wo'zgeshelik ta'repleri ta'biyiy sharayati'na (wo'simliklerdin' jaqti'li'q, i'ssi'li'q ha'm i'g'alli'li'q penen ta'miyinleniwine) baylani'sli' boladi'.

**Azi'q-awqat sanaati'.** Bul sanaat xali'qti' azi'q-awqat wo'nimleri menen ta'miyinlewshi tarawlardi' wo'z ishine aladi'. Azi'q-awqat sanaati' ka'rxana-lari'ni'n' rawajlani'wi' ha'm jaylasi'wi' to'mendegiler menen belgilenedi: xalqi'ni'n' jaylasi'wi' (tuti'ni'wshi'lar faktori'), awi'l xojali'g'i'ni'n' qa'nigelesiwi (shiyki zat faktori'), tayar wo'nimdi transportta tasi'w sharayatlari'.

Rossiyada transportti'n' barli'q tu'rleri rawajlang'an. Biraq, son'g'i' ji'llari' RF da ju'k tasi'w aylani'si' qi'sqardi', woni'n' qurami' a'dewir wo'zgerdi. Ma'selen, uli'wma ju'k tasi'w aylani'si'nda ten'iz (13,0%) ha'm qubi'r (29,0%) transporti'ni'n' u'lesi birqansha ko'beydi, temir jol (52,7 %) ha'm da'rya (3,7%) transporti'niki bolsa kemeydi. Jolawshi' tasi'w qi'sqardi', woni'n' qurami'nda aytarli'qtay wo'zgerisler ju'z berdi.

Taraw ushi'n a'hmiyetli bolg'an bir qatar ekonomikali'q ha'm texnologiyali'q ko'rsetkishler, atap aytqanda, jollardi'n' awhali' jamanlasti' ha'm sapasi' to'menledi. Transport mashinasazli'g'i' wo'nimlerin (magistral teplovozlar, ju'k vagonlari', ju'k avtomobilleri ha'm basqalar) islep shi'g'ari'wdi'n' qi'sqari'wi' texnikali'q parktin' jag'dayi'na unamsi'z ta'sir ko'rsetip ati'r.

**Temir jol transporti'** — Rossiyadag'i' tiykarg'i' transport tu'ri. Temir jollardi'n' uzi'nli'g'i' boyi'nsha Rossiya du'nyada AQSH tan keyingi yekinshi wori'nda turadi'. Temir joldi'n' uli'wma uzi'nli'g'i' shama menen 90 mi'n' km, wolardi'n' 1/3 bo'legi yelektrlestirilgen.

Ten'iz transporti'ni'n' Rossiya ushi'n a'hmiyeti woni'n' u'sh okean — Atlantika, Arqa Muz ha'm Ti'ni'sh okeanlari' akvatoriyasi'ni'n' ten'izleri jag'alari'nda jaylasqanli'g'i' menen belgilenedi. Rossiyani'n' ten'iz arqali' wo'tken shegaralari'ni'n' uzi'nli'g'i' shama menen 40 mi'n' km.

Qubi'r transporti' yeldin' birden-bir transport sistemasi'nda a'hmiyetli wori'n tutadi'.

**2012-ji'li' si'rtqi' sawda aylani'si' 650 mlrd. dollardi' quradi'.** Jer ju'zilik tovar aylani'si'nda Rossiyani'n' u'lesi 2,2 % ti quraydi'.

Sanaati' rawajlang'an Bati's yellerinin' RF menen bolg'an sawda bayla-ni'slari' (50 — 60%) ke shekem ken'eymekte. Rossiyani'n' sawdadag'i' jetekshi awqamlaslari' Germaniya, Qi'tay, Niderlandiya, Italiya, AQSH, Turkiya, Ukraina Rossiyani'n' si'rtqi' sawda aylani'si'ni'n' derlik yari'mi' mine usi' ma'mleketler u'lesine tiyedi.

Si'rtqi' sawdani'n' tovar qurami' da bir qansha wo'zgerdi. Rossiya eksporti'nda mineral wo'nimler (neft, gaz, ko'mir ha'm basqalar) je-

tekshi wori'ndi' iyeleydi. 2012-ji'li' Rossiya si'rtqi' bazarg'a 150 mln. t. neft, 300 mlrd. m$^3$ ta'biyiy gaz, 30 mln. t. ko'mir, 20 mln. t. temir rudasi' ha'm basqa wo'nimlerdi jetkerip berdi. Mashina ha'm u'skenelerdin' eksporttag'i' u'lesi 2,9% ke shekem qi'sqardi', mineral shiyki zatti'n' u'lesi 70% ti quradi'.

Germaniya, Italiya, Franciya, Avstraliya, Polsha, Vengriya, Chexiya, Bolgariya, Rumi'niya ha'm basqa Evropa ma'mleketleri Rossiyani'n' neft ha'm ta'biyiy gazinin' tiykarg'i' tuti'ni'wshi'lari' yesaplanadi'.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a «Atlas»tan paydalani'p, tiykarg'i' sanaat baylani'slari' ha'm woraylari'n tu'sirin'. Punsonda (shen'ber belgi) bas roldi atqari'wshi' qa'nigelesiw tarawlari'n ko'rsetin'.
2. Rossiya transporti' ha'm si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari' tuwrali' jazba jumi's jazi'n'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Rossiya xojali'g'i'ni'n' aymaqli'q qurami'na ta'n ayi'rmashi'li'qlardi' ayti'p berin'.
2. Sanaat Rossiya xojali'g'i'ni'n' tiykari' yekenligin da'lillep berin'.
3. Awi'l xojali'g'i'ni'n' tarawlar qurami', ha'zirgi ekonomikali'q awhali' qanday?
4. Rossiya Federaciyasi'ni'n' si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'nda qaysi' tovarlar jetekshi wori'ndi' iyeleydi ha'm nege?



# 7-tema Aziya yelleri

## 35-§. Aziya yelleri: uluwma si'patlamasi' ha'm ta'biyiy resurslari'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Aziya, Worta Aziya, Worayli'q Aziya, Qubla-bati's Aziya, Qubla Aziya, Shi'g'i's Aziya, Qubla-shi'g'i's Aziya.**

Du'nyani'n' yen' iri kontinentinin' Aziya dep atali'wi' woni'n' jaylasqan geografiyali'q worni' menen baylani'sli'. A'yyemgi assuriyali'lar (Mesopota-miya pa's tegisliginin' arqa bo'legi) tilinde wol «Shi'g'i's» ma'nisin beredi. Bul a'yyemgi ma'mleketten shi'g'i'sta jaylasqan ken' aymaqlar **«Aziya»** dep at alg'an.

Aziyani'n' uluwma maydani' 44 mln. km$^2$ (Rossiyani'n' Aziya bo'legindegi aymag'i'n yesaplamag'anda 31 mln. km$^2$) di quraydi', al

xalqi’ 4,0 mlrd. adam. Ha’zirgi waqi’tta woni’n’ siyasiy kartasi’nda 49 g’a’rezsiz ma’mleket ha’m yel bar. Wolardi’n’ ko’pshiligi du’nyani’n’ yen’ yeski ha’m yen’ iri ma’mleketleri yesaplanadi’. Adamzatti’n’ rawajlani’wi’nda Aziyani’n’ worni’ wo’z aldi’na. Woni’n’ sheksiz ken’liklerinde bir qatar a’yyemgi joqari’ da’rejedegi materialli’q ha’m ruwxi’y tsivilizatsiya woraylari’ payda bolg’an. Bir g’ana jer ju’zinin’ 4 ulli’ «da’rya boyi’» ma’deniyati’ni’n’ u’shewi (Qi’tay, Hindistan ha’m Iraktag’i’ da’rya boylari’) jaylasqani’ woni’n’ ulli’li’g’i’n tasti’yi’qlaydi’.

Aziya du’nyani’n’ ha’zirgi social-ekonomikali’q turmi’si’nda da a’hmiyetli wori’n tutadi’. Wonda, tiykari’nan, rawajlani’p ati’rg’an ma’mleketler ko’p-shilikti qurasa da, jaqi’n keleshekte wolardi’n’ ja’ha’n social-ekonomikali’q turmi’si’ndag’i’ worni’ni’n’ ku’sheyiwi ku’tilmekte. Aziyada 5 subregion ayqi’n aji’rali’p turadi’. Bular Worta, Qubla-bati’s, Qubla, Qubla-shi’g’i’s ha’m Shi’-g’i’s Aziya.

Ekonomikali’q-geografiyali’q worni’ni’n’ yeki a’hmiyetli ta’repi ayqi’n ko’zge taslanadi’.

**Birinshisi — ko’pshilik yellerdin’ tikkeley ten’iz boylari’nda jaylasqanli’g’i’**. Bul jag’day wolardi’n’ ten’iz sawda jollari’na tuwri’dan-tuwri’ shi’g’i’wi’na mu’mkinshilik beredi. Aziya ma’mleketlerinin’ bir bo’legi jiyi qatnaytug’i’n ten’iz jollari’, bug’azlar u’stinde (Turkiya, Malayziya, Singapur, Koreya Respublikasi’ usag’anlar) jaylasi’wi’ wolardi’n’ ekonomikali’q rawajlani’wi’nda ju’da’ u’lken faktor boli’p xi’zmet yetedi.

**Yekinshisi — kontinent yellerinen 12 si qurg’aqli’q ishinde jaylasqanli’g’i’** ha’m ten’iz sawda jollari’na tikkeley shi’g’i’w imkaniyati’nan ayi’ri’lg’anli’g’i’.

Aziyani’n’ **ta’biyiy resurslari’** da a’dewir bay ha’m ha’r qi’yli’. Wol ta’biyiy mineral bayli’qlar menen jaqsi’ ta’miyinlengen. Du’nyani’n’ neft qorlari’ni’n’ 70 % i, gazinin’ 80 % ten ko’biregi, ko’mirinin’ 54 % i woni’n’ u’lesine tuwri’ keledi. Neft ha’m ta’biyiy gazge Perciya qolti’g’i’ boyi’ yelleri, Rossiyani’n’ Sibir aymaqlari’, Worta Aziyani’n’ bati’s tegislikleri, Hindi-Qi’tay yari’m atawi’ni’n’ ten’iz sayi’zli’qlari’ a’dewir bay. Qi’tay, Hindstan platformalari’, Qa-zaqstanni’n’ a’yyemgi tawli’ u’lkeleri boylap tiykarg’i’ tas ko’mir, marganec, qara ha’m ren’li metall ka’nleri, Ti’ni’sh okean boyi’ aymaqlari’ (Qi’tay, Qubla-Shi’g’i’s Aziya yelleri) boylap belgili «qalayi’ belbawi’» jaylasqan. Du’nyani’n’ yen’ iri qalayi’ ka’nleri Aziyani’n’ usi’ aymaqlari’nda ushi’rasadi’. Aziyada basqa tu’rdegi ta’biyiy resurslar (suw, topi’raq, tog’ay, rekreaciya usag’anlar) tarqali’wi’nda da ayi’rmashi’li’qlar bar. Atap aytqanda, bir jag’i’nan ag’i’n suw menen jaqsi’ ta’miyinlengen aymaqlardi’n’ boli’wi’ (Qubla-shi’g’i’s Aziya) menen birge, yekinshi jag’i’nan ken’ qurg’aq sho’ller de bar, ha’tte, wolarda suw haqi’yqi’y tirishilik mashqalasi’ yesaplanadi’. Bul jag’day a’yyemnen shi’g’i’s yellerinde ha’r tamshi’

suwdan wo'nimli paydalani'wg'a shaqi'rg'an, Aziyani' jasalma tu'rde suwg'ari'w diyqanshi'li'g'i'ni'n' besigine aylandi'rg'an. Worta, Qubla ha'm Qubla-bati's Aziyada suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q penen 4—5 mi'n' ji'llardan beri aktiv shug'i'llani'p kiyati'rg'ani'n tasti'yi'qlaydi'. Ko'plegen a'yyemgi suwg'ari'w quri'lmalari' Iran, Irak, O'zbekistan ha'm basqalarda ju'zlegen ji'llardan berli saqlani'p kelinbekte.

Tog'ay bayli'qlari' menen Sibir ha'm Qubla-shi'g'i's Aziya poyaslari' jaqsi' ta'miyinlengen. Al, yekinshi jag'i'nan bolsa, ta'biyiy sharayati' sebepli u'lken sho'l ha'm yari'm sho'l maydanlari' wo'simlik qatlamlari'na ju'da' jarli'. U'lken ayi'rmashi'li'qlar topi'raq, ta'biyiy i'g'alli'li'q, su'riletug'i'n jerler, rekreaciya si'yaqli' resurslardi'n' bo'listiriliwinde de ko'zge taslanadi'. Bulardi'n' ba'ri wolardan paydalani'wda yeki jag'daydi' itibarg'a ali'wdi' talap yetedi.

**Birinshi — tirishiliktin' tiykarg'i' da'regi yesaplanatug'i'n jer resurslari'** (aldi' menen, yegin yegiletug'i'n maydanlar) jetispeydi. Tiykarg'i' maydanlari' u'lken-u'lken taw massivleri, qurg'aq sho'ller, sheksiz qumli' ha'm tasli' aymaqlardan ibarat bolg'anli'g'i' ushi'n, yegislik maydanlari' a'dewir sheklengen. Bul mashqala Aziyani'n' ko'pshilik yellerindegi yen' basli' mashqalalardan yesaplanadi'.

**Yekinshi — bir-birine keri wo'zgeshelikli agroklimat imkaniyatlari'.** Aziya aymag'i'ni'n' u'lken bo'leginde quyash nuri', woni'n' i'ssi'li'q imkaniyatlari' wo'simliklerdin' vegetaciya ma'wsiminin' dawamli', ha'tte, ji'l boyi' dawam yetiwine mu'mkinshilik beredi. Biraq, ta'biyiy i'g'alli'li'q wonda wog'ada bir tegis bo'linbegen. Sonli'qtan, ko'pshilik awi'l xojali'g'i' poyaslari'nda di'yqanshi'li'q tiykari'nan suwg'ari'w tiykari'nda (musson klimatli' rayonlarda qi'sta, basqa qurg'aq rayonlarda jazda) ali'p bari'ladi'. Aziyada di'yqanshi'li'q jumi'slari', tiykari'nan, suwg'ari'w tiykari'nda ali'p bari'lg'anli'g'i' sebepli, Jer betindegi barli'q suwg'ari'latug'i'n jerlerdin' 3/4 bo'legi woni'n' u'lesine tuwri' keledi. Suwg'ari'latug'i'n jerlerdin' u'lkenligi boyi'nsha jer ju'zinde Qi'tay birinshi, Hindistan yekinshi wori'nda turadi'.

### *A'meliy jumi's*

Jazi'wsi'z kartadan Aziya regionlari'n aji'rati'n', ta'biyiy resurslar menen ta'miyinlengenligin talqi'lan' ha'm da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. «Aziya» atamasi' qanday ma'niske iye?
2. Ne sebepten Aziyani'n' ta'biyiy klimati' wog'ada ha'r qi'yli'?
3. «Aziyani'n' ta'biyiy resurslari'» temasi' boyi'nsha ta'biyiy resurslardi' jaqsi' ta'miyinlengen ha'm kem ta'miyinlengen resurslar topari'na bo'lin'.

## 36-§. Aziya yellerinin' xalqi'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Poyas, du'nya awi'li', qala, yeski qalalar, xalqi' ti'g'i'z jaylasqan aymaqlar, xalqi' siyrek jaylasqan aymaqlar.**

Poyasta du'nya xalqi'ni'n' 60 %i nen ko'biregi jasaydi'. Aziya xalqi' a'dewir tez wo'spekte. Biraq, xalqi'ni'n' ko'beyiw pa'ti ma'mleketler arasi'nda tu'rlishe. Yaponiya, Gruziya, Izrail, Kipr, Qi'tay usag'an ayi'ri'm yellerdi yesapqa almag'anda, ko'pshilik ma'mleketlerde tuwi'li'w ha'm ta'biyiy wo'liwshilik ko'rsetkishleri a'dewir joqari'. Ha'r 1000 adam g'a Awg'anstan, Yaman, Kambodja ma'mleketlerinde ji'li'na wortasha 50 ge shekem tuwi'li'w tuwri' keledi. Wol du'nya yelleri arasi'ndag'i' yen' joqari' ko'rsetkishlerden yesaplanadi'.

Uzbanizaciya da'rejesi boyi'nsha Aziya ayri'qsha wo'zgeshelikke iye. Bul jag'i'nan woni' «du'nya awi'li'» dep ataydi'. Ha'zir qala xalqi'ni'n' sa'lkem 1,9 trln. adam salmag'i' (46,2%) biraz to'men. Urbanizaciya procesine ta'n Aziyani'n' ja'ne bir wo'zgesheligi: wonda iri qalalar, a'sirese, «millioner» qalalar adewir tez wo'spekte. Bul process a'sirese, xalqi' ti'g'i'z rawajlani'p ati'rg'an yellerde ku'sheyip barmaqta.

Biraq, Aziya yeski qalalar u'lkesi. Wonda a'yyemgi qalalar bunnan 3–4 mi'n' ji'llar buri'n payda bolg'an. A'yyemgi qalalar arasi'nda yen' da'slep Vavilon (Babel) bizin' erami'zg'a shekemgi VII a'sirde-aq «millioner» bolg'an. Ha'zirgi waqi'tta A'yyemgi Troya (Turkiya), Palmira (Siriya), Baalbek (Livan), Maxenjo-Daro (Pakistan), Varaxsha (O'zbekistan) usag'an belgili qalalardi'n' qaldi'qlari' tariyxi'y yestelikler retinde g'ana saqlani'p qalg'an. Bul «wo'li» qalalar bu'gingi ku'nde «tiri», ju'da' yeski yesaplanatug'i'n Pekin, Deli, Stam-bul, Iyerusalim (Quddus), Bag'dad usag'an qalalar menen birgelikte, Aziyani'n' turistlerdi wo'zine tartatug'i'n tiykarg'i' ziyarat wori'nlari' boli'p yesaplanadi'.

Xali'q ti'g'i'z jasaytug'i'n aymaqlarda awi'llar derlik bir-birine tutas, ti'g'i'z jaylasqan. Biraq, xalqi' siyrek u'lkelerde (Mongoliya, Awg'anstan, ko'pshilik arab yellerinin' qurg'aq aymaqlari') yelege shekem ko'shpeli turmi's saqlani'p qalg'an. Bunday u'lkelerde xali'q tiykari'nan qara u'ylerde jasaydi'. Woti'ri'qli' jaylasqan awi'llardi' da ushi'rati'w qi'yi'n.

***A'meliy jumi's***

1. Jazi'wsi'z kartadan Aziyada xali'q qalay jaylasqani'n ko'rsetin' ha'm woni' si'patlap berin'.
2. Da'pterin'izge Aziyani'n' «millioner» qalalari'ni'n' atlari'n jazi'p ali'n'.

### ?! *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Aziya xalqi'ni'n' kem-kemnen wo'siwi (dinamikasi') wo'zgesheliklerin sabaq-li'q tekstinin' mag'luwmatlari' tiykari'nda u'yrenin'. Wonda ta'biyiy wo'siw ko'rset-kishleri yen' joqari' ha'm to'men bolg'an yellerdi ani'qlan'. Bul ko'rset-kishlerdi yellerdin' ekonomikali'q awhali' menen sali'sti'ri'n' ha'm juwmaq shi'g'ari'n'.
2. Aziyada urabanizaciya processleri qalay wo'tpekte? Urbanizaciya da'rejesi joqari' ha'm to'men bolg'an yellerdi ani'qlan' ha'm bul jag'daylardi' yellerdin' rawajla-ni'w da'rejesi menen baylani'sti'ri'n'.
3. Aziyani'n' yen' iri qalalari'ni'n' geografiyasi'n u'yrenin'. Wolardi'n' wo'zge-sheliklerin du'nyani'n' basqa qalalari' menen sali'sti'ri'n'.

## 37-§. Aziya yelleri xojali'g'i'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**«Aziya jolbari'slari'», jan'a industrial ma'mleketler, «neft-dollar», ekonomikali'q to'men yeller, subtropikali'q diyqanshi'li'q, sali'gershilik regioni'.**

A'ziyani'n' du'nya xojali'g'i'ndag'i' jag'dayi' son'g'i' da'wirlerde ti'ni'm-si'z wo'sip barati'rg'an bolsa da, ko'pshilik ma'mleketlerdin' ekonomikasi' to'men jag'dayda. Aziya ma'mleketleri sanaati'ni'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha alti' toparg'a bo'linedi.

**Birinshi — Yaponiya.** Tipik Aziya ma'mleketlerinin' biri boli'wi'na qaramastan, son'g'i' JMD ko'lemi boyi'nsha du'nyani'n' yekinshi ma'mleketi boli'p yesaplanadi'. Usi'ni'n' menen birge, wol poyastag'i' «U'lken segizlik»ke kiretug'i'n jalg'i'z ma'mleket, socialli'q rawajla-ni'wi' boyi'nsha ko'plegen rawajlani'p ati'rg'an yeller ushi'n u'lgi boli'p ta yesaplanadi'.

**Yekinshi — Qi'tay ha'm Hindstan.** Wolar aldi'ng'i' qalaq, kolo-niyali'q ma'mleketten son'g'i' ji'llarda ekonomikasi' tez rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketlerge aylandi'. Islep shi'g'ari'p ati'rg'an wo'nimle-rinin' ko'lemi boyi'nsha wolar du'nyani'n' yen' iri birinshi wo-ri'nli'q ma'mleketleri qatari'nda turadi'. Biraq, xalqi'ni'n' jan basi'na shi'g'arg'an wo'nimlerdin' tuwri' keliw ko'rsetkishleri yele a'dewir to'menleginshe qalmaqta.

**U'shinshi — Aziyani'n' jan'a industrial ma'mleketleri.** Wolar Ko-reya Respublikasi', Tayvan, Singapur, Cyangan (Qi'tay) boli'p, son'g'i' wonbes-jigirma ji'l ishinde sheberlik penen a'melge asi'ri'lg'an eko-nomikali'q refor-malar arqali' rawajlani'wda keskin buri'li'slarg'a yeristi. Sonli'qtan, wolar Bati'sta «Aziya jolbari'slari'» yamasa «Aziya aydarhalari'» dep te at aldi'. XX a'sirdin' aqi'rlari'na kelip bunday ma'mleketlerge Malayziya ha'm Tailand ta qosi'ldi'.

Aziyani’n’ aldi’n’g’i’ qatar ma’mleketlerinen Izrail, Kipr ha’m Turkiya wo’z rawajlani’w joli’n belgilewde Bati’s yellerinin’ ta’jiriybesin bag’dar yetip alg’an bolsa, al Shi’g’i’si’nda jaylasqan jan’a industrialli’q ma’mleketler bolsa Yaponiyani’n’ rawajlani’w modelin u’lgi yetip alg’anli’g’i’ menen aji’rali’p turadi’.

Atap aytqanda, 60-ji’llarg’a shekem artta qalg’an Koreya Respublikasi’ 90-ji’llardi’n’ baslari’na kelip du’nyada AES larda islep shi’g’ari’li’p ati’rg’an elektroenergiya ko’lemi boyi’nsha 8-wori’ng’a, polat yeritiw boyi’nsha 9-wori’ng’a, ten’iz kemelerin islep shi’g’ari’wda 2-wori’ng’a, ximiyali’q talshi’qlar islep shi’g’ari’wda 5-wori’ng’a, elektron sanaati’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’wda 6-wori’ng’a shi’g’i’p aldi’. Usi’g’an usas keskin ekonomikali’q wo’siw Singapur, Tayvan ha’m basqalarda da ju’z berdi.

**To’rtinshi — Persiya qolti’g’i’ boyi’ndag’i’ neft qazi’p shi’g’ari’wshi’ yeller.** Bul yellerdin’ ko’pshiligi ha’zirgi waqi’tta xalqi’ni’n’ jan basi’na JMD i’ni’n’ da’rejesi boyi’nsha derlik du’nyadag’i’ jetik rawajlang’an ma’mleketler qatari’nda turadi’. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, neftti ko’plep qazi’p shi’g’ari’w ha’m eksport yetiw yesabi’nan tu’setug’i’n ko’p mug’dardag’i’ «neft-dollar» yesaplanadi’. Saudiya Arabstani’, Kuveyt, Birlesken Arab A’mirliklerinde ma’mleket eksporti’ni’n’ 95 % in neft quraydi’. Na’tiyjede, Persiya qolti’g’i’ boyi’ yellerinde neft ha’m ta’biyiy gaz shi’g’ari’w, neft ximiyasi’, qayta yeritiwshi metallurgiya si’yaqli’ sanaat tarawlari’ ju’zege keldi.

**Besinshi — sanaati’ bir ta’repleme, yag’ni’y to’men rawajlani’p ati’rg’an yeller.** Bular Mongoliya, Pakistan, Vetnam, Bangladesh, Iordaniya, Shri-Lanka usag’an yeller boli’p, tiykari’nan, taw-ka’n yamasa jen’il azi’q-awqat sanaatlari’ g’ana belgili da’rejede rawajlani’wg’a yerisken.

**Alti’nshi’ — ekonomikasi’ yen’ artta qalg’an yeller.** Wolar Awg’anstan, Nepal, Yaman, Laos, Butan usag’an yeller. Wolarda sanaatti’n’ bir de tarawi’ jeterli da’rejede rawajlanbag’an, awi’l xojali’g’i’nda miynet wo’nimdarli’g’i’ ju’da’ to’men da’rejede. Ma’mleketler arasi’nda awi’l xojali’g’i’ni’n’ qa’nigelesiwinde de u’lken parq bar. Sonli’qtan, Aziyada tu’rli awi’l xojali’g’i’ rayonlari’ qa’liplesken. Bulardi’n’ tiykarlari’:

**Birinshi — sali’gershilik rayoni’.** Bug’an Qubla, Qubla-shi’g’i’s ha’m Shi’g’i’s Aziyani’n’ musson klimatli’ aymaqlari’ kiredi. Arqada Yaponiya, Koreyadan baslap qublada Yava, Shri-Lanka atawlari’na shekem yegislik maydanlari’ni’n’ iyelegen u’lken bo’leginde ha’r ji’li’ qayta-qayta sali’ yegip zu’ra’a’t ali’nadi’. Gang, Braxmaputra, Iravadi, Menam, Mekong, Xongxa (qi’zi’l), Yanczi, Ciszyan usag’an da’ryalardi’n’ wo’nimdar qayi’r ha’m deltalari’nda, okean ha’m ten’i’z boyi’ tegislikleri menen yesap sansi’z atawlar yeginzarlari’nan ali’natug’i’n mol sali’ zu’ra’a’ti ju’z millionlag’an xali’qti’n’ tiykarg’i’ tirishilik da’regi boli’p kelmekte.

Sali'gershilik maydanlari'nan birqansha biyigirek qi'r, ken'likler, taw jan-bawi'rlari'nda, a'sirese, Hindistan, Qi'tay, Shri-Lanka, Indoneziya ma'mle-ketlerinde wo'zine ta'n la'zzetli shay landshaftlari' bar. Al, wolar arasi'nda bolsa subtropikali'q ha'm tropikali'q miywezar bag'lar, xosh iyisli da'rilik diyqanshi'li'q maydanlar sozi'li'p jati'r.

**Yekinshi — subtropikali'q diyqanshi'li'q rayoni'.** Wol Jer Worta ten'izi boyi' aymaqlari'nda qa'liplesken. Wonda subtropikali'q diyqanshi'li'q (citrus bag'shi'li'g'i' ha'm ju'zimgershilik), wo'nimdarli' da'nli yeginler ha'm ayi'ri'm sharwashi'li'q tarmaqlari' rawajlang'an.

**U'shinshi — Qubla-bati's Aziyani'n' sho'l bo'leginin' awi'l xojali'g'i'.** Wonda, a'sirese, suwg'ari'w tiykari'nda qa'liplesken woazis ha'm woy-patli'qlar diyqanshi'li'g'i' (da'nli' yegin, paxtashi'li'q, finik qurmasi') ha'm sho'l sharwashi'li'g'i' (qoyshi'li'q, tu'yeshilik) tarawlari' a'hmiyetli.

**To'rtinshi — Aziyani'n' worta ken'liklerinin' awi'l xojali'g'i'.** Wog'an Worayli'q Aziya subregioni'nan tap Arqa-shi'g'i's Qi'taydi'n' Ti'ni'sh okeani' boyi'na shekem bolg'an ken'likleri kiredi. Wonda, tiykari'nan, ta'biyiy i'g'al bazasi'nda qa'liplesken da'nli yeginler, suwg'ari'wg'a tiykarlang'an paxtashi'li'q ha'm basqa texnikali'q yeginler diyqanshi'li'g'i', jaylaw sharwa-shi'li'g'i' (qara mal, qoyshi'li'q, ji'lqi'shi'li'q) menen birgelikte rawajlang'an.

Sonday-aq, Aziyani'n' arqa tog'ay ha'm tundra poyaslari'nda qa'liplesken ***suwi'n wo'siriw, an'shi'li'q*** penen biyik taw poyaslari'nda shug'i'llanatug'i'n taw jaylaw sharwashi'li'g'i' (yeshki wo'siriw), an'shi'li'q penen jeke-siyrek qa'liplesken diyqanshi'li'qtan ibarat awi'l xojali'g'i' aymaqlari' da bar.

### *A'meliy jumi's*

1. Da'pterin'izge sabaqli'qtan Aziya ma'mleketleri sanaati'ni'n' rawajlani'w jag'dayi'na qaray aji'rati'lg'an toparlarg'a kiriwshi yellerdi jazi'p ali'n'.
2. Jazi'wsi'z kartag'a Aziyada tiykarg'i' awi'l xojali'g'i' tarawlari' joqari' da'rejede rawajlang'an aymaqlardi' belgilen'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Aziya yelleri xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' wo'zgesheliklerin ani'qlawg'a ha'reket yetin'. Woni' Evropa yelleri xojali'g'i'ni'n' wo'zgeshelikleri menen sali'sti'ri'n'
2. Aziyada sanaatti'n' rawajlani'w da'rejesi ha'm qa'nigelesiwi boyi'nsha yeller qanday toparlarg'a bo'linedi? Ne ushi'n wonda ma'mleketlerdin' rawajlani'w da'rejesi sonshelli ha'r qi'yli'? Sebeplerin tu'sindiriwge ha'reket yetin'.
3. Aziyani'n' jan'a industriallasqan yelleri ha'm Persiya qolti'g'i' yelleri xoja-li'g'i'ni'n' rawajlani'wi'nda qanday uluwma uqsasli'qlar ha'm wo'zgeshelikler bar? Sali'sti'ri'n'.

## 38-§. Worayli'q Aziya (O'zbekistang'a qon'si') yellerinin' uluwma si'patlamasi'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**G'a'rezsizlik, ma'mleket g'a'rezsizligi, geografiyali'q worni', ekonomikali'q birge islesiw, mineral resurslari', xalqi', xalqi'ni'n' sani', xalqi'ni'n' ti'g'i'zli'g'i', xojali'g'i', sanaati', awi'l xojali'g'i', transporti'.**

O'zbekistan ha'm wog'an qon'si' bolg'an Qi'rg'i'zstan, Ta'jikstan ha'm Tu'rkmenstan Respublikalari' Worta Aziya aymag'i'ndag'i' ma'mleketler yesaplanadi'. Qazaqstan Worta Aziya ma'mleketi dep ta'n ali'nbasa da, aymag'i'ni'n' tiykarg'i' bo'legi usi' regionda jaylasqanli'g'i'n yesapqa alg'an halda Worta Aziya ma'mleketleri qatari'na kirgiziw mu'mkin. Worta Aziya ma'mleketleri ja'ha'n siyasiy kartasi'nda 1991-ji'li' gu'zde, buri'ng'i' Awqamni'n' saplasti'ri'li'wi' menen payda boldi'.

Worayli'q Aziya buri'ng'i' Awqam da'wirinde bir ta'repleme, tiykari'nan shiyki zat ha'm yari'm shiyki zat wo'nimlerin islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesken yedi. Bul aymaq buri'ng'i' Awqam paxtasi'ni'n' 93 % in (du'nya paxtasi'ni'n' 12 % in), ko'plep mi's, qorg'asi'n, xrom, alti'n, uran usag'an ren'li metallardi' jetkerip bergen. Geografiyali'q worni'ni'n' yen' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri woni'n' u'lken Evraziya materiginin' derlik da'l wortasi'nda, Du'nya okeanlari'nan uzaqta jaylasqanli'g'i'.

G'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nda-aq poyas ma'mleketleri du'nya bazarlari'na ali'p shi'g'atug'i'n jan'a transport jollari'n sho'lkemlestiriwge kiristi. Na'tiyjede, buri'n Rossiya arqali' ten'izlerge shekem ali'p baratug'i'n birden-bir transport joli'na qosi'msha i'ran arqali' Persiya qolti'g'i'na, Kavkaz arqali' Evropag'a, Qi'tay arqali' Ti'ni'sh okeani' boylari'na jetkeriwshi temir ha'm avtomobil jollari' menen qubi'rlar quri'ldi'.

**Aymag'i', shegaralari', ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy resurslari'.** Worayli'q Aziyani'n' maydani' 4 mln. km$^2$ (du'nya qurg'aqli'q maydani'ni'n' 3,0 procenti), xalqi' 70 mln. adamdi' (jer ju'zi xalqi'ni'n' derlik 1,0%i) quraydi'. Woni'n' aymag'i' Bati'stan shi'g'i'sqa 3 mi'n' km, Arqadan Qublag'a 2,5 mi'n' km arali'qqa sozi'lg'an boli'p, klimati', tiykari'nan, qurqaq, keskin kontinental.

Ta'biyiy i'g'alli'q tiykari'nda suwg'ari'lmaytug'i'n diyqanshi'li'q Worayli'q Aziyani'n' Arqa Qazaqstan ha'm biyik taw aldi' ken'likleri menen taw janbawi'rlari'nda ali'p bari'ladi'. Poyasti'n' ag'i'n suw da'reklerine iye bolg'an oazis ha'm woypatli'qlari'nda ha'r ta'repleme ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an aymaqlari' jaylasqan.

Worayli'q Aziya **mineral ta'biyiy resurslari'** menen a'dewir jaqsi' ta'miyinlengen. Wol neft ha'm ta'biyiy gaz qorlari' boyi'nsha Aziyada Persiya qolti'g'i' boyi' ha'm Bati's Sibir aymaqlari'nan keyin u'shinshi poyas yesaplanadi'. Qazaqstan, Tu'rkmenstan ha'm O'zbekistan Respublikalari' bul tu'rdegi ta'biyiy bayli'qlari'g'a bay. Bul respublikalardi'n' Kaspiy boyi' tegislikleri, Qubla-bati's sho'l aymaqlari'nda xali'qarali'q a'hmiyetke iye bolg'an iri neft ha'm gaz ka'nleri jaylasqan. Worta Aziya tas ko'mir (Qazaqstan) ha'm qon'i'r ko'mirge de (Qazaqstan, O'zbekistan) ju'da' bay. Sonday-aq, bul u'lke ha'r qi'yli' qara ha'm ren'li metall rudalari' (temir, marganets, xrom rudalari', mi's, polimetall, alti'n, uran, si'nap usag'anlar) menen a'dewir jaqsi' ta'miyinlengen. Bunday ta'biyiy resurslar qorlari' boyi'nsha Qazaqstan ha'm O'zbekistanni'n' imkaniyatlari' wog'ada u'lken. Subregion respublikalari'nan Tu'rkmenstan, Qazaqstan ha'm O'zbekistan tu'rli ximiyali'q mineral resurslar (duzlar, fosforit, ku'kirt) menen de jaqsi' ta'miyinlengen. Tawli' Ta'jikstan ha'm Qi'rg'i'zstan Respublikalari' bolsa relyefi sebepli gidroenergetika resurslari'na wog'ada bay.

**Xalqi'.** Worayli'q Aziya xalqi' son'g'i' alpi's ji'l ishinde, yekinshi jer ju'zilik uri's ji'llari'ndag'i' u'lken jog'alti'wlarg'a qaramastan, derlik 3 yese ko'beydi ha'm 2013-ji'ldi'n' iyul ayi'na sali'sti'rg'anda 70 mln adamdi' quradi'. Bul jer ju'zi xalqi'ni'n' wortasha wo'siw pa'tinen bir qansha joqari'. Poyasta xali'qti'n' san jag'i'nan wo'siwinde ta'biyiy ko'beyiw procesi tiykarg'i' sebep boli'p yesaplansa da, wonda migraciyali'q ha'rekettin' u'lesi de az yemes. Poyas respublikalari'nda demografiyali'q jag'day bir qi'yli' yemes. Xalqi'ni'n' qurami'nda ruslar ha'm basqa Evropali' milletler u'lesi u'lken bolg'an Qazaqstan ha'm Qi'rg'i'zstanda tuwi'li'w ko'rsetkishleri a'dewir to'men. Xalqi' tu'pkilikli milletlerden quralg'an Ta'jikstan, Tu'rkmenstan ha'm O'zbekistan Respublikalari'nda xali'qti'n' ta'biyiy wo'siw ko'rsetkishleri a'dewir joqari'.

Poyas ma'mleketlerinde xali'qti'n' wortasha ti'g'i'zli'q ko'rsetkishleri de ha'r qi'yli'. Xali'qti'n' bul ko'rsetkishleri ha'r 1 $km^2$ maydang'a O'zbekistanda 67 adam, Ta'jikstanda 54 adamdi' qurag'an bolsa, Qazaqstan (7 adam) ha'm Tu'rkmenstan (12 adam) ju'da' to'men ko'rsetkishke iye. Soni'n' menen birge, xalqi' ti'g'i'z (Ferg'ana woypati'nda 650 adam) ha'm yen' siyrek (Worayli'q Qazaqstanda 1—2 adam) aymaqlar arasi'nda da u'lken ayi'rmashi'li'q bar. Worta Aziya poyasi'nda urbanizaciya da'rejesi de joqari' yemes. Qala xalqi'ni'n' salmag'i' Qazaqstanda 58,8 %, Ta'jikstanda 26,4 % ke shekem pari'q yetedi. Wonda xalqi' millionnan aslam qalalar tek Tashkent (2,3 mln.) ha'm Almati' (1,3 mln.) yesaplanadi'. Urbanizaciya da'rejesinin' to'menligi (poyas boyi'nsha wortasha 49,3 %) respublikalarda industrialli'q rawajlani'w jag'dayi' ha'm ekonomikada agrarli'q tarawlar a'hmiyetinin' qanday da'rejedeligi menen baylani'sli'.

**Xojali’g’i’.** Buri’ng’i’ Awqam da’wirinde Worta Aziyani’n’ barli’q respub-likalari’nda ekonomika ushi’n yen’ za’ru’r bolg’an shiyki zat ha’m yari’m shiyki zat wo’nimlerin islep beriwshi tarawlardi’ rawajlandi’ri’wg’a yerisildi. Taw-ka’n sanaati’ tarawlari’, awi’l xojali’g’i’ (paxta, g’alle) wo’nimlerin jetistiriw ha’m wolardi’ da’slepki qayta islew tarawlari’ yedi. Worta Aziya islep shi’g’ari’w ko’lemi boyi’nsha buri’ng’i’ Awqamni’n’ paxta, pille, qara ko’l terileri, sali’, qurg’ati’lg’an miyweler, mi’s, volfram, xrom, si’nap, uran, alti’n, qorg’asi’n usag’an sanaat ha’m awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’aratug’i’n birinshi regioni’ boli’p keldi. Neft, ta’biyiy gaz, elektr energiyasi’, paxtashi’li’q kompleksinde xi’zmet yetiwge qolaylasti’ri’lg’an mashina ha’m u’skeneler jetkerip beriwde de regionni’n’ salmag’i’ a’dewir u’lken yedi.

**Sanaati’.** Barli’q respublikalar sanaati’nda wo’ndiriwshi sanaat tarawlari’-ni’n’ a’hmiyeti u’lken. Bul tarawlar topari’na kiretug’i’n jani’lg’i’-energetika, metallurgiya, ximiya sanaati’ni’n’ salmag’i’, a’sirese, Qazaqstan, O’zbekistan, Tu’rkmenstan Respublikalari’nda a’dewir u’lken.

Jani’lg’i’ tarawlari’ arasi’nda neft sanaati’ni’n’ a’hmiyeti barg’an sayi’n arti’p barmaqta. Neftti qazi’p shi’g’ari’wda Qazaqstan (80 mln.t.), O’zbekistan (5 mln.t.) ha’m Tu’rkmenstan (6 mln.t.) aji’rali’p turadi’. Ta’biyiy gaz qazi’p shi’g’ari’wda bul respublikalardi’n’ imkaniyati’ ja’ne de u’lken. Bul boyi’nsha, a’sirese, Tu’rkmenstan ayri’qsha aji’rali’p turadi’. Gaz qorlari’ ko’lemi boyi’nsha wol G’MDAda Rossiyadan keyin yekinshi wori’nda turadi’. Al, gazdi qazi’p shi’g’ari’wda poyasta Tu’rkmenstan (80 mlrd.km$^3$) ha’m O’zbekistan aldi’n’g’i’ wori’ndi’ iyeleydi. Bul bayli’qlardi’ ken’ ko’lemde wo’zlestiriw ha’m wolardi’ ja’ha’n bazari’na ali’p shi’g’i’w yendi g’ana a’melge asi’ri’lmaqta.

Poyas respublikalari’ (Tu’rkmenstannan basqasi’) ko’mirge de a’dewir bay.

Elektroenergetika sanaati’ poyasti’n’ barli’q respublikalari’nda sali’sti’rmali’ tu’rde jaqsi’ rawajlang’an. Qazaqstanda sa’lkem 90 mlrd. kvt/saat, O’zbekistanda bolsa 48-50 mlrd. kVt/saat energiya islep shi’g’ari’ladi’.

Metallurgiya sanaati’ Worta Aziya Respublikalari’nda bir tegis rawajlan-bag’an. Qazaqstan bul wori’nda keskin aji’rali’p turadi’ (2,0 mln. tonna polat, qorg’asi’n, cink, mi’s, xrom islep shi’g’aradi’). O’zbekistanda 0,5 mln. tonna polat ha’m ko’p mug’darda qorg’asi’n, cink, mi’s, alti’n, gu’mis ha’m basqa siyrek metallar islep shi’g’ari’ladi’.

**Ximiya sanaati’ni’n’** poyas respublikalari’ndag’i’ tiykarg’i’ worni’ awi’l xojali’g’i’na xi’zmet yetiwden ibarat. Sonli’qtan, Qi’rg’i’zstandi’ yesaplamag’anda, barli’q respublikalarda mineral to’ginler islep shi’g’ari’w usi’ sanaat tarawi’ni’n’ bas qa’nigelesiwi si’pati’nda rawajlang’an.

Ma'mleketler ekonomikasi'ni'n' tiykarg'i' tayani'sh tarawi' yesaplang'an mashinasazli'q sanaati' bolsa poyas respublikalari' arasi'nda O'zbekistan ha'm Qazaqstanda rawajlang'an.

Poyasti'n' barli'q respublikalari'nda jen'il ha'm azi'q-awqat sanaatlari' a'hmiyetli wori'n tutadi'.

**Awi'l xojali'g'i'.** Worayli'q Aziya ma'mleketlerinin' da'stu'riy wo'ndiris tarawi' yesaplanadi'. Worta Aziyada diyqanshi'li'q tarawlari' awi'l xojali'g'i' wo'nimlerinin' tiykarg'i' bo'legin jetkerip beredi. Worta Aziya diyqan-shi'li'g'i'ni'n' qurami' respublikalarda bir-birinen wo'zgeshelendi. Atap aytqanda, Qazaqstan ha'm Qi'rg'i'zstanda da'n jetistiriwdin' a'hmiyeti ju'da' u'lken. Qazaqstan da'n jetistiriwde ha'm woni' eksport yetiwde jer ju'zindegi yen' iri ma'mleketlerden yesaplanadi'. Al, suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'qqa tiykarlang'an O'zbekistan, Tu'rkmenstan ha'm Ta'jikstanda bolsa, da'n jetistiriw menen birge texnikali'q yeginler, a'sirese, paxtashi'li'qti'n' a'hmiyeti ju'da' u'lken.

Sharwashi'li'qta poyasti'n' derlik barli'q ma'mleketlerinde qoy wo'siriw jetekshi taraw boli'p yesaplanadi'. Woni'n' a'hmiyeti, a'sirese, Qazaqstan, Qi'rg'i'zstan ha'm Tu'rkmenstanda u'lken. Qara mal wo'siriw poyas respub-likalari'ni'n', a'sirese, xalqi' ti'g'i'z jasaytug'i'n woypatli'qlar ha'm oazislerde, industrialli'q woraylar a'tirapi'ndag'i' aymaqlarda ko'birek rawajlang'an. Poyasta sharwashi'li'qti'n' tu'yeshilik (Qazaqstan ha'm Tu'rkmenstanni'n' sho'l aymaqlari'nda), pilleshilik, pal ha'rre wo'siriw (O'zbekistan ha'm Ta'jikstanni'n' taw ha'm taw aldi' aymaqlari'nda), ji'lqi'shi'li'q (Qazaqstan, Tu'rkmenstan, Qi'rg'i'zstan) usag'an tarawlar da wog'ada a'hmiyetli.

Transporti'nda ken' maydanli' u'lke bolg'anli'qtan, temir jol, avtomobil ha'm qubi'r transporti' tarawlari' u'lken a'hmiyetke iye.

Worayli'q Aziya ma'mleketlerin Qi'tay arqali' Ti'ni'sh okeani', Iran arqali' Persiya qolti'g'i', Kavkaz arqali' Qara ten'iz benen baylani'sti'ratug'i'n jan'a jollar sali'nbaqta.

Buri'nlari' respublikalardi'n' ishki baylani'slari'n sho'lkemlestiriwde xi'zmet yetip kelgen avtomobil transporti' son'g'i' waqi'tlarda barg'an sayi'n xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slarda da na'tiyjeli xi'zmet yetpekte.

Suw transporti' tarawlari' xi'zmeti poyasta sheklengen. Al, qubi'r transporti' bolsa barg'an sayi'n rawajlanbaqta. Hawa transporti' barli'q respublikalardi'n' socialli'q turmi'si'nda a'hmiyetli rol woynaydi'.

**Ishki ayi'rmashi'li'qlar.** Worta Aziya poyasi'n geografiyali'q jaylasi'wi' boyi'nsha tegislik ha'm tawli' respublikalar topari'na aji'rati'wg'a boladi'. Bunda, tiykari'nan, O'zbekistan, Qazaqstan ha'm Tu'rkmenstan Respublikalari' birinshi, al Qi'rg'i'zstan ha'm Ta'jikstan Respublikalari' yekinshi toparg'a kiredi. Biraq, ekonomikali'q geografiyali'q wo'zgeshe-

likleri ha'r qi'yli' bolg'anli'qtan, biz wolar menen O'zbekistang'a qon'si'las respublikalar retinde wo'z aldi'na tani'si'p shi'g'ami'z.

### *A'meliy jumi's*

Jazi'wsi'z kartag'a Worayli'q Aziya ma'mleketlerinin' shegaralari'n belgilep, paytaxtlari'n jazi'p qoyi'n'. Ma'mleketlerinin' ekonomikali'q kartalari'n tu'sirin'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Worayli'q Aziyani'n' aymag'i', shegaralari', ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy resurslari' haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.
2. Bul aymaqti'n' xalqi' haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Xojali'g'i' ha'm sanaati'na si'patlama berin'. Sanaatti'n' qaysi' tarawlari' rawajlang'an? Sebeplerin tu'sindirip berin'

## 39-§. Qazaqstan Respublikasi'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Keskin kontinental, sho'l, ko'mir, neft, ren'li metallar, fosforitler, i'gal jerler, jazli'q biyday.**

Worayli'q Aziya poyasi'ni'n' arqa ha'm worayli'q aymaqlari'nda jaylasqan. Qazaqstan Respublikasi'ni'n' milliy g'a'rezsizligi 1991-ji'li' 16-dekabrde ja'riyalang'an. Maydani' boyi'nsha du'nyani'n' 9 iri ma'mleketi, poyas aymag'i'ni'n' 2/3 bo'legin iyeleydi.

Respublikani'n' klimati' keskin kontinentall.

Qazaqstan ta'biyiy resurslar menen jaqsi' ta'miyinlengen yellerdin' biri. Wol qorg'asi'n ha'm cink, xrom ha'm vanadiy, volfram ha'm gu'mis usag'an bayli'qlardi'n' qori' boyi'nsha du'nyadag'i' ko'plegen iri ma'mleketler qatari'nda turadi'. Sonday-aq, respublika mi's, molibden, boksit, ko'mir, neft, fosfarit temir rudalari'na da a'dewir bay. Ko'mir ka'nlerinen Qarag'anda, Yekibastuz, neft ka'nlerinen Ten'iz, Qarashi'g'anaq, temir rudasi' ka'nlerinen Kustanay, mi's ka'nlerinen Jezqazg'an, polimetall ka'nlerinen Shi'g'i's Qazaqstan, fosfarit ka'nlerinen Qarataw u'lkenligi ha'm a'hmiyetliligi menen ayri'qsha aji'rali'p turadi'.

Qazaqstan — jer resurslari'na da wog'ada bay. Aymag'i'ni'n' 80% ten ko'biregi awi'l xojali'g'i'nda paydalani'ladi'. Wonda, a'sirese, jaylaw ha'm pishenzarlar ko'p. Yegislik maydanlar 35 mln. ga di' quraydi'. Bul basqa Worta Aziya Respublikalari'ni'n' barli'q yegislik maydanlari'na sali'sti'rg'anda 4 yese ko'p degen so'z. Usi'ni'n' menen birge, Qazaqstanda suw ha'm tog'ay bayli'qlari' sezilerli da'rejede kem. Bulardi'n' ba'ri respublikani'n' ju'da' u'lken ekonomikali'q rawajlani'w mu'mkinshilikke iye yekenligin ko'rsetedi.

**Xalqi'.** Qazaqstan xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha poyasta O'zbekistannan keyinde turadi'. Ha'zirgi waqi'tta xalqi'ni'n' wo'zgeshelikleri boyi'nsha Qazaqstan:

— yen' ko'p milletli;

— ta'biyiy wo'siwshilik ko'rsetkishleri yen' to'men;

— qayta ko'ship ketiwshiler yesabi'nan xalqi'ni'n' sani' derlik wo'spey ati'rg'an respublika boli'p yesaplanadi'. Ma'selen, woni'n' xalqi' 1997-ji'ldag'i' 16,7 mln. adamnan 2013-ji'li' 18,0 mln. adamg'a jetti.

Soni'n' menen birge, Qazaqstan poyasta xalqi' yen' siyrek jaylasqan respublika. Ha'zirgi waqi'tta 1 km$^2$ maydang'a sa'lkem 7 adam tuwri' keledi. Qazaqstan Worayli'q Aziyada xalqi'ni'n' urbanizaciya ko'rsetkishleri joqari'li'g'i' menen de aji'rali'p turadi'. Ha'zirgi xalqi'ni'n' 58,8 % i qalalarda jasaydi'.

**Xojali'g'i'.** Qazaqstanni'n' xojali'g'i' industrial-agrarli'q xarakterge iye. A'sirese, Yekinshi jer ju'zlik uri'stan keyingi ji'llari' sanaat tarawlari' tez pa't penen rawajlandi'.

Jani'lg'i'-energetika sanaati' tarawlari' respublika sanaati'ni'n' yen' iri wo'ndiris kompleksi yesaplanadi'. A'sirese ko'mir, neft qazi'p shi'g'ari'w ha'm elektr energiyasi'n islep shi'g'ari'w ko'lemi boyi'nsha Qazaqstan Worayli'q Aziyada yen' iri respublika yesaplanadi'. Neft ka'nlerinin' tiykari'nan bati'si'nda, iri elektr stanciyalar arqada jaylasqanli'g'i', basqa rayonlari'n jani'lg'i' ha'm elektr energiyasi' menen ta'miyinlewde u'lken qi'yi'nshi'li'qlardi' keltirip shi'g'armaqta.

Metallurgiya tarawlari' respublika sanaati'ni'n' yekinshi iri kompleksi. Respublikada qara metallurgiya ha'm ren'li metallurgiya sanaati' jaqsi' rawajlang'an. Temirtaw qalasi'nda Qarag'anda metallurgiya kombinati' isleydi. Shi'g'i's Qazaqstan, Pavlodar ha'm Aqto'be oblastlari'nda ren'li metallurgiya ka'rxanalari' bar.

Ximiya ha'm neft ximiya sanaati' da taw-ka'n sanaati' menen baylani'sli' boli'p, tiykari'nan, neftti qayta islew, mineral to'ginler, avtomobil shinalari' ha'm rezina texnika, sulfat kislotasi' wo'nimlerin islep shi'g'ari'wg'a qa'nigelesken.

**Mashinasazli'q sanaati'** bar mu'mkinshiliklerine sali'sti'rg'anda jeterli da'rejede rawajlanbag'an. Astana, Semipalatinsk, Pavlodar qalalari'nda avtomobilsazli'q, traktorsazli'q ha'm awi'l xojali'g'i' mashinasazli'g'i' ka'rxanalari' bar.

Respublikada jetekshi wori'ndi' **azi'q-awqat sanaati'** quraydi'. Tarawlardi'n' jetekshi bag'dari' go'sh-su't jetistiriw sanaati'.

Respublika sharwashi'li'g'i'ni'n' jetekshi tarawi' **qoy ha'm yeshki** wo'siriw yesaplanadi'. Ha'zirgi waqi'tta wonda 25 mln. bastan aslam qoy ha'm yeshki bar. Qoyshi'li'g'i', tiykari'nan ju'n ha'm qarako'l terisin jetistiriwge qa'nigelesken.

**Qaramal wo'siriw** sharwashi'li'qti'n' yekinshi tarawi'. Wolardi'n' sani' 8 mln. bastan aslam.

**Diyqanshi'li'g'i'.** Yegin maydani' 34 mln gektar boli'p, 2/3 bo'leginde da'nli yeginler (jazli'q biyday, arpa , tari', ma'kke, sali'), qalg'an bo'leginde texnikali'q (paxta, qant la'blebisi, kartoshka ha'm wot-jem) yeginleri yegiledi.

**Transporti'.** Qazaqstanda ma'mleketler arali'q ha'm rayonlar arali'q ju'k tasi'wda temir jol transporti'ni'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken. Wol barli'q ishki rayonlardi' bir-biri menen baylani'sti'ri'p turadi'. A'hmiyeti boyi'nsha avtomobil transporti' da wog'ada a'hmiyetli. Sonday-aq, suw ha'm hawa transportlari'ni'n' a'hmiyeti de barg'an sayi'n arti'p barmaqta.

**Ishki wo'zgeshelikleri.** Ekonomikali'q rawajlani'w da'rejesi ha'm wo'ndiristin' qa'nigelesiwi boyi'nsha sali'sti'rg'anda jaqsi' (Arqa, Shi'g'i's ha'm Qubla Qazaqstan) ha'm kem wo'zlestirilgen (Bati's ha'm Woray-li'q Qazaqstan) rayonlari' bir-birinen aji'rali'p turadi'.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartada Qazaqstanni'n' regionlari' ha'm administrativlik-aymaqli'q bo'limlerin belgilen'.
2. Qazaqstandag'i' bar ta'biyiy resurslardi'n' atlari'n da'pterin'izge jazi'p ali'n'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Qazaqstan Respublikasi' ko'rsetkishlerine jaqi'n 5 ma'mleketti ani'qlan', wolardi' bir-birine sali'sti'ri'n'.
2 Qazaqstanda klimat ko'rsetkishlerin talqi'lap, qaysi' rayonlari'nda ta'biyiy i'g'al tiykari'nda diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'w mu'mkinligine baha berin' .
3. Ne ushi'n Qazaqstan xalqi' son'g'i' ji'llari' san jag'i'nan kemeye basladi'?
4 Qanday wo'nimler islep shi'g'ari'wda Qazaqstan Worta Aziyada birinshi wori'ndi' iyeleydi,— degen sorawg'a juwap tabi'n'.
5. Jani'lg'i'-energetika sanaati'ni'n' aymaqli'q jaylasi'wi'ndag'i' sa'ykes kelmewshiligin talqi'lan' ha'm shi'g'arg'an juwmaqlari'n'i'zdi' da'pterin'izge jazi'n'.

## 40-§. Qi'rg'i'zstan Respublikasi'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Taw yeli, qa'nigelesiwi, ken'lik bag'dari', taw aldi' tegislikler, gidroenergiya, resurslari', agrar-industrial.**

Qi'rg'i'zstan Respublikasi'ni'n' milliy g'a'resizligi 1991-ji'li' 30-avgustta ja'riyalandi'. Wol wo'zine ta'n biyik tawli' yel. Wo'ndiris ku'shlerinin' qa'nigelesiwi ha'm aymaqli'q jaylasi'wi'nda tawlar u'lken rol woynaydi'.

Ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy resurslari'. Qi'rg'i'zstan aymag'i'ni'n' 90 procentten ko'biregin, tiykari'nan, ken' sozi'lg'an tawlar iyeleydi. Wolar respublika aymag'i'ni'n' Arqasi'nda Tyanshan ha'm Qubla-bati'si'nda Alay tawlari'. Taw aldi' tegislikler ha'm taw arali'qlari' uluwma maydani'ni'n' 10 % in quraydi'.

Ta'biyiy resurslari' ha'r qi'yli'li'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Ko'mir qorlari' ko'p. Sonday-aq, surma, si'nap penen jaqsi' ta'miyinlengen, keleshegi mol polimetall, alti'n usag'an ka'nlerge de iye. Gidroenergiya qorlari'na bay.

**Xalqi'.** Song'i' bir a'sir dawami'nda xalqi' 5 yesege ko'beydi ha'm 2013-ji'li' 5,5 mln. adamdi' quradi'. Milliy qurami' boyi'nsha xalqi'ni'n' 60% ten ko'biregi qi'rg'i'zlar, 1/5 bo'legi ruslar, 10% ten ko'biregi wo'zbekler u'lesine tuwri' keldi.

Xalqi'ni'n' 70 % ten ko'biregi biyikligi 1500 m ge shekemgi bolg'an taw aldi' tegislikleri ha'm woypatli'qlarda jaylasqan. Xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' ha'r 1 $km^2$ ge 28 adamnan tuwri' keledi. Xalqi'ni'n' 34,5%i qalalarda jasaydi'.

**Xojali'g'i'** agrar-industrial xarakterge iye. Jetekshi xojali'q tarawi' — awi'l xojali'g'i' yesaplanadi'.

*Diyqanshi'li'g'i'ni'n'* yen' basli' tarawi' da'nli yeginler. Uluwma yegislik maydanlari'ni'n' 1/2 ga jaqi'ni'na da'nli yeginler yegiledi. Texnikali'q yeginlerden paxta ha'm temeki (Qubla Qi'rg'i'zstan), qant la'blebisi (Arqa Qi'rg'i'zstan) ko'birek yegiledi.

*Sharwashi'li'qti'n'* tiykarg'i' tarawlari' mami'q ju'nli qoy wo'siriw.

Sanaati'ni'n' tiykari'n jani'lg'i'-energetika tarawlari' quraydi'. Wolar, tiykari'nan, ko'mir ha'm bay gidroenergiya quwatlari'nan paydalani'w tiykari'nda quri'lg'an. GES lar respublikada islep shi'gari'li'p ati'rg'an elektr energiyani'n' 9/10 bo'legin bermekte. Yen' iri GES lari' Nari'n da'ryasi'nda quri'lg'an. Solardan yen' u'lkeni Toqtagu'l GES ni'n' quwati' 1,2 mln. kVt qa ten'.

**Mashinasazli'q.** Ko'plegen tu'rli awi'l xojali'g'i' mashina ha'm u'skeneler, elektr texnika mashinalari' ha'm elektr kabellerin islep shi'g'aradi'.

**Transporti'.** Relefinin' tawli' boli'wi' sebepli, Qi'rg'i'zstanda temir jol transporti' jaqsi' rawajlanbag'an. Sonli'qtan, respublikada yen' iri taraw retinde avtomobil transporti' xi'zmet yetpekte. Wol taw wo'tkelleri' arqali' barli'q rayonlardi' bir-biri menen baylani'sti'radi'.

***A'meliy jumi's***

1. Qi'rg'i'zstanni'n' ta'biyiy kartasi'n jazi'wsi'z kartag'a tu'sirin'.
2. Xojali'g'i'n si'patlan', juwmag'i'n'i'zdi' da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Qi'rg'i'zstan respublikasi'ni'n' geografiyali'q worni'na baha berin'.
2 Respublikani'n' ta'biyiy resurslari'ni'n' tiykarg'i' tu'rlerin ani'qlan' ha'm talqi'lan'.
3. Ne ushi'n Qi'rg'i'zstan xalqi'ni'n' ta'biyiy wo'siw ko'rsetkishleri Worayli'q Aziya Respublikalari'na sali'sti'rg'anda yen' to'men? Sebeplerin ayti'p berin'.

## 41-§. Tu'rkmenstan ha'm Ta'jikstan respublikalari'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Relef, tegis relef, taw relefi, kontinental klimat, wortasha klimat, qurg'aqshi'li'q, neft, ta'biyiy gaz, ku'kirt, duzlar, agrar-industrial.**

### TU'RKMENSTAN RESPUBLIKASI'

Tu'rkmenstan Worayli'q Aziyani'n' qublasi'nda jaylasqan ma'mleket. Arqa-bati'stan Qazaqstan, Arqa ha'm Arqa-shi'g'i'stan O'zbekistan, Qubladan Awg'anstan ha'm Iran menen shegaralas. Bati'si' Kaspiy ten'izi menen qorshalg'an. Administrativlik jaqtan 5 wa'layatqa bo'linedi.

1991-ji'li' 27-oktyabrde g'a'rezsizlikke yerisken. EGO (ekonomikali'q-geografiyali'q worni') 1996-ji'li' Iran arqali' Persiya qolti'g'i' ha'm Kavkaz arqali' Qara ten'iz boylari'na jol ashi'li'wi' menen a'dewir qolaylasti'.

**Ta'biyiy sharayati'.** Tiykari'nan relefi tegis, klimati' kontinental, qurg'aq ha'm suw da'reklerinin' kemligi sebepli buri'nnan qudi'qlardan ken' paydalanadi'. Ta'biyiy resurslardan neft ha'm ta'biyiy gazge, ku'kirt penen ha'r qi'yli' duzlarg'a bay.

**Xalqi',** tiykari'nan, ta'biyiy wo'siw yesabi'nan tez ko'beymekte. Woni'n' sani' son'g'i' jigirma ji'lda 3,7 mln. nan 5,1 mln. g'a shekem ko'beydi. Wortasha ti'g'i'zli'g'i' 1 km$^2$ maydang'a 11 adamnan tuwri' keledi. Xalqi'ni'n' 50,0 % i qalalarda jasaydi'.

**Xojali'g'i'** agrar-industrialli'q xarakterge iye. Woni'n' tiykari'n suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'qqa tiykarlang'an awi'l xojali'g'i' quraydi'. Suwg'ari'latug'i'n jerlerdin' uluwma maydani' 1,3 mln. ga. Tiykari'nan da'nli ha'm texnikali'q (paxta) yeginler ko'p yegiledi. Sharwashi'li'g'i'nda qoyshi'li'q (qara ko'l), tu'yeshilik ha'm ji'lqi'shi'li'q jetekshilik yetedi.

**Sanaati'nda** jani'lg'i'-energetika (neft ha'm gaz), jen'il ha'm azi'q-awqat tarawlari' u'lken a'hmiyetke iye. Ma'mleket sanaati'ni'n' keleshegi kelesi waqi'tlari' neft ha'm ta'biyiy gazdi ko'plep qazi'p shi'g'ari'w ha'm woni' du'nya bazari'na shi'g'ari'w mashqalalari'ni'n' qay da'rejede sheshiliwine baylani'sli'. Basqa sanaat tarawlari' a'dewir to'men rawajlang'an. **Tiykarg'i' qalalari':** Ashxabad, Tu'rkmenabad, Mari', Tashawi'z, Tu'rkmenbasi'.

## TA'JIKSTAN RESPUBLIKASI'

Worayli'q Aziyada jaylasqan ma'mleket. Shi'g'i'si'nda — Qi'tay, Arqada — Qi'rg'i'zstan, Bati'sta — O'zbekistan, Qublada — Awg'anstan menen shegaralasadi', ten'izge shi'g'i'w mu'mkinshiligi joq. Ma'mleketlik du'zimi — Respublika. Ma'mleket basshi'si' — Prezident. Ni'zam shi'g'ari'wshi' hu'kimet — parlament (Oliy Kengash).

**Xalqi'ni'n' sani'** 2013-ji'l basi'nda 7,9 mln. adamdi' quradi'. Diniy ko'zqarastan islamg'a si'yi'ni'wshi'lar 90%, xiristianlar 5% ha'm basqalar 5% ti quraydi'.

Ma'mleketlik tili — ta'jik tili, xalqi'ni'n' 64 % in ta'jikler, 21 % in wo'zbek-ler, 10 % in ruslar quraydi'. Basqa millet wa'killerinen tatarlar, qi'rg'i'zlar, nemisler, ukrainlar, evreyler ha'm basqalar jasaydi'. 14 jasqa shekem bolg'anlar 42 %, 15—64 jasqa shekem bolg'an xali'q 55 % ke ten'. Xalqi'ni'n' ti'g'i'zli'g'i' 1 $km^2$ jerge 55 adamnan tuwri' keledi. Qala xalqi' 26,4 % ke ten'. Ta'biyiy wo'siw — ha'r mi'n' adamg'a 22 adam tuwri' keledi. Wortasha wo'mir su'riw da'wamli'li'g'i' 68 jasqa ten'. Ta'jikstan — BMSHne ag'za.

1991-ji'li' 9-sentyabrde Ta'jikstan g'a'rezsizlikke yeristi.

**Ta'biyiy resurslardan** ren'li metallar ha'm gidroenergetika resurslari'na a'dewir bay.

Yelde qorg'asi'n, vismut, cink, molibden, alti'n, qon'i'r ko'mir ha'm az mug'darda ta'biyiy gaz qazi'p ali'nadi'. Iri alyuminiy zavodi' bar. Mashinasazli'qta awi'l xojali'g'i' mashinalari', suwi'tqi'shlar, transformatorlar, kabel, tu'rli texnika wo'nimleri, elektr a'sbap-u'skeneleri islep shi'g'ari'ladi'.

**Xojali'g'i'** agrarli'q xarakterge iye. Awi'l xojali'g'i'nda diyqanshi'li'qti'n' paxtashi'li'q, da'n, bag'shi'li'q tarawlari' wog'ada a'hmiyetli. Sanaati'nda gidroenergetika, alyuminiy, jen'il ha'm azi'q-awqat sanaatlari' jetekshilik yetedi.

**Tiykarg'i' qalalari':** Dushanbe, Xojent, Qorg'anto'be, Worato'be.

***A'meliy jumi's***

1. Tu'rkmenstanni'n' ekonomikali'q kartasi'n jazi'wsi'z kartag'a tu'sirin' ha' m woni' talqi'lap berin'.
2. Ta'jikstanni'n' ekonomikali'q kartasi'n jazi'wsi'z kartag'a tu'sirip, woni' si'patlap berin'.

***?! Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Karta ha'm «Atlas»tan paydalani'p Tu'rkmenstan ha'm Ta'jikstan Respublikalari', ekonomikali'q-geografiyali'q worni'na sali'sti'rmali' si'patlama berin'.
2. Yelde qanday ta'biyiy resurs yen' a'hmiyetli yesaplanadi'?
3. Yen' iri GES lari'n ani'qlan'.

## 42-§. O'zbekistang'a aymag'i' ha'm ma'deniyati' jaqi'n yeller

### TURKIYA

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Yeki kontinentte jaylasqan ma'mleket, Kishi Aziya yari'm atawi', Anadoliy jazi'q tawli'g'i', metallurgiya, mashinasazli'q, ximiya sanaati', angor yeshkileri, turkiya lirasi'.**

Aziya ha'm Evropa kontinentlerinde jaylasqan ma'mleket. Greciya, Bolgariya, Gruziya, Armeniya, Iran, Siriya, Irak ma'mleketleri menen shegaralasqan. Arqa bo'legin Qara ten'iz, qublasi'n Jer Worta ten'izi, bati'si'n Egey ten'izi suwlari' qorshap turadi'. Mramor ten'izi, Bosfor ha'm Dardanell bug'azlari' arqali' yeldin' Evropa ha'm Aziyadag'i' bo'legi aji'rali'p turadi'.

Administrativlik jaqtan 76 wa'layattan ibarat. Ma'mleketlik du'zimi — Respublika. Ma'mleket basshi'si' — Prezident. Wol ha'r 7 ji'lda saylani'p, Quralli' Ku'shlerdin' Bas Komandiri wazi'ypasi'n da atqaradi'. Hu'kimet basshi'si' — Bas ministr. Ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyati' 2 palatali' parlament (Ulli' Millet ma'jilisi).

**Xalqi'ni'n' sani'** 81,0 mln. adam, wortasha ji'lli'q wo'siw pa'ti 1,0 % ke ten'.

Diniy ko'zqarastan islamg'a si'yi'natug'i'nlar 99,8% ti ha'm basqalar 0,2% ti quraydi'.

Ma'mleketlik tili — tu'rk tili. Urbanizaciya da'rejesi 70,1% ke ten'.

**Etnikali'q qurami'** — 87%i tu'rkler, 10% i kurdlar, 1,7 %i arablar, grekler, armiyanlar ha'm basqa xali'q wa'killeri. Yelden ti'sqari'da 5 mln. tu'rk jasaydi'. Xalqi'ni'n' ti'g'i'zli'g'i' 1 $km^2$ jerge 105 adamnan tuwri' keledi. Qala xalqi' 71,2 % ti quraydi'. Sawatli'li'q da'rejesi 98,3% ke ten'. Ta'biyiy wo'siw ha'r mi'n' adamg'a 15,9 adamg'a tuwri' keledi. Wortasha wo'mir su'riwi yerlerde 69 jas, hayallarda 75 jasqa ten'. Xalqi'ni'n' 14 jasqa shekemgi bolg'an bo'legi 28% ti, 15—64 jasqa shekem bolg'anlar 63% ti, 65 jastan u'lkenleri 8% ti quraydi'.

Turkiya — BMSH, XVF ha'm NATO g'a ag'za.

Kishi Aziya yari'm atawi' ju'da' a'yyem zamanlardan baslap Arqa, Qubla, Bati's, Shi'g'i's wortasi'nda sawda ha'm ma'deniy baylani'slardi' tutasti'ri'p turatug'i'n ko'pir bolg'an. Bizin' erami'zg'a shekemgi VIII — VI mi'n' ji'lli'qlarda bul jerde diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q rawajlang'an. Bizin' erami'zg'a shekemgi 3 mi'n' ji'lli'qta bul jerde birinshi qala-ma'mleketler payda bolg'an. Sonnan, yen' ku'shlisi Xatti ma'mleketi bolg'an. Keyin bul aymaq Aleksandr Makedonskiy qol asti'nda boladi', I a'sirde wol rimliler qoli'na wo'tedi. Keyin Vizantiya qaramag'i'nda boladi'. XI a'sirde tu'rk saljuqiyler, al, wonnan keyin

Osmanli’ tu’rkler qoli’na wo’tedi. 1320-ji’ldan Osmanli’ tu’rkler imperiyasi’ qa’liplesti.

1923-ji’li’ 29-oktyabrden Turkiya g’a’rezsiz respublika boldi’. Paytaxti’ — Ankara qalasi’. Ma’mleket — tariyxi’y yesteliklerge bay. Mediereseler, ibadatxanalar, tariyxi’y muzeyler solar qatari’na jatadi’. Ma’mlekettin’ bati’s ha’m worayli’q bo’legin Anadoliy jazi’q tawlari’ iyelegen. Al shi’g’i’s bo’leginde bolsa Armeniya jazi’q tawlari’ sozi’li’p jati’r.

Tiykarg’i’ da’ryalari’—Jasi’l, Irman, Dajla, Frot, Araks, Shorax. Tog’aylar 15% maydandi’ iyelep, wonda qaraag’ash, arsha, kiparis, buk, yemen, grab ha’m putalar wo’sedi. Haywanatlardan suwi’n, tiyin, don’i’z, qasqi’r, sag’al, ayi’w, taw yeshkisi, jolbarslar jasaydi’. Quslardan g’arg’a, bu’rkit, la’ylek, qarli’g’ash, soni’n’ menen birge ji’lan ha’m kesirtkeler ken’ taralg’an.

Turkiya — industrial-agrar yel. Ma’mlekette xrom (du’nyada 3-wori’nda), surma, temir rudasi’, volfram, mi’s, marganec, si’nap, boksit, ku’kirt qazi’p ali’nadi’. Qara ha’m ren’li metallurgiya rawajlang’an. Neftti qayta islewshi ha’m ximiya zavodlari’nda mineral to’ginler, siltiler, u’y-ruzi’ger, ximiya wo’nimleri islep shi’g’ari’ladi’. Mashinasazli’qta jen’il avtomobiller, ju’k mashinalari’, avtobuslar, awi’l xojali’g’i’ mashinalari’, ten’iz kemeleri, stanoklar, elektr u’skeneleri islep shi’g’ari’ladi’. Zamanago’y azi’q-awqat ha’m toqi’mashi’li’q, quri’li’s materiallari’ ha’m cement sanaati’ ka’rxanalari’ xi’zmet ko’rsetpekte. Teri-ayaq kiyim, mebel ha’m qag’az islep shi’g’ari’w rawajlang’an. **Awi’l xojali’g’i’nda** biyday, arpa, suli’, ma’kke, qara biyday, sali’, ovosh yeginleri jetistiriledi. **Temeki jetistiriwde** du’nyada aldi’ng’i’ wori’nlardi’ iyeleydi. **Bag’shi’li’q** ha’m **ju’zimgershilik** ken’ rawajlang’an. Bunnan basqa, chay, grek g’ozasi’ da jetistiriledi. **Sharwashi’li’qta** qoy, yeshki, qara mal ha’m ji’lqi’ wo’siriw rawajlang’an. Turkiya angor yeshkisi ju’nin eksport yetiw boyi’nsha du’nyada aldi’ng’i’ wori’nlardi’n’ birin iyeleydi. Jipekshilik ha’m bali’qshi’li’q rawajlanbaqta. Turizm ju’da’ jaqsi’ rawajlang’an. Iri qalalari’: Stambul, Ankara, Izmir, Adana, Bursa, Konya, Antaliya. Stambul — turizmnin’ iri woraylari’ni’n’ biri. Wog’an bizin’ erami’zg’a shekemgi VII a’sirde tiykar sali’ng’an. Da’slep Rim imperiyasi’ paytaxti’ bolg’an. Wol waqi’tta Konstantinopol dep te ju’rgizilgen. Ha’zirgi ati’n 1930-ji’li’ alg’an. Qalada muqaddes Sofiya muzeyi, a’jayi’p meshitler bar. Vizantiya ha’m musi’lman arxitekturasi’ yestelikleri ko’p.

Turkiyani’n’ transport sistemasi’ rawajlang’an. Wonda avtomobil transporti’ni’n’ roli u’lken. Ten’iz transporti’ da rawajlang’an.

**Eksporti’nda** mashina ha’m avtobuslar, azi’q-awqat, jen’il sanaat, elektro-texnika wo’nimleri, temeki, qurg’ati’lg’an miyweler, awi’l xojali’g’i’ wo’nimleri jetekshilik yetedi.

**Importi’nda** mashina u’skeneleri, shiyki zat, transport qurallari’ ha’m basqalar basi’m turadi’. **Pul birligi:** — Turkiya lirasi’.

### A'meliy jumi's

1. Jazi'wsi'z kartada Turkiyani'n' administrativlik-aymali'q bo'leklerin sa'wlelendirin'.
2. Ma'mlekettin' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin ha'm woni' si'patlap berin'.

### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Du'nya siyasiy kartasi' ha'm «Atlas» materiallari'nan paydalani'p, Turkiyani'n' jaylasqan geografiyali'q worni'n talqi'lan' ha'm bahalan'. Aymag'i'ni'n' qansha bo'legi Evropa ha'm qansha bo'legi Aziyag'a qarasli' yekenligin ani'qlan'.
2. Ta'biyiy sharayati'ni'n' a'hmiyetli wo'zgesheliklerin talqi'lan', qanday tiykarg'i' ta'biyiy resurslarg'a bay ha'm jarli' yekenligin belgilep, bul jag'daydi'n' yel ekonomikasi'na ta'sirin bahalan'.
3. Yen' iri qalalari'n ani'qlan'. Wolardi'n' rawajlani'wi'nda jaylasqan geografiyali'q worni'ni'n' (ten'iz boyi'ndali'g'i' yamasa qurg'aqli'qtali'g'i') a'hmiyetine itibar berin'.

## 43-§. Iran Islam Respublikasi', Awg'anstan Islam Respublikasi', Pakistan Federativ Islam Respublikasi'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Islam Respublikasi', subtropikali'q klimat, forslar, kurdlar, pushtunlar, belujlar, sindler, panjobliler, industrial-agrar, agrar-industrial.**

### IRAN ISLAM RESPUBLIKASI'

Iran Qubla-bati's Aziyada jaylasqan ma'mleket. Arabstan ten'izi, Kaspiy ten'izi ha'm Persiya qolti'g'i' suwlari' qorshap turadi'. Irak, Awg'anstan, Pakistan, Tu'rkmenstan, A'zerbayjan ha'm Armeniya menen shegaralasqan.

Administrativlik jaqtan 23 provinciyag'a bo'linedi. Ma'mleketlik du'zimi—Islam Respublikasi'. Ma'mleket basshi'si' — Prezident yesaplansa da, barli'q yen' a'hmiyetli islerde — Oyatulla menen kelisiledi. Ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat — 2 palatali' parlament.

**Xalqi'ni'n' sani'** 80 mln adamdi' (2013-ji'l iyul ayi'), wortasha ji'lli'q wo'siw pa'ti 0,9 % ti quraydi'. Islam dinine si'yi'ni'wshi'lar 89 % (tiykari'nan shialar), qalg'anlari' basqa dinge si'yi'ni'wshi'lar. **Ma'mleketlik tili** — parsi' tili.

**Etnikalaq qurami':** parsi'lar 60%, a'zerbayjanlar 16%, kurdlar 9% boli'p, 600 mi'n' armyan, 100 mi'n' evrey, 80 mi'n' tsi'gan, ja'ne tag'i' arab, tu'rkmen, gruzin ha'm basqalar jasaydi'. Yelden si'rtta 600 mi'n' iranli'lar jasaydi'. Xalqi'ni'n' ti'g'i'zli'g'i' ha'r 1 km$^2$ ge 50 adam tuw-

ri' keledi. Qala xalqi' 71,3 %, tuwi'li'w ha'r mi'n' adamg'a 20,6 adam. Wo'liwshilik da'rejesi ha'r mi'n' adamg'a 8,4 adamnan tuwri' kelip, ta'biyiy wo'siw 1,2 % ke ten'. Wortasha wo'mir su'riw dawamli'li'g'i' yerlerde 69 jas, hayallarda 73 jasqa ten'. Xalqi'ni'n' qurami'nda 14 jasqa shekem bolg'anlar 38%, 15—64 jasqa shekem bolg'anlar 55 %, 65 jastan u'lkenler 7% ti quraydi'.

Iran — BMSH, XVF, OPEK ke ag'za. 1979-ji'l 1-aprel ku'ni yel g'a'rezsiz Islam Respublikasi' dep dag'azalandi'.

Yeldin' klimati' subtropikalaq ha'm kontinental klimat. Yel aymag'i'ni'n' yari'mi'n tawlar quraydi'. Yen' biyik jeri Demavend vulkani'nda — 5604 metr. Yel aymag'i'ni'n' Arqa-shi'g'i's bo'liminde tegislikler bar.

Tiykarg'i' da'ryasi' Karun. Jer maydani'ni'n' 11% in tog'ay iyelegen boli'p, wonda dub, buk, temir darag'i', akaciya, kashtan, klyon wo'sedi. Yeldin' qublasi'nda mayda putalar wo'sedi.

Haywanlardan taw yeshkisi, qoy, qasqi'r, tu'lki, si'rtlan, qaplan, ayi'w, tiyin, suwi'n, don'i'zlar bar. Quslardan flamingo, keklik ha'm basqalar jasaydi'. Iran industrial-agrar yel. Awi'l xojali'g'i'nda biyday ko'p yegiledi. Su'riletug'i'n jerler 10% , turaqli' da'nli yeginler 1%, jaylawlar 27%, tog'aylar 11%, basqa jerler 51% ti quraydi'. Suwg'ari'li'p yegiletug'i'n jerler maydani' 94 mi'n' km$^2$. Arpa, sali', ovosh yeginlerleri, citrus wo'simlikleri, shabdal, a'njir, anar, qurma usag'anlar jetistiriledi. Qant la'blebisi, shay, qant qami'si', temeki jetistiriw de rawajlang'an. Sharwashi'li'q eksportli'q wo'zgeshelikke iye. Qoy, yeshki, qara mal, tu'ye bag'i'w rawajlang'an. Yel qara ikra (uwi'ldi'ri'q) eksporti' boyi'nsha jer ju'zinde 1-wori'nda turadi'. Marjan islep shi'g'ari'w da rawajlang'an.

Iran jer ju'zinde neft ha'm ta'biyiy gaz benen yen' jaqsi' ta'miyinlengen. Sonday-aq, temir rudasi', ayi'ri'm ren'li metall ka'nlerine de iye. Metallurgiya sanaati' qa'liplesken. Sanaatti'n' plastmassa ha'm soda, ku'kirt ha'm ammiak, jasalma gaz, siltiler islep shi'g'ari'w tarawlari' rawajlang'an. Toqi'mashi'li'q, azi'q-awqat, temeki fabrikalari' bar. Cement ha'm quri'li's materiallari' islep shi'g'ari'ladi'. Yelde avtomobiller, traktorlar, suwi'tqi'shlar, kondicionerler, televizorlar, magnitofonlar, radiopriyomnikler, u'y buyi'mlari' ha'm elektro-texnika wo'nimleri ji'ynali'p shi'g'ari'ladi'.

Turizm a'dewir rawajlang'an. Iri qalalari': Tegeran, Mashxad, Isfaxan, Tabriz, Sheraz, Abadan.

## AWG'ANSTAN ISLAM RESPUBLIKASI'

Awg'anstan Iran, Tu'rkmenstan, O'zbekistan, Ta'jikstan ha'm Pakistan ma'mleketleri menen shegaralas, materik ishinde jaylasqan yel. Administrativlik jaqtan 29 wa'layatqa bo'linedi. Joqarg'i' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat — Loyya Jirg'a ha'm Milliy Ken'gash. Ma'mleket basshi'si' — Prezident.

**Relyefi tawli'.** Klimati' Arqasi'nda kontinental, Qublasi'nda tropikten subtropikke shekem wo'zgerip baradi'. Ta'biyiy bayli'qlari' toli'q izertlenbegen.

**Xalqi'ni'n' sani'** 32,7 mln. adam, ti'g'i'zli'g'i' 1 $km^2$ ge wortasha 48 adam. Ha'r 1000 adamg'a tuwi'li'w 37 ha'm wo'liwshilik 19 adamnan tuwra keledi. Xalqi'ni'n' 0—14 jastag'i'lari' 43%, 65 ha'm wonnan joqari' jastag'i'lari' 3% ti quraydi'. Wortasha wo'mir su'riw yerlerde 43, hayallarda 42 jasqa ten'. Xalqi'ni'n' 22,9 % ti qalalarda jasaydi'.

**Xalqi' ko'p milletli.** Tiykarg'i' millet wa'killeri —pushtunlar menen birge ta'jikler, wo'zbekler, tu'rkmenler, xazarliler ha'm basqalar jasaydi'. Wo'zbekler Arqa ha'm Arqa-qubla provintsiyalarda, ta'jikler Arqa ha'm Arqa-shi'g'i's provintsiyalarda ken' tarqalg'an. Tu'rkmenler «Badxiz» provinciyasi'nda, xayarli'lar «Bamiyan» ha'm «Xirat» provinciyalari'nda jasaydi'.

**Xojali'g'i'.** 1979-ji'ldan baslap derlik 10 ji'l dawam yetken puqaralar uri'si' sebepli, ashi'narli' awhalg'a tu'sip qalg'an. JMO' nin' 36 % i awi'l xojali'gi'nda, 24 % i sanaatta, 39 % xi'zmet ko'rsetiw tarawi'nda islep shi'g'ari'ladi'. JMO' 2012-ji'li' 40,7 mlrd. AQSH dollari'n quradi' (sati'p ali'w paritetin yesapqa alg'anda).

**Sanaat tarawlari'nan** neft qazi'p ali'w, quri'li's materiallari'n islep shi'g'ari'w, jen'il ha'm azi'q-awqat tarawlari'na tiyisli ka'rxanalar Kabul, Mozari-Sharif, Maymana, Qunduz ha'm basqa qalalari'nda xi'zmet ko'rsetpekte.

Ha'zirgi waqi'tta xali'qarali'q birge islesiw ja'miyetinin' aji'ratqan finansli'q ja'rdemi arqasi'nda zamanago'y sanaat ka'rxanalari' quri'lmaqta.

Awi'l xojali'g'i'ni'n' tiykari'n suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q quraydi'. Keyingi ji'llarda ju'z bergen siyasiy waqi'yalar yeginler qurami'na da keri ta'sir ko'rsetpekte. Suwg'ari'latug'i'n jerlerdin' u'lken maydanlari'nda ko'knar yegilip, qara da'ri ha'm geroin islep shi'g'ari'w ushi'n tiykar sali'nbaqta. Ma'mlekettin' keyingi ji'llarda qara da'ri ha'm geroin jetistiriw boyi'nsha jetekshilikti qoldan bermey kiyati'rg'ani' qon'si' ma'mleketler, soni'n' ishinde O'zbekistanda da ti'ni'shsi'zli'qti' keltirip shi'g'armaqta.

Uluwma alg'anda, diyqanshi'li'qta da'nli yeginler ha'm paxta yegiw, miywe ha'm ju'zim jetistiriw a'hmiyetli rol woynaydi'. Sharwashi'li'q ekstensiv wo'zgeshelikke iye. Qoy ha'm yeshki wo'siriwshilik bir qansha jaqsi' rawajlang'an.

**Transport** tarawlari' ishinde avtomobil transporti' u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi, tasi'lg'an barli'q ju'k ha'm jolawshi'lardi'n' ko'pshilik bo'legi usi' avtomobil transporti'na tuwri' keledi. Son'g'i' ji'llarda O'zbekistan quri'li'sshi'lari' ja'rdeminde ko'plegen da'ryalarda buzi'lg'an ko'pirler qayta tiklendi. Bunnan ti'sqari', bir qatar jan'a ko'pirler de quri'ldi'.

Hawa transporti' yendi g'ana rawajlandi'ri'lmaqta. Yeldin' Kabul, Mazari-Sharif, Qandagar ha'm Xirat qalalari'nda aeroportlar islep turi'pti'.

Awg'anstan O'zbekistan menen wo'z ara ekonomikali'q baylani'slardi' rawajlandi'ri'wg'a umti'lmaqta. Bul wori'nda bir qansha jumi'slar da a'melge asi'ri'lg'ani'n ayti'p wo'tiw kerek (Arqa aymaqlari'n jani'lg'i', elektroenergiya, suw menen ta'miyinlew ha'm basqa da ilajlar usi'ni'lmaqta). Biraq, usi' ha'm basqa da ilajlardi' a'melge asi'ri'wg'a talibanlar tosqi'nli'q qi'lmaqta.

## PAKISTAN FEDERATIVLIK ISLAM RESPUBLIKASI'

Pakistan Iran, Awg'anstan ha'm Hindstan ma'mleketleri menen shegaralas, al qublasi'nan Arabstan ten'izine tutasadi'. Administrativlik-aymaqli'q du'zilisi — Federativlik Respublika. Joqari' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat — parlament (Milliy Assambleya ha'm Senat). Ma'mleket basshi'si' — Prezident.

Relefi Qubladan Arqag'a ha'm Arqa-shi'g'i'sqa qaray ko'terilip baradi'. Klimati' subtropikali'q ha'm tropikali'q wo'zgermeli.

Pakistan — industrial-agrar bag'darg'a tiykarlang'an ko'p tarawli' xojali'qqa iye ma'mleket. Woni'n' qurami' Panjab, Sind, Arqa-bati's shegara aldi', Belujistan provintsiyalari' menen Islamabad jaylasqan federal paytaxt aymag'i'nan ibarat.

Pakistan tawlar ha'm tegislikler ma'mleketi. Arqa aymaqlari'nda Hindistan, Qaraquri'm ha'm Gimalay taw dizbekleri bar. Gimalay tawlari'ni'n' shetki bati's qanati'nda 2005-ji'ldi'n' oktyabr ayi'nda ku'shli jer silkiniw boldi'. Wol 40 mi'n'nan aslam adamni'n' nabi't boli'wi'na, 100 mi'n' adam jaraqatlani'wi'na, sa'l kem 3 mln. adamni'n' baspanasi'z qali'wi'na sebepshi boldi'. Ma'mleket xalqi'ni'n' sani' 2013-ji'ldi'n' iyul ayi'nda 193,2 mln. adamdi' quradi'. Bul ko'rsetkish boyi'nsha Pakistan Qi'tay, Hindstan, AQSH, Indoneziya ha'm Braziliyadan keyin du'nyada 6-wori'ndi' iyeleydi. Xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' 243 adamg'a ten'. Tuwi'li'w koefficienti 32—34 promilleni, wo'liwshilik koefficienti bolsa 16 promilleni quraydi'. Xali'qti'n' sani'ni'n' 42 % i 0—14 jastag'i'larg'a, 4 % i — 65 ha'm wonnan u'lken jastag'i'lar u'lesine tuwri' keledi. Wortasha wo'mir su'riw — 65 jas. Urbanizaciya da'rejesi 36,2 % ke ten'. Yelde Karashi, Revelpindi, Islamabad, Peshavar si'yaqli' iri, u'lken ha'm wortasha qalalar bar.

Pakistan **ko'p milletli** ma'mleket. Tiykarg'i' millet qatari'na panjablar, sinkler, pushtunlar ha'm belujlar kiredi. Xali'qti'n' 98 % i islam dinine si'yi'nadi'. Wolardi'n' 60%i sunniylar ha'm 40%ti shialardan ibarat.

**Sanaat** ekonomikani'n' jetekshi tarawi'. JMO' ni'n' 27% i, awi'l xojali'g'i'na 20% i, xi'zmet ko'rsetiw tarawi'na 54% i tuwri keledi

(2012-j.). Awi'l xojali'g'i'na uluwma ba'nt xali'qti'n' 40% ten aslam bo'legi tuwri' keledi. Tiykarg'i' tarawi' — diyqanshi'li'q boli'p, biyday, sali', qantqami'si', paxta jetistiriwge qa'nigelesken. «Jasi'l revolyuciya» na'tiyjesinde wo'zinin' da'nge bolg'an talabi'n toli'q qandi'rmaqta.

Sanaati'ni'n' jetekshi tarawi' jen'il sanaat. Wonda sanaatta ba'nt xali'qti'n' 40 % i miynet yetedi. Toqi'mashi'li'q sanaati' eksport yetiwge jaramli' wo'nim islep shi'g'aradi'. Wonnan ti'sqari', metallurgiya, mashinasazli'q, ximiya, azi'q-awqat, teri sanaati' ka'rxanalari' da xi'zmet ko'rsetpekte. Wo'nermentshilik ha'm ustashi'li'q rawajlang'an. Ta'biyiy gaz, neft, ko'mir, xromitler ha'm basqa tu'rdegi qazi'lma bayli'qlar qazi'p ali'nbaqta.

Ma'mleket rawajlang'an transport infrastrukturasi'na iye. Temir jol, avtomobil ha'm ten'iz transporti' jaqsi' rawajlang'an.

Valyuta tu'sirimlerinin' 2/3 bo'legi sali' ha'm paxtag'a tuwri' keledi, 25% tin bolsa toqi'mashi'li'q sanaati' ta'miyinleydi. Import qurami'nda mashina ha'm u'skeneler, neft ha'm neft wo'nimleri, mineral to'ginler ha'm azi'q-awqat wo'nimleri aji'rali'p turadi'. O'zbekistan menen eksport-import aylanbasi' bar.

### A'meliy jumi's

Jazi'wsi'z kartada Iran, Awg'anstan ha'm Pakistan ma'mleketleri aymaqlari'n aji'rati'p, geografiyali'q worni'n bahalan'. Ma'mleketlerdin' ekonomikali'q kartalari'n jazi'wsi'z kartag'a tu'sirin' ha'm woni' talqi'lan'.

### ?! Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Jer beti ha'm klimati'ni'n' ma'mleket ekonomikasi'ni'n' aymaqli'q jaylasi'wi'na ta'sirin kartag'a qarap baqlan' ha'm juwmaq shi'g'ari'n'.
2. Tiykarg'i' neft ha'm ta'biyiy gaz ka'nleri yeldin' qaysi' bo'leginde jaylasqan?
3 Tiykarg'i' awi'l xojali'q rayonlari'n ani'qlan' ha'm tarawlari'ni'n' jaylasi'w wo'zgesheliklerin talqi'lan'.
4. Yen' iri qalalari' ha'm wolarda qa'liplesken sanaat tarawlari'n kartag'a qarap ani'qlan'.

## 44-§. Qi'tay Xali'q Respublikasi': ta'biyiy-demografiyali'q da'rejesi

### Tayani'sh tu'sinikler

**Xali'q Respublikasi', aymaq, xali'q sani', «xan» xalqi', awi'llar, qala xalqi', awi'l xalqi'.**

Du'nyani'n' yen' a'yyemgi ha'm u'lken ma'mleketlerinen yesaplanatug'i'n ha'zirgi Qi'tay 1949-ji'l 1-oktyabrde Xali'q Respublikasi' bo-

li’p du’zilgen. Woni’n’ aymag’i’ 9,6 mln. $km^2$ ge ten’. Maydani’ni’n’ u’lkenligi boyi’nsha du’nya ju’zinde u’shinshi wori’ndi’ iyeleydi. Bul yeldin’ aymag’i’ Bati’stan Shi’g’i’sqa 5 mi’n’ km. ge, al Arqadan Qublag’a bolsa 3 mi’n’ km. ge shekem sozi’ladi’. Qi’tay ha’r qi’yli’ ta’biyiy resurslarg’a ju’da’ bay. Wol tas ko’mir, temir ha’m marganec rudalari’, boksit ha’m polimetallar, surma, volfram, molibden, qalayi’ usag’an mineral shiyki zatlar menen du’nyada yen’ jaqsi’ ta’miyinlengen yeller qatari’na kiredi. Da’ryalar gidroenergetika resurslari’na da wog’ada bay, bunday quwatlar ko’lemi boyi’nsha wol du’nyada birinshi wori’nda turadi’. Al, yeldin’ Arqa-shi’g’i’s ha’m Qubla-shi’g’i’s aymaqlari’ bolsa tog’ayg’a bay. Aymag’i’ni’n’ 8 % i tog’aylardan ibarat.

Qi’tayda du’nyadag’i’ yen’ biyik, suwi’q ha’m qurg’aq tawli’qlar menen ji’lli’ ha’m wortasha klimatli’ i’g’alli’ subtropikali’q ha’m tropikali’q ta’biyatli’ aymaqlar bir-birine jaqi’n jaylasqan.

Qi’tay **xalqi’ni’n’ sani’ boyi’nsha** (1350,0 mln. adam) jer ju’zinde yen’ u’lken ma’mleket. Ha’zirgi waqi’tta Qi’tayda jer ju’zi xalqi’ni’n’ 20 % ke jaqi’ni’ jasaydi’. Qi’tayda xali’qti’n’ ko’beyiwin kemeytiwge ali’p keletug’i’n wo’zine ta’n demografiyali’q siyasat ju’rgizilmekte. Ma’mleket Konstituciyasi’nda ni’zamlasti’ri’lg’an bul demografiyali’q siyasat boyi’nsha «bir shan’araqqa bir bala» usi’ni’s yetiledi.

Ma’mleket xalqi’ni’n’ uluwma sani’ 1955—2013-ji’l arasi’nda 615 mln. nan 1350,0 mln. g’a shekem, yag’ni’y 2,2 yesege ko’beydi. Qi’tay xalqi’ mine usi’nday qatan’ sheklewlerge qaramastan, son’g’i’ waqi’tta ji’li’na 12—13 mln. adamg’a ko’beymekte.

Qi’tay du’nyani’n’ yen’ iri miynet resurslari’na iye bolg’an ma’mleketi. Wonda 795,4 mln. nan ziyati’raq miynetke jaramli’ xali’q bar.

Xalqi’ni’n’ milliy-etnikali’q qurami’ boyi’nsha Qi’taydi’ bir waqi’tti’n’ wo’zinde ha’m ko’p milletli, ha’m bir milletli yeller qatari’na kirgiziw mu’mkin. Qi’tayda 60 tan aslam ha’r qi’yli’ milletler jasaydi’. Bular uyg’i’rlar, mong’ollar, tibetliler, dunganlar, manjurlar ha’m basqalar. Sol sebepli, Qi’tay ko’p milletli yeller qatari’nda turadi’. Bir milletli yel deliniwinin’ sebebi, Qi’tay xalqi’ni’n’ 90 % ten ko’biregin — «xan»lar quraydi’.

Yeldin’ xalqi’ aymaqli’q jaqtan tegis jaylaspag’an. Xalqi’ni’n’ wortasha ti’g’i’zli’g’i’ ha’r 1 $km^2$ maydang’a 141 adamdi’ qurag’an bolsa, bul ko’rsetkish Ulli’ Qi’tay u’stirtlikleri bo’leginde 400 − 500 adamdi’, Xuanxe ha’m Yanczi da’ryalari’ arasi’ndag’i’ tegisliklerinde 800−1000 adamdi’ quraydi’. Al, yeldin’ sho’l ha’m biyik Tibet jazi’q tawli’ aymaqlari’nda bolsa bul ko’rsetkish 1—2 adamnan aspaydi’. Xalqi’ni’n’ 90 % ti ma’mleket aymag’i’ni’n’ 1/3 bo’leginde g’ana ja’mlengen.

Qi’tay ja’ha’nnin’ wortasha da’rejede urbanizaciyalasqan yelleri qatari’na kiredi. Xalqi’ni’n’ 47,8 % i qalalarda jasaydi’. Bul 739,4 mln.

adamdi’ quraydi’. Wol ha’zirgi waqi’tta ja’ha’n yelleri arasi’nda iri qalalar (450), millioner qalalardi’n’ (60) uluwma sani’na ha’m qala xalqi’ni’n’ absolyut mug’dari’ boyi’nsha birinshi wori’nda turadi’. Tek iri ha’m millioner qalalardi’n’ wo’zinde barli’q qala xalqi’ni’n’ 1/2 ne jaqi’n bo’legi jasaydi’. Shanxay (14,4 mln. adam), Pekin (12,7 mln. adam), Guanchjou (11,8 mln), Shechjen (11,7), Dunguan (7,6), Tyanczin (10,7 mln adam) du’nyani’n’ yen’ iri qalalari’ qatari’na kiredi. Qi’tay xalqi’ni’n’ tiykarg’i’ bo’legi awi’llarda jasaydi’. Wonda 700 mi’n’g’a jaqi’n awi’llar yesapqa ali’ng’an. Awi’llar ha’m awi’l xalqi’ni’n’ sani’ boyi’nsha da bul yel du’nyada birinshi wori’nda turadi’.

### *A’meliy jumi’s*

1. Ta’biyiy-demografiyali’q da’rejesin jazi’wsi’z kartada ko’rsetin’ ha’m bahalan’.
2. Jazi’wsi’z kartag’a «millioner» qalalari’n tu’sirin’ ha’m woni’ si’patlap berin’.

### *?! Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Qi’taydi’n’ ta’biyiy resurslari’ haqqi’nda ayti’p berin’.
2. Ne ushi’n Qi’tay ha’m ko’p milletli, ha’m bir milletli ma’mleket sanaladi’?
3. Ma’mleket xalqi’ aymaqli’q jag’i’nan qalay jaylasqan?

## 45-§. Xojali’g’i’, transporti’, ishki ayi’rmashi’li’qlari’

### *Tayani’sh tu’sinikler*

**Aldi’ng’i’ sanaat tarawlari’, ko’mir ka’nleri, neft ka’nleri, elektroenergetikasi’, metallurgiya, mashinasazli’q, jen’il sanaat, awi’l xojali’g’i’, transport, yerkin ekonomikali’q zona.**

Qi’tay ji’lli’q islep shi’g’ari’latug’i’n sanaat wo’nimleri ko’lemi boyi’nsha ja’ha’nde u’shinshi wori’nda turadi’. Biraq, islep shi’g’ari’li’p ati’rg’an wo’nim-lerdin’ xali’q jan basi’na tuwri’ keliw ko’rsetkishleri boyi’nsha, wol a’dettegi rawajlani’p ati’rg’an ma’mleketler da’rejesinde. Son’g’i’ ji’llari’ Qi’tay ekonomikasi’ a’dewir tez wo’sip ati’rg’anli’g’i’n ayri’qsha atap wo’tiw lazi’m.

JIO’ islep shi’g’ari’wda industrial tarawlardi’n’ u’lesi 41 % ti, awi’l xojali’g’i’ 12 % ti, xi’zmet ko’rsetiw tarawlari’ 47 % ti quraydi’. Si’rtqi’ ekonomikali’q aylani’si’ 2012-ji’li’ 2300 mlrd. AQSH dollari’n yamasa du’nya ju’zi boyi’nsha 7,9 % in quradi’. Sonnan, 1290 mlrd. dollarg’a ten’ bolg’an bo’legi (56,1 %) eksportqa tuwri’ keledi. Sanaati’ ha’zirgi tarawlardi’n’ derlik barli’q tu’rlerine iye. Ha’zirgi industriyasi’ni’n’ tiykari’n neft ha’m neft ximiyasi’, atom energetikasi’, samolyotsazli’q, avtomobilsazli’q elektrotexnika, metallurgiya usag’an yen’ aldi’ng’i’ sanaat tarawlari’ quraydi’.

**Sanaat** geografiyasi'nda da u'lken wo'zgerisler payda boldi'. Yeger Qi'tayda XX a'sirdin' 70—80-ji'llari'nda sanaat ka'rxanalari'ni'n' 2/3 bo'leginen ko'biregi ten'iz boyi' aymaqlari'nda jaylasqan bolsa, ha'zir industrial quri'li'slardi'n' tiykarg'i' bo'legi yeldin' kem wo'zlestirilgen ishki rayonlari'nda ali'p bari'lmaqta.

Ha'zirgi waqi'tta Qi'tayda 750 mi'n'nan aslam sanaat ka'rxanalari' bar, wolarda 70 mln. nan aslam jumi'sshi'-xi'zmetkerlerdin' jumi's penen ba'ntliginin' wo'zi de ma'mlekette sanaatti'n' rawajlani'w da'rejesi barg'an sayi'n wo'sip barati'rg'ani'n da'lilleydi.

Sanaatti'n' tayani'sh tarawi'—**jani'lg'i'-energetika** sanaati'. Ji'li'na 1,4 mlrd.t. dan aslam ko'mir qazi'p shi'g'ari'lmaqta. Woni'n' tiykarg'i' ka'nleri Arqa-shi'g'i's ha'm Shi'g'i's Qi'tayda jaylasqan.

Qi'tayda 2012-ji'li' 300 mln. t. neft (Arqa Shi'g'i's, Shi'g'i's Qi'tay ha'm Sari' ten'iz shelflerinen) qazi'p ali'nbaqta.

Qi'taydi'n' elektroenergetika sanaati' islep shi'g'aratug'i'n energiya quwati' ko'lemi boyi'nsha du'nyada AQSH ha'm Yaponiyadan keyingi u'shinshi wori'ndi' iyeleydi. Tarawda tu'rli jani'lg'i'lar tiykari'nda isleytug'i'n JES lar salmag'i' wog'ada joqari'. Woni'n' u'lesine islep shi'g'ari'li'p ati'rg'an barli'q elektr energiyasi'ni'n' 4/5 bo'legi tuwri' keledi. Al, JES larda jag'i'latug'i'n jani'lg'i'lardan 3/4 bo'legi ko'mirden ibarat.

Qi'tayda **metallurgiya kompleksinin'** derlik barli'q tarawlari'n rawajlandi'ri'w mu'mkinshiligi bar. Wondag'i' qara ha'm ren'li metall ka'nleri energiya dereklerine qarag'anda ju'da' qolay jaylasqan. **Qara metallurgiya** sanaati' tarawlar arasi'nda aldi'ng'i' wori'ndi' iyeleydi.

Metall wo'niminin' tiykarg'i' bo'legi bolsa, Anshan, Baotou, Bensi, Baoshan, Pekin, Uxan, Shanxay usag'an bir qatar toli'q ciklli metallurgiya kombinatlari' islep beredi. Uluwma, Qi'tay ha'zirgi waqi'tta 400 mln. t. dan arti'q polat islep shi'g'armaqta. Bul ko'rsetkish boyi'nsha wol du'nyada birinshi wori'ndi' iyeleydi.

**Ren'li metallurgiya**ni'n' tiykari'n alyuminiy, mi's, qorg'asi'n, cink usag'an sanaat tarawlari' quraydi'. Qi'tay ren'li metallurgiyasi'ni'n' wo'nimlerin islep shi'g'aratug'i'n tiykarg'i' ka'rxanalar Qi'taydi'n' Shi'g'i's ha'm Arqa-shi'g'i's rayonlari'nda jaylasqan.

**Mashinasazli'q** sanaati' Qi'tayda, a'sirese tez rawajlanbaqta. Qi'tayda televizorlar, turmi's xi'zmetin ko'rsetiw texnikasi'nan baslap avtomobiller, kompyuterler, tu'rli wo'lshew ha'm elektr texnika wo'nimlerine shekem islep shi'g'ari'lmaqta. Mashinasazli'q sanaati' woraylari'—Shanxay, Shenyan, Tyanczin, Pekin, Shanshun, Xarbin ha'm basqalar.

**Ximiya, neft-ximiya ha'm quri'li's materiallari' sanaati'** yeldi mineral to'ginler, turmi's-ruwzi'gershilik wo'nimleri, cement usag'an wo'nimler

## QI'TAY XALI'Q RESPUBLIKASI'NI'N' ADMINISTRATIVLIK-AYMAQLI'Q BO'LINIWI



menen ta'miyinlewde u'lken tabi'slarg'a iye. Ma'mlekette 300 mln. t. dan aslam neft qayta islenbekte.

**Jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati'** Qi'tayda ba'rha jetekshi sanaat tarawlari'nan boli'p kelgen. A'sirese, toqi'mashi'li'q sanaati' bul boyi'nsha u'lken ko'rsetkishlerge yerispekte. Atap aytqanda, jip-gezleme (bul taraw toqi'mashi'li'q wo'nimlerinin' 90 procentin jetkerip bermekte) islep shi'g'ari'wda Qi'tay du'nyada yen' iri ma'mleket yesaplanadi'.

**Awi'l xojali'g'i'.** Ha'zirge shekem awi'l xojali'g'i' yel ekonomikasi'ni'n' yen' a'hmiyetli tarawi' boli'p kelmekte. Wonda 400 mln nan aslam miynetke jaramli' xali'q jumi's penen ba'nt. Qi'tay awi'l xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' bo'legi diyqanshi'li'q yesaplanadi'. Wonda g'a'lleshilik tarawi'ni'n' salmag'i' wog'ada u'lken. Pu'tkil yegislik maydanlari'ni'n' 80% i tu'rli da'nli yeginler menen ba'nt. XXI a'sir basi'nda yel boyi'nsha 450 mln. t. dan aslam da'n wo'nimleri zu'ra'a'ti ali'ndi'.

Jer ju'zi boyi'nsha yesaplag'anda shoshqalardi'n' 40% i, tu'rli ku'shko'lik haywanlari'ni'n' (at, wo'giz, tu'ye ha'm basqalar) 20 % i, qoy ha'm yeshkiler-din' 16% i Qi'tayg'a tuwri' keledi.

**Transporti'.** Ha'zirgi waqi'tta 60 mi'n' km. ge sozi'lg'an yel *temir jollari'nda* ji'l dawami'nda tasi'li'p ati'rg'an ha'r qi'yli' xojali'q ju'kleri ha'm jolawshi'lari'ni'n' ten' yari'mi' mine usi' taraw u'lesine tuwri' kelmekte. Wol, a'sirese Qi'taydi'n' worayli'q rayonlari'nan tap yen' tu'pkirdegi bati's bo'legine shekem jayi'lg'an aymaqlari'n birlestiredi. Woni'n' temir jollari' O'zbekistan arqali' wo'tetug'i'n a'yyemgi Ulli' Jipek joli' yellerin bir-biri menen baylani'sti'ri'wda da u'lken a'hmiyetke iye.

**Avtomobil transporti'.** Qi'taydi'n' yekinshi transport tarawi' relef sharayati' ju'da' awi'r bolg'an biyik taw yamasa sho'l rayonlari'na shekem kirip barg'anli'g'i'nda ko'zge taslanadi'. Yeldin' ten'iz boyi'ndag'i' rayonlari'n baylani'sti'ri'wda ha'm si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slardi' ali'p bari'wda ten'iz transporti' tiykarg'i' wori'ndi' tutadi'. Usi'ni'n' menen birge, Qi'tayda ha'zirgi zaman transporti'ni'n' basqa (da'rya, qubi'r, hawa, elektron) ha'm da'stu'riy yemes (at-ko'lik, arba, velosiped usag'an) tarawlari'nan da ken' paydalani'ladi'.

**Ishki ayi'rmashi'li'qlari'.** Qi'taydi' Shi'g'i's, Worayli'q ha'm Bati's ekonomi'kali'q rayonlarg'a bo'liwge boladi'. Usi'lardan Shi'g'is ekonomikali'q rayoni' wo'zinin' ta'biyiy, socialli'q, demografiyali'q ha'm ekonomikali'q da'rejesine jarasa ha'r ta'repleme tez alg'a ilgerilemekte. Bul rayonda ma'mleket ko'lemindegi sanaat wo'niminin' 95 % i, awi'l xojali'g'i' wo'niminin' 91 % i, JIO' ni'n' 93,5 % i islep shi'g'ari'ladi'. Bunda, a'sirese, ten'iz boyi' aymaqlari', iri qalalar — Shanxay, Pekin, Tianczin ha'm yerkin ekonomikali'q zonalar ayri'qsha a'hmiyetli wori'n tutadi'.

### *A’meliy jumi’s*

1. Jazi’wsi’z kartag’a ekonomikali’q kartani’ tu’sirin’ ha’m woni’ tu’sindirip berin’.
2. Jazi’wsi’z kartada transport tu’rlerinin’ bag’darlari’ ha’m tu’yinlerin ekonomikali’q poyaslardi’ ko’rsetin’.

### *Soraw ha’m tapsi’rmalar*

1. Qi’tay sanaati’ haqqi’nda ayti’p berin’.
2. Elektroenergetika ha’m metallurgiya sanaati’ haqqi’nda nelerdi bilesiz? Ayti’p berin’.
3. Ximiya, jen’il, azi’q-awqat sanaati’ ha’m awi’l xojali’g’i’na si’patlama berin’.
4. Qi’tay transporti’na si’patlama berin’.
5. Iri qalalari’ qaysi’lar? Wolar haqqi’nda ayti’p berin’.

## 46-§. Koreya Respublikasi’: ta’biyiy-demografiyali’q da’rejesi, xojali’g’i’, transporti’, si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari’

### *Tayani’sh tu’sinikler*

**Koreya, Qubla Koreya, Arqa Koreya, Koreya modeli, eksportqa qolayli’ wo’nimler, bazar mentaliteti.**

Koreya Evraziya shi’g’i’si’nda, Koreya yari’m atawi’nda jaylasqan a’yyemgi ma’mleket. Koreyada a’yyemnen ma’deniyat rawajlang’an boli’p, ha’zirgi waqi’tta qon’si’ ma’mleketler menen birge islesiwdi jedellestirip ati’rg’an Shi’g’i’s Aziyani’n’ worayi’ boli’p yesaplanadi’.

Qurg’aqli’qlari’n Bati’sta Sari’ (Bati’s) ten’iz, Shi’g’i’sta Shi’g’i’s (Yapon) ten’izi suwlari’ juwi’p turadi’. Ma’mlekettin’ uluwma maydani’ 99,392 mi’n’ $km^2$.

Ma’mlekette tawli’ relefler ko’p (70%), klimati’ kontinental mussonli’, ji’li’na 900-1500 mm jawi’n jawadi’. Yanvar ayi’ni’n’ wortasha temperaturasi’ +4 $^{\circ}$C, iyulde +26 $^{\circ}$C. Da’ryalar ko’p suwli’, wolardan yen’ irileri Naqtang’an ha’m Xangan. Aymag’i’ni’n’ yen’ u’lken bo’legin aralas iyne japi’raqli’ ha’m u’lken japi’raqli’ tog’aylar iyelegen. Yen’ paydali’ qazi’lmalari’ volfram, temir, alti’n, gu’mis, marganec ha’m mi’s rudalari’. Su’riletug’i’n jerler ma’mleket aymag’i’ni’n’ 1/5 boleginen artig’i’n iyeleydi.

**Xalqi’ni’n’ sani’** 2013-ji’l iyul ayi’na 49,0 mln adamdi’ qurag’an. Xali’qti’n’ wortasha ti’g’i’zli’g’i’ 1 $km^2$ ge derlik 500 adam. Koreyani’n’ etnikali’q qurami’ bay yemes. Ma’mlekette az mug’darda qi’tayli’lar bar. Tuwi’li’w koefficenti 9,46, wo’liwshilik koefficenti 9,5 ha’m ta’biyiy wo’siw koefficenti 0,1 promillege ten’. Qubla Koreyada urbanizaciya da’rejesi 83% ten zi’yat. Iri qalalar qatari’na Seul (10,0 mln adam),

Pusan (1,5 mln), Tegu (2,4 mln), Inshxan (1,9 mln), Kvanshju (1,2 mln), Tedjan (1,1mln), Ulsan ha'm Suvan kiredi.

Koreya Respublikasi' son'g'i' 30 ji'l ishinde ekonomi'kali'q rawajlani'wda u'lken tabi'slarg'a yeristi. Bunday ha'diyse «koreya ka'ramati'» dep atalmaqta. Haqi'yqattan da 1980—2012-jj. ma'mleket JMO' i 62,8 mlrd. AQSH dollari'nan 1536 mlrd. AQSH dollari'na jetti, yag'ni'y derlik 25 ma'rte wo'sti. Wortasha xali'q sani'na yesaplag'anda bul ko'rsetkish 1600 dollardan 30,7 dollarg'a jetti, yaki 19 ma'rte ko'beydi. Ekonomikali'q wo'siw ha'm rawajlani'wi'ni'n' bunday pa'tin Jer ju'zindegi hesh bir ma'mleket ko'rmegen.

**Ekonomikasi'ni'n'** yen' a'hmiyetli tarawi' sanaatqa (JMO' nin' 34,9 % i), xi'zmet ko'rsetiw tarawina (60,1 % i), awi'l xojali'g'i'na (3 %i) tuwri' keledi. Metallurgiya, mashinasazli'q (avtomobilsazli'q, kemesazli'q, elektrotexnika ha'm elektronika mashinasazli'g'i', awi'r mashinasazli'q), ximiya ha'm neft-ximiya sanaati', jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' u'lken a'hmiyetke iye. Qubla Koreya «Samsung-Elektroniks», «Hunday», «Posko» ha'm usi'nday industrial gigantlari'ni'n' barli'g'i' menen ayi'ri'li'p turadi'. Usi' ka'rxanalar wo'nimlerinin' u'lken bo'legin eksportqa jiberedi.

**Diyqanshi'li'qta** sali'gershilik, pali'zshi'li'q (g'arbi'z, qabaq, ha'r qi'yli' ko'k sho'pler), miywe yeginleri (almurt, alma, shabdal jetistiriw) ha'm ju'zimgershilik u'lken wori'n iyeleydi. Sharwashi'li'qta su't-go'sh sharwashi'li'g'i', qaramalshi'li'q ha'm shoshqashi'li'q rawajlang'an.

**Transport** ju'da' jaqsi' rawajlang'an. Seul ha'm Inshxan qalalari' xali'q-arali'q transport logistik woraylari' rolin atqarmaqta. Inshxan du'nyadag'i' yen' u'lken aeroport boli'p, 44 ma'mlekettegi 141 qala menen tuwri'dan-tuwri' aviyaliniyalarg'a iye. Temirjol Seul qalasi'n tez ju'rer poezdlar (350 km/saat) arqali' ma'mlekettin' basqa qalalari' menen baylani'sti'radi'.

Qubla Koreya si'rtqi' sawdasi'ni'n' ko'lemi 1980-ji'li' 17,5 mlrd. AQSH dollari'nan, 2012-ji'lg'a kelip 950 mlrd AQSH dollari'na ko'terildi. Usi' ko'rsetkish boyi'nsha Qubla Koreya ja'ha'n ma'mleketleri ishinde 11-wori'ndi', eksport boyi'nsha (473 mlrd. doll.) 12-wori'ndi' iyeleydi.

Koreya Respublikasi' O'zbekistan menen keleshegi u'lken ekonomikali'q baylani'slarg'a iye. Usi' ma'mleketler wortasi'nda 2011-ji'li' a'melge asi'ri'lg'an sawda aylani'si' O'zbekistanni'n' uluwma si'rtqi' sawda aylani'si'ni'n' 10,6% in quradi'. Bul ko'rsetkish boyi'nsha Koreya Respublikasi' ja'mi ma'mleketler ishinde Rossiya ha'm Qazaqstannan keyin 3-wori'ndi' iyeleydi. Bul ko'rsetkish boyi'nsha Koreya Respublikasi' O'zbekistang'a avtomobil dvigatelleri, avto-mobiller ushi'n rezina-texnika buyi'mlari', tu'rli u'skeneler, toqi'mashi'li'q sanaati' ushi'n a'sbap-u'skeneler, uyali' baylani'sqa kerekli telekommunikaciya u'skenelerin eksport

qi'ladi'. Wol O'zbekistannan paxta talshi'g'i', ren'li metallar (mi's, cink) bayi'ti'lg'an uran ha'm basqa wo'nimlerdi import yetedi.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' tu'sindirip berin'.
2. Koreya Respublikasi'ni'n' iri qalalari'ni'n' geografiyali'q wori'nlari'n talqi'lan'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Koreya Respublikasi' sanaati' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Ekonomikali'q wo'siw faktorlari'n ani'qlap, wolardi' bahalan'.

## 47-§. Yaponiya: ekonomikali'q-geografiyali'q talqi'law. Ta'biyiy sharayati' ha'm resurslari'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Yaponiya, Nippon, Xonsyu, Xondo, Tokaydo, Kanto, musson klimat, jer silkiniw, arxipelag.**

Yaponiyani'n' uluwma maydani' 376 mi'n' km$^2$. Aymag'i'ni'n' a'hmiyetli wo'zgesheliklerinin' biri woni'n' u'lken ha'm kishi bir-birine jaqi'n atawlarda jaylasqanli'g'i'. Wolardan 4 nin' maydani' a'dewir u'lkenirek. Bularg'a Xansyu, Xokkaydo, Kyusyu ha'm Sikoku atawlari' kiredi. Wol unitar ma'mleket boli'p, 47 prefekturag'a bo'linedi.

Yaponiya, tiykari'nan, tawli' ma'mleket. Aymag'i'ni'n' 75 procentin tawlar iyeleydi. Yen' biyik tawi' Fudziyama (3776 m) yapon xalqi'ni'n' g'alaba tabi'natug'i'n-si'yi'natug'i'n muqa'ddes worni' yesaplanadi'. Tegislikleri tiykari'nan Ti'ni'sh okean jag'alari' boylap jaylasqan. A'sirese, Tokio qolti'g'i' boyi'ndag'i' Kanto tegisligi ha'mmege belgili.

Yaponiya jer asti' bayli'qlari' menen wo'zin-wo'zi ta'miyinley almaydi'. Soni'n' menen birge, bay ten'iz, geotermal, gidroenergiya, agroklimat resurslari'na iye.

Klimati' musson xarakterinde. Qi's aylari' ju'da' qurg'aq ha'm suwi'q, biraq, Arqadan Qublag'a qarap i'si'p baradi'. Al jaz bolsa a'dewir i'g'alli' ha'm i'ssi' boladi'. Jawi'n mug'dari' wortasha 1700 — 4000 mm., tez-tez jer silkiniwler boli'p turadi'. Geyde wol ju'da' ku'shli apatshi'li'qqa ali'p keledi.

**Yaponiyani'n' xalqi'** 127,0 mln. adam. Xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha du'nya ma'mleketleri arasi'nda woni'nshi' wori'nda turadi'. Xali'q sani' keyingi ji'llari' qi'sqari'p barmaqta. Yaponiya tipik Shi'g'i's ma'mleketlerinen boli'wi'na qaramastan, Aziyada birinshi boli'p demografiyali'q ko'rsetkishleri boyi'nsha II-tipten I-tipke wo'te aldi'. Wonda ha'r 1000 adam yesabi'na tuwi'li'w 8 adamg'a, wo'liwshilikte 8 adamg'a tuwri'

keledi. Wonda balalar wo'liwshiligi ko'rsetkishleri ja'ha'nde yen' to'men. Usi'ni'n' menen birge, xalqi' wortasha 83 jastan ko'birek wo'mir su'redi. Yaponiya bir milletli ma'mleket. Xalqi'ni'n' 99 %i yapon milletine jatadi'. Yaponiyada xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' 1km$^2$ maydang'a 337 adam tuwri' keledi. Yeger ma'mleket xalqi'ni'n' tiykarg'i' bo'legi uluwma maydani'ni'n' 10 % inde jasawi'n yesapqa alsaq, is ju'zinde xali'q jasaytug'i'n aymaqlarda bul ko'rsetkish 1000 adamdi' quraydi'. Yaponiya joqari' da'rejede urbanizaciyalasqan ma'mleketler qatari'na kiredi. Wonda uluwma xalqi'ni'n' 67,0 % i qalalarda jasaydi'. Ma'mlekette iri qalalardi'n' sani' 200 den asadi'. Yen' iri qalasi' yeldin' paytaxti' Tokio boli'p, wonda 34,4 mln. nan ko'birek xali'q jasaydi'. Xalqi' 1 mln. nan aslam bolg'an ja'ne 6 qalasi' bar. Ma'mlekette iri qala aglomeraciyalari' qa'liplespekte. Tokio—Nagoya—Asaka bag'dari' boylap 600 km. den aslam arali'qqa sozi'lg'an aymag'i'nda du'nya-dag'i' yen' iri megapolislerdin' biri Xokaydo quri'lg'an, bunda 55 mln adam bar.

Paydalani'latug'i'n jer wog'ada qi'mbat, resursi' az bolg'anli'g'i' sebepli, Yaponiyada ha'zirgi waqi'tta jaylardi' biyik «aspang'a jetkerip» quri'w menen birge, wolardi'n' bir qatar qabatlari'n jer asti'nda jaylasti'ri'wg'a da yerisilmekte. Ayri'qsha texnopolis — ilimiy-injenerlik kompleksleri, tiykari'nan, ten'izdin' sayi'z qolti'qlari'n' tu'rli taslandi' ha'm shi'g'i'ndi' zatlar menen tolti'ri'w yesabi'nan payda bolg'an aymaqlarda quri'lmaqta.

### *A'meliy jumi's*

Jazi'wsi'z kartag'a Yaponiya shegaralari'n tu'sirip, wog'an qarasli' atawlar ha'm arxipelaglar atlari'n jazi'p qoyi'n'. Xalqi' ha'm qalalari'ni'n' jaylasi'wi'na ta'n ayi'rmashi'li'qlari'n ani'qlan'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Yaponiyani'n' aymag'i', ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy resurslari'na si'patlama berin'.
2. Ne ushi'n Yaponiya bir milletli ma'mleket yesaplanadi'?

## 48-§. Xojali'g'i', transporti' ha'm si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari', ishki ayi'rmashi'li'qlari'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**«Ekonomikali'q ka'ramat», elektroenergetika, AESlar, neft ha'm neft-ximiyasi', avtomobilsazli'q, kompyuter texnikasi', zamanago'y texnologiyalar.**

XX a'sirdin' 60-ji'llari'nan baslap Yaponiyani'n' «ekonomikali'q ka'ramat»i' jer ju'zin hayran qaldi'ra basladi'. Buni'n' sebebi Yekinshi

jer ju'zilik uri'sta jen'ilip, atom bombasi'ni'n' qorqi'ni'shi'n basi'nan keshirgen ma'mlekettin' tezlik penen boyi'n tiklegeni ha'm misli ko'rilmegen da'rejede tezlik penen rawajlani'wg'a yeriskeni yedi.

Yaponiya «ekonomikali'q ka'ramati'»ni'n' tiykarg'i' deregi, qa'nigelerdin' shi'g'arg'an juwmag'i' boyi'nsha, yapon milletinin' joqari' da'rejedegi miynet su'ygishlik ha'm miynet ta'rtipliligi, sho'lkemleskenlik ha'm sabi'rli'li'q, iske juwapkershilik sezimi ha'm u'nemlilik usag'an socialli'q qa'siyetleri menen baylani'sli'.

Yaponiya ekonomikasi' joqari' da'rejede rawajlang'an ma'mleket, JIO' ni'n' uluwma ko'lemi (4628 mlrd. AQSH dollari') boyi'nsha du'nyada AQSH, Qi'tay ha'm Hindstannan keyin to'rtinshi wori'ndi' iyeleydi. Wonda ekonomikani'n' barli'q tarawlari' jaqsi' rawajlang'an.

**Jani'lg'i'-energetika** sanaati'nda gidro, geotermal, quyash, ten'iz elektr stanciyalari' wo'z u'lesin qossa da, tiykarg'i' jumi'sti' import jani'lg'i'lari' menen isleytug'i'n JES ha'm AES lar atqaradi'. Ma'mleket ha'r ji'li' 200 mln.t. g'a jaqi'n neftti import yetedi. Sonli'qtan, Yaponiya elektroenergetikasi'nda barg'an sayi'n AES lar u'lesi arti'p barmaqta. Ha'zirgi waqi'tta yelde 30 dan aslam elektr stanciyalari' quri'lg'an. 2012-ji'l 950 mlrd. kVt/saat elektr energiya islep shi'g'ari'ldi'.

**Metallurgiya sanaati'.** Yaponiya polat islep shi'g'ari'w ko'lemi boyi'nsha ja'ha'nde (bir ji'lda 90 mln. tonnadan arti'q) jetekshi wori'nlardi'n' birin iyeleydi. Rawajlang'an organikali'q sintez ximiyasi' ka'rxanalari' usag'an metallurgiya woraylari' da tiykari'nan, ten'iz boyi' aymaqlari' boylap marjanday dizilgen halda jaylasqan.

**Avtomobilsazli'qta** Yaponiya u'lken tabi'sqa yerisken. Wol ji'li'na 12—13 mln. nan aslam avtomobil (soni'n' 8 mln.nan aslami' jen'il avtomobiller) islep shi'g'aradi' ha'm du'nya ju'zinde u'shinshi wori'nda turadi' (biraq keyingi ji'llarda woni'n' sani' qi'sqari'p barmaqta).

Ha'zirgi da'wirdegi Yaponiya ekonomikasi'ni'n' maqtani'shi' ha'm simvoli' **elektronika sanaati'** yekenligin pu'tkil du'nya biledi. A'sirese, radioelektronika sanaati'—ren'li televizorlar, videomagnitofonlar, radiotexnika qurallari'n islep shi'g'ari'wda u'stinlikke iye.

**Awi'l xojali'g'i'** wo'zinin' joqari' rentabelligi ha'm miynet wo'nimdarli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Islew beriletug'i'n jerler uluwma maydani'ni'n' 11 procentin qurag'ani' ushi'n Yaponiyada a'yyemnen yegislik maydanlardan u'nemlilik penen paydalani'wg'a u'yrengen. Yaponiya diyqanshi'li'q yeli. Woni'n' jetekshi tarawi'—g'a'lleshilik xojali'g'i'nda sali'gershiliktin' worni' ayri'qsha. Sali' pu'tkil yegislik maydanlari'ni'n' yari'mi'na jaqi'ni'na yegiledi ha'm ji'li'na 10—12 mln.t. sali' tayarlanadi'. Sonday-aq, biyday, soya, tu'rli ovosh ha'm bag'shi'li'q tarawlari' da a'dewir a'hmiyetli.

Yaponlar go'sh ha'm su't wo'nimlerin paydalani'wda evropali'lardan qali'spaydi'. Bul jag'day ma'mlekette sharwashi'li'qti'n' rawajlani'wi'na u'lken itibar beriwdi talap yetedi. Ha'zir wonda sharwashi'li'qti'n' qara mal wo'siriw, shoshqa wo'siriw, broyler tawi'qlari'n wo'siriw, ha'wizde bali'q wo'rshitiw, pilleshilik usag'an tarawlari' jaqsi' rawajlang'an. Xojali'qti'n' bul tarawlari' Yaponiya ekonomikasi'ni'n' aktiv bag'darlari'nan yesaplanadi'.

Yaponiyani'n' si'rtqi' ha'm ishki baylani'slari'nda **ten'iz transporti'** u'lken a'hmiyetke iye. Wol rawajlang'an ma'mleketler arasi'nda ten'iz transporti'nda ju'k tasi'w ko'lemi boyi'nsha yen' u'lkeni yesaplanadi'. Bul yelde 100 den aslam portlar bar. Wolar arasi'nda Kobe, Nagoya, Yokogama jer ju'zinde u'lkenliligi jag'i'nan aji'rali'p turadi'. Xali'qarali'q ha'm ishki baylani'slardi' sho'lkemlestiriwde **hawa transporti'ni'n'** a'hmiyeti ayi'ri'qsha.

**Si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slar** Yaponiya ekonomikasi'nda ju'da' a'hmiyetke iye. Buni'n' sebebi yel ekonomikasi'nda ko'p tarawlardi'n' import shiyki zatlarg'a qarap qalg'anli'g'i'nda. Yaponiya, tiykari'nan, sanaat shiyki zatlari'n import yetedi ha'm tuti'ni'wg'a tayar wo'nimlerdi eksportqa shi'g'aradi'.

Yaponiya jer ju'zinin' ju'da' ko'p yelleri menen si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slardi' ali'p baradi'. Wolar arasi'nda eksport boyi'nsha AQSH (20,4 %), Qi'tay (20,5 %), Qubla Koreya (7,6 %), import boyi'nsha Qi'tay (20,5 %), AQSH (11,6 %), Saudiya Arabstani' (5,7%) aji'rali'p turadi'.

Yaponiyani'n' O'zbekistan Respublikasi' menen si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari' da rawajlanbaqta. Wol O'zbekistan ekonomikasi'na barg'an sayi'n ko'p investiciya kirgizbekte. Buxara neftti qayta islew zavodi' ha'm Shortan gaz-ximiya kompleksin investiciyalawda Yaponiya jedel qatnaspaqta. Yaponiya-dan texnologiya qurallari', tayar tuti'ni'w wo'nimleri, baylani's kommunikaciya qurallari' O'zbekistang'a ali'p kelinip ati'rg'an bolsa, O'zbekistannan Yapo-niyag'a barg'an sayi'n ko'p paxta ha'm jipek mami'g'i', taw-ka'n, metallurgiya sanaati' wo'nimleri, tu'rli tuti'ni'w wo'nimleri eksport yetilmekte.

**Yaponiyani'n' ishki ayi'rmashi'li'qlari'.** Yaponiyada da ekonomikali'q jaqtan jaqsi' rawajlang'an aymaqlar menen bir qatarda, yele jeterli da'rejede wo'zlestirilmegen rayonlar da bar.

**Ti'ni'sh okeani' sanaat poyasi' ekonomikali'q jaqtan yen' rawajlang'an rayon** boli'p yesaplanadi'. Bul poyas Tokio qolti'g'i'nan Asaka qolti'g'i'na shekem sozi'ladi'. Tiykari'nda Tokaydo megalopolisin qurag'an bul aymaqti'n' relefi sali'sti'rmali' tu'rde tegis. Bul tegislik Ti'ni'sh okeani' boylap wortasha 15—65 km. li tar bag'darda 600 km. den aslam arali'qqa sozi'lg'an.

Yeldin' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha yekinshi rayoni' **Xonsyu atawi'ni'n' qubla ha'm Kyusyu atawi'ni'n' arqa bo'lekleri.** Rayonda tek g'ana Kitakyusyu (Arqa Kyusyu) sanaat aglomeraciyasi' joqari' da'rejede rawajlang'an metallurgiya ha'm awi'r mashinasazli'q sanaatlari' menen aji'rali'p turadi'.

Yaponiyani'n' u'shinshi rayoni' **Kyusyudi'n' qubla bo'legi ha'm pu'tkil Sikoku menen Xokkaydo atawlari'** boli'p yesaplanadi'. Rayonda sanaatti'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha Sapporo sanaat aglomeratsiyasi' aji'rali'p turadi'.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a Yaponiyani'n' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' talqi'lap berin'.
2. Si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slarg'a ta'n wo'zgeshelikleri nelerden ibarat yekenligin ani'qlap, ayti'p berin'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Jani'lg'i'-energetika sanaati' qalay rawajlang'an?
2. Avtomobilsazli'q ha'm awi'l xojali'g'i'na si'patlama berin'.
3. Transporti' ha'm ishki aymaqli'q ayi'rmashi'li'qlari' haqqi'nda ayti'p berin'.

## 49-§. Hindstan: ekonomikali'q-geografiyali'q si'patlamasi'. Aymag'i', geografiyali'q worni', resurslari'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Hindstan yari'm atawi', Federativ Respublika, shtatlar, awqamlas aymaqlar, din, millet, xali'q.**

Hindstan Respublikasi'ni'n' uluwma maydani' 3287 mln. km$^2$. Aymag'i', tiykari'nan u'lken u'shmu'yeshlik formasi'nda bolg'an Hindstan yari'm atawi'nda jaylasqan. Wol arqadan qublag'a 3,2 mi'n' km, Bati'stan Shi'g'i'sqa 2,9 mi'n' km. arali'qqa sozi'lg'an. Hindstang'a Lakkadiv, Amindiv, Andaman ha'm Nikobar atawlar topari' da qarasli'.

Siyasiy-aymaqli'q du'zilisi boyi'nsha Hindstan Federativlik Respublika. Woni'n' qurami'nda 28 shtat ha'm worayg'a boysi'natug'i'n 6 awqamlas aymaqlar menen paytaxt aymaqlari' bar. Ma'mlekettin' paytaxti' Deli qalasi'.

Hindstan Respublikasi' Qubla Aziya subregioni'ndag'i' yen' iri ma'mleket, wol u'lken arali'qta ten'izler menen tutasqan. Wonda Bati's ha'm Shi'g'i's ma'mleketleri wortasi'nda ten'iz arqali' jiyi qatnaytug'i'n sawda jollari' jaylasqan. Hindstanni'n' ta'biyiy sharayati' ha'r qi'yli'

ha'm a'dewir bay. Ma'mleketti arqa ta'repten biyik Gimalay tawlari' menen qorshap turi'li'wi', woni'n' klimati'ni'n' ju'da' qolay boli'wi'nda, wog'ada bay agroklimat resurslari' menen ta'miyinleniwinde basli' rol woynaydi'. Woni'n' jer asti' qazi'lma bayli'qlari' da ha'r qi'yli'. Temir ha'm marganec rudalari', xrom, titan qorlari' du'nya ju'zlik a'hmiyetke iye. Sonday-aq, ko'mir, alti'n ha'm basqa bir qatar ren'li metall qorlari'na bay. Aymag'i'nan ha'm ten'iz sayi'zli'qlari'nan neft te tabi'lg'an.

Hindstan **xalqi'ni'n'** sani' tez wo'sip ati'rg'an yellerden yesaplanadi'. Son'g'i' 113 ji'l ishinde (1900—2013) woni'n' xalqi' 239 mln. nan 1221 mln. adamg'a shekem ko'beydi. Yeger xalqi'ni'n' ha'zirgi wo'siw pa'ti saqlani'p qalsa, ma'mleket xalqi'ni'n' sani', BMSH yesabi' boyi'nsha, 2025-ji'li' 1,4 mlrd. adamg'a jetedi.

Hindstan jer ju'zindegi yen' ko'p milletli ma'mleket. Xalqi'ni'n' milliy-etnikali'q qurami' ju'da' quramali'. Wonda jasap ati'rg'an millet, yelat ha'm qa'wimler tu'rli til toparlari'na, dinlerge kiredi. Wolardi'n' u'rp-a'detleri de tu'rlishe, al, socialli'q rawajlani'w da'rejesi bolsa ha'r qi'yli' basqi'shlarda.

Yeldegi tiykarg'i' milletlerdi hindler, bengallar, bixarlar, panjabli'lar, kashmir-liler ha'm basqalar quraydi'. Biraq, Hindstanda hesh bir millet ko'pshilikti quramaydi'.

Xalqi'ni'n' diniy qurami' da a'dewir quramali'. Xalqi'ni'n' 80% i induizm dinine si'yi'nadi'. Yekinshi wori'ndi' islam dinine si'yi'natug'i'nlar iyeleydi. Wolar ma'mleket xalqi'ni'n' 100 mln. nan ko'birek bo'legin (11 procent) quraydi'. Jammu ha'm Kashmir shtatlari' xalqi'ni'n' 2/3 bo'legi islam dinine si'yi'nadi'. Sonday-aq, Hindstanda 18 mln. xristianlar, 15 mln. sikxlar, 5 mln. buddizm ha'm basqa din wa'killeri de jasaydi'.

Hindstanni'n' social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi'si'nda Worta Aziya xali'qlari'ni'n' ayri'qsha worni' bar. Temuriylar a'wladi'ni'n' belgili wa'killerinen biri Zaxriddin Muxammed Babur ha'm woni'n' a'wladlari' bul yel tariyxi'nda wo'shpes iz qaldi'rg'an.

Demek, Babur tiykar salg'an Baburiylar ma'mleketinin' Hindstan tariy-xi'ndag'i' u'lken xi'zmetleri—tariyxta bir marte de birlese almag'an Hindstan, Pakistan ha'm Bangladesh aymaqlari'n woraylasqan bir u'lken ha'kimiyat a'tirapi'nda birlestirgeni ha'm wonda bir bag'darli' social-ekonomikali'q rawajlani'w joli'na tiykar salg'ani' yedi. Haqi'yqati'nda da, Baburiylar Hindstanda u'sh a'sirden aslam (1526—1858-jj.) waqi't dawami'nda hu'kimdarli'q yetti. Bul ji'llarda tili, dini, ma'pleri ha'r qi'yli', ko'binese bir-birine dushpan bolg'an (belgili hind xalqi' do'retpelerinen bolg'an «Maxabxarat» ha'm «Ramayana»dag'i' waqi'yalardi' yesin'izge tu'sirin') wonlag'an bo'lsheklenip ketken ma'mleketler menen yelatlar bar yedi.

Hindstan xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'q ko'rsetkishleri ju'da' joqari' — 1 km$^2$ maydang'a 370 adamnan tuwri' keledi. Biraq, xalqi' aymaqlar boylap bir tegis jaylaspag'an. Yeger tegislikler, taw arasi'ndag'i' woypatli'qlarda xali'q yen' ti'g'i'z jaylasqan bolsa (mi'sali', Hind-Gang deltasi'nda 1 km$^2$ ge 700—800 adamnan tuwri' keledi), biyik Gimalay tawi' janbawi'rlari', arqa-bati's ha'm worayli'q qurg'aqli'q aymaqlari'nda xali'q a'dewir siyrek jasaydi'.

Ma'mleket xalqi'ni'n' urbanizaciya da'rejesi aytarli'qtay joqari' yemes. Ha'zir ma'mleket xalqi'ni'n' 30,3 procenti qalalarda jasaydi'. Hindstanda 4 mi'n'nan aslam qalalar bar. Wolardi'n' 300 den aslami' iri qalalar. Millioner qalalari'ni'n' uluwma sani' 25 ten ko'p. Bular arasi'nda Mumbay (Bombey) 18,0, Deli ha'm Kalkutta qalalari'ni'n' xalqi' 19,5 ha'm 15,0 mln. g'a tuwri' keledi ha'm wolar du'nyani'n' yen' u'lken qalalari'nan yesaplanadi'.

***A'meliy jumi's***

1. Hindstanni'n' ta'biyiy kartasi'n u'yrenip, woni'n' geografiyali'q worni'n bahalap berin'.
2. Jazi'wsi'z kartada yen' u'lken qalalardi' belgilen' ha'm wolar haqqi'nda ayti'p berin'.

***?! Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Hindstanni'n' aymag'i', geografiyali'q worni' ha'm ta'biyiy sharayati' haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Hindstan xalqi'na si'patlama berin'.
3. Hindstanda millioner qalalar bar ma? Wolar qaysi'lar?

## 50-§. Xojali'g'i', transporti' ha'm ishki ayi'rmashi'li'qlari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Ayi'rmashi'li'qlar ma'mleketi, bayli'q ha'm jarli'li'q, zamanago'y ha'm natural wo'ndiris, «Hindstan Ruri», si'rtqi' bazar, paydalani'w.**

Bu'gingi Hindstan rawajlani'p ati'rg'an yellerdin' yen' irisi yesaplanadi'. Wol ja'ha'nde jalpi' ishki wo'nim ko'lemi boyi'nsha AQSH, Qi'taydan keyin 3-wori'nda turadi'. Woni'n' ko'lemi 2012-ji'li' 4,8 mlrd. AQSH dollari'n quradi'.

Hindstan xojali'g'i'ni'n' a'hmiyetli wo'zgeshelikleri wo'ndiris tarawlari' boylap ta'rtipsiz jaylasqanli'g'i'. Uluwma, woni' ayi'rmashi'li'qlar' ma'mleketi dep te atawg'a boladi'. Wonda bayli'q penen jarli'li'q, yen' zamanago'y wo'ndiris ka'rxanalari' menen derlik natural wo'ndiriske tiykarlang'an a'piwayi' xojali'qlar qatar turadi' ha'm bir-biri menen

baylani'si'p ketken. Hindstanda JIO' ni'n' 29,4 % i sanaatqa, 17,6 % i awi'l xojali'g'i'na, 52,9% i xi'zmet ko'rsetiw tarawi'na tuwri' keledi.

Hindstanda ja'mi jumi's penen ba'nt xali'qti'n' 1/4 bo'legi g'ana sanaatta isleydi. Bul woni'n' industrialasi'w da'rejesinin' talap da'rejesinde yekenligin ko'rsetedi. Hindstan da'stu'riy jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' yelinen barg'an sayi'n zamanag'oy awi'r sanaat tarawlari' yeline aylani'p barmaqta. Ma'mleket ekonomikasi'ni'n' tiykari'n **metallurgiya, mashinasazli'q ha'm ximiya sanaati'** iyelemekte. Sanaat tarawlari'ni'n' rawajlani'w ha'm aymaqli'q bo'listiriliwinde iri ten'iz portlari'nan Mumbay (Bombey), Kalkutta, Chennay menen ma'mlekettin' siyasiy worayi' bolg'an Deli qalasi'ni'n' u'lken a'hmiyeti bar.

Hindstanda Rixand-Singrauli jani'lg'i'-energetika kompleksi, Bxilai, Bokaro, Visakxapatnam qara metallurgiya kombinatlari', Shittaranjan, Ranshi, Xardvar awi'r mashinasazli'q zavodlari', Barauni ha'm Sindr neftti qayta islew zavodlari' jaylasqan. Bunday iri ka'rxanalar, a'sirese, «Hindstan Ruri» dep atalatug'i'n Damodar woypatli'g'i' boylap ken' taralg'an.

**Jen'il sanaati'nda** jip-gezleme ha'm toqi'mashi'li'q tarawlari', tayar kiyimler, xali'q wo'nermentshiligi tiykari'nda basqa tu'rli tuti'ni'w wo'nimlerin islep shi'g'ari'wdi'n' worni' ju'da' joqari'. Wolar, tiykari'nan, si'rtqi' bazar ushi'n wo'nim beredi. Azi'q-awqat sanaati'nda da shay, qant, qumsheker (bul wo'nimlerdi jetistiriwde wol ja'ha'nde birinshi wori'nda turadi'), konditer-wo'simlik, wo'simlik mayi' usag'anlardi'n' ko'pshilik bo'legi si'rtqi' bazar ushi'n islep shi'g'ari'ladi'.

**Awi'l xojali'g'i'** tariyxi'y da'wirler dawami'nda Hindstanni'n' tiykarg'i' wo'ndiris tarawi' boli'p qalmaqta. Bul tarawda miynet penen ba'nt bolg'an xali'qti'n' 40 % jaqi'ni' isleydi. Ha'zirgi waqi'tta Hindstan ja'ha'nde chay, jer g'ozasi', ayi'ri'm sobi'qli' da'n wo'nimleri, buri'sh, tu'rli da'rilik yeginler jetistiriwde birinshi, sali', qantqami'si', qi'zi'l kendir jetistiriw boyi'nsha yekinshi, temeki jetistiriw boyi'nsha u'shinshi, biyday, paxta jetistiriw boyi'nsha to'rtin-shi wori'nda turadi'.

Hindstanni'n' ta'biyiy sharayati' awi'l xojali'g'i'n rawajlandi'ri'w ushi'n a'dewir qolayli'. Sonli'qtan, aymaqti'n' yari'mi'nan ko'biregi yegislik maydanlarg'a aylandi'ri'lg'an. Yegislik maydanlari'ni'n' u'lkenligi boyi'nsha wol ja'ha'nde tek AQSH tan keyin turadi'. Ma'mleket yegislik maydanlari'ni'n' 2/5 bo'legi suwg'ari'wdi' talap yetedi. Suwg'ari'latug'i'n maydanlari'ni'n' ko'lemi boyi'nsha Hindstan tek g'ana Qi'taydan keyin turadi'.

Yegislik maydanlari'ni'n' 85 % azi'q-awqat yeginleri yegiledi. Sonli'qtan, Hindstan uluwma da'n wo'nimlerin jetistiriwde u'shinshi wori'ndi' iyeleydi. Bunda, a'sirese, sali' jetistiriwdin' a'hmiyeti u'lken. Sebebi, gu'rishli awqatlar hindlerdin' ku'ndelikli awqati'ni'n' 85 % jaqi'ni'n quraydi'. Sali' Hindstanni'n' barli'q shtatlari'nda yegiledi.

# HINDSTAN


AWI'L XOJALI'G'I'
1 Da'nli yeginler (sali', tari')
2 Tari' (jovar, bajra), mayli' yeginler ha'm g'ozashi'li'q
3 G'oza, tari' ha'm sobi'q-li' yeginler
4 Qantqami'si', biyday, may-li' yeginler (gorchica, raps) ha'm sali'
5 Biyday, tari', sobi'qli' yeginler ha'm g'oza
6 Sharwashi'li'q (qoyshi'-li'q, tu'yeshilik, iri shaqli' qaramal), tari' ha'm mayli' yeginler
7 Kem paydalani'latug'i'n ha'm paydalani'lmay-tug'i'n jerler
Suwg'ari'latug'i'n jerler
Tog'aylar
AWG'ANSTAN
PAKISTAN
ISLAMABAD
Srinagar
Jammu
Batala
Nangal
Amritsar
Ludxiana
Dexra-Dun
Saxaranpur
DELI
Meratx
Matxura
Bikaner
Jaypur
Jodxpur
Ajmer
Agra
Kanpur
Laknau
Gonda
Gorakxpur
Varanasi (Banoras)
Ollohobod
Kota
Udaypur
Satna
Q I' T A Y
NEPAL
KATMANDU
BUTAN
TXIMPXU
Dibrugarx
Gauxati
Baraun
Bxagalpur
Mokama
Gaya
Durgapur
DAKKA
BANGLADESH
Xaora
Ranchi
Jamshedpur
Kolkata (Kalkutta)
Kandla
Ahmadobod
Bxavnagar
Vadodara (Baroda)
Bxopal
Jabalpur
Bxilai
Raypur
Porbandar
Surat
Jalgaon
Nagpur
Kattak
Bxubaneshvar
Nasik
Ahmadnagar
Nander
Mumbay (Bombey)
Puna
Solapur
Haydarobod
Vishakxapatnam
Gulbarga
Sangli
Rajamandri
Kolxapur
Bijapur
Vijayavada
Belgaum
Guntur
Xubli-Dxarvar
Marmagao
Davangere
Nelluru
Mangalor
Bangalor
Chennay (Madras)
Maysur
Pondicherri (Puduchcheri)
Kojikode (Kalikut)
Tanjavur
Koimbatur
Nagappattinam
Maduray
Kochin
Tutikorin
Tirunelveli
Nagerkoil
Shri-Lanka a.
SHRI-LANKA
ARABIYA TENIZI
Bengaliya qoltig'i'
Andaman a-lari' (Hind.)
Nikobar a-lari' (Hind.)
MYANMA
H I N D O K E A N I'
70°
80°
90°
30°
20°
10°

Hindstanda sharwashi'li'q jeterli da'rejede rawajlanbag'an. Sonda da wol du'nyada qara mallar sani' boyi'nsha birinshi wori'nda (wolardi'n' sani' 200 mln. bastan aslam) bolsa da, kem wo'nimdarli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Bunda induizm dini u'lken rol woynaydi'.

**Transporti'.** Temir jollardi'n' uzi'nli'g'i' boyi'nsha Hindstan du'nya ju'zindegi iri bes ma'mleketler qatari'nan wori'n aladi'. Biraq, transport tarawlari'ni'n' texnikali'q-ekonomikali'q imkaniyatlari' ha'zirgi da'wir talaplari'nan a'dewir keyinde. Atap aytqanda, temir jollari'ni'n' ko'pshilik bo'legi ha'zirge shekem tar izli jollar boli'p, wonda paydalani'wdan a'lle qashan shi'g'i'p qalg'an lokomotivler xi'zmet yetedi. Avtomobil jollari' a'dewir uzi'n ha'm ko'p tarmaqli' boli'wi'na qaramastan, woni'n' qurami'nda qatti' qaplamag'a iye bolg'an jollar salmag'i' a'dewir kem. Suw transporti'nan tek g'ana ten'iz boylari'nda g'ana paydalani'ladi'. Ekonomikali'q rayonlari' ishinde yen' irisi **Arqa-Shi'g'i's Hindstan.** Rayonni'n' sho'lkemlestiriliwinde derlik bir yari'm a'sir dawami'nda Britaniya Hindstanni'n' siyasiy worayi' boli'p kelgen Kal-kuttani'n' roli u'lken. Ha'zirgi waqi'tta wol yeldin' yekinshi iri sanaat ha'm port qalasi'. Soni'n' menen birge, bul rayon yeldin' yen iri jani'lg'i'-energetika, metallurgiya, mashinasazli'q, jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' rayoni' boli'p ta sanaladi'. Wonda yen' ko'p sali', qi'zi'l kendir, chay jetistiriledi. A'sirese, ja'ha'ndegi yen' si'patli' chay jetistiriwshi Darjiling woypatli'qlari'ni'n' ati' du'nyag'a belgili.

Ekonomikali'q a'hmiyeti boyi'nsha yeldin' yekinshi rayoni' **Bati's Hindstan** yesaplanadi'. Woni'n' worayi' **Bombey qalasi'** du'nyani'n' yen' u'lken ma'deniy ha'm sanaat worayi'ni'n' biri.

Hindstan ekonomikasi'ni'n' u'shinshi rayoni' **Arqa ha'm Worayli'q Hindstan** boli'p yesaplanadi'. Yen' iri aymaq ha'm yen' ko'p sanli' xali'qqa iye bolg'an bul rayonni'n' sho'lkemlestiriw worayi' Deli. Du'nya ju'zinin' yen' a'yyemgi qalalari'nan yesaplang'an Deli, Agra, Jaypur usag'an qalalari' hind-musi'lman arxitekturali'q yesteliklerine ju'da' bay.

**Qubla Hindstan** yeldin' wo'zine ta'n wo'ndiriske qa'nigelesken to'rtinshi rayoni'. Sho'lkemlestiriw worayi' Chennay qalasi'. Bul rayonni'n' ekonomikasi' tiykari'n awi'l xojali'g'i' quraydi'. Wol tiykari'nan jerg'oza, kakos g'ozasi', kaushuk ta'rizliler, kofe, xosh iyisli ha'm shi'pabag'i'sh da'rilik wo'nimleri, paxta ha'm da'n jetistiriwge qa'nigelesken. Chennay, Haydarabad, Visakxapatnam usag'an qalalarda keyingi waqi'tlarda mashinasazli'q, metallurgiya, neft ximiyasi' usag'an sanaat tarawlari' da'stu'riy jen'il ha'm azi'q-awqat sanaatlari' menen birgelikte rawajlanbaqta.

***A'meliy jumi's***

1. Hindstan xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi' ha'm jaylasi'wi'na ta'n wo'zgesheliklerin ani'qlap, da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

2. Jazi'wsi'z kartag'a Hindstanni'n' millioner qalalari'n tu'sirip, wolardi'n' ma'mleket ekonomasi'ndag'i' worni'n bahalap berin'.

### ?! *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Hindstanni'n' sanaati' haqqi'nda bilgenlerin'izdi ayti'p berin'.
2. Hindstanni'n' xalqi'na, awi'l xojali'g'i'na si'patlama berin'.

## 51-§. A'meliy jumi's

1. Da'pterin'izge to'mendegi keste tiykari'nda Hindstan Respublikasi' ha'm Qi'tay Xali'q Respublikasi'na shamali' si'patlama berin'.

| T/s | Si'patlama ta'repleri | Uqsasli'g'i' | Ayi'rmashi'li'g'i' |
|---|---|---|---|
| 1. | Geografiyali'q worni' | | |
| 2. | Ta'biyiy sharayati', ta'biyiy resurslari' | | |
| 3. | Xalqi',miynet resurslari' | | |
| 4. | Sanaati' | | |
| 5. | Awi'l xojali'g'i' | | |
| 6. | Transporti' | | |

2. Da'pterin'izge Aziya yellerinin' dizimi «Atlas» tan paydalani'p to'mendegi keste tiykari'nda jazi'n'.

| T/s | Du'nya okeani'na tikkeley shi'g'i'w mu'mkinshiligine iye bolg'an yeller. | Du'nya okeani'na shi'g'i'w mu'mkinshiligine iye bolmag'an yeller. |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

3. «Atlastan» paydalani'p, jazi'wsi'z kartag'a Aziya yellerinin' shegaralari'n tu'sirin', wolardi'n' atlari' ha'm paytaxt qalalari'n jazi'n'.

4. «Atlas»ti'n' 26—27-betlerindegi kartadan paydalani'p, Hindstanni'n' agroklimatli' resurslari'na baha berin' ha'm juwmaqlardi' da'pterin'izge jazi'n'.

## 52-§. Qubla-bati’s Aziya ma’mleketlerinin’ ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’

### AYMAG’I’, SIYASIY KARTASI’, GEOGRAFIYALI’Q WORNI’

***Tayansh tu’sinikler***

**Jaqi’n Shi’g’i’s, Worta Shi’g’i’s, Kavkazarti’, A’yyemgi Shi’g’i’s, ko’p milletli yel, ma’mleketlik du’zimi.**

Qubla-bati’s Aziya poyasi’ qurami’na Jaqi’n ha’m Worta Shi’g’i’s penen Kavkaz arti’ni’n’ 20 yeli kiredi. Ma’mleketler sani’ boyi’nsha poyas Aziyadag’i’ yen’ iri subregion yesaplanadi’.

Qubla-bati’s Aziyani’n’ maydani’ 7 mln. km$^2$, xalqi’ 361 mln. (2013-ji’l iyul ayi’na sali’sti’rg’anda) adamnan aslam.

Qubla-bati’s Aziya aymag’i’ arqa ha’m shi’g’i’s ta’replerinde materikke tutasqan, al, Bati’s ha’m Qubla ta’replerinde bolsa u’lken arali’qta ten’izler menen qorshalg’an. Wondag’i’ Armeniya, Awg’anstan ha’m A’zerbayjannan basqa barli’q ma’mleketlerdin’ du’nya ten’izlerine shi’g’i’w mu’mkinshiligi Qubla-bati’s Aziya EGO (ekonomikali’q-geografiyali’q worni’) ni’n’ qolayli’li’g’i’n ta’miyinleydi. Qubla-bati’s Aziyada maydani’ ha’m xalqi’ni’n’ ko’pligi boyi’nsha Iran, Turkiya, Saudiya Arabstani’, Irak iri ha’m Baxreyn, Kipr, Katar kishi yelleri boli’p yesaplanadi’. Izrayl, Kipr, Turkiya ekonomikali’q jaqtan imkaniyatlari’ jaqsi’, al, kerisinshe, Yaman, Awg’anstan bolsa to’men yeller qatari’nda turadi’. Sonday-aq, Persiya qolti’g’i’ boyi’ yelleri neft qazi’p shi’g’aratug’i’n ha’m wonnan u’lken payda alatug’i’n ma’mleketlerden sanaladi’.

Poyas aymag’i’ni’n’ ta’biyiy sharayati’ ha’m ta’biyiy resurslari’ ha’r qi’yli’, aymaqli’q jaqtan u’lken ayi’rmashi’li’qqa iye. Poyasti’n’ worta ha’m qubla ken’liklerindegi qan’i’rap jati’rg’an ken’ aymaqlardan bolsa, tek g’ana tu’ye ha’m mayda mallar jaylawi’ si’pati’nda paydalani’ladi’.

Qubla-bati’s Aziyani’n’ mineral resurslari’: xrom (Turkiya), polimetall rudalari’ (Iran, Turkiya), fosforit ha’m kaliy duzlari’ (Izrayl, Iordaniya) usag’anlardi’n’ qorlari’ wog’ada ko’p. Biraq, poyasti’n’ tiykarg’i’ bayli’g’i’ neft ha’m ta’biyiy gaz. Persiya qolti’g’i’ boyi’ yellerinin’ jer asti’nda du’nya neft qorlari’ni’n’ 2/3 bo’legi toplang’an. Neft qorlari’ni’n’ ko’lemi boyi’nsha du’nyani’n’ birinshi «besligin» Saudiya Arabstani’, Kuveyt, Irak, Iran ha’m Birlesken Arab A’mirlikleri ma’mleketlerinin’ qurawi’ni’n’ wo’zi, qolti’q boyi’ yellerinin’ bul ma’seledegi worni’ a’dewir joqari’ yekenligin ko’rsetedi.

Usi'ni'n' menen birge, poyas yelleri yegislik jer ha'm suw resurslari'na ju'da' jarli' yekenligin de atap wo'tiw kerek.

Poyas xalqi', tiykari'nan, ta'biyiy wo'siw yesabi'nan a'dewir tez ko'beymekte. Gruziya, Armeniya, Izrayl ha'm Kiprdi yesapqa almag'anda, poyas yellerinin' xalqi'ni'n' arasi'ndag'i' tuwi'li'w ko'rsetkishleri du'nyadag'i' yen' joqari' da'rejelerdi (25—30 promille) quraydi'.

Xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha poyas yelleri tu'rlishe u'lkenlikke iye. Iran, Turkiya ha'm Irak yellerinde poyas xalqi'ni'n' derlik yari'mi'nan ko'bi jasaydi'.

Poyas yelleri xalqi'ni'n' jaylasi'wi'nda da u'lken ayi'rmashi'li'qlar bar. Wortasha ha'r 1 $km^2$ maydang'a 52 adamnan tuwri' kelse, xalqi' sali'sti'rmali' ti'g'i'z jasaytug'i'n Jer Worta, Qara ha'm Kaspiy ten'izleri boylari'nda, taw arali'g'i' woypatli'qlari'nda ha'm suw menen ta'miyinlengen oazislerde wortasha ti'g'i'zli'q 50—100 adamnan («Atlas»qa qaran') tuwri' keledi. Biyik tawli' ha'm qubla sho'l aymaqlari'nda bolsa xali'q a'dewir siyrek jaylasqan—1 $km^2$ maydanda 1—10 adam jasaydi'. Xalqi'ni'n' ko'pshilik bo'legi woti'ri'qshi' halda sanaat, diyqanshi'li'q ha'm transport tarawlari'nda xi'zmet yetse, Arabstan yari'm atawi', Iran ha'm Awg'anstanni'n' tawli' sho'llerinde millionlag'an adamlar yelege shekem wo'z sharwa mallari' izinen ko'ship-qoni'p ju'redi.

Qubla-bati's Aziyada xali'qti'n' wortasha urbanizaciya da'rejesi 70 % ten joqari'. Qala xalqi'ni'n' salmag'i' ayri'm ma'mleketlerde 50—55 procentten aspag'an bolsa, Izrail ha'm klimati' ju'da' qurg'aq Kuveyt, Baxreyn, Katar usag'an yellerde bul ko'rsetkish 91 — 98 procentti quraydi'.

Qubla-bati's Aziya xalqi'ni'n' milliy-etnikali'q qurami' ju'da' quramali'. Wonda bir milletli (ko'pshilik Arab ma'mleketleri) ha'm ko'p milletli (Awg'anstan, Iran, Irak, Turkiya) yelleri bar boli'p, wolarda ko'binese arab, parsi', tu'rk, evrey tillerinde so'yleytug'i'n ha'r qi'yli' milliy toparlar jasaydi'.

Qubla-bati's Aziya yelleri ma'mleket du'zimi boyi'nsha da wog'ada ha'r qi'yli'. Yeger Saudiya Arabstani'nda absolyut teokratli'q monarxiya, Katar ha'm Omanda absolyut monarxiya, Baxreyn, Iordaniya ha'm Kuveytte konstituciyali'q monarxiya, Birlesken Arab A'mirliginde ha'r 5 ji'lda saylap qoyi'latug'i'n federativlik monarxiya — siyasiy basqari'w ta'rtibi bar bolsa, poyasti'n' basqa ma'mleketlerinde basqari'wdi'n' respublikali'q du'zimi xi'zmet ko'rsetpekte.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a Qubla-bati's Aziya yellerinin' shegaralari'n tu'sirin' ha'm wolardi'n' geografiyali'q wori'nlari'n bahalap berin'.

2. Yellerdin' qanday mineral resurslarg'a bay yekenligin da'pterin'izge jazi'p ali'n'

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Du'nya siyasiy kartasi'na qarap poyas yellerinin' qurami'n tu'sindirin'.
2. Poyas ma'mleketlerinin' ekonomikali'q ko'rsetkishlerin u'yrenin', wolardi' rawajlang'an, rawajlani'p ati'rg'an ha'm artta qalg'an ma'mleketler toparlari'na aji'rati'n'.
3. Qubla-bati's Aziya subregionni'n' tiykarg'i' qazi'lma bayli'qlari' ha'm wolardi'n' ka'nlerin u'yrenin', qaysi' ma'mleketler nelerge bay yekenin ani'qlan', talqi'lan' ha'm juwmaq shi'g'ari'n'.

## 53-§. Xojali'g'i', transporti', ishki ayi'rmashi'li'qlari'

### Tayani'sh tu'sinikler

**Neft, neft qazi'p ali'w, neftti qayta islew, qayta islewshi sanaat, jen'il sanaat, mashinasazli'q, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q.**

Qubla-bati's Aziya yellerinin' ko'pshiligi industrial-agrarli'q ekonomikag'a iye. Biraq, yeller xojali'qlari'ni'n' rawajlani'w da'rejesinde a'dewir pari'q ta bar. Ayi'ri'm yellerde ko'p tarawli' industriyalli'q wo'ndiris sho'lkemlestirilgen bolsa (Izrayl, Turkiya, Kipr), basqa bir topar yeller, tiykari'nan, bir taraw — neft qazi'p shi'g'ari'w ha'm woni' qayta islew sanaati' (Persiya qolti'g'i' boyi' ma'mleketleri) negizinde du'nyani'n' yen' bay ma'mleketleri qatari'na kiredi. Basqa yellerden Iran ko'p tarawli' aldi'n'g'i' qatarli' ekonomikani' du'ziw joli'nda tez qa'dem qoyi'p ati'rg'an bolsa, Awg'anstanda wo'ndiristin' barli'q tarawlari'nda artta qali'wshi'li'q bar. Biraq, tiykarg'i' toparg'a kiriwshi ma'mleketler (Livan, Kipr, Izrail, Saudiya Arabstani', Baxreyn, Irak) xali'q-arali'q turizimdi JIO di islep shi'g'ari'wi'ndag'i' tiykarg'i' tarawi' si'pati'nda tez pa't penen rawajlandi'rmaqta.

**Sanaati'.** Qubla-bati's Aziya yellerinin' tiykarg'i' wo'ndiriwshi sanaat tarawi', neft qazi'p shi'g'ari'w ha'm woni' qayta islew yesaplanadi'. Persiya qolti'g'i' boyi' yellerinde bul sanaatti'n' qay da'rejede u'lken a'hmiyetke iye yekenligin ko'remiz: yeger jer ju'zinde bir ji'lda ha'r bir xali'qti'n' jan basi'na 0,5 t. dan neft qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an bolsa, bul yellerde usi' ko'rsetkish 3,3 mi'n' t. dan ko'biregin quramaqta. Bul yellerde 2012-ji'li' ja'mi 1150 mln. tonnag'a jaqi'n neft qazi'p ali'ndi'. Qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' u'lken bo'legi shiyki zat tu'rinde eksportqa, birinshi na'wbette, Bati's Evropa, Yaponiya ha'm AQSH qa shi'g'ari'latug'i'ni' ta'biyiy. BAA, Saudiya Arabstani', Kuveyt, Iran usag'an yellerde iri neftti qayta islew ka'rxanalari' da barg'an sayi'n ko'plep quri'la basladi'. Ha'zirgi waqi'tta Persiya qolti'g'i' boyi' yellerinde 500 mln. t. g'a shekem neft qayta islenbekte.

## AZIYA POYASLARI’



Bul qazi'p shi'g'ari'li'p ati'rg'an nefttin' 45 % i degen so'z. Tiykari'nan, Shi'g'i's Afrika ha'm Qubla Aziya shet yelli jallanba jumi'sshi'lar xi'zmet yetip ati'rg'an bul tarawda Saudiya Arabiyasi', Iran, Kuveyt, BAA usag'an yeller eksporti'ni'n' 90—95 % in ta'miyinlemekte.

Qayta islew sanaati' ko'birek Turkiya, Izrayl, Iran, Kavkaz arti' respublika-lari'nda quri'lg'an. Wolarda a'yyemgi sanaat tarawlari'—jen'il (toqi'mashi'li'q) ha'm azi'q-awqat sanaatlari' menen bir qatarda, ko'p g'ana awi'r sanaat tarawlari' da sali'sti'rmali' tu'rde jaqsi' rawajlang'an. Metallurgiya Turkiya, Gruziya ha'm Iranda, mashinasazli'q Turkiya ha'm Izrailda, ximiya sanaati' Turkiya, Azerbayjan ha'm Iranda u'lken wori'n tutadi'.

**Persiya qolti'g'i'** yellerinde neft ha'm ta'biyiy gaz tiykari'nda ji'l-li'li'q elektr energiyasi', neft ximiyasi' tarawlari' tez rawajlanbaqta. Poyasti'n' derlik barli'q yelleri sanaati'nda jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' yen' u'lken a'hmiyetke iye. Yellerdin' jen'il sanaati'nda toqi'-mashi'li'q, a'sirese ju'n ha'm teriden tayar kiyim-kenshek ha'm trikotaj islep shi'g'ari'wdi'n' worni' u'lken. Bunda milliy wo'nermentshilik (gilem toqi'w, kesteshilik wo'nimleri, metall buyi'mlari'), a'sirese, Iran, Turkiya, Kavkaz arti' respublikalari'nda jaqsi' rawajlang'an.

**Awi'l xojali'g'i'** Qubla-bati's Aziya yellerinin' ekonomikasi'nda a'hmiyetli wori'n tutadi'. Biraq, bul taraw ko'pshilik yellerdin' xalqi'n azi'q-awqat wo'nimleri menen jeterli ta'miyinley almaydi'. Suwdi'n' jetispewshiligi mine usi'nday aqi'betlerdin' sebepshisi boli'p tabi'ladi'. Zamanago'y gidrotexnika usi'llari'nan Izrayl (tamshi'lati'p suwg'ari'w), Siriya, Irak (Evfrat da'ryasi' suwlari'nan suwg'ari'wda paydalani'w), Saudiya Arabstani', Kuveyt (ten'iz suwi'n dushshi'landi'ri'w) ma'mleketlerinde g'ana belgili da'rejede paydalani'lmaqta.

Awi'l xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' tarawi' diyqanshi'li'q Turkiya, Kipr, Livan, Izrayl ha'm Kavkaz arti' respublikalari'nda, arab ma'mleketlerinde bolsa sharwashi'li'q rawajlang'an.

Tiykarg'i' azi'q-awqat yeginleri bolg'an da'nli yeginlerden: biyday, arpa, ma'kke, sali', tari' ko'binese Turkiya, Iran, Siriya, Irak, Awg'anstanda yegi-ledi. Texnikali'q yeginlerden: paxta, may shi'g'atug'i'n yeginler Turkiya, Siriya, Irak, Azerbayjan ha'm Iranda, qant la'blebisin Turkiya, Kavkaz arti' respub-likalari'nda yegiw wog'ada a'hmiyetli.

**Qubla-bati's Aziya yellerinde transport sali'sti'rmali' tu'rde jaqsi' rawajlanbag'an.** Yen' g'alaba paydalani'latug'i'n transport yesaplang'an temir jol transporti', tiykari'nan, Turkiya, Iran, Kavkaz arti' respublikalari' ushi'n a'hmiyetli. Soni'n' menen birge, Awg'anstan menen ko'plegen arab yellerinde temir jollar uluwma joq. Avtomobil transporti' Turkiya, Jer Worta ten'izi boyi' ha'm Kavkaz arti' yelleri menen Arab yellerinde tez rawajlanbaqta. Ten'iz transporti' bolsa belgili da'rejede

Iran ha'm Turkiyada a'hmiyetlirek. Al basqa ma'mleketlerde bolsa, wolar ten'iz boyi'nda jaylasqan boli'wi'na qaramastan, bul transport tarawi' ju'da' ha'lsiz.

**Qubla-bati's Aziya yelleri ekonomikali'q rawajlani'w wo'zgeshelikleri boyi'nsha ko'p tarawli' ha'm az qa'nigelesken yeller topari'na bo'linedi.** Ko'p tarawli' yeller topari' poyasti'n' arqa ha'm arqa-bati'si'nda jaylasqan Turkiya, Izrayl, Iran, Livan, Kipr, Siriya, Irak penen Kavkaz arti' respublikalari'nan quralg'an. Wolarda qayta islew sanaati' ko'birek rawajlang'an. Awi'l xojali'g'i' ha'm transport ta sali'sti'rmali' tu'rde jaqsi' ekonomikali'q ko'rsetkishlerge iye. Ha'rbir yelde jaqsi' rawajlang'an rayonlar menen birge a'dewir to'men rawajlang'an aymaqlar da bar.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a yellerdin' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' sali'sti'ri'n'.

2. Jazi'wsi'z kartalarg'a yellerdin' temir jol ha'm avtomobil jollari'n tu'sirin' ha'm woni' talqi'lan'
.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. «Atlas» materiallari'nan paydalani'p, poyasti'n' ko'p tarawli' tiykarg'i' sanaat woraylari' ha'm wolar jaylasqan ma'mleketlerdi ani'qlan'.
2. Poyasti'n' awi'l xojali'g'i' wo'ndirisi geografiyasi'n u'yrenin'. Wonda: birinshiden, suwg'ari'latug'i'n maydanlar ken' tarqalg'an yellerdi; qanday da'ryalardan suwg'ari'wda paydalani'wi'n; yekinshiden, tiykarg'i' diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q yellerin ani'qlan'.

## 54-§. Qubla-shi'g'i's Aziya ma'mleketleri: ekonomikali'q-geografiyali'q si'patlamasi'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Arxipelag, Malakka yari'm atawi', Malayya arxipelagi', ten'iz sayi'zli'qlari', musson tipli.**

Subregion yelleri Aziyani'n' Hindi-Qi'tay ha'm Malakka yari'm atawlari', Malayya arxipelagi'n wo'z ishine aladi'. Bul regionda Bruney, Vetnam, Indoneziya, Kambodja, Laos, Malayziya, Myanma, Singapur, Tailand, Filippin ha'm Shi'g'i's Timor ma'mleketleri jaylasqan. Yekinshi jer ju'zilik uri'sqa shekem Ulli' Britaniya, Franciya, Gollandiyalardi'n' koloniyalari' boli'p kelgen bul yeller wo'z g'a'rezsizligin, tiykari'nan, 1945—1984-ji'llar arasi'nda qolg'a kirgizdi.

Aymag'i' 4,5 mln. $km^2$ boli'p, woni'n' yari'mi'nan ko'bi atawlardan ibarat. Atap aytqanda, regionni'n' yen' iri ma'mleketi bolg'an Indoneziya, sonday-aq, Filippin ma'mleketinin' aymag'i' mi'n'lag'an atawlarda jaylasqan.

**Ekonomikali'q-geografiyali'q worni'**, tiykari'nan, a'dewir qolay. Region EGO ni'n' qolayli'g'i', aldi' menen, Evropadan Ti'ni'sh okeani' basseyni yellerine ali'p baratug'i'n ti'ni'msi'z sawda joli' u'stinde jaylasqani' menen belgilenedi. Sebebi, Laostan basqa regionni'n' barli'q yelleri ten'iz boyi'nda yamasa atawlarda jaylasqan. Bul jag'day yellerdin' ekonomikali'q turmi'si'nda unamli' rol woynamaqta.

Poyasta ha'r qi'yli' **qazi'lma bayli'qlar bar.** A'sirese, qalayi', volfram usa-g'an ren'li metallardi'n' iri ka'nleri bar. Sonday-aq, cink, qorg'asi'n, temir rudasi', tu'rli siyrek ushi'rasatug'i'n ha'm hasi'l metallar, ko'mir, neft, ta'biyiy gaz bayli'qlari'na da iye. Keyingi ji'llari' ten'iz sayi'zli'qlari'nan a'dewir bay neft ha'm gaz ka'nleri tabi'lmaqta. Jer asti' bayli'qlari'na, a'sirese, Indoneziya, Malayziya, Bruney, Vetnam usag'an ma'mleketler a'dewir bay. Qubla-shi'g'i's Aziyani'n' klimati' musson tipinde. Wol, a'sirese, materik ha'm wog'an tutas atawlarda ayqi'n seziledi. Ha'zirgi waqi'tta Qubla-shi'g'i's Aziyani'n' **xalqi'** 629 mln. adamnan ibarat. Poyasta xali'q ta'biyiy wo'siw yesabi'nan a'dewir tez (ji'li'na 9 mln. adam) wo'spekte. A'sirese, xalqti'n' wo'siw pa'ti Kambodja, Laos, Vetnam usag'an yellerde joqari'. Wolarda ta'biyiy wo'siw ha'r 1000 adamg'a 20—22 adamnan tuwri' keledi. Al, jaqsi' rawajlang'an Singapur, Tailand, Indoneziya usag'an yellerde bolsa bul ko'rsetkish, kerisinshe, to'men 5 — 10 adamdi' quraydi'. Xali'q poyas boylap tegis jaylaspag'an. Wortasha ha'r 1 $km^2$ maydang'a 140 adamnan tuwri' kelgen bolsa, bul ko'rsetkish Vetnam, Filippin, Tailandta 200 adamdi' quraydi'. Al Indoneziyani'n' Yava atawi'nda xali'qti'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' 2,5 mi'n' adam, Singapurda 6,5 mi'n' adamg'a jetedi. Soni'n' menen birge, Laos, Kambodja, Bruney usag'an ma'mleketlerde xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' ha'r 1 $km^2$ maydang'a 50—80 adamdi' quraydi'. Urbanizaciya da'rejesi wortasha 54,6 % ke ten'. Bul ko'rsetkish Singapurda 100 % ti quraydi'. Sali'sti'rmali' joqari' da'rejedegi urbanizaciya Bruney (76,1%), Malayziya (73,0 %) ma'mleketlerine ta'n. Wortasha urbaniza-ciyalasqan ko'rsetkishler Filippin (49,6 %) ha'm Indoneziyag'a (44,6%) ta'n. Yen' to'men ko'rsetkishler Laos, Vetnam ha'm Shi'g'i's Timorda Timor-Leshtin, Kambodja ma'mleketlerinde baqlanadi'. Poyasti'n' «millioner» qalalari' — Jakarta , Singapur, Bangkok, Yangon, Pnompen, Xanoy, Kuala-Lampur.

***A'meliy jumi's***

1. Jazi'wsi'z kartag'a poyas yellerin tu'sirin' ha'm woni' ta'riyiplep berin'.
2. Yellerdi xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha ta'rtip penen da'pterin'izge jazi'n'.

**?! Soraw ha'm tapsi'rmalar**

1. Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri jaylasqan iri arxipelag ha'm atawlardi'n' atlari'n ayti'p berin'.
2. Poyas yellerinde qanday rasag'a ha'm til topari'na kiriwshi xali'qlar ko'pshilikti quraydi'?

## 55-§. Xojali'g'i', transporti', si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari' ha'm ishki ayi'rmashi'li'qlari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Jan'a industrial yeller, Singapur, Malayziya, Kambodja, Laos, mashinasazli'q, avtomobilsazli'q, kompyuter texnikasi', elektrotexnika.**

Qubla-shi'g'i's Aziya wo'tken a'sirdin' 70-ji'llari'na shekem du'nyani'n' yen' artta qalg'an u'lkelerinin' biri boli'p kelgen yedi.

Aziyada bir qatar jan'a industrial yeller qa'lipleskeni belgili. Mine usi'n-day yeller qatari'na Qubla-shi'g'i's Aziyani'n' da'slep Singapur, son'i'nan Malayziya, Tailand, Bruney ma'mleketleri de qosi'ldi'. Indoneziya ha'm Filippinnin' de socialli'q turmi'si'nda keskin jan'alani'wlar ko'zge taslanbaqta.

Solay yetip, ha'zirgi Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri xojali'g'i'nda rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha bir-birinen pari'qlanatug'i'n: a) rawajlani'wi'nda a'dewir alda bolg'an jan'a industrial yellerde industrial-agrar; b) rawajlani'p ati'rg'an yellerde agrarli'q industrial wo'ndiris qa'liplesti.

Qubla-shi'g'i's Aziya poyasi' ekonomikasi'nda ha'zirgi waqi'tta barg'an sayi'n sanaat wo'ndirisinin' a'hmiyeti arti'p barmaqta. Poyas JIO inin' 40,7 % i sanaatqa, 24,7 % i awi'l xojali'g'i'na ha'm 34,6 % i xizmet ko'rsetiw tarawi'na tuwri' keledi. Si'rttan ali'p kelinetug'i'n metall tiykari'nda mashinasazli'q sanaati' Qubla-shi'g'i's Aziyani'n' Malayziya, Tailand, Indoneziya ha'm Filippin ma'mleketlerinde jaqsi' rawajlang'an. Elektronika ha'm elektrotexnika, radiotexnika ha'm telemexanika, turmi's xi'zmeti texnikasi' wo'nimlerin islep shi'g'ari'w, Singapur, Malayziya ha'm Tailandta joqari' da'rejede rawajlang'an.

Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri ekonomikasi'ni'n' tiykari'n **awi'l xojali'g'i'** ha'm woni'n' menen baylani'sli' bolg'an agrosanaat tarawlari' quraydi'. Ta'biyiy sharayati' ha'r ji'li' 2—3 ma'rte tu'rli yeginlerdi yegip, zu'ra'a't ali'wg'a mu'mkinshilik beredi. Sol sebepli, qa'liplesken jer maydanlari' ba'rha wo'sip barati'rg'an millionlag'an xalqti' za'ru'rli azi'q-awqat wo'nimleri menen ta'miyinlep kiyati'r.

Soni'n' menen birge poyasta sharwashi'li'q bir qansha to'men rawajlang'an. Barli'q ma'mleketlerde bali'q awlaw menen shug'i'llanadi'. Awi'l xojali'g'i' wo'nimlerin qayta islewshi jen'il ha'm azi'q-awqat sanaatlari' ayri'qsha a'hmiyetli. Gu'rish poyastag'i' ko'plegen yeller eksporti'ni'n' tiykari'n quraydi'. Bul boyi'nsha Tailand, Myanma, Vetnam ayri'qsha aji'rali'p turadi'. May sanaati' tarmaqtag'i' ja'ne bir iri taraw yesaplanadi'. Wo'simlik mayi', tiykari'nan, kokos g'ozasi'nan ali'nadi'. Ja'ha'nde bunday maydi' islep shi'g'ari'w ha'm woni' eksport yetiwde Qubla-shi'g'i's Aziya poyasi' jetekshilik yetedi.

Qubla-shi'g'i's Aziyada **transportti'n'** wo'zine ta'n tarawlari' rawajlang'an. Yeller ekonomikasi'nda ten'iz ha'm da'rya transporti'ni'n' roli u'lken. Temir jol ha'm avtomobil transporti' yellerde yekinshi da'rejeli a'hmiyetke iye. Hawa transporti' ko'binese xali'qarali'q baylani'slarda a'hmiyetli wori'n tutadi'.

Qubla-shi'g'i's Aziya yelleri rekreaciya resurslari'na ju'da' bay bolg'anli'g'i' sebepli, xali'qarali'q turizm ha'm dem ali'w tarawlari' ju'da' tez rawajlanbaqta.

Poyas yelleri du'nya ju'zi ekspot-import baylani'slari'nda jedel qatnasi'p kelmekte. Ayri'm yeller ishinde eksport-import ko'leminin' u'lkenligi boyi'nsha Singapur (45,0 %), Malayziya (17,3 %), Tailand (14,7%) ha'm Indoneziya (10,8 %) ajrali'p turadi'. Poyasta 2012-ji'li' 3,5 trln. AQSH dollari'na ten' JIO islep shi'g'ari'ldi'.

Poyas yellerin bir-birinen parq qi'latug'i'n **3 toparg'a** bo'liw mu'mkin. Wolar:

**1. Malakka yelleri** — Malayziya, Singapur ha'm Tailand. Poyas aymag'i'ni'n' 20 %, xalqi'ni'n' 16 % in wo'zinde birlestirgen bul yeller xalqi' jan basi'na ta'biyiy kaushuk, sali', kokos palmasi' mayi'n jetistiriwde du'nyada jetekshilik yetedi. Wolar awi'r sanaat tarawlari' (elektr energiyasi', tu'rli kemeler ha'm port texnikalari', elektrotexnika ha'm neft ximiyasi'), jen'il ha'm azi'q-awqat sanaatlari' wo'nimlerinin' ko'plegen tu'rlerin islep shi'g'ari'wda da birinshi wori'ndi' iyeleydi. Avtomobil ha'm elektrometallurgiya ka'rxanalari' da tek g'ana Malakka ma'mleketlerinde bar.

**2. Atawlar yelleri** — Indoneziya, Bruney, Filippin ha'm Shi'g'i's Timordan ibarat boli'p, Qubla-shi'g'i's Aziyani'n' Ti'ni'sh ha'm Hind okeanlari' arali'g'i'ndag'i' mi'n'lag'an u'lken-kishi atawlarda jaylasqan. Indoneziyada 13,6 mi'n' ha'm Filippinde 7 mi'n'nan aslam atawlar yesapqa ali'ng'an.

**3. Hindi-Qi'tay yelleri** — Vetnam, Kambodja, Myanma ha'm Laos ma'mleketleri yesaplanadi'. Tipik musson klimatli' bul yeller ta'biyiy resurs-larg'a bay. Bul yellerdin' ekonomikasi'ni'n' tiykari'n, negizinen, awi'l xojali'g'i' ha'm woni'n' wo'nimlerin qayta isleytug'i'n jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' tarawlari' quraydi'.

### *A'meliy jumi's*

Jazi'wsi'z kartag'a Qubla-shi'g'i's Aziya yellerinin' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin'. Poyasti'n' ishki aymaqli'q ayi'rmashi'li'qlari'na say wo'zgesheliklerin da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar:*

1. «Atlas»tan Qubla-shi'g'i's Aziya poyasi'ni'n' siyasiy kartasi'n du'nyani'n' ayi'ri'm poyaslari' menen sali'sti'ri'n', wolardi'n' uqsas ha'm pari'qlani'wshi' ta'replerin ani'qlan'.
2. «Atlas»qa qarap, poyas qanday ta'biyiy ha'm mineral resurslarg'a bay, qanday resurslar kem yekenligin ani'qlan'.
3. Poyasta xali'q yen' ti'g'i'z ha'm kerisinshe, xalqi' a'dewir siyrek aymaqlardi' talqi'lan'.
4. Poyasta ne ushi'n taw-ka'n sanaati'ni'n' a'hmiyeti u'lken ha'm qayta islew sanaati' tarawlari' jaqsi' rawajlanbag'an?




# *8-tema.* Afrika

## 56-§. Afrika yellerinin' uluwma si'patlamasi' ha'm ta'biyiy demografiyali'q da'rejesi

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Afrika, arab ma'mleketleri, Arqa, Ekvatorial, Qubla Afrika, wortasha wo'mir, iri qalalar, awi'llar.**

Afrika maydani'ni'n' u'lkenligi boyi'nsha Evraziyadan keyingi materik. Materiktin' maydani' 29,2 mln. km$^2$, al wog'an tiyisli atawlar menen 30,3 mln. km$^2$, bul jer qurg'aqli'q betinin' 1/5 bo'legi degen so'z. Atawlari'nan Mada-gaskar yen' u'lkeni yesaplanadi'. Hind okeani'nda jaylasqan Sokotra, Zanzibar, Pemba, Mariya, Komor, Amirant, Seyshel, Maskaren (Mavrikiy, Reyunon h.b.) ha'm Atlantika okeani'nda jaylasqan Madeyra, Kanar, Kabo-Verde, Bioko, San-Tome, Principi, Vozneseniya, A'wliye Elena, Tristanda-Kunya atawlari' da Afrikag'a qaraydi'. Ha'zirgi waqi'tta Afrikada barli'g'i' boli'p 58 yel bar, solardi'n' ko'pshiligi ekonomikasi' to'men yellerden ibarat. Respublikalardi'n' sani' 52, monarxiyalar 3. Bati's Saxara yelinin' biyligi belgisiz.




Xrom, temir, marganec, uran, mi's, qalayi', kobalt, alti'n, platina, asbest, slyuda qorlari', iri almaz ka'nleri bar. Afrika boksit ha'm fosforitlerdin' qorlari' boyi'nsha du'nyada jetekshi wori'nlardi' iyeleydi. Afrika du'nyada alti'n qori' boyi'nsha birinshi wori'ndi', almaz boyi'nsha yekinshi wori'ndi' (Avstraliyadan keyin) iyeleydi.

Afrika suw resurslari'na bay. Ji'lli'q uluwma suw ag'i'mi' 5 mi'n' $km^3$ den aslam, sonnan 25% ti Kongo, 10% ti Zambezi ha'm 6% ti Niger da'ryalari'na tuwri' keledi. Nil da'ryasi'ni'n' ji'lli'q suw ag'i'si' 85 $km^3$ ten'.

Afrika xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha (1162 mln.) materikler ishinde Evraziyadan keyingi yekinshi, al woni'n' wo'siw pa'ti boyi'nsha birinshi wori'nda turadi'. Afrika xalqi' ji'li'na birneshe million adamg'a ko'beymekte. A'sirese, xalqti'n' ta'biyiy wo'siw pa'ti Worayli'q, Shi'g'i's ha'm Bati's Afrika poyaslari' ha'm yellerinde (Niger, Chad, Uganda, Malavi, Gvineya, Angola, Mali, Kenya, QAR ha'm basqalar), a'sirese, joqari' ko'rsetkishleri menen belgilenedi. Bul yellerde tuwi'li'w koefficienti 35 promilleden de joqari'. Afrika wo'liwshilik da'rejesinin' joqari'li'g'i' ha'm xalqi'ni'n' wortasha wo'mir su'riw da'wirinin' to'menligi boyi'nsha da aji'rali'p turadi'. Uluwma wo'liwshilik koefficienti 8-10 promilleni, al balalar wo'liwshiligi koefficienti bolsa 85-90 promilleni quraydi'. Xali'qti'n' wortasha wo'mir su'riw da'wiri 52 jastan aspaydi'.

Afrikada xalqi'ni'n' sani' 1 mln. nan arti'q bolg'an 20 g'a jaqi'n qala bar. Kair, Aleksandriya, Keyptaun, Yoxannesburg, Lagos, Abidjan, Kinshasa, Nayrobi, Addis-Abeba, Aljir, Kasablanka, Dakar solar qatari'na jatadi'. Kair, Yoxannesburg, Lagos ha'm basqa geypara iri qalalar a'tirapi'nda aglomeraciyalar qa'liplesken.

## *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a materik yelleri shegaralari'n tu'sirin' ha'm woni' ta'riyplep berin'.
2. Afrika yellerinin' mineral resurslar menen qanday ta'miyinlengenligin «Atlas» tan ani'qlan' ha'm tu'singenin'izdi da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Afrika kontinenti qurami'na kiretug'i'n atawlar dizimin du'zin'.
2. Afrika siyasiy kartasi'ni'n' wo'zgeriwi qaysi' da'wirlerde teren' ha'm ken' ko'lemli boldi'? Buni'n' sebebin ani'qlan'.
3. Materik relefin ha'm klimati'n xojali'q rawajlani'wi' ko'z qarasi'nan bahalan'.
6. Afrika xalqi'ni'n' sani', ko'beyiw pa'ti, da'rekleri ha'm rawajlani'wi'na ta'n wo'zgesheliklerdi ani'qlan'.
7. Afrika xalqi'ni'n' rasali'q, milliy-etnikali'q ha'm diniy qurami' haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## 57-§. Afrika yelleri: xojali'g'i', ekonomikali'q rayonlari'

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Qayta islewshi sanaat, wo'simliktin' u'stemligi, Arqa Afrika, Tropikali'q Afrika, Qubla Afrika.**

Qayta islewshi sanaat QAR, Mi'sr, Aljir, Nigeriya, Marokko, Liviya menen Zimbabve, Tunis, KDR, Keniya yellerinde jaqsi' rawajlang'an. Mine usi' yeller elektr energiyani' islep shi'g'ari'w boyi'nsha da Afrikada jetekshi wori'nlardi' iyeleydi.

Wo'simliktin' u'stemligi — bul tek g'ana ta'biyiy geografiyali'q g'ana yemes, al, tariyxi'y, socialli'q qubi'li's yesaplanadi'. Bunday qa'nigelesiw koloniyali'q da'wirden qalg'an «miyras».

Afrikani' ekonomikali'q rayonlasti'ri'w ma'selesi ha'zirgi waqi'tqa shekem wo'z juwmaqlaw sheshimin tapqan joq. Izertlewshiler ishinde Afrikani' yeki: Arqa Afrika ha'm Tropikali'q Afrika subregionlari'na bo'liwi ken' taralg'an. Uluwma maydani' 9555,2 mi'n' km$^2$, xalqi'ni'n' sani' 216,3 mln adam, sonnan qala xalqi'ni'n' sani' 102,8 mln. adam, u'lesi 47,5 % (2013-j).

Bul tiykari'nan, arablar, barbarlar ha'm tuaregler jasaytug'i'n tariyxi'y subregion, arqa shegaralari'n Jer Worta ten'izi suwlari' juwi'p turadi', qubla shegarasi' sha'rtli tu'rde Saxarani'n' worayli'q ha'm qubla bo'leginen wo'tedi. Subregionda Mi'sr, Liviya, Tunis, Sudan, Aljir, Marokko, Mavritaniya ha'm Bati's Saxara ma'mleketlerinin' aymag'i' jaylasqan. Geografiyali'q worni' qolayli'.

Xalqi'ni'n' sani' wortasha ji'li'na 2,1—2,2 % ke wo'spekte.

Xojali'g'i'ni'n' tiykari'n taw-ka'n sanaati' quraydi'. Aljir, Liviya ha'm Mi'srda neft ha'm gaz qazi'p ali'w, qayta islew sanaati' jaqsi' rawajlang'an boli'p, wol tovarli'q a'hmiyetke iye. Qara metallurgiya sanaati' Mi'sr (Xeluan) ha'm Aljirde (Annaba), ren'li metallurgiya Aljir, Mi'sr, Marokkoda, mashinasazli'q yellerdin' paytaxtlari' ha'm u'lken qalalari'nda rawajlang'an. Arqa Afrikada ximiya sanaati', a'sirese, mineral to'ginler islep shi'g'ari'w joqari' da'rejede rawajlang'an.

Awi'l xojali'g'i', birinshi gezekte diyqanshi'li'q qolayli' ta'biyiy sharayat ha'm suw resurslari' menen baylani'sli' tu'rde rawajlang'an. Tiykarg'i' qalalari' ha'm sanaat woraylari' usag'an diyqanshi'li'q ma'kanlari' Jer Worta ten'izi menen Atlantika okeani' boylari'na jaqi'n aymaqlarda ha'm Nil deltasi'nda jaylasqan. Suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'q Nil deltasi'nda (Mi'sr) rawajlang'an boli'p, wol jin'ishke talshi'qli' paxta, qant qami'si' ha'm basqa da yeginlerdi jetistiriwge qa'nigelestirilgen.

Tiykarg'i' eksport yetiletug'i'n wo'nimleri: neft ha'm neft wo'nimleri, ta'biyiy gaz, fosforitler, ren'li metallar, paxta, citrus miyweleri, xurma, azi'q-awqat wo'nimleri.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a Afrika yellerinin' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' ta'riyplep berin'.
2. Arqa Afrika menen Tropikali'q Afrikani'n' social-ekonomikali'q rawajlani'wi'ndag'i' ayi'rmashi'li'qti' ani'qlan' ha'm wolardi' bahalan'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Afrika xojali'g'i'ni'n' du'nya xojali'g'i'nda tutqan worni'n bahalan'. Bunda qaysi' tarawlar jetekshi wori'nlardi' iyeleydi?
2. Xojali'g'i'ni'n' aymaqli'q qurami'n bahalan', wog'an ta'n uluwma ha'm regional wo'zgesheligin ani'qlan'. Sanaati'ni'n' tiykarg'i' tarawlari' ha'm wolardi'n' a'hmiyetin bahalan'.
3. Awi'l xojali'g'i'ni'n' jetekshi tarawlari'ni'n' geografiyasi'n ha'm a'hmiyetin bahalan'.
   «Wo'simliktin' u'stemligi» qanday rol woynaydi'?
4. Afrikada azi'q-awqat mashqalasi'n qalay sheshiw mu'mkin?

## 58-§. Afrika transporti' ha'm subregionlari'

### *Tayansh tu'sinikler*

**Tropikali'q Afrika, Qubla Afrika, Shi'g'i's Afrika, Bati's Afrika.**

Afrika transporti' uluwma to'men rawajlang'an materik. Da'slepki transport qurallari'ni'n' rawajlani'wi' jergilikli ta'biyiy resurslardi', da'slep paydali' qazi'lmalardi' qazi'p ali'w, wolardi' materik portlari'na jetkeriw ha'm sol tiykarda Evropa ha'm AQSHqa ten'iz kemeleri arqali' jetkeriw menen bayla-ni'sqan. Sonday ten'iz portlari'ni'n' sani' da wonshelli ko'p yemes. Bularg'a Iskandariya, Izrayl, Lagos, Darus-Salom, Keyptaun si'yaqli' qalalar kiredi.

Ten'iz transporti'ni'n' xali'qarali'q baylani'slardi' ali'p bari'wda a'hmiyeti u'lken. Transport tarmag'i'na ta'n wo'zgeshelik, woni' tiykari'nan jag'ali'q aymaqlarda eawajlang'anli'g'i' aji'rali'p turadi'. Temir jollari'ni'n' uzi'nli'g'i' 85 mi'n' km. ge jaqi'n. Uzi'nli'g'i' ha'm a'hmiyeti boyi'nsha keyingi wori'nda qubi'r transporti' turadi'. Afrikani' subregionlarg'a aji'rati'w ju'da' quramali' wazi'ypa boli'p yesaplanadi'. Bunda tek ta'biyiy sharayatti' yemes, al wonnan da ko'birek ta'rizde

aymaqlardi'n' etnikali'q ha'm diniy wo'zgesheliklerin yesapqa ali'w za'ru'r. Wolardi' yesapqa alg'an halda Afrikani' to'mendegi subregionlarg'a bo'listiriw qabi'l yetilgen: Arqa Afrika, Bati's Afrika, Worayli'q Afrika, Shi'g'i's Afrika, Qubla Afrika, Bati's Afrika, Worayli'q Afrika, Shi'g'i's Afrika, Qubla Afrika.

**Arqa Afrika** subregioni' Sudannan basqa qalg'an barli'q arab yellerin wo'z ishine aladi'. Xali'q, tiykari'nan, oazisler ha'm ten'iz jag'alari'nda jaylasqan. Ekonomikasi'nda neft ha'm gaz, temir rudasi' ha'm fosforitlerdi qazi'p ali'w, qayta islew ha'm eksport yetiw a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi. Azi'q-awqat ha'm jen'il sanaatta jaqsi' rawajlang'an. Awi'l xojali'g'i'nda biyday, arpa, paxta, zaytun, ju'zim, sitrus miyweleri jetistiriw tiykarg'i' rol woynaydi'.

**Bati's Afrika** qurami'na Gvineya qolti'g'i'nan arqada jaylasqan yeller kiredi. Ekonomikasi'nda awi'l xojali'g'i' (kakao, jerg'oza, sitrus wo'simlikleri) jetekshilik yetedi. U'lken mug'darda neft (Nigeriya) ha'm almaz (Kotdivuar) Serra-Leone) qazi'p ali'w ha'm eksport yetiw u'lken a'hmiyetke iye.

**Worayli'q Afrika** tog'ay ha'm mineral resurslarg'a ju'da' bay subregion Neft ha'm marganec rudasi'n eksportqa shi'g'ari'w (Gabon, Kongo Respublikasi'), almaz ha'm alti'n qazi'p ali'w u'lken ko'lemde Kongo Demokratiyali'q Respublikasi'nda a'melge asi'ri'ladi'.

**Shi'g'i's Afrika** arqadan qublag'a mi'n'lap kilometrge sozi'lg'an subregion. Kofe, jer g'oza, chay, paxtani' eksportqa shi'g'aradi'. Almaz mi's qazi'p ali'wda a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi.

**Qubla Afrika**. Poyasta materiktin' yen' bay (QAR) ha'm yen' jarli' (Mozambik) yelleri jaylasqan. Alti'n, almaz, mi's rudasi'n qazi'p ali'w ha'm eksport yetiwde a'hmiyetli wori'ndi' iyeleydi. Ha'r qi'yli' awi'l xojali'g'i' wo'nimlerin (go'sh, ju'n, qarako'l teri) eksport yetedi.

### *A'meliy jumi's*

Sabaqli'qta karta sxemadan subregionlar qurami'n ani'qlap, wolardi' da'pterin'izge jazi'p qoyi'n'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Tiykarg'i' tu'rlerinin' subregionlar boyi'nsha rawajlang'anli'g'i' wo'zgesheliklerin belgilen'.
2. Ne sebepten almaz ha'm alti'n qazi'p ali'wshi' yellerde xali'q jarli' jasaydi'?
3. Subregionlar ko'leminde xali'q jaylasi'wi'na ta'n ta'replerdi ani'qlan' ha'm bahalan'.
4 Ne sebepten Afrika yellerinde geografiyali'q jag'day quramali'?

# 59-§. Qubla Afrika Respublikasi’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**QAR alti’n, almaz, uran.**

Tropikali’q Afrika Bati’s, Worayli’q, Shi’g’i’s ha’m Qubla Afrikadan qural-g’an.

Usi’lardi’n’ ishinde ta’biyiy mu’mkinshiliginin’ joqari’li’g’i’ boyi’nsha Bati’s ha’m Qubla, demografiyali’q da’rejesi boyi’nsha Bati’s ha’m Shi’-g’i’s poyaslar aji’rali’p turadi’. Ma’mleketinin’ sani’ boyi’nsha Bati’s ha’m Qubla poyaslari’ alg’a ilgerilemekte. Ma’mleketler ishinde QAR ayri’qsha a’hmiyetke iye.

*17-keste*

**Tropikali’q Afrika ma’mleketlerine ta’n uluwma ko’rsetkishler (2013-j.)**

| T/n | Poyas | Ma’mleket-ler sani’ | Maydani’, mi’n’ km$^2$ | Xalqi’ni’n’ sani’, mln. | Qala xalqi’ni’n’ sani’ ha’m u’lesi | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | mln. adam | % |
| I | Bati’s | 18 | 5141,9 | 346 | 156 | 45,1 |
| II | Worayli’q | 6 | 5336,1 | 132 | 52 | 39,2 |
| III | Shi’g’i’s | 10 | 3706,1 | 281 | 69 | 24,6 |
| IV | Qubla | 15 | 6574,9 | 185 | 90 | 48,6 |
| Ja’mi | Ja’mi | 49 | 20759,0 | 948 | 367 | 38,9 |

QAR Afrika aymag’i’ni’n’ 4,1 % in iyelegeni ha’m xalqi’ni’n’ 4,3 % in wo’zinde ja’mlegen, bul yelge kontinent ko’leminde sanaat wo’ni-minin’ 30 % i, polatti’n’ 60 % i, temir jollardi’n’ 1/3 bo’legi, barli’q ju’k ha’m jen’il avtomo-billerdin’ 30 % i tuwri’ keledi.

Du’nyada qazi’p ali’ng’an alti’nni’n’ 20 % i, 100 mln. karat barli’q almaz-di’n’ ha’m 55 mln. karat zergerlik almazdi’n’ 10 ha’m 5 mln karati’ usi’ ma’mleketke tuwri’ keledi. Yel uran qazi’p ali’w boyi’nsha (ji’li’na 3,5 mi’n’ t.) du’nyada Kanada ha’m AQSH tan keyin turadi’. Usi’g’an qaramastan, QARdi’n’ barli’q aymaqlari’n ekonomikali’q rawajlan-g’an dep yesaplawg’a tiykar joq. Qubla Afrika Respublikasi’n yeki ekonomika, yag’ni’y ekonomikasi’ rawajlang’an ma’mleketlerdin’ de, rawajlani’p ati’rg’an ma’mleketlerdin’ de wo’zgeshelikleri bar yel dep ataw mu’mkin.

***Amaliy jumi’s***

1. Afrika rayonlari’n jazi’wsi’z kartag’a tu’sirin’.
2. Jazi’wsi’z kartag’a QARni’n’ ekonomikali’q kartasi’n tu’sirip ta’riyiplen’.

### Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. «Atlas»tan paydalani'p, ekonomikali'q rayonlar qanday mineral resurslarg'a bay yekenligin ani'qlan' ha'm wolardi'n' dizimin du'zin'.
2. Ekonomikali'q rayonlari'ni'n' tabiyiy-demografiyali'q da'rejesin bahalan'.
3. QAR ni'n' Afrika ekonomikasi'nda tutqan worni'n bahalan'.



# *9-tema.* Avstraliya ha'm Okeaniya

## 60-§. Avstraliya ha'm Okeaniyani'n' uluwma si'patlamasi'

### Tayansh tu'sinikler

**Avstraliya, Okeaniya, Melaneziya, Mikroneziya, Polineziya, xalqi'ni'n' milliy qurami', aborigenler.**

Avstraliya Awqami' Avstraliya materiginin' maydani'n toli'q iyelegen du'nyadag'i' birden-bir yel. Woni'n' qurami'na materikten basqa Tasmaniya ha'm basqa da bir qatar mayda atawlar kiredi. Maydani' 7741 mi'n' km$^2$, sonnan 7692,0 mi'n' km$^2$. maydandi' materiktin' wo'zi iyelegen. Du'nyani'n' qurg'aqli'q arqali' wo'tken shegarasi' bolmag'an yellerdin' biri.

Ekonomikali'q-geografiyali'q worni' woni'n' qubla yari'msharda iri materikler, regionlar ha'm yellerden a'dewir ali'sta jaylasqanli'g'i' menen belgi-lenedi. Usi'ni'n' menen birge, zamanago'y ten'iz ha'm hawa transporti'ni'n' joqari' da'rejede rawajlang'ani' yeldi du'nyani'n' barli'q regionlari', ma'mleketleri menen turaqli' baylani'sta boli'p turi'wi'n ta'miyinleydi.

Okeaniya Ti'ni'sh okeani'nda jaylasqan atawlar ji'ynag'i'. Okeaniya u'sh bo'limnen: Polineziya, Melaneziya ha'm Mikroneziyadan ibarat. Melaneziya (Solomon, Jan'a Gebrid, Jan'a Kaledoniya ha'm basqa atawlar) Avstraliyag'a ju'da' jaqi'n jaylasqan, Polineziya (Gavay, Samoa, Tokelau ha'm basqa atawlar) bolsa kerisinshe, Avstraliyadan birqansha ali'sta, Ti'ni'sh okeani'ni'n' qubla ha'm worayli'q bo'leklerinde jaylasqan. Mikroneziya (Karolina, Marshall, Mariana, Gilbert ha'm basqa atawlar) Jan'a Gvineya atawi'ni'n' arqasi'nda, Filippin atawlari'nan shi'g'i's ta'reptegi akvatoriyada jaylasqan.

Tiykarg'i' da'ryasi' Murrey ha'm woni'n' tarmag'i' Darlinnin' suwi' ha'r ma'wsimde wo'zgerip turadi'.

Avstraliya ha'r qi'yli' paydali' qazi'lmalarg'a bay. Solardi'n' geypara-lari' a'hmiyeti ha'm qori' boyi'nsha du'nyada joqari' wori'nlardi' iyeleydi. Temir rudasi', mi's, nikel, uran rudalari', boksitler, ko'mir, alti'n, almaz ka'nleri solar qatari'na jatadi'.

Ko'mir ka'nleri materiktin' Qubla ha'm Qubla-shi'g'i's bo'leginde tabi'lg'an. Neft ha'm ta'biyiy gaz ma'mlekettin' Shi'g'i's aymaqlari'nda ha'm Bati'si'nda okean shelfinen qazi'p ali'nadi'.

**Xalqi'.** Avstraliya ha'm Okeaniyada (Gavay atawlari'si'z) 2013-ji'ldi'n' iyun ayi'na sali'sti'rg'anda 35,0 mln. adam jasag'an. Atap aytqanda, Avstraliyada 21,0 mln. (2/3 bo'legi), Jan'a Zelandiyada 4,0 mln., Papua-Jan'a Gvineyada 6,0 mln. basqa kishi atawlarda 1 mln. xali'q bar.

Xalqi' ju'da' tegis jaylaspag'an. Xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' 1 $km^2$ ge 2,8 adamdi' qurag'an bolsa, bul ko'rsetkish yeldin' Qubla-shi'g'i's bo'leginde 100—250 adamg'a jetedi. Uluwma alg'anda, xali'q materiktin' shetinde birqansha ti'g'i'z, worayli'q ha'm bati's aymaq-lari'nda siyrek jaylasqan. Geypara aymaqlarda woti'ri'qshi' xali'q uluwma joq (Eyr ko'li a'tiraplari' ha'm worayli'q bo'leginde).

Xali'qti'n' wortasha jasaw da'wiri yerlerde 80 jasqa, hayallarda 84 jasqa ten'.

Xali'qti'n' milliy qurami'nda avstraliyali'-inglizlerdi'n' u'lesi derlik 90 % ke jetedi. Wolardan basqa, yelde amerikali'lar, francuzlar, nemis-ler, afrikali'lar, hindistanli'lar, Qubla-shi'g'i's Aziya xali'qlari', ha'tte, wo'zbekler de bar. Sidney qalasi'nda wo'zbekler ja'miyeti xi'zmet ko'rsetpekte.

### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a Avstraliya ha'm Okeaniyani'n' siyasiy kartasi'n tu'sirin'.
2. Avstraliya ha'm Okeaniyada qaysi' millet wa'killeri, qaysi' dinge si'yi'ni'wshi' xali'qlar jasaytug'i'ni'n «Atlas» tan ani'qlan' ha'm woni' ta'riyiplen'.

### *?! Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Okeaniya qurami'na qaysi' atawlar, yeller, koloniyalar kiredi? Wolardi'n' atlari' keltirilgen dizimin du'zin'.
2. Avstraliya qanday ta'biyiy resurslarg'a bay, qanday ta'biyiy resurslarg'a jarli'?
3. Avstraliyani'n' xali'qarali'q a'hmiyetke iye bolg'an paydali' qazi'lma bay-li'qlari'ni'n' atlari'n jazi'p, kartadan ko'rsetin'.

## 61-§. Avstraliya ha'm Okeaniya xojali'g'i'

*Tayani'sh tu'sinikler*

**Avstraliya Awqami', Jan'a Zelandiya, Okeaniya, ji'lli'li'q stanciyalari', gidrav-likali'q stanciyalar, neft, ko'mir, qoy, qaramal.**

Avstraliya Awqami' ha'm Jan'a Zelandiya du'nyani'n' yen' rawajlang'an yelleri qatari'na kiredi. Fiji, Marshall atawlari' ha'm Mikroneziyada ekonomika birqansha rawajlang'an, qalg'an yeller ha'm atawlar artta qalg'an xojali'q qatari'na kiredi.

Avstraliyada jergilikli mineral resurslar ha'm awi'l xojali'g'i' shiyki zatlari'na tiykarlang'an sanaat tarawlari': taw-ka'n metallurgiyasi', mashinasazli'q, jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' joqari' da'rejede rawajlang'an.

Ma'mleket iri ji'lli'li'q ha'm gidravlikali'q elektr stanciyalari'na iye.

Avstraliyada 2012-ji'li' 250 mlrd. kVt/saattan arti'q elektr energiyasi' islep shi'g'ari'ldi'. Bul ko'rsetkish Jan'a Zelandiyada 47 mlrd. kVt/saatqa ten' boldi'.

Avstraliyada ha'zirgi waqi'tta ji'li'na 30 mln. t neft, 30 mlrd. metr$^3$ ta'biyiy gaz, 400 mln. t. ko'mir qazi'p ali'nbaqta, 12—15 mln. t. polat yeritilmekte, 300 mi'n' danadan ko'p jen'il avtomobiller islep shi'g'ari'lmaqta. Da'n yeginlerinin' uluwma zu'ra'a'ti 35—40 mln. t. ni' quraydi', 0,5 mln. t. dan aslam paxta mami'g'i' islep shi'g'ari'lmaqta. Avstraliyada 30 mln. basqa jaqi'n iri shaqli' qaramal (Jan'a Zelandiyada 10 mln.bas), 150 mln. bastan ko'birek qoy ha'm yeshkiler (Jan'a Zelandiyada 60 mln. bas) bar. Avstraliyada wortasha ji'li'na 4,0 mln. t. go'sh (Jan'a Zelandiyada 1,5 mln. t.), 8 mln. t. (Jan'a Zelandiyada 9 mln. t.) su't tayarlanadi'.

Avstraliyada qara metallurgiya Port-Kembla, Nyukasl, Uandovi qalalari'nda ren'li metallurgiya Maunt-Ayza, Klonkarri, Gladston, Kalgurli-Boulder, Port-Piri, Kanberra, Xobart, Risdon, Bell-Bey qalalari'nda rawajlang'an. Iri, u'lken ha'm wortasha qalalari'ni'n' ha'mmesinde mashinasazli'q, metalldi' qayta islew sanaati' ka'rxanalari' bar. Yelde neftti qayta islew ha'm neft-ximiya sanaati' tez pa't penen rawajlanbaqta. Bul taraw woraylari' boli'p Melburn, Sidney, Nyukasl, Brisben, Pert, Adelaida ha'm basqa qalalar yesaplanadi'. Avstraliyada ag'ashti' qayta islew ha'm cellyuloza-qag'az sanaati' jaqsi' rawajlang'an. Yelde 2,0 mln. t. g'a jaqi'n qag'az islep shi'g'ari'ladi'. Bul tarawdi'n' iri ka'rxanalari' yeldin' Qubla-shi'g'i'si'ndag'i' ko'pshilik qalalarda jaylasqan. Avstraliyada 5—6 mln. t. cement ha'm ko'p mug'darda basqa quri'li's materiallari' shi'g'ari'ladi'. Quri'li's materiallari' sanaati' yeldin' barli'q regionlari' ha'm qalalari'nda bar.

Avstraliyada jen'il sanaat, a'sirese, woni'n' toqi'mashi'li'q, teri-ayaq kiyim tarawlari' jaqsi' rawajlang'an. Toqi'mashi'li'q ka'rxanalari' Sidney, Melburn, Ballarat, Adelaida, Pert, Albani qalalari'nda rawajlang'an.

Ma'mlekettin' azi'q-awqat sanaati' tarawlari' ishinde un ha'm may aralas jem islep shi'g'ari'w, qant-qumsheker, go'sh, su't, bali'q-konserva sanaati' ka'rxanalari' derlik barli'q qalalari'nda bar.

Awi'l xojali'g'i'nda jaylaw sharwashi'li'g'i' (qoyshi'li'q) ha'm qara mal bag'i'w jaqsi' rawajlang'an. Avstraliya jaylawlari'ni'n' u'lkenligi ha'm wolarda bag'i'li'p ati'rg'an qoylardi'n' sani' boyi'nsha du'nyada birinshi wori'ndi' iyeleydi. Sharwashi'li'q awi'l xojali'g'i'ni'n' jetekshi tarawi' yesaplanadi'. Ma'm-lekette diyqanshi'li'q joqari' da'rejede rawajlang'an. Qantqami'si', a'sirese, paxta ha'm g'a'lleshilik u'lken a'hmiyetke iye. Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q wo'nimleri jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati'ni'n' shiyki zati'.

Okeaniya yellerinin' xalqi' tiykari'nan bali'qshi'li'q, awi'l xojali'g'i' menen shug'i'llanadi'. Ko'pshilik atawlar (Franciya Polineziyasi', Vanuatu, Kiribati, Fiji) du'nyani'n' iri turizm ha'm sayaxatshi'li'q rayonlari'na aylandi'.

Avstraliyada tiykarg'i' ju'kler temir jol transporti' arqali' tasi'ladi'. Xali'q-arali'q sawda baylani'slari'nda ten'iz transporti'ni'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken. Avstraliyada keyingi ji'llari' qubi'r transporti'ni'n' rawajlani'wi'na u'lken itibar qarati'lmaqta. Avstraliyani'n' si'rtqi' sawda aylani'si' 2012-ji'li' 301,1 mlrd. dollardi' quradi'. Avstraliya si'rtqa, tiykari'nan, AQSH, Yaponiya, Evropa yellerine taw-ka'n, metallurgiya, mashinasazli'q, jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' wo'nimlerin shi'g'aradi'. Avstraliya ha'zirgi waqi'tta Shi'g'i's ha'm Qubla shi'g'i's Aziya yellerinin' tiykarg'i' shiyki zat bazasi'na aylanbaqta. Usi'ni'n' menen birge, joqari' texnologiyalarg'a su'yenip islep shi'g'ari'lg'an sanaat wo'nimleri de yelden ken' ko'lemde eksport yetilmekte. Import u'lesinin' ko'beyiwi neft, neft wo'nimleri ha'm ko'p mug'darda kompyuterlerdi import yetiw menen baylani'sli'.

## *A'meliy jumi's*

Jazi'wsi'z kartag'a Avstraliya ha'm Okeaniyani'n' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' talqi'lan', si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'na ta'n uluwma wo'zgesheliklerin ani'qlan'.

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Xojali'g'i'ni'n' tiykarg'i' tarawlari'n belgilen' ha'm wolar haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Avstraliyani'n' sanaati'nda u'lken rol woynaytug'i'n tarawlardi' ani'qlan' ha'm wolardi'n' rawajlani'w faktorlari' haqqi'nda ayti'p berin'.




# *10-tema.* Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketleri

## 62-§. Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketlerinin’ uluwma ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**Arqa Amerika, Worayli’q Amerika, federativlik respublika, unitar respublika, migraciya.**

Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketleri qatari’na Amerika Qurama Shtatlari’, Kanada, Kosta-Rika, Salvador, Gvatemala, Gonduras, Meksika, Nikaragua, Panama ha’m Beliz kiredi.

Uluwma maydani’ 21825 mi’n’ km$^2$, xalqi’ni’n’ sani’ (2013-j iyul ayi’na sali’sti’rg’anda) 506 mln. adam, sonnan 353,2 mln. adam (69,6 %) AQSH ha’m Kanada yellerine tuwri’ keledi.

Ta’biyiy resurslarg’a ju’da’ bay. Bul wori’nda, asirese, AQSH, Kanada ha’m Meksika keskin aji’rali’p turadi’.

AQSH ha’m Kanada ta’biyiy resurslardi’n’ ha’r qi’yli’ tu’rleri ha’m u’lken qorlari’na iye. Meksika da neft, polimetall rudalari’ ha’m ximiyali’q shiyki zat resurslari’na bay. Neft Meksika qolti’g’i’nan qazi’p ali’nadi’.

Worayli’q Amerika yellerinin’ tiykarg’i’ ta’biyiy bayli’g’i’—bul tog’aylar. Tog’aylarda qi’mbat bahali’ daraqlar wo’sedi.

Xalqi’ni’n’ tiykarg’i’ bo’legi AQSH, Meksika ha’m Kanadag’a tuwri’ keledi. Qalg’an yellerde 0,3 mln. adamnan (Beliz), 14,0 mln. adamg’a shekem (Gva-temala) xali’q jasaydi’. Xali’q, tiykari’nan, ta’biyiy ko’beyiw ha’m migraciya (AQSH,Kanada) yesabi’nan ko’beymekte. Xali’qti’n’ sani’ni’n’ wortasha ji’lli’q wo’siw pa’ti AQSH ha’m Kanadada 0,6—0,7 % ten, Gvatemala, Gonduras ha’m Nikaraguada 2,5—3,0 % ke shekem jetedi.

Xali’q bir tegis jaylaspag’an. Woni’n’ tiykarg’i’ bo’legi materiktin’ bati’s ha’m shi’g’i’s jag’alari’nda, diyqanshi’li’q ushi’n qolayli’ bolg’an tegislik ha’m taw aldi’ zonalari’nda jasaydi’. A’sirese, AQSH ha’m Kanadani’n’ Ulli’ ko’llerge tutas aymaqlari’nda, Atlantika ha’m Ti’ni’sh okeani’ boylari’nda xali’q ti’g’i’z jaylasqan.

Xali’q amerikali’-inglisler, kanadali’-inglisler, kanadali’-francuzlar, meksikali’lar ha’m basqa, tiykari’nan, ispan tilinde so’ylesetug’i’n xali’qlardan ibarat. Qala xalqi’ni’n’ u’lesi AQSH ha’m Kanadada 80 %

ten asadi’, qalg’an yellerde wol a’dewir to’men da’rejede (Ganduras 50,2 % ten Meksika 78,1 % ke shekem).

Xojali’qti’n’ negizin AQSH ha’m Kanadada sanaat, Meksikada sanaat penen diyqanshi’li’q, Panamada ten’iz transporti’, qalg’an yellerde diyqanshi’li’q, tiykari’nan, banan, kofe, qantqami’si’, ju’weri jetistiriw quraydi’.

Worayli’q Amerika yelleri sanaati’nda taw-ka’n ha’m azi’q-awqat sanaati’ tarawlari’ jetekshi wori’nlardi’ iyeleydi.

Xali’qarali’q ekonomikali’q baylani’slardi’ a’melge asi’ri’wda, yag’ni’y eksport-import operaciyalari’nda ten’iz transporti’, ishki baylani’slarda temir jol ha’m avtomobil transporti’ a’hmiyetli rol atqaradi’.

Qubi’r transporti’ AQSH, Kanada ha’m Meksikada joqari’ da’rejede rawajlang’an.

***A’meliy jumi’s***

1. Arqa ha’m Worayli’q Amerikani’n’ siyasiy kartasi’n du’zin’.

2. Jazi’wsi’z kartag’a Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketlerinin’ ekonomikali’q kartasi’n tu’sirin’ ha’m woni’ ta’riyiplen’.

***Soraw ha’m tapsi’rmalar***

1. Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketleri qurami’na kiretug’i’n yellerdi ani’qlap, wolardi’n’ atamasi’, ma’mleketlik du’zimi, paytaxti’ haqqi’ndag’i’ mag’luwmatlardi’ da’pterin’izge jazi’p qoyi’n’.
2. Xalqi’ni’n’ sani’, tili, rasasi’ haqqi’nda nelerdi bilesiz?

## 63-§. Amerika Qurama Shtatlari’

***Tayani’sh tu’sinikler***

**AQSH, shtat, federal okrug, federativlik respublika, Kongress.**

**Geografiyali’q worni’ ha’m ma’mleket haqqi’nda uluwma mag’luwmatlar.** AQSH jer maydani’ pu’tkil Bati’s Evropa yellerinen u’lken boli’wi’na qara-mastan, Rossiyadan keyingi wori’nda turadi’. Ma’mleket 50 shtat ha’m Kolumbiya Federalli’q okruginen ibarat. Tiykarg’i’ 48 shtati’ Arqa Amerika materiginin’ qubla ha’m worayli’q bo’leginde jaylasqan.

Ha’zirgi ku’nde AQSH — Federativlik Respublika. Ma’mlekette 1787-ji’li’ qabi’l yetilgen Konstituciya ha’reket yetedi. Ma’mleket basshi’si’ — Prezident. Ni’zam shi’g’ari’wshi’ organ’ — Kongress.

Ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy bayli'qlari'. Yeldin' materik bo'leginin' aymag'i' diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'qti'n' derlik barli'q tarawlari'n rawajlandi'ri'w ushi'n qolayli' bolg'an agroklimat resurslari'na iye. AQSH ti'n' ju'da' u'lken maydani'n iyelegen ken'likler yeldin' yen' iri g'a'lle ma'kani' yesaplanadi'. Qi'zi'g'i' sonnan ibarat, derlik 100—120 mln. t. da'n suwg'ari'lmaytug'i'n jerlerde jetistiriledi. Uluwma zu'ra'a'tti'n' turaqli'li'g'i' 6—7 ji'lda bir ret buzi'ladi', yag'ni'y klimat qurg'aq kelip, da'n yeginleri bir qansha zi'yan ko'redi.

AQSH ta'biyiy resurslardi'n' barli'q tu'rlerine bay. Mineral resurslardi'n' geypara tu'rlerinin' qorlari' boyi'nsha du'nyada jetekshi wori'nlardi' iyeleydi. Bulardi'n' qatari'na tasko'mir, mi's, molibden, alyuminiy shiyki zatlari', qorg'asi'n, cink, uran rudalari', alti'n, fosforitler, ha'r qi'yli' duzlar kiredi.

Jani'lg'i'-energetika resurslari' tasko'mir, neft, ta'biyiy gaz ha'm gidro-resurslarg'a tiykarlanadi'. Tasko'mirdin' iri ka'nleri Appalashi basseyninde ha'm Worta Bati's rayoni'nda bar. Bir ji'lda yelde 1100 mln. t. dan aslam ko'mir qazi'p ali'nbaqta.

AQSH iri neft qorlari'na iye. Iri neft ka'nleri Alyaska (Pradxo-Bey), Texas, Nyu-Meksika, Luiziana, Kaliforniya shtatlari'nda ha'm Meksika qolti'g'i'nda jaylasqan. Ma'mlekette ji'li'na 400 — 450 mln. tonna a'tirapi'nda neft qazi'p ali'nbaqta.

AQSH ta iri ta'biyiy gaz ka'nleri neft ka'nlerinin' jani'nda jaylasqan (Texas, Kaliforniya shtatlari' ha'm Meksika qolti'g'i'). Yelde ji'li'na wortasha 500 mlrd. $m^3$ ta'biyiy gaz ali'nbaqta.

AQSH ta qara ha'm ren'li metallurgiya tarawlari' ushi'n za'ru'r bolg'an rudali' qazi'lma ka'nleri ha'm qorlari' a'dewir ko'p.

Temir rudasi'ni'n' u'lken qorlari' Ulli' ko'llerdin' boylari'ndag'i' ka'nlerde toplang'an.

Da'ryalari'nan Kolumbiya, Kolorado, Niagara gidroenergiya resurslari'na bay, wonnan ha'zirgi waqi'tta na'tiyjeli paydalani'lmaqta.

**Xalqi'.** Xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha Qi'tay ha'm Hindistannan son'g'i' u'shinshi wori'ndi' iyeleydi. Xali'q sani'ni'n' bul da'rejege jetiwinde immigra-ciya u'lken rol woynag'an.

AQSH xalqi'ni'n' sani' 2013-ji'ldi'n' iyul ayi'na sali'sti'rg'anda ali'ng'an mag'luwmat boyi'nsha 314,7 mln. adamdi' quraydi'. Xali'qti'n' wortasha ji'lli'q wo'siw pa'ti 0,9 % ke ten'. Xali'q sani' ta'biyiy ko'beyiw yesabi'nan da, immigraciya yesabi'nan da wo'spekte. Ma'mlekette keyingi ji'llari' xalqti'n' ha'r 1000 adami'na 16 bala ti'wi'ladi', 9 adam wo'lmekte. Ta'biyiy ko'beyiw koefficienti 7 promillege ten'. Wortasha wo'mir su'riw da'wiri yerler ushi'n 78 jasti', hayallar ushi'n 83 jasti' quraydi'.

AQSH xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an Evropa yellerinen a'dewir to'men (wortasha 1 $km^2$ maydang'a 33 adam). Xalqi' bir tegis jaylaspag'an.

Xalqi'ni'n' sani' boyi'nsha iri shtatlar to'mendegiler:

Kaliforniya (36 mln adam), Nyu-York (22 mln. adam), Texas (20 mln. adam), Florida (16 mln. adam). Uluwma, yeldin' ekonomikali'q rawajlang'an, joqari' da'rejede sanaatlasqan aymaqlari'nda xali'qti'n' derlik 2/3 bo'legi jasaydi' (Bosvash, Shpic, Sansan). AQSH jer ju'zinin' joqari' urbanizaciyalasqan aymaqlari'nan biri (qalalarda jasawshi'lardi'n' u'lesi 82,6 %). Millioner qalalar qatari'na Nyu-York, Chikago, Los-Anjeles, Xyuston, Filadelfiya, Detroyt, Dallas, Sietl, Boston, San-Francisko ha'm basqalar kiredi.

**Xojali'g'i'.** Jer ju'zi yelleri arasi'nan AQSH usag'an itibardi' wo'zine ayri'qsha tartatug'i'n ma'mleketti tabi'w qi'yi'n. Wol du'nyadag'i' iri ma'mleketlerdin' biri boli'p, ko'p tarawlarda — Jer ju'zi siyasati'nda da, sheshiwshi rol woynaydi'. Yelde 2012-ji'li' 15,7 trln. AQSH dollari'na ten', JIO islep shi'g'ari'ldi'. Bul du'nyada birinshi ko'rsetkishi ekonomikali'q, ilimiy-texnikali'q ha'm a'skeriy qu'diretke iye. Atap aytqanda, neft, ta'biyiy gaz, ko'mir ha'm polat islew boyi'nsha wol 3 jetekshi ja'ha'n ma'mleketleri qatari'na kiredi. Al, elektr energiyasi'n islep shi'g'ari'w boyi'nsha AQSH birden-bir jetekshi ma'mleket yesaplanadi'. Elektrotexnika, elektronika ha'm aerokosmosli'q buyi'mlardi'n' sapasi', avtomobilsazli'q, kemesazli'q ha'm samolyotsazli'q tarawlari' ha'm ximiya sanaati'ni'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha AQSH du'nyada alqi'ng'i' wori'nlardi' saqlap turi'pti'. Da'n wo'nimlerin jetistiriwde jer ju'zinde yekinshi, awi'l xojali'g'i' wo'nimlerin eksport yetiw boyi'nsha birinshi wori'ndi' iyeleydi. Amerika ekonomikasi'nda kapitaldi'n' woraylasi'wi' tiykarg'i' belgi yesaplanadi'. Amerikani'n' iri korporaciyalari' wo'zi a'melge asi'ri'p ati'rg'an isleri boyi'nsha transmilliy xarakterge iye. Du'nyani'n' iri 500 TMK lerinen 100 den aslami' AQSH ta jaylasqan. Dizim basi'nda **«Jeneral Motors», «Exxon», «Ford Motors»** ha'm **«IBM»** turadi'.

**Qara metallurgiya**. Sanaatti'n' bul tarawi'n «mashqalag'a» bay dep ayti'wg'a boladi'. Basqa ekonomikali'q jaqtan rawajlang'an yeller si'yaqli' AQSH ta da qara metall yeritiw qi'sqarmaqta (XX a'sirdin' 90-ji'llari'ni'n' basi'nda shama menen 100 mln. t., ha'zir 75 — 80 mln. t.). Bul tarawda islewshiler sani' da azayi'p barati'r. Qara metallardi' yeritiw processin ma'mlekette bir neshe iri kompaniyalar qadag'alap baradi'. Wolardi'n' yen' irisi — «Yunayted Steyts Stil» korporaciyasi' yesaplanadi'.

**Ren'li metallurgiya**. AQSH ren'li metallardi'n' tiykarg'i' tu'rlerin ko'p islep shi'g'ari'wshi' yesaplanadi'. Mi's, cink, qorg'asi'n yeritiw

zavodlari' Montana, Yuta, Aydaxo, Arizona shtatlari'nda bar. Iri ren'li metallurgiya rayoni' Ti'ni'sh okean jag'alari'ni'n' Arqa-bati's bo'leginde jaylasqan.

**Mashinasazli'q ha'm metalldi' qayta islew sanaati'** AQSH sanaati'ndag'i' yen' iri taraw. Wog'an sanaatta ba'nt xali'qti'n' 40 % i tuwri' keledi. AQSH mashinasazli'g'i'n won mi'n'lag'an ka'rxanalar ha'm mi'n'lag'an firmalar quraydi', biraq, usi'lardi'n' ishinde bir neshe iri monopoliyalar u'stemlik yetedi. Avtomobilsazli'qta — **«Jeneral Motors», «Ford Motors»; aviasazli'qta — «Boing», «Makdonald Duglas», «Lokxid»**; elektronikada — «Jeneral elektroniks», kompyuter islep shi'g'ari'wda — **«Interneyshnl Biznes Mashins»** (IBM) usi'lardi'n' qatari'na kiredi. Amerika mashinasazli'g'i'nda yen' a'hmiyetli taraw avtomobilsazli'q yesaplanadi'. Avtomobilsazli'q tarawi' AQSH ti'n' 20 shtati'nda bar. Mishigan shtati'ndag'i' Detroyt qalasi' yeldin' «avto-mobil paytaxti'» yesaplanadi'. Bul rayonni'n' barli'q u'lken qalalari' (Toledo, Shikago, Klivlend, Buffalo ha'm basqalar) avtomobilsazli'qti'n' woraylari'.

**Aviaciya sanaati'** — AQSH xojali'g'i'ni'n' iri tarawlari'ni'n' biri. Woni'n' qurami'na raketasazli'q ha'm kosmosli'q texnikani' islep shi'g'ari'w da kiredi. Iri monopoliyalari': «Boing», «Yunayted Teknolojis», «Makdonald Duglas», «Lokxid» yesaplanadi'. Al «Boing» bolsa jer ju'zindegi yen' iri aviatsiya sanaati' korporaciyasi'. AQSH ta kemesazli'q woraylari' Atlantika wokeani' ha'm Meksika qolti'g'i' jag'alari'ndag'i' qalalarda jaylasqan.

Elektrotexnika ha'm elektronika sanaati'. Bul sanaatta, tiykari'nan, turmi's xi'zmetin ko'rsetiw texnikasi' islep shi'g'ari'ladi'. EEM jer ju'zi bazari'n IBM basshi'li'g'i'ndag'i' Amerika firmalari' basqari'p baradi'. AQSH ha'm basqa ma'mleketlerdegi IBM ka'rxanalari'nda 300 mi'n' adam jumi's benen ba'nt. Tarawdi'n' iri woraylari' — Chikago, Los-Anjeles, San-Francisko, Nyu-York, Boston, Pittsburg, Filadelfiya, Anaxaym, Dallas ha'm Fort-Uert yesaplanadi'.

**Ximiya sanaati'**. AQSH du'nyada ximiya sanaati'ni'n' rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha jetekshi wori'ndi' iyeleydi. Bul tarawda «Dyupon de Nemur», «Dou kemikl», «Monsanto» ha'm basqa firmalar joqari' wori'nlarda turadi'. Taraw polimerler (plastmassalar, ximiyali'q talshi'q, sintetikali'q kaushuk), mineral to'ginler, boyawlar, turmi's xi'zmeti ushi'n boyawlar, farmatsevtika ha'm kosmetika wo'nimlerin islep shi'g'ari'ladi'.

Azi'q-awqat sanaati' AQSH ta basqa iri tarawlar menen bir qatarda turadi'. Bul taraw ma'mlekettin' awi'l xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi'na su'yenedi. Azi'q-awqat sanaati' wo'niminin' ko'pshilik bo'legi Arqa shtatlarg'a tuwri' keledi. Iri go'sh-konserva zavodlari' Bati's shtatlardag'i' qala ha'm kishi qalashalarda bar. Du'nyag'a «Koka-kola», «Pepsi-kola» firmalari'ni'n' wo'nimleri ken' taralg'an.

## AQSHTI'N' ADMINISTRATIVLIK-AYMAQLI'Q BO'LINIWI



### *A'meliy jumi's*

1. Jazi'wsi'z kartag'a AQSH ti'n' administrativlik-aymaqli'q kartasi'n tu'sirin' ha'm woni' talqi'lap berin'.

2. Jazi'wsi'z kartag'a AQSH ti'n' ekonomikali'q kartasi'n tu'sirin ha'm woni' ta'riyiplep berin'.

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. AQSH ti'n' ekonomikali'q-geografiyali'q worni'na baha berin'.
2. AQSH xalqi'ni'n' dinamikasi'nda immigraciyani'n' roli u'lken da'wirlerdi belgilen'.
3. Ma'mleket xojali'g'i'ni'n' tiykari'n qaysi' tarawlar quraydi' ha'm ne ushi'n?
4. AQSH sanaati'nda ilim talap tarawlardi'n' worni' ha'm a'hmiyeti haqqi'nda nelerdi bilesiz?

## 64-§. Kanada: ekonomikali'q-geografiyali'q si'patlamasi'

### *Tayani'sh tu'sinikler*

**Dosli'q awqami' qurami'ndag'i' federativlik ma'mleket, temir, nikel, uran, neft, gaz, tog'ay, kanadali'-inglizler, kanadali'-francuzlar, an'shi'lar, bali'qshi'li'q.**

Kanada Arqa Amerikada jaylasqan, jer ju'zinde ekonomikali'q jaqtan yen' rawajlang'an yellerdin' biri, «Segizlik» ma'mleketleri qatari'na kiredi. Kanada aymag'i' Arqa Amerika materiginin' arqa bo'legi ha'm wog'an jaqi'n atawlarda jaylasqan. Maydani' 9971,0 mi'n' km$^2$, xalqi'ni'n' sani' 38,5 mln. adam (2013-j).

Kanada — Dosli'q awqami' qurami'ndag'i' federativlik ma'mleket. 1931-ji'li' wog'an toli'q g'a'rezsizlik berilgen. Kanada ta'biyiy resurslarg'a ju'da' bay yel. Woni'n' aymag'i'nda uran, temir rudasi', nikel, mi's, qorg'asi'n, cink, alti'n, gu'mis, neft ha'm ta'biyiy gazdin' iri ka'nleri bar. Uran, nikel, alti'n, gu'mis ha'm basqa bir qatar rudali' ha'm ruda yemes qazi'lma bayli'qlardi' qazi'p ali'w boyi'nsha Kanada du'nya yelleri ishinde jetekshilik qi'ladi'. Ma'mleket, jer, a'sirese, **suw** ha'm **tog'ay** resurslari'na ju'da' bay. Arqa poyasi'ndag'i' tog'aylardi'n' derlik 1/3 bo'legi usi' yelge tuwri' yetedi.

**Xalqi'ni'n'** derlik 40 % i kanadali'-inglizler, 30 % i kanadali'-francuzlardan ibarat. Qalg'an bo'legi nemisler, italyanlar, ukrainlar, gollandlar, ruslar ha'm basqa millet wa'killerinen quralg'an. Yeldin' arqasi'nda **an'shi'li'q** ha'm **bali'qshi'li'q** rawajlang'an, worayli'q ha'm bati's aymaqlari'nda jergilikli indeecler, eskimoslar, atapaskalar ha'm basqalar shashi'randi' tu'rde jasaydi'.

Xali'q sani' ta'biyiy wo'siw ha'm migraciya saldosi' yesabi'nan ko'beymekte. Wortasha ji'lli'q wo'siw pa'ti keyingi won ji'lli'qta 1%

ten aspaydi'. Qalalarda xali'qti'n' derlik 80,7 % i jasaydi'. Iri qalalari' qatari'na Monreal, Toronto, Vankuver, Kvebek ha'm basqalar kiredi. Kanada **ekonomikasi'** joqari' rawajlang'an yel. Kanada du'nya yelleri ishinde nikel, cink, gu'mis rudalari', kaliy duzlari', asbest qazi'p ali'w ha'm qag'az islep shi'g'ari'wda birinshi; alti'n, platina, molibden rudasi', ku'kirt, uran qazi'p ali'w ha'm cellyuloza islep shi'g'ari'wda yekinshi ha'm u'shinshi wori'nlardi' iyeleydi.

Kanada sanaati'nda taw-ka'n tarawlari' menen bir qatarda — **elektro-energetika, tog'ay, ag'ashti' qayta islew ha'm cellyuloza-qag'az, transport ha'm awi'l xojali'g'i' mashinasazli'g'i', qara ha'm ren'li metallurgiya, ximiya ha'm neft-ximiya, azi'q-awqat** (un, go'sh, bali'q-konserva ha'm t.b.) **ha'm jen'il** sanaat (toqi'mashi'li'q, teri ayaq-kiyimleri ha'm tigiwshilik) tarawlari' joqari' da'rejede rawajlang'an. Awi'l xojali'g'i' ha'm sharwashi'li'q joqari' da'rejede mexanizaciyalasqan ha'm qa'nigelesken. Yelde transportti'n' barli'q tu'rleri jaqsi' rawajlang'an.

***A'meliy jumi's***

1. Jazi'wsi'z kartag'a Kanadani'n' ta'biyiy kartasi'n tu'sirip, talqi'lan'.
2. Kanadani'n' ekonomikali'q kartasi'n ta'riyiplen'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Ne ushi'n Kanada «Segizlik» yelleri qatari'na qosi'lg'an?
2. Kanada xalqi'ni'n' aymaqli'q jaylasi'wi'na ta'n wo'zgesheliklerdi belgilen'.
3. Yel diyqanshi'li'g'i' ha'm sharwashi'li'g'i'nda qaysi' tarawlar xali'qarali'q qa'nigelesiw tarawlari' yesaplanadi'?



# *11-tema.* Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yelleri

## 65-§. Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yellerinin' uluwma si'patlamasi'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Qubla Amerika, Amazonka, And yelleri, Karib basseyni, U'lken Antil, Kishi Antil, banan, kofe, qantqami'si'.**

Panama ma'mleketinen qublada jaylasqan barli'q ma'mleketler menen Karib ha'm Atlantika basseyni yelleri Qubla Amerika, Karib

ten'izi ha'm Atlantika basseyni yelleri dep ataladi'. Amerika kontinenti ashi'lg'annan son' ko'p wo'tpey Qubla Amerika, tiykari'nan, Ispaniya ha'm Portugaliya yelleri ta'repinen basi'p ali'ndi' ha'm wo'z koloniyalari'na aylandi'ri'ldi'.

XIX a'sir dawami'nda Qubla Amerikadag'i' ko'plegen ma'mleketler wo'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgizdi. Son'g'i' koloniyalar XX a'sirdin' 60—70-ji'llari'na kelip azatli'qqa yeristi (Gviana basqa). Ha'zir bul poyasta 12 g'a'rezsiz ma'mleket ha'm 1 (Gviana) kolonoyasi' bar. Karib ha'm Atlantika basseyninde bolsa yellerdin' uluwma sani' 27.

Qubla Amerika, Karib ha'm Atlantika basseyni yelleri uluwma ja'ha'n geografiyali'q miynet bo'listiriliwinde ayri'qsha wori'n tutadi'. Bul poyas yelleri rawajlang'an ha'm rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler qatari'nda kiredi.

Qubla Amerikada 3 subregion aji'rali'p turadi':

Amazonka ha'm La-Plata tegislikleri; And yelleri; Karib basseyni ha'm Atlantika okeani'nda jaylasqan ma'mleketler.

Poyasti'n' uluwma maydani' 18,0 mln. km2 boli'p, wonda 451 mln. adamnan zi'yat xali'q jasaydi'. Sonnan 17,8 mln. km2 maydan ha'm 401,3 mln. g'a ten' xali'q Qubla Amerikag'a tuwri' keledi.

Aymag'i', shegarasi', geografiyali'q worni'. Qubla Amerikani'n' aymag'i' arqada Panamani'n' ma'mleketlik shegaralari'nan baslani'p, Qubladan Wotli' Jer atawlari'na shekem sozi'lg'an. Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yellerinin' geografiyali'q worni'ni'n' wo'zgesheliklerin, tiykari'nan, wolardi'n' Atlantika ha'm Ti'ni'sh okeanlari' menen worap turi'li'wi' belgileydi. Boliviya ha'm Paragvaydan basqa barli'q poyas ma'mleketlerinin' mine usi' wokean basseynlerine tutasli'g'i' wolardi'n' du'nya bazari' menen baylani'si'wi'nda a'hmiyetli qural boli'p xi'zmet yetedi. 1914-ji'li' quri'lg'an Panama kanali' Qubla Amerika ha'm Karib basseyni yellerinin' ekonomikali'q-geografiyali'q worni'n EGO (Ekonomikali'q-geografiyali'q worni') keskin jaqsi'ladi'.

Ta'biyiy sharayati' ha'm ta'biyiy resurslari' a'dewir bay ha'm ha'r qi'yli'.

Ta'biyiy sharayati'ni'n' wo'zgesheliklerin Qubla Amerika ha'm Karib basseyni aymaqlari'ni'n' i'g'al tropikali'q ha'm wortasha klimatli' poyaslari' boylap jaylasqanli'g'i', okean ha'm ten'iz benen qorshalg'an ken' taw ha'm woypatli'qlardi'n' bar boli'wi' belgileydi. Wo'nimdar topi'raqlarg'a iye bolg'an ken' tegislikler ha'm qolayli' taw arali'g'i' alaplari' Qubla Amerikani'n' derlik barli'q aymaqlari'nda ha'r qi'yli' xojali'q tarawlari'n ken' rawajlandi'ri'wg'a mu'mkinshilik beredi. Ta'biyiy i'g'alli'li'q ko'rsetkishlerinin', tiykari'nan, joqari' ha'm wortasha da'rejesi woni'n' bir ta'repten wo'simlik qatlami'na bay yen' jasi'l, tiykari'nan, qurg'aq sho'l-saxralardan derlik wo'zgeshe (yeger tar ha'm kishi

maydandag'i' Atakama sho'lin yesapqa almag'anda) poyasi' boli'wi'na sebepshi.

**Xalqi'.** Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yelleri xalqi'ni'n' sani' jag'i'nan tez ko'beyiw da'wiri wo'tken a'sirdin' 60—70-ji'llari'na tuwri' keledi. Xali'qti'n' ta'biyiy wo'siw ko'rsetkishleri ha'zir bul poyasta 13 (jer ju'zi boyi'nsha wortasha 12) promillege ten'.

Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yelleri xalqi'ni'n' etnikali'q qurami' tiykari'nan u'sh rasa xali'qlari'na bari'p taqaladi'. Wolar: mongoloid (jergilikli indeecler), evropoid ha'm negroid rasalari'na jatatug'i'n xali'qlar. Urbanizaciya da'rejesi Trinidad ha'm Tobago ma'mleketinde 14,2 % ten Venecuelada 93,6% ke shekem jetedi. Poyasti'n' yen' iri ma'mleketi bolg'an Braziliyada 86,9% ke jetedi..

***A'meliy jumi's***

1. Qubla Amerika ha'm Karib basseyninin' siyasiy kartasi'n «Atlas» tan ko'shirin' ha'm woni' talqi'lan'.
2. Xalqi'ni'n' kartasi'n du'zin' ha'm woni' ta'riyiplep berin'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Qubla Amerika ma'mleketlerin ne ushi'n ko'binshe Lati'n Amerikasi' ma'mleketleri dep ataydi'?
2. Karib basseyni ma'mleketlerinin' qaysi'lari' g'a'rezsiz, qaysi'lari' koloniyali'q ma'mleketlerden ibarat?

## 66-§. Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni ma'mleketlerinin' xojali'g'i', transporti', si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slari'

***Tayani'sh tu'sinikler***

**Federativlik Respublika, shtat, federativlik aymaq, selva, jer resurslari', indeecler, evropali'lar, metis, mulat, sambo.**

Qubla Amerika, Karib ten'izi ha'm Atlantika okeani' basseyni yellerinin' xojali'g'i' wortasha rawajlani'w da'rejesi boyi'nsha Aziya ha'm Afrikadag'i' rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketlerge qarag'anda sezilerli u'stinlikke iye. Biraq, sanaat Qubla Amerikada bir tegis rawajlanbag'an. Ha'zirgi waqi'tta sanaat Argentina, Braziliya, Urugvay, Yamayka, Kuba, Puerto-Riko, Trinidad, Tobaco ha'm Chilide poyasti'n' basqa yellerine sali'sti'rg'anda bir qansha rawajlang'an. Sanaatti'n' barli'q tarawlari' bar. Taw-ka'n sanaati', Venesuela (neft), Shili (mi's fosforlar), Braziliya (temir rudasi', almaz, alti'n), Boliviya (ta'biyiy gaz), Surinam, Yamayka (boksitler) ha'm basqa yellerde bar.

Qayta islewshi sanaattan qara metallurgiya (Braziliya), ren'li metallurgiya Braziliya, Chili, Yamayka ha'm Surinam yellerinde rawajlang'an. Elektro-energetika Braziliya, Chili, Venesuela, Surinam ha'm basqa yellerde bar.

Mashinasazli'q ka'rxanalari' barli'q yellerde rawajlang'an. Avtomobilsazli'q Venesuela, Braziliya ha'm Argentinada joqari' da'rejede rawajlang'an.

Ximiya ha'm neft-ximiya sanaati' Braziliya ha'm Venesuelada, ag'ashti' qayta islew Braziliyada tovar a'hmiyetine iye.

Jen'il ha'm azi'q-awqat sanaati' tarawlari' poyasti'n' barli'q yellerinde wo'zinin' ka'rxanalari'na iye.

**Awi'l xojali'g'i'** poyas aymag'i' boylap tegis rawajlanbag'an. Barli'q awi'l xojali'q wo'niminin' 1/3 bo'legin sharwashi'li'q jetistirip beredi. Bul tarmaqti'n' a'hmiyeti, a'sirese, Argentina, Urugvay ha'm Braziliyada u'lken. Qaramalshi'li'q, qoyshi'li'q, qus wo'siriw-sharwashi'li'qti'n' yen' wo'nimdarli' tarawlari' yesaplanadi'. Ten'iz boyi' ma'mleketleri, a'sirese Peru, Chili ha'm Braziliyada bali'qshi'li'q a'hmiyetli taraw yesaplanadi'. Diyqanshi'li'q tarawlari'nan da'nshilik (Argentina, Braziliya), qantqami'si'n jetistiriw (Braziliya, Kuba, Venesuela, Kolumbiya ha'm basqalar), kofe jetistiriw (Braziliya, Kolumbiya, Venesuela), banan jetistiriw (Braziliya, Kolumbiya, Worayli'q Amerika ha'm Karib ten'izi basseyni yelleri) ha'm basqalarda tovar a'hmiyetine iye.

**Transporti'** Qubla Amerika yellerinin' ko'pshiliginde a'dewir to'men rawajlang'an. Qurg'aqli'qta ha'reket yetiwshi tiykarg'i' transport tarawi' avtomobil yesaplanadi'. Bul taraw barli'q poyas yellerin bir-biri menen baylani'sti'ri'wshi' birden-bir qurg'aqli'q transporti'. Temir jol transporti' da to'men rawajlang'an. Al, bul wo'z gezeginde ekonomikani'n' rawajlani'wi'na a'dewir tosqi'nli'q yetedi. Barli'q yeller ha'm wolardi'n' ishki rayonlari'n bir-biri menen baylani'sti'ri'wda ten'iz ha'm da'rya transporti', a'sirese Karib basseyni yelleri ushi'n u'lken a'hmiyetke iye. Sanaati'nda taw-ka'n, neft-ximiya, metallsazli'q, xali'q tuti'ni'w wo'nimlerin islep shi'g'ari'w tarawlari' a'dewir a'hmiyetli. Awi'l xojali'g'i'nda iri jer iyelerine tiyisli plantaciyalarda si'rtqi' bazar ushi'n ko'plep kofe, qantqami'si', banan, tropikali'q miywe wo'nimleri wo'ndiriledi. Okean boyi' aymaqlari'nda ten'iz bali'qshi'li'g'i' u'lken ekono-mikali'q a'hmiyetke iye. Peru ha'm Chili jer ju'zindegi yen' iri bali'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'wshi' ma'mleketler qatari'na kiredi.

Poyasta si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slar jaqsi' rawajlanbaqta. 2012-ji'li' a'melge asi'ri'lg'an tovarlar eksporti' boyi'nsha – Braziliya (250 mlrd. AQSH dollari'), Venesuela (69,2 mlrd.), Argentina (70 mlrd), Shili (67,6 mlrd.), Puerto-Riko (46,9 mlrd.), Kolumbiya (30,6 mlrd.), import boyi'nsha – Braziliya (170 mlrd.), Shili (44,0 mlrd.), Venesuela (45,5 mlrd.), Argentina (60 mlrd.) ma'mleketleri aji'rali'p turadi'.

### A’meliy jumi’s

1. Poyasti’n’ ekonomikali’q kartasi’n si’zi’n’ ha’m ta’riyiplep berin’.
2. Poyas yelleri eksport-import baylani’slari’ni’n’ tovar qurami’n «Atlas» tan ko’rip, si’patlap berin’.

### Soraw ha’m tapsi’rmalar

1. Sabaqli’q teksti ha’m «Atlas»tan paydalani’p, Qubla Amerikani’n’ Lati’n Amerikasi’nan wo’zgesheliklerin ani’qlan’.
2. Tekst ha’m «Atlas»tan paydalani’p, Qubla Amerikani’n’ neft-gaz ha’m ren’li metallarg’a bay bolg’an yellerdi ani’qlan’ ha’m talqi’lan’.
3. Qubla Amerikani’n’ qaysi’ ma’mleketlerinde jergilikli indeecler ha’m qaysi’ ma’mleketlerinde evropoid rasasi’na tiyisli xali’qti’n’ yen’ ko’p taralg’anli’g’i’n ha’m woni’n’ negizgi sebeplerin ani’qlan’.
4. Sanaat wo’ndirisinin’ aymaqli’q jaqtan monotsentrikali’q jag’dayda jaylasi’w sebeplerin ani’qlan’ ha’m wolar ko’birek qaysi’ ma’mleketlerge ta’n?
5. Kofe, qantqami’si’ ha’m banan jetistiriwshi yen’ iri poyas ma’mleketlerin ani’qlan’

.

## 67-§. Braziliyani’n’ uluwma ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’

### Tayani’sh tu’sinikler

**Federativlik Respublika, shtat, federativlik aymaq, selva, jer resurslari’, indeecler, evropali’lar, metis, mulat, sambo.**

Braziliya — Qubla Amerikani’n’ yen’ iri ma’mleketi. Wol maydani’ni’n’ u’lkenligi ha’m xalqi’ni’n’ sani’ boyi’nsha jer ju’zinde besinshi wori’ndi’ iyeleydi. Uluwma maydani’ 8547,4 mi’n’ $km^2$, al xalqi’ 201,0 mln. adam (2013-j.). Ma’mleketlik du’zimi — Federativlik Respublika. Qurami’nda 23 shtat bar. Sonday-aq, wo’z aldi’na ja’ne 3 federativlik aymaq ha’m paytaxt a’tirapi’ aymaqlari’n birlestiriwshi 1 federativlik okrug ma’mlekettin’ ha’kimshilik-aymaqli’q qurami’n quraydi’. Aymag’i’ mineral ta’biyiy bayli’qlarg’a bay. Wonda 50 ge jaqi’n mineral shiyki zat resurslari’, a’sirese, qara ha’m ren’li metallardi’n’ bay ka’nleri tabi’lg’an. Ja’ha’ndegi yen’ iri ha’m qurami’ yen’ bay temir ruda ka’nlerinen yesaplanatug’i’n Minas-Jerays ha’m Karajas yeldin’ ekonomikali’q turmi’si’nda u’lken a’hmiyetke iye. Sonday-aq, Braziliya du’nyali’q a’hmiyetke iye bolg’an iri marganets, boksit, polimetall ka’nlerine de iye. Woni’n’ aymag’i’nda tu’rli hasi’l ha’m siyrek ushi’rasatug’i’n metall ka’nleri ko’p. Biraq, wol jani’lg’i’ resurslari’ni’n’ birewine de bay yemes.

Braziliyani'n' qolayli' ta'biyiy sharayati' sebepli aymag'i'ni'n' 2/3 bo'legi i'g'al ekvatorial tog'aylar (selva) ha'm tropikali'q shen'gelzarlar menen qaplang'an. Sonli'qtan, Braziliya du'nyada tog'ayg'a yen' bay yellerden biri yesaplanadi'.

Ma'mlekettin' a'hmiyetli ta'biyiy resurslari' qatari'na suw ha'm gidro-energetika bayli'qlari' da kiredi. Du'nyada yen' ko'p suwli' Amazonka da'ryasi' ha'm tarmaqlari', sonday-aq, Tokantins, San-Francisko, Parana usag'an da'ryalari' wog'ada u'lken energetika quwatlari'n jasi'ri'p jatadi'.

Braziliya jer resurslari'na da ju'da' bay. Xalqi'ni'n' jan basi'na tuwri' keletug'i'n paydali' jer maydani' ko'rsetkishi boyi'nsha wol jer ju'zinde Avstraliya ha'm Rossiyadan keyinde turadi'. Wol agroklimat resurslari'na da wog'ada bay. Bulardi'n' ha'mmesi Braziliyani'n' ku'ta' u'lken ekonomikali'q mu'mkinshilikke iye yekenin ko'rsetedi.

Xalqi' ta'biyiy ko'beyiw yesabi'nan ji'li'na 1,2 % ke wo'sip ati'r. Xal-qi'ni'n' etnikali'q qurami'nda 80 nen aslam millet ha'm yetnikali'q toparlar bar. Bulardi'n' arasi'nda kelip shi'g'i'wi' boyi'nsha yevropali'lar salmag'i', ra'smiy mag'li'wmatlar boyi'nsha, barli'q xalqi'ni'n' 2/3 bo'legin quraydi'. Keyingi u'lken etnikali'q topar metisler ha'm mulatlar. Indeecler, tiykari'nan, Amazonka tog'aylari'ni'n' ishinde, al negrler bolsa yeldin' arqa-shi'g'i's rayonlari'nda ko'birek tarqalg'an.

Braziliya xalqi' aymaqli'q jag'i'nan tegis jaylaspag'an. Xalqi'ni'n' wortasha ti'g'i'zli'g'i' ha'r 1 km$^2$ maydang'a 24 adamnan tuwri' kelip, woni'n' 90 %i aymaqti'n' 2/5 bo'leginde jaylasqan. Ma'mleket xalqi'ni'n' yari'mi'nan ko'bi aymaqti'n' 7 % in quraytug'i'n tar okean boyi' aymaqlari'nda jasaydi'. Usi'ni'n' menen birge, Braziliyani'n' yari'mi'nan ko'birek maydani'n quraytug'i'n bati's rayonlari'nda xalqi'ni'n' tek 5 % i g'ana jasaydi'.

Braziliya joqari' da'rejede urbanizaciyalasqan ma'mleketler qatari'na kiredi—xalqi'ni'n' 86,9 % i qalalarda jasaydi'. Wonda 7 «millioner» qala bar, San-paulu ha'm Rio-de-Janeyro du'nyada yen' iri qalalar qatari'nan wori'n aladi'.

**Xojali'g'i'**. Ekonomikasi'ni'n' jetekshi tarawi' bolg'an sanaat son'g'i' ji'llari' turaqli' rawajlani'w ko'rsetkishleri menen aji'rali'p turadi'.

Metallurgiya sanaati'ni'n' tez rawajlani'wi', mashina-sazli'q tarawlari' rawaj-lani'wi'n a'dewir tezlestirdi. Braziliya wo'z avtomobilsazli'q (ji'li'na 1 mln. nan aslam avtomobil islep shi'g'aradi'), samolyotsazli'q, kemesazli'q tarawlari'na iye. Wonda ani'q ha'm qospali' mashinasazli'q, a'sirese ilimtalap mikroelektronika, radiotelemexanika, a'sbapsazli'q usag'an tarawlar u'lken tabi'slarg'a iye. Import yetiletug'i'n neft tiykari'nda neftximiya sanaati' barg'an sayi'n rawajlanbaqta. Biomassalar, birinshi gezekte, qantqami'si' shi'g'i'ndi'lari'n qayta islew tiykari'nda jer ju'zinde birinshi

# LATI'N AMERIKA SUBREGIONLARI'



boli'p yetil spirtin (benzin worni'na motor jani'lg'i'si' retinde avtomobil transporti'nda paydalani'lmaqta) islep shi'g'ari'w jolg'a qoyi'ldi'. Du'nyadag'i' yen' iri GES lar quri'li'si' yesabi'nan (Itaypu — quwati' 12,6 mln. kVt., Tukurui—quwati' 8 mln. kVt., Ksindo — quwati' 5 mln. kVt) elektroenergetika sanaati' u'lken tabi'slarg'a yeristi.

Braziliya qalasi'nda ha'zir 1mln. g'a jaqi'n xali'q jasaydi'. Wonda, tiykari'nan, ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari', jen'il ha'm azi'q-awqat ka'rxanalari', transport-telekommunikaciya tarawlari'ni'n' jumi'sshi'-xi'zmetkerleri jasaydi'.

Awi'l xojali'g'i'nda diyqanshi'li'q ta, sharwashi'li'q ta tovar a'hmiyetine iye yekenligi menen aji'rali'p turadi'.

Diyqanshi'li'qta da'nshilik, kofe, banan ha'm qantqami'si'n jetistiriw a'hmiyetli rol woynaydi'.

Sharwashi'li'qta go'sh sharwashi'li'g'i' ha'm qoyshi'li'q ken' tarqalg'an.

**Transporti'**. Temir jol, avtomobil, ten'iz ha'm da'rya transportlari' jaqsi' rawajlang'an. Temir jol transporti' Atlantika okeani' jag'asi'nda, avtomobil transporti' ma'mlekettin' barli'q aymaqlari'nda, da'rya transporti' Amazonka da'ryasi'nda (okean kemeleri Monaus qalasi'na shekem kirip baradi') rawajlang'an. Ten'iz transporti' ju'k tasi'w ko'lemi boyi'nsha jetekshi wori'ndi' iyeleydi.

Si'rtqi' ekonomikali'q baylani'slar. Eksportqa temir rudasi', ren'li metallar, banan, kofe, qantqami'si', ag'ash, mashinasazli'q wo'nimlerin shi'g'aradi'. Neft ha'm neft wo'nimleri, mashinasazli'q wo'nimlerin import yetedi. Eksport 250 mlrd., import 170 mlrd. AQSH dollari'n quraydi'.

***A'meliy jumi's***

1. Braziliyani'n' ta'biyiy kartasi'n du'zin' ha'm woni' ta'riyiplen'.
2. Ma'mlekettin' ekonomikali'q kartasi'n talqi'lan'.

***Soraw ha'm tapsi'rmalar***

1. Braziliyani'n' geografiyali'q worni' ha'm woni'n' tiykarg'i' wo'zgesheliklerin ani'qlan'. Ja'ha'n siyasiy kartasi'nan wog'an usas yellerdi tabi'wg'a ha'reket yetin'.
2. Braziliya qi'mbatli' mineral bayli'qlardi'n' qaysi' tu'rlerine bay ha'm qaysi' tu'rlerine jarli'?

## 68-§. Uluwmalasti'ri'wshi' ta'kirarlaw sabag'i'

Ja'ha'n ekonomikali'q socialli'q geografiyasi' sabaqli'g'i' ha'm woqi'w «Atlas» materiallari' tiykari'nda du'zilgen test tapsi'rmalari', a'meliy jumi'slardi' du'ziw boyi'nsha ta'psi'rmalar tiykari'nda baqlaw jumi'slari'n sho'lkemlestiriw usi'ni's yetiledi.

*1- keste*

**Du'nya ma'mleketlerinin' aymaqli'q-demografiyali'q da'rejesi ha'm rawajlani'wi'ni'n' tiykarg'i' ko'rsetkishleri (2012-ji'l mag'luwmati')**

| T/n | Ma'mleketler | Paytaxti' | Maydani', mi'n' km² | Xalqi' | | | YMD, milliy valuta sati'p ali'w qabiletinin' pariteti (SOQP) | | Ma'mleket du'zimi, basqari'w formasi' |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | sani', mln. adam | wortasha ji'lli'q wo'siw da'rejeleri, % | Qala xalqi' u'lesi, % | ja'mi, mlrd. dollar | xali'q jan boshiga, min' dollar yesabi'nda | |
| 1. | Avstraliya | Kanberra | 7692,0 | 21,6 | 0,9 | 88,2 | 700,6 | 33,3 | Federativ parlament ma'mleketi, konsti-tuciyali'q monarxiya |
| 2. | Avstriya | Vena | 83,9 | 8,2 | 0,1 | 66,0 | 316,8 | 38,1 | Parlamentlik respublikasi,' federativ ma'mleket |
| 3. | Albaniya | Tirana | 28,7 | 3,6 | 0,1 | 52,8 | 20,9 | 6,6 | Parlamentlik respublikasi' |
| 4. | Angola | Luanda | 1246,7 | 12,5 | 0,2 | 53,3 | 74,9 | 4,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 5. | Argentina | Buenos-Ayres | 2780,0 | 41,6 | 0,9 | 90,1 | 513,0 | 13,0 | Parlamentlik respublikasi', federativ respublika |
| 6. | Armeniya | Erevan | 29,7 | 3,0 | 0,1 | 64,1 | 17,7 | 5,9 | Prezidentlik respublikasi' |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7. | Andorra | Andorra-la-Velya | 0,468 | 0,07 | 1,0 | 90,6– | – | – | Konstituciyali’q monarxiya, parlament knyazligi |
| 8. | Antigua ha’m Barbuda | Sent-Jons | 0,443 | 0,068 | –1,0 | 44,7 | 0,753 | 9,6 | Konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korolevasi’) |
| 9. | Aruba | Oranyestad | 0,8 | 0,2 | 1,1 | 70,4 | – | – | Niderlandiyani’n’ quramli’q bo’limi (ishki avtonomiya) |
| 10. | Awg’anstan | Kabul | 652,1 | 32,7 | 3,0 | 22,9 | 17,1 | 0,7 | Islam respublikasi’ |
| 11. | Angliya (B.Br.) | Valli | 0,096 | 0,001 | 0 | 60,0 | – | – | Wo’z-wo’zin basqa-ri’wshi’ Britaniya aymag’i’ |
| 12. | A’wliye Elena atawi’ (B.Br.) | Jeymstaun | 0,4 | 0.007 | – | – | – | – | Ulli’ Britaniya koloniyasi’ (Vozneseniya ha’m Tristan-da-Kunya atawlari’ da kiredi) |
| 13. | Antil atawlari’ | Villemstad | | 0,2 | | | | | Niderlandiyani’n’ quramli’q bo’limi (ishki avtonomiya) |
| 14. | AQSH | Vashington | 9372,6 | 314,7 | 1,2 | 82,6 | 13829,0 | 45,9 | Prezidentlik respublikasi’, federativ respublika |
| 15. | Bangladesh | Dakka | 147,6 | 161,1 | 1,7 | 25,1 | 212,7 | 1,3 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 16. | Belarus | Minsk | 207,6 | 10,3 | 0,1 | 72,3 | 104,2 | 10,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 17. | Belgiya | Bryussel | 30,5 | 10,4 | 0,1 | 97,2 | 373,1 | 35,1 | Konstitucion monarxiya (korollik) |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 18. | Benin | Porto-Novo | 112,6 | 8,3 | 3,3 | 40,1 | 11,9 | 1,3 | Prezidentlik respublikasi' |
| 19. | Bolgariya | Sofiya | 110,9 | 7,9 | 0,1 | 70,0 | 85,4 | 11,2 | Prezidentlik respublikasi' |
| 20. | Boliviya | La-Pas | 1098,6 | 10,0 | 2,1 | 64,2 | 39,4 | 4,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 21. | Bosniya ha'm Gersegovina | Sarayevo | 51,1 | 4,2 | 2,0 | 45,8 | 28,6 | 7,3 | Parlamentlik respublikasi', federativ respublika (Bosniya ha'm Ger-sogovina ha'm Serb Respublikasi' federaciyasi') |
| 22. | Botsvana | Gaborone | 581,7 | 1,8 | 2,1 | 57,4 | 16 | 10,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 23. | Braziliya | Brazilia | 8547,4 | 201,0 | 1,2 | 86,9 | 1795,7 | 9,4 | Prezidentlik respublikasi', federativ respublika |
| 24. | Burkina Faso | Uagadugu | 274,0 | 15,3 | 2,4 | 18,3 | 16,5 | 1,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 25. | Burundi | Bujumbura | 27,8 | 8,7 | 2,1 | 10,0 | 2,8 | 0,33 | Prezidentlik respublikasi' |
| 26. | Ulli' Britaniya | London | 244,9 | 61,1 | 0,2 | 89,7 | 2097,9 | 34,3 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya ha'm Arqa Irlandiya Birlesken korolligi) |
| 27. | Bagam atawlari' dosli'g'i' | Nassau | 13,9 | 0,317 | 1,1 | 90,4 | 4,5 | 15,3 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 28. | Barbados | Brijtaun | 0,431 | 0,3 | 0,4 | 52,3 | 4,2 | 1,5 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 29. | Bahrayn | Manama | 0,7 | 0,7 | 2,7 | 96,5 | 14,6 | 20,9 | Konstitucion monarxiya (a'mirlik) |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 30. | Beliz | Belmopan | 23,0 | 0,3 | 2,0 | 48,3 | 1,3 | 4,9 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 31. | Bermud atawlari' | Gamilton | 0,053 | 0,1 | 0,4 | 100 | – | – | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 32. | Bruney–Dar-us-Salam | Bandar-Seri Begavan | 5,8 | 0,4 | 2,5 | 73,5 | 9,8 | 24,6 | Toli'q monarxiya (sultanli'q), teokratik monarxiya |
| 33. | Butan | Txímxu | 47,0 | 0,9 | 2,5 | 11,1 | 3,2 | 1,4 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) |
| 34. | Birlesken Arab A'mirlikleri | Abu-Dabi | 83,6 | 4,6 | 5,0 | 76,7 | 108,1 | 25,2 | Jeti a'mirlik Federaciyasi', toli'q monarxiya |
| 35. | Daniya | Kopengagen | 43,1 | 5,4 | 0,4 | 85,6 | 200,6 | 36,7 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) |
| 36. | Dominikan Respublikasi' | Santa-Domingo | 48,4 | 10,0 | 1,6 | 66,8 | 57,0 | 6,7 | Prezidentlik respublikasi' |
| 37. | Dominika (Dominika Dosli'g'i') | Rozo | 0,8 | 0,1 | 0,1 | 72,9 | 0,5 | 5,4 | Parlamentlik respublikasi' |
| 38. | Iran | Tegeran | 1648,0 | 80,0 | 1,5 | 71,3 | 766,9 | 10,8 | Islam respublikasi' |
| 39. | Ekvador | Kito | 272,0 | 13,0 | 1,8 | 62,8 | 93,9 | 7,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 40. | Eritreya | Asmera | 117,6 | 5,0 | 2,6 | 19,4 | 1,9 | 0,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 41. | Estoniya | Tallin | 45,1 | 1,3 | 1,1 | 69,1 | 18,6 | 14,3 | Parlamentlik respublikasi' |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 42. | Efiopiya | Addis-Abeba | 1104,3 | 82,1 | 2,3 | 16,0 | 61,7 | 0,8 | Parlamentlik respublikasi', federativ respublika |
| 43. | Ekvatorial Gvineya | Malabo | 28,1 | 0,6 | 2,6 | 38,9 | 1,44 | 2,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 44. | Filippin | Manila | 300,1 | 90,4 | 2,2 | 62,7 | 327,8 | 3,7 | Prezidentlik respublikasi' |
| 45. | Finlyandiya | Xelsinki | 338,1 | 5,2 | 0,3 | 61,1 | 186,5 | 35,3 | Parlamentlik, prezidentlik respublikasi' |
| 46. | Franciya | Parij | 549,2 | 62,0 | 0,4 | 76,7 | 2064,5 | 33,5 | Prezidentlik respublikasi' |
| 47. | Britaniya Virgin Rod-Taun atawlari' | | | 0,02 | | | | | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 48. | Farer atawlari' | Torsxvan | 1,4 | 48 | 0,1 | – | – | – | Daniya korolliginin' avtonomiyali'q bo'limi |
| 49. | Fiji | Suva | 18,3 | 0,9 | 1,0 | 50,8 | 5,3 | 5,9 | Parlamentlik respublikasi' |
| 50. | Franciya Polineziyasi | Papeete | 4,2 | 0,257 | 1,6 | 51,2 | – | – | Franciyani'n' avtonom aymag'i' |
| 51. | Folklend atawlari' | Port-Stenli | 12,2 | 0,002 | 0 | 60,0 | – | – | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 52. | Gaiti | Port-o-Prens | 27,7 | 10,0 | 2,0 | 38,8 | 10,1 | 1,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 53. | Gana | Akkra | 238,5 | 23,4 | 2,2 | 47,8 | 31,2 | 1,3 | Prezidentlik respublikasi' |
| 54. | Gvatemala | Gvatemala | 108,9 | 13,0 | 2,0 | 13,0 | 55 | 4,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 55. | Gvineya | Konakri | 245,9 | 10,2 | 2,2 | 33,0 | 10,5 | 1,1 | Prezidentlik respublikasi' |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 56. | Germaniya | Berlin | 357,0 | 81,0 | 0,1 | 75,2 | 2782,7 | 33,8 | Federativlik respublika, parlamentlik respublikasi’ |
| 57. | Gonduras | Tegusigalpa | 112,1 | 7,0 | 2,2 | 46,5 | 22,4 | 3,2 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 58. | Greciya | Afina | 132,0 | 11,0 | 0,3 | 59,0 | 364,1 | 32,5 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 59. | Gruziya | Tbilisi | 69,7 | 4,6 | 0,3 | 52,2 | 21,0 | 4,8 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 60. | Gabon | Librevil | 267,7 | 1,5 | 2,0 | 83,6 | 7,2 | 6,0 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 61. | Gayana | Jorjtaun | 215,0 | 0,8 | 0,4 | 28,2 | 3,2 | 4,0 | Prezidentlik respublikasi’ (kooperativ respublika) |
| 62. | Gambiya | Banjul | 11,3 | 1,7 | 3,1 | 53,9 | 2,4 | 1,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 63. | Gvineya-Bisau | Bisau | 36,1 | 1,5 | 2,4 | 29,6 | 1,1 | 0,9 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 64. | Grenada | Sent-Jorjes | 0,3 | 0,1 | 0,8 | 30,6 | 0,5 | 5,0 | Konstituciyali’q monarxiya |
| 65. | Grenlandiya | Gotxob | 2175,16 | 0,06 | 0 | 82,9 | – | – | Daniya korolligi qurami’ndag’i’ wo’zin wo’zi basqari’wshi’ aymag’i’ |
| 66. | Guam | Aganya | 0,541 | 0,2 | 1,0 | 94,1 | – | – | AQSH qa qarasli’ |
| 67. | Gvadelupa | Bas-Ter | 1,8 | 0,466 | 0,4 | 60,0 | – | – | Franciyani’n’ ten’izarti’ departamenti |
| 68. | Gibraltar | Gibraltar | 0,006 | 0,029 | 0,1 | 100 | – | – | Ulli’ Britaniya koloniyasi’ |
| 69. | Gviana | Kayenna | 91,0 | 0,2 | 0,3 | 60,0 | – | – | Franciyani’n’ ten’izarti’ departamenti |
| 70. | Hindstan | Dehli | 3287,0 | 1221,0 | 1,7 | 30,3 | 3078,7 | 2,7 | Parlamentlik respublikasi,’ federativlik respublika |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 71. | Izrail | Tel-Aviv | 20,8 | 7,1 | 2,8 | 91,6 | 186,0 | 25,9 | Parlamentlik respublikasi' |
| 72. | Indoneziya | Jakarta | 1904,5 | 237,6 | 1,4 | 48,1 | 807,9 | 3,6 | Prezidentlik respublikasi' |
| 73. | Iordaniya | Ummon | 89,4 | 6,2 | 3,4 | 82,3 | 29,5 | 5,2 | Konstituciyali'q monar-xiya (korollik) |
| 74. | Irlandiya | Dublin | 70,3 | 4,0 | 0,9 | 60,5 | 161,7 | 37,0 | Parlamentlik respublikasi' |
| 75. | Ispaniya | Madrid | 504,8 | 40,9 | 0,7 | 76,7 | 1351,1 | 30,1 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) federalizm elementleri menen |
| 76. | Italiya | Rim | 301,0 | 58,3 | 0,1 | 67,6 | 1775,3 | 29,9 | Parlamentlik respublikasi' |
| 77. | Irak | Bag'dad | 435,1 | 28,2 | 2,4 | 66,9 | – | – | Prezidentlik respublikasi' |
| 78. | Islandiya | Reykyavik | 103,0 | 0,3 | 0,9 | 92,8 | 10,6 | 35,7 | Parlamentlik respublikasi' |
| 79. | QAR | Pretoriya | 1219,1 | 43,8 | 0,4 | 59,3 | 454,8 | 9,6 | Prezidentlik respublikasi', federalizm elementleri bar bolg'an unitar respublika |
| 80. | Izrayl | Izrayl | 2381,7 | 33,8 | 1,9 | 63,3 | 185,8 | 5,5 | Prezidentlik respublikasi' |
| 81. | Jibuti | Jibuti | 23,2 | 0,5 | 0,1 | 86,1 | 1,4 | 1,3 | Prezidentlik respublikasi' |
| 82. | Kambodja | Pnompen | 181,0 | 13,8 | 1,7 | 19,7 | 27,6 | 2,0 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 83. | Kamerun | Yaunde | 475,4 | 18,5 | 2,5 | 54,6 | 39,2 | 2,1 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 84. | Kanada | Ottava | 9971,0 | 38,5 | 1,0 | 80,7 | 14880,0 | 43,0 | Federativ parlament ma’mleketi, konstitucion monarxiya |
| 85. | Keniya | Nayrobi | 580,4 | 39,1 | 2,4 | 20,0 | 57,8 | 1,5 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 86. | Kolumbiya | Bogota | 1141,7 | 47,1 | 1,8 | 72,7 | 306,2 | 6,6 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 87. | Kongo demokratiyali’q Resp. | Kinshasa | 2344,0 | 68,3 | 2,7 | 32,1 | 17,9 | 0,29 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 88. | Kongo Respublikasi’ | Brazzavil | 342,0 | 4,0 | 3,0 | 60,2 | 10,4 | 2,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 89. | Koreya Respublikasi’ | Seul | 99,3 | 49,0 | 0,9 | 83,0 | 1201,1 | 24,8 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 90. | Kosta-Rika | San-Xose | 51,1 | 4,0 | 1,9 | 61,7 | 37,2 | 8,3 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 91. | Kot-d’Ivuar | Yamusukro | 322,5 | 18,4 | 2,7 | 45,0 | 30,7 | 1,6 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 92. | Kabo-Verde | Praya | 4,0 | 0,4 | 0,1 | 57,3 | 2,2 | 5,5 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 93. | Kayman atawlari’ | Jorjtaun | 0,254 | 0,03 | 0 | 100 | – | – | Ulli’ Britaniya koloniyasi’ |
| 94. | Kipr | Nikosiya | 9,2 | 1,0 | 0,9 | 69,3 | 18,1 | 18,1 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 95. | Kiribati | Bairiki | 0,8 | 0,1 | 2,2 | 47,4 | 0,079 | 0,8 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 96. | Koreya Xali’q demokratiyali’q Respublikasi’ | Pxenyan | 120,0 | 23,1 | 1,0 | 61,6 | 5,8 | 1,4 | Socialistik respublika |
| 97. | Komor atawlari’ | Moroni | 2,2 | 0,7 | 2,5 | 59,0 | 1,2 | 1,7 | Prezidentlik respublikasi’, Federativ respublika (Mayotta atawi’ Franciyag’a qarasli’) |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 98. | Kuba | Gavana | 110,9 | 11,3 | 0,5 | 75,5 | 33,9 | 3,0 | Socialistik respublika |
| 99. | Kuk atawlari' | Avarua | 0,2 | 0,017 | 0,4 | 80,3 | – | – | Jan'a Zelandiyag'a qarasli' (wo'zin wo'zi basqari'vshi' aymaq) |
| 100. | Kuveyt | El-Kuveyt | 17,8 | 2,6 | 0,9 | 98,3 | 48,9 | 21,3 | Konstitucion monarxiya (a'mirlik) |
| 101. | Latviya | Riga | 65,0 | 2,3 | 1,1 | 67,8 | 58,0 | 17,2 | Parlament respublikasi' |
| 102. | Lesoto | Maseru | 30,3 | 2,1 | 0,4 | 18,7 | 7,2 | 3,0 | Konstitucion monarxiya (korollik) |
| 103. | Litva | Vilnyus | 65,3 | 3,6 | 0,5 | 66,6 | 70,8 | 11,5 | Prezidentlik respublikasi' |
| 104. | Liberiya | Monroviya | 111,4 | 3,3 | 2,0 | 58,1 | 1,1 | 0,29 | Prezidentlik respublikasi' |
| 105. | Liviya | Tripoli | 1759,5 | 6,2 | 2,0 | 84,8 | 70,8 | 11,5 | Islam ma'mleketi – jamaxiriya («xali'q massasi' ma'mleketi») |
| 106. | Lixtenshteyn | Vaduc | 0,157 | 0,35 | 1,3 | 14,6 | 0,134 | 38,4 | Konstituciyali'q monarxiya (knyazlik) |
| 107. | Lyuksemburg | Lyuksemburg | 2,6 | 0,46 | 1,2 | 82,8 | 2,1 | 41,3 | Konstitucion monarxiya (Ulli' Gercoglik) |
| 108. | Livan | Bayrut | 10,5 | 4,0 | 0,3 | 86,6 | 41,2 | 10,1 | Parlamentlik respublikasi' |
| 109. | Laos Xali'q Demokratiyali'q Respublikasi' | Ventyan | 237,0 | 6,2 | 2,4 | 20,6 | 11,4 | 1,9 | Socialistlik respublika |
| 110. | Mi'sr Arab Respublikasi' | Egipet | 1001,4 | 84,1 | 1,9 | 42,8 | 407,5 | 5,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 111. | Mavritaniya | Nuakshot | 1030,7 | 3,4 | 2,2 | 40,4 | 6,3 | 2,0 | Parlamentlik respublikasi' |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 112. | Madagaskar | Antananarivu | 587,0 | 20,0 | 2,9 | 26,0 | 18,2 | 0,9 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 113. | Makedoniya | Skope | 25,7 | 2,1 | 0,1 | 68,9 | 19,5 | 9,3 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 114. | Malavi | Lilongve | 118,5 | 13,9 | 2,0 | 17,2 | 10,5 | 0,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 115. | Malayziya | Kuala-Lumpur | 329,8 | 27,0 | 2,4 | 67,3 | 360,2 | 13,6 | Federativ konstituciyali’q monarxiya (sultanli’q) |
| 116. | Mali | Bamako | 1240,2 | 12,3 | 2,5 | 30,5 | 12,8 | 1,0 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 117. | Marokko | Rabot | 446,5 | 34,3 | 1,7 | 1340 | 123,3 | 4,0 | Konstituciyali’q monarxiya (korollik) |
| 118. | Worayli’q Afrika Respublikasi’ | Bangi | 623,0 | 4,4 | 2,1 | 38,1 | 3,2 | 0,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 119. | Meksika | Mexiko | 1958,2 | 107,3 | 1,7 | 76,0 | 1324,6 | 12,6 | Prezidentlik respublikasi’, Federativ respublika |
| 120. | Mozambik | Maputu | 799,4 | 21,3 | 2,2 | 34,5 | 14,8 | 0,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 121. | Moldova | Kishinyov | 33,8 | 4,4 | 0,1 | 46,7 | 11,1 | 2,9 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 122. | Mongoliya | Ulan-Bator | 1564,0 | 2,8 | 1,3 | 56,7 | 4,6 | 1,9 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 123. | Myanma | Yangon | 677,0 | 50,2 | 1,5 | 30,7 | – | – | Prezidentlik respublikasi’, Federativ respublika |
| 124. | Mavrikiy | Port-Lui | 2,0 | 1,2 | 1,1 | 70,0 | 1,9 | 13,0 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 125. | Maldiv atawlari’ | Male | 0,298 | 0,4 | 2,5 | 29,6 | 1,6 | 3,9 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 126. | Malta | La-Valetta | 0,316 | 0,4 | 0,8 | 95,3 | 8,5 | 21,3 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 127. | Marshall atawlari’ | Madjuro | 0,18 | 0,059 | 1,1 | 66,7 | 0,094 | 1,6 | Prezidentlik respublikasi’ (AQSH penen yer-kin associyalasqan ma’mleket) |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 128. | Mikroneziya Federativ shtatlari' | Palikir | 0,702 | 0,125 | 2,0 | 22,3 | 0,216 | 2,0 | Prezidentlik respublikasi', federativ respublika (AQSH penen yerkin associyalasqan ma'mleket) |
| 129. | Monako | Monako | 0,002 | 0,032 | 1,1 | 100 | 1,2 | 37,6 | Konstituciyali'q monarxiya (knyazlik) |
| 130. | Mayotta atawi' | Maore | 0,4 | 0,2 | 0 | 50,0 | – | – | Franciyag'a qarasli' yer |
| 131. | Martinika | Far-de-Frans | 1,1 | 0,4 | 1,0 | 70,0 | – | – | Franciyani'n' ten'izarti' departamenti |
| 132. | Moncerrat | Plimut | 0,102 | 0,006 | 0,1 | 70,0 | – | – | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 133. | Namibiya | Vindxuk | 824,3 | 2,1 | 2,0 | 35,1 | 16,8 | 8,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 134. | Nepal | Katmandu | 147,2 | 28,0 | 2,4 | 15,8 | 29,2 | 1,0 | Konstitucion monarxiya (korollik) |
| 135. | Niger | Niamey | 1267,0 | 13,3 | 3,0 | 16,8 | 9,0 | 0,6 | Prezidentlik respublikasi |
| 136. | Nigeriya | Abujo | 923,8 | 170,1 | 2,6 | 48,2 | 262,5 | 1,8 | Prezidentlik respublikasi, federativ respublika |
| 137. | Niderlandiya | Amsterdam | 41,5 | 16,4 | 0,6 | 80,2 | 647,1 | 39,5 | Konstitucion monarxiya (korollik) |
| 138. | Nikaragua | Managua | 129,5 | 6,0 | 2,0 | 59,0 | 11,7 | 2,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 139. | Nauru | Ra'smiy paytaxti' joq | 0,02 | 0,013 | 0 | 70,0 | 0,065 | 5,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 140. | Niue | Alof | 0,01 | 0,002 | 0,1 | 100 | – | – | Jan'a Zelandiyag'a qarasli' (wo'zin wo'zi basqaradi') |
| 141. | Norfolk (Avstraliya) | Kingston | 4,2 | 0,0026 | 0 | 60,0 | – | – | Avstraliyag'a qarasli' («si'rtqi' aymag'i'») |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 142. | Norvegiya | Oslo | 385,2 | 5,0 | 0,6 | 77,4 | 252,8 | 53,7 | Konstituciyali’q monarxiya (korollik) |
| 143. | Azerbayjan | Boku | 86,6 | 9,0 | 1,1 | 51,5 | 54,6 | 6,4 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 144. | Pakistan | Islamabad | 796,1 | 193,2 | 2,4 | 36,2 | 417,5 | 2,6 | Federativ Islam respublikasi’ |
| 145. | Panama | Panama | 77,1 | 3,0 | 1,7 | 70,8 | 27,9 | 8,3 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 146. | Papua-Jan’a Gvineya | Port-Morsbi | 462,8 | 6,0 | 2,5 | 13,4 | 9,5 | 1,5 | Konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korolevasi’) |
| 147. | Paragvay | Asunson | 406,8 | 6,0 | 2,4 | 58,5 | 26,8 | 4,4 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 148. | Peru | Lima | 1285,2 | 28,0 | 1,8 | 72,6 | 201,9 | 7,2 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 149. | Polsha | Varshava | 312,7 | 38,6 | 0 | 62,1 | 593,3 | 15,5 | Parlamentlik - prezidentlik respublikasi’ |
| 150. | Portugaliya | Lissabon | 92,3 | 11,0 | 0,2 | 57,6 | 219,0 | 20,6 | Parlamentlik - prezidentlik respublikasi’ |
| 151. | Palau | Koror | 0,5 | 0,020 | 0,4 | 69,7 | 0,18 | 9,0 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 152. | Puerto-Riko | San-Xuan | 9,1 | 3,9 | 0,7 | 97,6 | 75,0 | 19,2 | AQSH qa qarasli’ (yerkin qosi’lg’an ma’mleket) |
| 153. | Pitkern | Adamstaun | 0,1 | 0,001 | 0 | 80,0 | – | – | Ulli’ Britaniya koloniyasi’ |
| 154. | Qazaqstan | Astana | 2700,1 | 18,0 | 0,2 | 58,8 | 150,1 | 9,7 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 155. | Qi’rg’i’zstan | Bishkek | 198,5 | 5,5 | 1,3 | 34,5 | 10,2 | 1,9 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 156. | Qatar | Doxa | 11,4 | 1,0 | 1,9 | 95,4 | 27,4 | 30,4 | Toli’q monarxiya (a’mirlik) |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 157. | Rossiya Federaciyasi' | Moskva | 17075,4 | 142,0 | 0,1 | 73,0 | 2039,1 | 14,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 158. | Ruanda | Kigali | 26,3 | 10,2 | 1,3 | 19,3 | 8,4 | 0,9 | Prezidentlik respublikasi' |
| 159. | Ruminiya | Buxarest | 238,4 | 22,3 | 0,1 | 53,7 | 236,6 | 11,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 160. | Reyunon (Fr.) | Sen-Deni | 2,5 | 0,7 | 0,6 | 65,0 | – | – | Franciyani'n' ten'izarti' departamenti |
| 161. | Salvador | San-Salvador | 21,4 | 7,0 | 1,9 | 59,8 | 33,2 | 4,8 | Prezidentlik respublikasi' |
| 162. | Saudiya Arabstani' | Ar-Riyod | 2150,0 | 28,2 | 2,7 | 81,0 | 554,3 | 22,9 | Sheklenbegen teokratiyali'q monarxiya |
| 163. | Senegal | Dakar | 196,7 | 12,8 | 2,4 | 41,6 | 20,3 | 1,6 | Prezidentlik respublikasi' |
| 164. | Serbiya | Belgrad | 73,1 | 7,0 | 0 | 72,6 | 75,5 | 10,2 | Prezidentlik respublikasi' |
| 165. | Singapur | Singapur | 0,7 | 5,0 | 2,6 | 100 | 222,7 | 48,5 | Parlamentlik respublikasi' |
| 166. | Suriya | Damashq | 185,2 | 19,7 | 2,8 | 50,6 | 87,0 | 4,4 | Prezidentlik respublikasi' |
| 167. | Slovakiya | Bratislava | 49,0 | 5,0 | 0,1 | 56,2 | 104,3 | 19,3 | Parlamentlik respublikasi' |
| 168. | Sloveniya | Lyublyana | 20,3 | 2,0 | 0,1 | 51,0 | 47,4 | 29,7 | Parlamentlik respublikasi' |
| 169. | Serra-Leone | Fritaun | 71,7 | 6,3 | 2,2 | 40,7 | 3,9 | 0,7 | Prezidentlik respublikasi' |
| 170. | San-Tome ha'm Principi | San-Tome | 0,9 | 0,2 | 2,4 | 58,0 | 1,2 | 1,2 | Parlamentlik respublikasi' |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 171. | Svazilend | Maseru | 17,4 | 1,1 | 2,8 | 24,1 | 7,8 | 6,0 | Konstituciyali’q monarxiya (korollik) |
| 172. | Seyshel atawlari’ | Viktoriya | 0,5 | 0,082 | 0,1 | 58,9 | 0,85 | 8,5 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 173. | Sent-Vinsent ha’m Grinadina | Kingstaun | 0,389 | 0,1 | 0 | 45,9 | 0,29 | 2,9 | Konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korolevasi’) |
| 174. | Sent-Kic ha’m Nevis | Baster | 0,262 | 0,04 | 0,1 | 32,2 | 0,35 | 8,8 | Federativ konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korolevasi’) |
| 175. | Sent-Lyusiya | Kastri | 0,616 | 0,2 | 1,4 | 27,6 | 1,1 | 5,4 | Konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korelevasi’) |
| 176. | Solomon atawlari’ | Xoniara | 28,4 | 0,538 | 2,8 | 17,0 | 0,91 | 1,7 | Konstituciyali’q monarxiya (Ulli’ Britaniya korolevasi’) |
| 177. | Somali | Mogadisho | 637,7 | 9,6 | 0,2 | 35,2 | 4,5 | 0,5 | Prezidentlik respublikasi’ (1991–1994-jj. bir neshe ma’mleketlerge bo’linip ketti) |
| 178. | Sudan | Xartum | 2000,8 | 37,6 | 2,3 | 40,2 | 72,6 | 1,9 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 179. | Surinam | Paramaribo | 163,8 | 0,5 | 0,7 | 73,9 | 2,1 | 4,3 | Parlamentlik respublikasi’ |
| 180. | Sen-Pyer ha’m Mikelon (Fr.) | Sen-Pyer | 0,242 | 0,007 | 0,1 | 70,0 | – | – | Franciyani’n’ aymaqli’q birligi |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 181. | Qubla Sudan | Juba | 505,0 | 4,5 | 2,3 | | | | Prezidentlik respublikasi' |
| 182. | Tayvan | Taybey | 22,9 | 36,0 | – | – | 579,4 | 25,3 | Prezidentlik respublikasi' |
| 183. | Ta'jikstan | Dushanbe | 143,1 | 7,9 | 1,3 | 26,4 | 11,5 | 1,7 | Prezidentlik respublikasi' |
| 184. | Tailand | Bangkok | 513,1 | 64,0 | 0,8 | 32,3 | 503,1 | 7,9 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) |
| 185. | Tanzaniya | Dodoma | 947,3 | 40,2 | 2,6 | 24,2 | 48,7 | 1,2 | Prezidentlik respublikasi', federativ respublika |
| 186. | Terks ha'm Kaykas atawlari' (B. Br.) | Kokbern-Taun | 0,430 | 0,017 | 0 | 35,0 | – | – | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 187. | Togo | Lome | 56,8 | 5,8 | 2,6 | 40,1 | 5,2 | 0,8 | Prezidentlik respublikasi' |
| 188. | Tunis | Tunis | 163,6 | 10,4 | 1,5 | 65,3 | 73,0 | 7,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 189. | Tu'rkmenstan | Ashxabad | 488,1 | 5,1 | 2,2 | 50,0 | 32,1 | 6,6 | Prezidentlik respublikasi' |
| 190. | Turkiya | Ankara | 779,5 | 81,0 | 1,8 | 67,3 | 893,1 | 12,1 | Parlamentlik respublikasi' |
| 191. | Shi'g'i's Timor | Dili | 14,9 | 1,0 | 0,7 | 26,5 | 0,6 | 0,6 | Prezidentlik respublikasi' |
| 192. | Tonga | Nukualofa | 0,75 | 0,112 | 0,5 | 24,0 | 0,257 | 2,3 | Konstituciyali'q monarxiya (korollik) |
| 193. | Trinidad ha'm Tobago | Port-of-Speyn | 5,13 | 1,3 | 0,6 | 12,2 | 13,7 | 10,5 | Parlamentlik respublikasi' |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 194. | Tuvalu | Funafutu | 0,026 | 0,012 | 0,2 | 27,9 | 0,013 | 1,1 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 195. | Uganda | Kampala | 241,0 | 31,4 | 2,9 | 12,6 | 28,5 | 0,9 | Prezidentlik respublikasi' |
| 196. | Ukraina | Kiyev | 603,7 | 46,0 | 0,5 | 67,8 | 315,8 | 6,8 | Prezidentlik respublikasi' |
| 197. | Urugvay | Montevideo | 176,2 | 3,4 | 0,7 | 92,0 | 36,6 | 11,0 | Prezidentlik respublikasi' |
| 198. | Ummon | Maskat | 309,5 | 3,3 | 3,6 | 71,5 | 39,3 | 13,1 | Toli'q monarxiya (sultanli'q) |
| 199. | Uollis ha'm Futuna (Fr.) | Mata-Utu | 0,1 | 0,014 | 0,1 | 65,0 | – | – | Franciyani'n' ten'izarti' aymag'i' |
| 200. | Vanuatu | Port-Vila | 12,2 | 0,212 | 2,7 | 23,5 | 0,615 | 2,9 | Parlamentlik respublikasi' |
| 201. | Vengriya | Budapesht | 93,0 | 10,0 | 0,2 | 66,3 | 175,2 | 17,4 | Parlamentlik respublikasi' |
| 202. | Venesuela | Karakas | 912,0 | 27,0 | 2,1 | 93,4 | 327,5 | 11,9 | Prezidentlik respublikasi', Federativ respublika |
| 203. | Vyetnam | Xanoy | 331,7 | 85,0 | 1,6 | 26,4 | 216,9 | 2,6 | Socialistik respublika |
| 204. | Britaniya Virginiya atawlari' | Rod-Taun | 0,153 | 0,02 | 0 | 100 | – | – | Ulli' Britaniya koloniyasi' |
| 205. | Virginiya atawlari' | Sharlotta-Amaliya | 0,355 | 0,121 | 0,6 | 94,2 | – | – | AQSH qa qarasli' (wo'zin wo'zi basqaradi') |
| 206. | Vatikan | Vatikan | 0,44 $km^2$ | 0,0009 | 0 | 100 | – | – | Toli'q teokratik monarxiya |

*1-kestenin' dawami'*

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 207. | Qi'tay | Pekin | 9600,0 | 1350,0 | 1,0 | 47,8 | 7083,5 | 5,4 | Socialistlik monarxiya |
| 208. | Xorvatiya | Zagreb | 56,6 | 4,5 | 0,1 | 56,5 | 66,8 | 15,1 | Prezidentlik respublikasi' |
| 209. | Yamayka | Kingston | 10,9 | 2,6 | 0,8 | 53,0 | 10,7 | 4,1 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 210. | Yaponiya | Tokio | 376,0 | 127,0 | 0,2 | 67,0 | 442,06 | 34,6 | Konstituciyali'q monarxiya (imperiya) |
| 211. | Yaman Respublikasi' | Sana | 527,9 | 23,0 | 3,7 | 27,3 | 49,3 | 2,2 | Prezidentlik respublikasi' |
| 212. | Jan'a Zelandiya | Vellington | 270,5 | 4,0 | 1,2 | 86,2 | 111,4 | 26,3 | Konstituciyali'q monarxiya (Ulli' Britaniya korolevasi') |
| 213. | Jan'a Kaledoniya | Numea | 19,1 | 0,207 | 0,4 | 63,7 | – | – | Franciyani'n' ten'izarti' aymag'i' |
| 214. | Zambiya | Luska | 752,6 | 11,7 | 2,2 | 35,0 | 14,6 | 1,2 | Prezidentlik respublikasi' |
| 215. | Zimbabve | Xarare | 39,08 | 12,4 | 0,9 | 48,0 | 4,5 | 0,3 | Prezidentlik respublikasi' |
| 216. | O'zbekistan | Tashkent | 448,9 | 30,0 | 1,3 | 36,7 | 78,4 | 2,8 | Prezidentlik respublikasi' |
| 217. | Falastin (Bati's jag'asi' ha'm G'azo sektori') | Quddus | 6,2 | 4,0 | 4,1 | 60,0 | 4,5 | 1,2 | 1994-ji'ldan berli avtonomiya (Izrayl basi'p alg'an aymaqlarda) |

| | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 218. | Bati’s Saxara sho’li | El-Ayun | 266,0 | 0,3 | 2,0 | 60,0 | – | – | Ispaniyani’n’ buri’ng’i’ koloniyasi’ ha’zir Marokko basi’p alg’an |
| 219. | Samoa (Bati’s Samoa) | Apia | 2,8 | 0,177 | 0,8 | 92,4 | 0,99 | 6,1 | Konstituciyali’q monar-xiya – parlamentlik respublikasi’ni’n’ aralas siyasiy du’zimi |
| 220. | Shveycariya | Bern | 41,3 | 8,0 | 0,7 | 75,2 | 325,3 | 43,1 | Prezidentlik respublikasi,’ federativ respublika |
| 221. | Shveciya | Stokgolm | 450,0 | 9,0 | 0,3 | 84,2 | 327,9 | 35,8 | Konstituciyali’q monarxiya (korollik) |
| 222. | Shri-Lanka | Kolombo | 65,6 | 20,1 | 1,3 | 15,1 | 84,0 | 4,2 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 223. | Shi’g’i’s Samoa | Pago-Pago | 0,2 | 0,061 | 0,8 | 90,0 | 1,0 | 5,7 | AQSH qa qarasli’ |
| 224. | Chad | Njamena | 1284,0 | 10,1 | 3,0 | 25,3 | 13,8 | 1,3 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 225. | Chernogoriya | Podgoritsa | 29,1 | 0,8 | 0 | 77,9 | 6,1 | 10,3 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 226. | Chexiya | Praga | 78,9 | 10,1 | 0,1 | 73,8 | 225,5 | 21,8 | Prezidentlik respublikasi’ |
| 227. | Chili | Santyago | 756,6 | 17,0 | 1,4 | 87,0 | 209,0 | 12,6 | Prezidentlik respublikasi |

*2-keste*

**Xalqi'ni'n' sani' 2 mln. adamnan arti'q qalalar**

| № | Ati' | Xalqi'ni'n' sani' | Ma'mleket | Ma'mleket boyi'nsha sani' |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Tokio | 34400000 | Yaponiya | 1 |
| 2. | Jakarta | 21800000 | Indoneziya | 1 |
| 3. | Nyu-York | 20090000 | AQSH | 1 |
| 4. | Seul | 20010000 | QublaKoreya | 1 |
| 5. | Manila | 19550000 | Filippin | 1 |
| 6. | Mumbay (Bombey) | 19550000 | Hindistan | 1 |
| 7. | San-Paulu | 19140000 | Braziliya | 1 |
| 8. | Mexiko | 18430000 | Meksika | 1 |
| 9. | Deli | 18000000 | Hindistan | 2 |
| 10. | Osaka | 17270000 | Yaponiya | 2 |
| 11. | Kair | 16750000 | Mi'sr | 1 |
| 12. | Kolkata | 15010000 | Hindistan | 3 |
| 13. | Los-Anjeles | 14730000 | AQSH | 2 |
| 14. | Shanxay | 14460000 | Qi'tay | 1 |
| 15. | Moskva | 13260000 | Rossiya | 1 |
| 16. | Pekin | 12770000 | Qi'tay | 2 |
| 17. | Buenos-Ayres | 12390000 | Argentina | 1 |
| 18. | Guanchjou | 11810000 | Qi'tay | 3 |
| 19. | Shenchjin | 11710000 | Qi'tay | 4 |
| 20. | Istambul | 11220000 | Turkiya | 1 |
| 21. | Rio-de-Janeyro | 11160000 | Braziliya | 2 |
| 22. | Parij | 10430000 | Franciya | 1 |
| 23. | Karachi | 93380000 | Pakistan | 1 |
| 24. | Nagoya | 9250000 | Yaponiya | 3 |
| 25. | Chikago | 9030000 | AQSH | 3 |
| 26. | Lagos | 8860000 | Nigeriya | 1 |
| 27. | London | 8320000 | Ulli' Britaniya | 1 |
| 28. | Bangkok | 8290000 | Tailand | 1 |
| 29. | Kinshasa | 8190000 | KDR | 1 |
| 30. | Tegeran | 8000000 | Iran | 1 |
| 31. | Lima | 7750000 | Peru | 1 |
| 32. | Duaguan | 7650000 | Qi'tay | 5 |
| 33. | Bogota | 7440000 | Kolumbiya | 1 |
| 34. | Chennay (Madras) | 7320000 | Hindistan | 4 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 35. | Dakka | 7310000 | Bangladesh | 1 |
| 36. | Essen | 7250000 | Germaniya | 1 |
| 37. | Tyanszin | 7200000 | Qi'tay | 6 |
| 38. | Gonkong | 6950000 | Qi'tay | 7 |
| 39. | Taybey | 6820000 | Qi'tay | 8 |
| 40. | Lahor | 6810000 | Pakistan | 2 |
| 41. | Xoshimin | 6710000 | Vyetnam | 1 |
| 42. | Bangalor | 6660900 | Hindistan | 5 |
| 43. | Haydarabad | 6610000 | Hindistan | 6 |
| 44. | Yohannesburg | 6470000 | QAR | 1 |
| 45. | Bag'dad | 6000000 | Irak | 1 |
| 46. | Toronto | 5790000 | Kanada | 1 |
| 47. | Sant'yago | 5630000 | Chili | 1 |
| 48. | Kuala-Lumpur | 5470000 | Malayziya | 1 |
| 49. | San-Fransisko | 5450000 | AQSH | 4 |
| 50. | Filadelfiya | 5270000 | AQSH | 5 |
| 51. | Uxan' | 5240000 | Qi'tay | 8 |
| 52. | Mayami | 5220000 | AQSH | 6 |
| 53. | Dallas | 5160000 | AQSH | 7 |
| 54. | Madrid | 5130000 | Ispaniya | 1 |
| 55. | Ahmadabad | 5060000 | Hindistan | 7 |
| 56. | Boston | 4750000 | AQSH | 8 |
| 57. | Belu-Orizonti | 4640000 | Braziliya | 3 |
| 58 | Xartum | 4600000 | Sudan | 1 |
| 59. | Sankt-Peterburg | 4570000 | Rossiya | 2 |
| 60. | Shenyan | 4560000 | Qi'tay | 9 |
| 61. | Xyuston | 4550000 | AQSH | 9 |
| 62. | Puna | 4470000 | Hindistan | 8 |
| 63. | El-Riyod | 4460000 | SaudiyaArabstani' | 1 |
| 64. | Singapur | 4320000 | Singapur | 1 |
| 65. | Vashington | 4260000 | AQSH | 10 |
| 66. | Yangon | 4220000 | Myanma | 1 |
| 67. | Milan | 4190000 | Italiya | 1 |
| 68. | Atlanta | 4160000 | AQSH | 11 |
| 69. | Chunsin | 4150000 | Qi'tay | 10 |
| 70. | Iskandariya | 4150000 | Mi'sr | 2 |
| 71. | Nankin | 4150000 | Qi'tay | 11 |
| 72. | Gvadalaxara | 4090000 | Meksika | 2 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 73. | Barselona | 4040000 | Ispaniya | 2 |
| 74. | Chendu | 3860000 | Qi'tay | 12 |
| 75. | Detroyt | 3860000 | AQSH | 12 |
| 76. | Anqara | 3810000 | Turkiya | 2 |
| 77. | Abidjan | 3790000 | Kotdivuar | 1 |
| 78. | Afina | 3730000 | Greciya | 1 |
| 79. | Berlin | 3690000 | Germaniya | 1 |
| 80. | Sidney | 3680000 | Avstraliya | 1 |
| 81. | Monterrey | 3650000 | Meksika | 3 |
| 82. | Finiks | 3540000 | AQSH | 13 |
| 83. | Pusan | 3510000 | Qubla Koreya | 2 |
| 84. | Resifi | 3490000 | Braziliya | 4 |
| 85. | Bandung | 3470000 | Indoneziya | 2 |
| 86. | Portu-Alegri | 3440000 | Braziliya | 5 |
| 87. | Melburn | 3420000 | Avstraliya | 2 |
| 88. | Luanda | 3410000 | Angola | 1 |
| 89. | Xanchjou | 3410000 | Qi'tay | 13 |
| 90. | Izrayl | 3390000 | Izrayl | 1 |
| 91. | Xanoy | 3370000 | Vyetnam | 2 |
| 92. | Monreal | 3360000 | Kanada | 2 |
| 93. | Sian | 3340000 | Qi'tay | 14 |
| 94. | Phenyan | 3330000 | ArqaKoreya | 1 |
| 95. | Sindao | 3330000 | Qi'tay | 15 |
| 96. | Surat | 3210000 | Hindistan | 9 |
| 97. | Fortalesa | 3160000 | Braziliya | 6 |
| 98. | Medelin | 3080000 | Kolumbiya | 1 |
| 99. | Durban | 3070000 | QAR | 2 |
| 100. | Kanpur | 3030000 | Hindistan | 10 |
| 101. | Addis-Abeba | 3020000 | Efiopiya | 1 |
| 102. | Nayrobi | 3020000 | Keniya | 1 |
| 103. | Jidda | 3020000 | SaudiyaArabstani' | 2 |
| 104. | Neapol | 3010000 | Italiya | 2 |
| 105. | Kobul | 3000000 | Awg'anstan | 1 |
| 106. | Salvador | 2980000 | Braziliya | 7 |
| 107. | Xarbin | 2980000 | Qi'tay | 16 |
| 108. | Kano | 2950000 | Nigeriya | 1 |
| 109. | Kasablanka | 2930000 | Marokko | 1 |
| 110. | Keyptaun | 2900000 | QAR | 3 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 111. | Kuritiba | 2900000 | Braziliya | 8 |
| 112. | Surabaya | 2850000 | Indoneziya | 3 |
| 113. | San-Diyego | 2790000 | AQSH | 14 |
| 114. | Sietl | 2790000 | AQSH | 15 |
| 115. | Rim | 2740000 | Italiya | 3 |
| 116. | Dar-us-Salom | 2700000 | Tanzaniya | 1 |
| 117. | Taychjun | 2700000 | Qi'tay | 17 |
| 118. | Jaypur | 2690000 | Hindstan | 11 |
| 119. | Karakas | 2670000 | Venesuela | 1 |
| 120. | Dakar | 2650000 | Senegal | 1 |
| 121. | Gaosyun | 2630000 | Qi'tay | 18 |
| 122. | Minneapolis | 2570000 | AQSH | 16 |
| 123. | Laknau | 2560000 | Hindstan | 12 |
| 124. | Ummon | 2530000 | Iordaniya | 1 |
| 125. | Tel-Aviv | 2530000 | Izrayl | 1 |
| 126. | Guayakil | 2530000 | Ekvador | 1 |
| 127. | Kiyev | 2520000 | Ukraina | 1 |
| 128. | Feysalabad | 2510000 | Pakistan | 3 |
| 129. | Mashxad | 2490000 | Iran | 2 |
| 130. | Izmir | 2480000 | Turkiya | 3 |
| 131. | Ravalpindi | 2450000 | Pakistan | 4 |
| 132. | Tashkent | 2450000 | O'zbekistan | 1 |
| 133. | Katovise | 2450000 | Polsha | 1 |
| 134. | Chanchun | 2440000 | Qi'tay | 19 |
| 135. | Kampinas | 2400000 | Braziliya | 9 |
| 136. | Tegu | 2390000 | Qubla Koreya | 3 |
| 137. | Chansha | 2390000 | Qi'tay | 20 |
| 138. | Nagpur | 2390000 | Hindistan | 13 |
| 139. | San-Juan | 2380000 | Filippin | 2 |
| 140. | Aleppo | 2360000 | Suriya | 1 |
| 141. | Lissabon | 2340000 | Portugaliya | 1 |
| 142. | Frankfurt-Mayn | 2320000 | Germaniya | 2 |
| 143. | Nanchan | 2310000 | Qi'tay | 21 |
| 144. | Birmingem | 2310000 | Ulli' Britaniya | 2 |
| 145. | Tampa | 2310000 | AQSH | 17 |
| 146. | Medan | 2300000 | Indoneziya | 4 |
| 147. | Dalyan | 2270000 | Qi'tay | 22 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 148. | Tunis | 2270000 | Tunis | 1 |
| 149. | Shiszyachjuan | 2270000 | Qi'tay | 23 |
| 150. | Manchester | 2250000 | Ulli' Britaniya | 3 |
| 151. | Port-o Prens | 2250000 | Gaiti | 1 |
| 152. | Damashq | 2240000 | Suriya | 2 |
| 153. | Szinan | 2230000 | Qi'tay | 23 |
| 154. | Fukuoka | 2230000 | Yaponiya | 4 |
| 155. | Santo Domingo | 2220000 | Dominikan Respublikasi | 1 |
| 156. | Gavana | 2190000 | Kuba | 1 |
| 157. | Kali | 2190000 | Kolumbiya | 2 |
| 158. | Denver | 2180000 | AQSH | 18 |
| 159. | Sent-Luis | 2160000 | AQSH | 19 |
| 160. | Kolombo | 2160000 | Braziliya | 10 |
| 161. | Dubay | 2150000 | Birlesken Arab A'mirlikleri | 1 |
| 162. | Baltimor | 2150000 | AQSH | 20 |
| 163. | Sapporo | 2130000 | Yaponiya | 5 |
| 164. | Rotterdam | 2090000 | Niderlandiya | 1 |
| 165. | Vankuver | 2060000 | Kanada | 3 |
| 166. | Preston | 2060000 | Ulli' Britaniya | 4 |
| 167. | Patna | 2030000 | Hindistan | 14 |
| 168. | Sana | 2030000 | Yaman | 1 |
| 169. | Varshava | 2020000 | Polsha | 2 |
| 170. | Bonn | 2010000 | Germaniya | 2 |
| 171. | Akkra | 2000000 | Gana | 1 |
| 172. | Buxarest | 2000000 | Ruminiya | 1 |

## SHA'RTLI BELGILER
### (Italiya ha'm Hindistan ekonomikali'q kartalarg'a qosi'msha)

- **Qara metallurgiya**
- **Ren'li metallurgiya**
- **Mashinasazli'q ha'm metalldi' qayta islew**
- **Ximiya**
- **Tog'ay, ag'ashti' qayta islew ha'm celluloza-qag'az**
- **Quri'li's materiallari'**
- **Jen'il sanaat**
- **Azi'q-awqat**
- **Finans, qamsi'zlandi'ri'w**
- **Pa'n ha'm pa'nge xi'zmet ko'rsetiw**
- **Ma'deniyat**
- **Rekreaciya**

- **Ju'zimzarlar**
- **Qantla'blebisi**
- **Probka emani'**
- **Temeki**
- **Citrusli'lar**
- **Qantqami'si'**
- **Kaushuklilar**
- **Gu'nji**
- **Kokos palmasi'**
- **Kokos, shoy**
- **G'oza**
- **Kofe**

- **Iri shaqli' qaramal**
- **Su't sharwashi'li'g'i'**
- **Shoshqashi'li'q**
- **Qoyshi'li'q**
- **Jipekshilik**
- **Bali'qshi'li'q**

# MAZMUNI'

Kirisiw.....3

**I BO'LIM. JA'HA'NNIN' ULUWMA SI'PATLAMASI'** .....5
*1-tema.* **Ja'ha'nnin' tiykarg'i' kartasi'** .....5
1-§. Pa'nnin' maqseti ha'm wazi'ypalari'.....5
2-§. Ja'ha'nnin' siyasiy kartasi' .....7
3-§. Ja'ha'n yellerinin' ma'mleketlik du'zimi ha'm basqari'w formalari' .....12

*2-tema.* **Ja'ha'n ta'biyiy resurslari'** .....14
4-§. Ja'ha'n ta'biyiy resurslari'.....14
5-§. Ja'miyet penen ta'biyatti'n' wo'zara baylani'sli'li'g'i' ha'm ta'siri.....17
6-§. Du'nya okeani'. Klimatli'q, kosmosli'q, biologiyali'q ha'm rekreaciyali'q resurslar.....23
7-§. Qorshag'an wortali'qti'n' pataslani'wi'.....28

*3-tema.* **Ja'ha'n xalqi'** .....32
8-§. Ja'ha'n xalqi'ni'n' sani' ha'm woni'n' ko'beyiwi.....32
9-§. Xali'qti'n' jas, ji'ni'si'y, rasali'q, etnikali'q, diniy ha'm aymaqli'q quramlari'.....37
10-§. Urbanizaciya procesi ha'm qalalardi'n' rawajlani'wi'.....44

*4-tema.* **Ilim-texnika revolyuciyasi'** .....46
11-§. Ilim-texnika revolyuciyasi'.....46
12-§. Ilim ha'm wo'ndiristin' wo'zara ta'sirinin' tiykarg'i' bag'darlari'.....48

*5-tema.* **Ja'ha'n xojali'g'i'** .....50
13-§. Ja'ha'n xojali'g'i'ni'n' rawajlani'wi' .....50
14-§. Ilim-texnika revolyuciyasi'ni'n' xojali'qti'n' wo'siw pa'tleri ha'm rawajlani'w da'rejesine ta'siri .....55
15-§. Yellerde xojali'qti'n' aymaqli'q du'zilisine ilim-texnika revolyuciyasi'ni'n' ta'siri.....58
16-§. Ja'ha'n xojali'g'i' tarmaqlari' geografiyasi'.....62
17-§. Sanaat tarmaqlari' geografiyasi'.....70
18-§. Sanaat ha'm qorshag'an wortali'q.....75
19-§. Awi'l xojali'g'i' geografiyasi'.....77
20-§. Ja'ha'n sharwashi'li'g'i' ha'm bali'qshi'li'g'i'.....81
21-§. Ja'ha'n transporti'.....83
22-§. Xali'qarali'q ekonomikali'q baylani'slar .....86

**II BO’LIM. JA’HA’NNIN’ REGIONAL SI’PATLAMASI’** .......... 89

*6-tema.* **Evropa ma’mleketlerinin’ uluwma si’patlamasi’** .......... 89
23-§. Aymag’i’, shegaralari’, geografiyali’q worni’ .......... 89
24-§. Evropa yelleri siyasiy kartasi’ni’n’ qa’liplesiwindegi tiykarg’i’ basqi’shlar .......... 91
25-§. Evropa yellerinin’ ta’biyiy resurslari’ .......... 93
26-§. Evropa yelleri xalqi’ .......... 94
27-§. Evropa yelleri xojali’g’i’ .......... 98
28-§. Sanaati’ ha’m awi’l xojali’g’i’ .......... 99
29-§. Evropa yelleri transporti’ .......... 103
30-§. Turizm. Qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw .......... 105
31-§. Evropadag’i’ yen’ rawajlang’an yeller .......... 107
32-§. GFR xojali’g’i’ .......... 110
33-§. Rossiya Federaciyasi’: ta’biyiy-demografiyali’q da’rejesi .......... 113
34-§. Xojali’g’i’, transporti’ ha’m si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari’ .......... 114

*7-tema.* **Aziya yelleri** .......... 119
35-§. Aziya yelleri: uluwma si’patlama si’ ha’m ta’biyiy resurslari’ .......... 119
36-§. Aziya yelleri xalqi’ .......... 122
37-§. Aziya yelleri xojali’g’i’. .......... 123
38-§. Worayli’q Aziya (O’zbekistang’a qon’si’) yellerinin’ uluwma si’patlalamasi’ .......... 126
39-§. Qazaqstan Respublikasi’ .......... 130
40-§. Qi’rg’i’zstan Respublikasi’ .......... 132
41-§. Tu’rkmenstan ha’m Ta’jikistan Respublikalari’ .......... 134
42-§. O’zbekistang’a aymag’i’ ha’m ma’deniyati’ jaqi’n yeller. Turkiya .......... 136
43-§. Iran Islam Respublikasi’, Awg’anstan Islam Respublikasi’, Pakistan Federativlik Islam Respublikasi’ .......... 138
44-§. Qi’tay Xali’q Respublikasi’: ta’biyiy-demografiyali’q da’rejesi .......... 142
45-§. Xojali’g’i’, transporti’, ishki ayi’rmashi’li’qlari’ .......... 144
46-§. Koreya Respublikasi’: ta’biyiy-demografiyali’q da’rejesi, xojali’g’i’, transporti’, si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari’. .......... 148
47-§. Yaponiya: ekonomikali’q-geografiyali’q talqi’law. Ta’biyiy sharayati’ ha’m resurslari’ .......... 150
48-§. Xojali’g’i’, transporti’ ha’m si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari’, ishki ayi’rmashi’li’qlari’ .......... 151
49-§. Hindstan: ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’. Aymag’i’, geografiyali’q worni’, resurslari’ .......... 154

50-§. Xojali’g’i’, transporti’ ha’m ishki ayi’rmashi’li’qlari’ ....................156
51-§. A’meliy jumi’s... ....................160
52-§. Qubla-bati’s Aziya ma’mleketlerinin’ ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’. ....................161
53-§. Xojali’g’i’, transporti’, ishki ayi’rmashi’li’qlari’ ....................163
54-§. Qubla-shi’g’i’s Aziya ma’mleketleri: ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’ ....................166
55-§. Xojali’g’i’, transporti’, si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari’ ha’m ishki ayi’rmashi’li’qlari’ ....................168

*8-tema*. Afrika ....................170
56-§. Afrika yellerinin’ uluwma si’patlamasi’ ha’m ta’biyiy demografiyali’q da’rejesi ....................170
57-§. Afrika yelleri: xojali’g’i’, ekonomikali’q rayonlari’ ....................173
58-§. Afrika transporti’ ha’m subregionlari’ ....................174
59-§. Qubla Afrika Respublikasi’ ....................176

*9-tema*. Avstraliya ha’m Okeaniya ....................177
60-§. Avstraliya ha’m Okeaniyani’n’ uluwma si’patlamasi’ ....................177
61-§. Avstraliya ha’m Okeaniya xojali’g’i’ ....................179

*10-tema*. Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketleri ....................181
62-§. Arqa ha’m Worayli’q Amerika ma’mleketlerinin’ uluwma ekonomikali’q geografiyali’q si’patlamasi’ ....................181
63-§. Amerika Qurama Shtatlari’ ....................182
64-§. Kanada: ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’ ....................187

*11-tema*. Qubla Amerika, Karib ten’izi ha’m Atlantika okeani’ basseyni yelleri ....................188
65-§. Qubla Amerika, Karib ten’izi ha’m Atlantika okeani’ basseyni yellerinin’ uluwma si’patlamasi’ ....................188
66-§. Qubla Amerika, Karib ten’izi ha’m Atlantika okeani’ basseyni ma’mleketlerinin’ xojali’g’i’, transporti’, si’rtqi’ ekonomikali’q baylani’slari ....................190
67-§. Braziliyani’n’ uluwma ekonomikali’q-geografiyali’q si’patlamasi’ ....................192
68-§. Uluwmalasti’ri’wshi’ ta’kirarlaw sabag’i’ ....................195

Qosi’mshalar ....................196

*O'quv nashri*

ABDUHAKIM QAYUMOV,
IRANQUL SAFAROV,
MUHABBAT TILLABOYEVA

# JAHON IQTISODIY-IJTIMOIY GEOGRAFIYASI

*Umumiy o'rta talim maktablarining 9-sinf o'quvchilari uchun darslik*

*Qayta ishlangan va to'ldirilgan uchinchi nashri*

*(Qoraqalpoq tilida)*

Awdarmashi' *M. Ni'zanov*
Redaktor *I. Serjanov*
Xudojnik-dizayner *H. Qutluqov*
Tex. redaktor *Z. Allamuratov*
Operatorlar *G. Serimbetova, A. Begdullaeva*

Baspa licenziyasi' AI № 158, 14.08.09.
Basi'wg'a 24.06.2014-ji'l ruxsat yetildi. Ofset qag'azi'
Formati' 70x90$^{1}/_{16}$. «Times» garniturasi.' Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'.
Sha'rtli baspa tabag'i' 16,38. Yesap baspa tabag'i' 18,55.
Nusqasi' 8669 dana. Buyi'rtpa № 14-67.

O'zbekistan Baspaso'z ha'm xabar agentliginin'
«O'zbekistan» baspa do'retiwshilik u'yinde basi'p shi'g'ari'ldi'.
100129, Tashkent, Nawayi' ko'shesi, 30.

Telefon: (371) 244-87-55, 244-87-20.
Faks: (371) 244-37-81, 244-38-10.
*e-mail: uzbekistan@iptd-uzbekistan.uz*
*www.iptd-uzbekistan.uz*

## Ijarag’a berilgen sabaqli’qti’n’ jag’dayi’n ko’rsetiwshi keste

| T/n | Woqi’wshi’ni’n’ ati’, familiyasi’ | Woqi’w ji’li’ | Sabaqli’qti’n’ ali’ng’andag’i’ jag’dayi’ | Klass basshi’-si’ni’n’ qol tan’basi’ | Sabaqli’qti’n’ qayti’p tapsi’ri’l-g’andag’i’ jag’dayi’ | Klass basshi’-si’ni’n’ qol tan’basi’ |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqli’q ijarag’a berilgende ha’m woqi’w ji’li’ni’n’ juwmag’i’nda qaytari’p ali’ng’anda joqari’dag’i’ keste klass basshisi’ ta’repinen to’mendegishe bahalawg’a muwapi’q tolti’ri’ladi’:

| Jan’a | Sàbàqli’qti’n’ pàydàlàni’wg’à birinshi berilgendegi jàg’dàyi’ |
|---|---|
| Jaqsi’ | Muqàbàsi’ pu’tin, sàbàqli’qti’n’ tiykàrg’i’ bo’liminen àji’ràlmàg’àn. Bàrli’q betleri bàr, ji’rti’lmàg’àn, ko’shpegen, betlerinde jàzi’w hà’m si’zi’wlàr joq. |
| Qanaatlanarli’q | Muqàbà jàzi’lg’àn, bir qànshà si’zi’li’p, shetleri jelingen, sàbàqli’qti’n’ tiykàrg’i’ bo’liminen àji’ràli’w jàg’dàyi’ bàr, pàydàlàni’wshi’ tà’repinen qànààtlànàrli’q won’làng’àn. Ko’shken betleri qàytà won’làng’àn, àyi’ri’m betleri si’zi’lg’àn. |
| Qanaatlandi’rmaydi’ | Muqàbà si’zi’lg’àn, wol ji’rti’lg’àn, tiykàrg’i’ bo’limnen àji’ràlg’àn yàmàsà pu’tkilley joq, qànààtlàndi’ràrsi’zli’q won’làng’àn. Betleri ji’rti’lg’àn, betleri jetispeydi, si’zi’p, boyàp tàslàng’àn, sàbàqli’qti’ tiklewge bolmàydi’. |